**Хьаудэкъо С.А., Чэсэбый М.Р., Атэжьахьэ С.Т.**

# ЩЫГЪЫЖЪЫЙ

**АДЫГАБЗЭМ ИЗЭГЪЭШІЭНКІЭ
УЧЕБНЭ-МЕТОДИЧЕСКЭ КОМПЛЕКС
(КІэлэцІыкІу ІыгъыпІэмэ апай)**

## ТХЫЛЪ ПЫЛЪХЬЭР

Фольклорым къыхэхыгъэхэу ыкIи адыгэ тхакIохэмрэ
усакIохэмрэ ятхыгъэхэу кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм
щагъэфедэн алъэкIыщтхэр

*Адыгэ Республикэм гъэсэныгъэмрэ шIэныгъэмрэкIэ
и Министерствэ ыштагъ*

Мыекъуапэ
ООО-у «Качествэр»
2017

УДК 373.2.016:811.352.3
ББК 74.102.413
Щ18

**Хьаудэкъо С.А.,** МБДОУ №28 икIэлэпIу;
**Чэсэбый М.Р.,** МБДОУ №28 икIэлэпIу;
**Атэжьахьэ С.Т.,** филологие шIэныгъэхэмкIэ кандидат, АРГУИ КIэрэщэ Тембот ыцIэкIэ щытым иIофышI.

Рецензентхэр:
**Ситымэ С.С.,** филологие шIэныгъэхэмкIэ кандидат, АРГУИ КIэрэщэ Тембот ыцIэкIэ щытым иIофышI;
**Тэу Н.А.**, филологие шIэныгъэхэмкIэ кандидат, АРГУИ КIэрэщэ Тембот ыцIэкIэ щытым иIофышI.

КъыдэгъэкIыгъэнымкIэ пшъэдэкIыжь зыхьрэр: **Къэрэтэбан М.А.**

Щ18 **Щыгъыжъый** : Адыгабзэм изэгъэшIэнкIэ учебнэ-методическэ комплекс (КIэлэцIыкIу IыгъыпIэмэ апай) / Хьаудэкъо С.А., Чэсэбый М.Р., Атэжьахьэ С.Т. – Мыекъуапэ : Качествэр, 2017. – Н. 236 – Тхылъ пылъхьэр : н. 164–218.

ISBN 978-5-9703-0576-8

**ISBN 978-5-9703-0576-8**

© Хавдок С.А. Чесебиева М.Р., Атажахова С.Т., 2017
© Оформление. ООО «Качество», 2017

# ОТ АВТОРОВ

Настоящее пособие адресовано воспитателям детских садов. Авторы своей целью ставили: помочь практическим работникам, занимающимся обучением детей дошкольного возраста адыгейской разговорной речи.

Программа-пособие составляет обобщенный опыт авторов, а также данные их собственных наблюдений и исследований, а также с учетом ФГОС.

Пособие состоит из: программы, примерных конспектов занятий и дополнительного материала. Занятия проводятся во всех возрастных группах, начиная со второй младшей группы, в течение учебного года один раз в неделю. Длительность занятий соответствует требованиям программы дошкольных учреждений.

На каждый год обучения отводится 36 примерных конспектов, к которым педагогам рекомендуется подходить творчески. С учетом возраста детей занятия состоят из двух и более частей. По мере расширения словарного запаса у детей усложняются и требования к овладению навыками адыгейской разговорной речи.

Структура занятии по развитию речи определяется принципом взаимосвязи различных разделов речевой работы: обогащения и активизации словаря, работы над смысловой стороной слова, формирования грамматического строя речи, воспитания звуковой культуры речи, развития элементарного осознания языковых явлений. При этом главной задачей на занятии (особенно со старшими дошкольниками) является развитие связной монологической речи. Именно взаимосвязь разных речевых задач создает предпосылки для наиболее эффективного усвоения речевых умений и навыков.

# ГУЩЫIАП

Мы пособиер федеральнэ государственнэ образовательнэ стандартхэм адиштэу зэхэгъэуцуагъэ хъугъэ. Адыгабзэм изэгъэшIэн кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм адрэ Iофтхьабзэу щызэрахьэрэмэ ахэгъэщагъэу, аготэу комплексым щыщэу адакIо.

Ащ къыдилъытэхэрэр:

Ныдэлъфыбзэм изэгъэшIэнкIэ нахь мэхьанэ ин зиIэр:

– ныдэлъфыбзэм тIупщыгъэу кIэлэцIыкIухэр рыгущыIэнхэ алъэкIыныр;

– гущыIэу ашIэрэм нахьыбэ хэгъэхъогъэныр, адыгабзэм играмматикэ ишапхъэхэр къыдалъытэзэ ягущыIакIэ, язэдэгущыIакIэ агъэпсыныр;

– адыгабзэм имакъэхэр тэрэзэу зэхахынэу, IупкIэу къаIонэу, адыгабзэм инэшанэхэр къагурыIонэу, агъэфедэнэу, амыукъонэу егъэсэгъэнхэр;

– гущыIэхэ зыхъукIэ интонацием лъыплъэнхэр, дикцием Iоф дашIэныр;

– жанрэ зэфэшъхьафхэм нэIуасэ афэшIыгъэнхэр, тхылъыр шIу ягъэлъэгъугъэныр;

– кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм шIэныгъэу щагъотыгъэхэр еджэнымкIэ къашъхьэпэныр.

Илъэсищ зыныбжьыхэм ащегъэжьагъэу илъэсибл хъущтхэм анэсэу илъэс еджэгъуиплIым телъытагъ. Программэм къыделъытэ произведениеу сабыйхэм анныбжь елъытыгъэу бгъэфедэщтхэр, зэрэбгъэфедэщтхэр – занятие псаоу, занятием иIахьэу, темэу пштэрэм елъытыгъэу щытых. ФГОС-м диштэу, щыIэныгъэм илъэныкъо зэфэшъхьафхэр къыдилъытэхэзэ адыгабзэкIэ къэIуакIэу щыIэхэм нэIуасэ уафешIы.

**Зэрэбгъэфедэщтхэр:**

*Илъэсищ зыныбжьхэм апай:*

1. Езбырэу ябгъэшIэщтхэр – е Iахьэу, е темэ шъхьаIэу.
2. Укъызфяджэщтхэр – е Iахьэу, е темэ шъхьаIэу.
3. КъафэпIотэщтхэр – е Iахьэу, е темэ шъхьаIэу.

*ИлъэсиплI зыныбжьхэм апай:*

1. Езбырэу ябгъэшIэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
2. Укъызфяджэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
3. КъафэпIотэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
4. КъябгъэIотэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.

*Илъэситф зыныбжьхэм апай:*

1. Езбырэу ябгъэшIэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
2. Укъызфяджэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
3. КъафэпIотэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
4. КъябгъэIотэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
5. Къэгъэлъэгъонэу ашIыщтхэр – занятиеми, мэфэкIхэми, зэщтегъэуухэми е нэмыкIхэр.



*Илъэсих зыныбжьхэм апай:*

1. Езбырэу ябгъэшIэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
2. Укъызфяджэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
3. КъафэпIотэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
4. КъябгъэIотэщтхэр – е темэ шъхьаIэу, е занятием иIахьэу.
5. Драматизацие ашIыщтхэр – е занятием, е режимнэ моментхэм , е мэфэкIхэм, е зэщтегъэуухэм.

# ЗЭРЭЗЭХЭТ ШIЫКIЭР

Илъэсищ зыныбжь хъугъэ кIэлэцIыкIухэм тыкъэзыуцухьэрэ дунаим, литературэм щыщ произведениехэм ыкIи ядыгэ жабзэ хэгъэхъогъэным пай тхьамафэм зы занятие пшIэн ылъэкIыным программэр тегъэпсыхьагъ.

Занятиехэм федэ горэ къахьыным пай егъэзыгъэ хэмытэу нахьыбэм джэгукIэ зэфэшъхьафхэр, джэгуалъэхэр, сурэтхэр бгъэфедэзэ пшIынэу программэм къыделъытэ: тыкъэзыуцухьэрэ дунаим щыхъухэрэм, щышIэхэрэм, пкъыгъоу, Iофыгъоу тшIэрэм елъытыгъэу дгъэфедэхэрэм адыгэ къэIуакIэу яIэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэр; пкъыгъохэм ацI, плъышъоу яIэр, зэрэбгъэфедэщтым елъытыгъэу куп-купэу бгощынхэ зэрэплъэкIыщтыр (хьакъу-шыкъу, щыгъынхэр, цуакъэхэр, мебельхэр; псэушъхьэ Iэлхэр, щагу псэушъхьэхэр, къолэбзыухэр).

Плъышъохэм язэхэфын илъэсищ зыныбжь сабыйхэм къин къащэхъу. Арышъ, зэфэшъхьаф занятиехэм мыщ ехьылIэгъэ гъэцэкIэнхэр ащыпшIымэ нахьышIу.

Пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм, хэтэрыкIхэм яхьылIагъэу ябгъашIэ зыхъукIэ, ахэр сурэтхэу, муляжхэу е ежь къэкIырэ шъыпкъэхэр ябгъэлъэгъумэ дэгъу, ахэм афэгъэхьыгъэ усэхэм, пшысэхэм уакъыфеджэн плъэкIыщт. Нахьыбэ алъэгъумэ ацIэхэр нахь дэгъоу агу раубытэщт, нахь IупкIэу къаIо хъущт. Ахэм япхыгъэу ашIэхэрэм къатегущыIэхэзэ яжабзэ хэхъощт.

Илъэсым иохътэ зэфэшъхьафхэм, дунаим хэхъухьэрэмэ атегущыIэхэзэ шIэныгъэу агъотрэм нэмыкIэу къэIокIэ зэфэшъхьафхэр ябгъэшIэщт, макъэхэм якъэIуакIэ нахь IупкIэ зэрэхъущтым удэлэжьэщт.

**Жабзэм ихэгъэхъон**

Жабзэм гущыIэ гъэшIэгъонэу, къэIокIэ зэфэшъхьафэу иIэхэр тыкъэзыуцухьэрэ дунаим нэIуасэ фэпшIыхэ зыхъукIэ Iэубытыпкэ пшIын плъэкIыщт.

**Макъэм икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэныр**

Макъэм икъэIуакIэ Iоф зыщыдэпшIэщт занятиехэр хэушъхьафыкIыгъэхэуи, занятием иIахьэуи пшIымэ хъущт. Сыда пIомэ, илъэсищ зыныбжьхэм зэкIэ жабзэм хэт макъэхэр IупкIэу къаIонэу хъурэп.

ИлъэсиплI зыныбжь кIэлэцIыкIухэм зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэ хэлъэу мэкъэ зэхьщырхэр къаIоным кIэлэпIур дэлажьэ.

Мэкъэзещэхэу адыгабзэм хэтхэм якъэIуакIэ урысыбзэм хэт мэкъэзещэхэм зэратекIрэр зыщымыгъэгъупшэу, мэкъэ зэращэу зикъэIуакIэ нахь псынкIэхэр къызфэбгъэфедэхэзэ мэкъэ Iужъумэ якъэIуакIэ Iоф дапшIэмэ нахь федэ къыхьыщт.

Макъэм икъэIуакIэ Iоф дапшIэ зыхъукIэ IурыIупчъэ цIыкIухэр, джэгукIэ зэфэшъхьафхэр, орэд цIыкIухэр бгъэфедэн плъэкIыщт:

*Iабы, Iабы, Iабы цIыкIу,*
*Iабы цIыкIум теу, нынэ.*

*Бзыу, бзыу, гуаго,*
*Гого нэшъур кIашъом тес.*
*Iапс къахьи, Iахь остын,*
*Осымытми – убыбыжьын – Пр-р-р.*

ИлъэсиплI ыныбжь зыщыхъущтым кIэлэцIыкIум игущыIакIэ, грамматическэ шъуашэу ыгъэфедэхэрэр нахь IупкIэ мэхъу. Жабзэу сабыйхэм аIулъым елъытыгъэу гущыIэухыгъэ убгъугъэхэмкIэ зыфаер къаIонэу рагъажьэ. Яжабзэ нахь гущыIэ зэфэшъхьафыбэ щагъэфедэн алъэкIы. Мы Iофыгъохэр зэкIэ къыбдэхъуным пай шIыкIэ зэфэшъхьафхэр бгъэфедэн плъэкIыщт: сюжет гъэнэфагъэ зиIэ сурэтхэр мазэм зэ, упчIэ зэфэшъхьафхэр сабыйхэм яптызэ, къэпIонэу къебгъэжьагъэр къаухыжьыныр.

**Адыгэ литературэм къыхэхыгъэ произведение зэфэшъхьафмэ кIэлэцIыкIухэр нэIуасэ афэшIыгъэнхэр**

Илъэсищым къехъугъэ сабыйхэр пшысэхэм, рассказхэм, абракадабра, усэхэм къяджэнхэу, зэхахыгъэр, зэдэIугъэхэр упчIищ-плIыкIэ къаIожьынэу, усэ цIыкIухэр езбырэу, IупкIэу къаIонэу ягъэшIэгъэныр.

Пшысэхэр ежь кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм къафиIотэщт. Пшысэр нахь дэгъоу агу раубытэным пай къыкIэIотыкIыжьыныр нахьыбэрэ бгъэфедэщт. Пшысэмэ ахэт персонажхэр джэгуалъэу е сурэтым итэу ябгъэлъэгъумэ зэхахыгъэр нахь апкъырыхьащт. Усэхэр езбырэу ябгъашIэ зыхъукIэ джэгуалъэхэр, сурэтхэр, пкъыгъо зэфэшъхьафхэр бгъэфедэзэ пшIымэ усэр агу раубытэнымкIэ ишIуагъэ къэкIощт.

Сабыйхэм жабзэу аIулъым ихэгъэхъонкIэ мэхьанэшхо зиIэмэ ащыщ занятиемэ анэмыкIэу гущыIэгъоу адэпшIыхэрэр, ежь сабыйхэр зэдэджэгухэ зыхъукIэ зэрэзэдэгущыIэхэрэр ыкIи нэмыкI Iофыгъохэр.

**Программэр зэрэгъэпсыгъэр**

Илъэсищ зыныбжьыхэм илъэс еджэгъум занятие 36-рэ, тхьамафэм зы занятиеу тегощагъэу гъэпсыгъэ. Ащ щыщэу езбырэу ябгъэшIэщтыр



бгъу, мазэм зы занятие уакъыфеджэнэу – занятие псауми, занятие Iахьми кварталым занятиибл, къафэпIотэнэу занятие псауми, занятие Iахьми кварталым занятиих. ИлъэсиплI зыныбжьхэми илъэс еджэгъум занятие 36-рэ, тхьамафэм зы занятие. Ащ щыщэу езбырэу илъэс еджэгъум ябгъэшIэнэу произведениих, укъафеджэнэу илъэс еджэгъум пшIыкIуй, къафэпIотэнэу илъэс еджэгъум произведениибгъу.

Илъэситф зыныбжьхэм илъэс еджэгъум занятие 36-рэ адэпшIын плъэкIыщт. Ащ щыщэу: езбырэу призведение пшIыкIутIу, укъафеджэнэу, къафэпIотэнэу ыкIи ежьхэм къаIотэнэу произведение тIокIырэ плIырэ.

Произведение макIэп нэмыкI уахътэхэм бгъэфедэн плъэкIынэу къэтыгъэр. Ахэр мэфэкI мафэхэм, илъэсым иуахътэхэм, тыкъэзэыуцухьэрэ дунаим хэхъухьэрэ-хэшIыхьэхэрэм, гъэсэпэтхыдэ зыхэпхын плъэкIыщтхэм афэгъэхьыгъэх, бзэм икъутэнкIэ IэпыIэгъу къыпфэхъущтых.

# НАХЬЫКIЭ КУП

## IОНЫГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

### Темэр. АДЫГАБЗЭКIЭ ТЭГУЩЫIЭ

**Программнэ пшъэрылъыр:** кIэлэцIыкIухэм яныдэлъфыбзэ хашIыкIырэр уплъэкIун. ГущыIэу, гущыIэухыгъэу ашIэхэрэр IупкIэу, къыкIрэр къагурыIоу къаIоу ягъэшIэгъэн. Яныдэлъфыбзэ шIу алъэгъоу, уасэ фашIэу, зэрагъашIэ ашIоигъоу гъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** нысхъап, чэтыу, бзыу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** къеблагъ, шъуимафэ шIу, сыфай, уфая? <u>К</u>ъэкIуагъ, къэтIыс, сыд пцIэр? <u>С</u>э сцIэр...

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр хъураеу егъэтIысых. Пчъэм зыгорэ къытео, къехьэ, сэлам къарехы:

– ШIуимафэ шIух!

– Опсэу!

ГущыIэр кIэлэпIумрэ кIэлэцIыкIухэмрэ къызэдаIо. КIэлэпIум къыихьагъэм реIо:

– Къеблагъ! КъэтIыс *(кIэлэцIыкIухэм къаIожьы)*.

– Хэта къэкIуагъэр?

– ...къэкIуагъ *(къэкIуагъэр къэтIысы, нэбгрэ пэпчъ нэIуасэ зафешIы)*.

– Сэ сцIэр... О сыд пцIэр, шъэ<u>о</u>жьый *(пшъэшъэжъый)*?

АцIэхэр къызаригъаIокIэ, къагосмэ ацIэхэмкIэ арегъэупчIых: «О сыд пцIэр?» Къагосмэ ацIэ къаIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIум къыхьыгъэхэр къэмланым къыдихзэ адыгабзэкIэ къарегъаIо:

Мыр – нысхъап, бзыу, хьэ, чэтыу...

– Уфая? – Сыфай *(нысхъап, бзыу, хьэ, чэтыу...)*.

«Къысэт» гущыIэр ялексикэ хегъэуцо. Къыхьыгъэ джэгуалъэхэм къакIегъэлъэIух.



– Нысхъап сыфай, къысэт.

– Машинкэ сыфай, къысэт.

– Хьэ сыфай, къысэт.

– Чэтыу сыфай, къысэт.

– Бзыу сыфай, къысэт.

КIэлэпIум къызариткIэ кIэлэцIыкIухэм «опсэу» – къаIо.

**Я III-рэ Iахьыр.** Непэрэ занятием гущыIэу щагъэфедагъэр зэкIэ къарегъэIожьы *(зырызэуи, зэкIэ зэгъусэхэуи)*:

ШIуимафэ шIу, уимафэ шIу, опсэу, сэ сцIэр..., о сыд пцIэр? <u>С</u>э... сыфай, сэ... къысэт, о пцIэр..., о уфая...? <u>К</u>ъэкIуагъ, тIыс, къэтIыс.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

### Темэр. ТЭРЭЗЭУ ТЫГУЩЫIЭНЭУ, КЪЭТIОНЭУ ЗЫТЭГЪАСЭ

**Программнэ пшъэрылъыр:** гущыIэхэр тэрэзэу къаIонэу, къаIорэм къыкIрэр къагурыIоу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** нысхъап, чэтыу, бзыу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** къеблагъ, шъуимафэ шIу, сыфай, уфая?

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** БлэкIыгъэ занятием нэIуасэ зыфэхъугъэ гущыIэхэр къарегъэIожьы, пкъыгъохэр аригъэгъэфедэзэ:

– Уимафэ шIу, Фатима!

– Опсэу.

– КъэтIыс.

– Хэта къэкIуагъэр?

– Фатимэ къэкIуагъ.

– Фатимэ сыда къыхьыгъэр?

– Фатимэ хьэ *(чэтыу, нысхъап, машинэ)* къыхьыгъ.

– Фатима, хьэ къысэт.

– О сыд уфай?

– Сэ хьэ *(чэтыу, нысхъап, машинэ)* сыфай, къысэт.

– Фатимэ хьэ къыситыгъ *(ритыгъ)*.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Хьэр тэгъашхэ». КIэлэпIур хьэм къытегущыIэ, кIэлэцIыкIумэ къыкIарегъэIотыкIыжьы:

– Хьэм Шарик ыцI. Хьэр хьалыгъу фай.

– Ма, хьалыгъу шхы.

**Я III-рэ Iахьыр.** Ешхы, сэшхы хэтхэу гущыIэухыгъэ къызэрыкIохэр зэхагъэуцо.

– Ма, Саида, хьалыгъу шхы.

– Сэ хьалыгъу сэшхы.
– Амир хьалыгъу (конфет, торт) ешхы.
– О хьалыгъу ошхы.
– Тэ хьалыгъу тэшхы.

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. АДЫГАБЗЭ ЗЭТЭГЪАШIЭ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** яныдэлъфыбзэ шIу алъэгъуным, рыгущыIэ ашIоигъоным егъэсэгъэных. ГущыIэу ашIэрэм хахъо фэшIыгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** адыгэ шъуашэ щыгъэу нысхъап.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** шъуимафэ шIу, опсэу, къакIо, къэтIыс, сыд пцIэр? Сэ сцIэр…, къихь.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр хъураеу егъэтIысых. АреIо, непэ хьакIэ къызэрафэкIощтыр. Пчъэм къытеох. КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы:

– Сыда пIон фаер зыгорэ пчъэм къытеомэ?

– КъакIо! Къихь *(зэкIэми къарегъаIо)*.

Нысхъапыр къехьэ *(зыгорэм къырехьэ)*, сэлам къарехы.

– Шъуимафэ шIу!

КIэлэпIур пэгъокIы, гущыIэу епIон фаемкIэ яупчIы:

– Сыда сэлам къэзыхыгъэм етIощтыр?

– Къеблагъ, къэтIыс (*зэкIэми къызэдарегъаIо. Анахь дэгъоу адыгабзэр зышIэрэ горэм къыкIырегъэIотыкIыжьы)*.

Нысхъапым нэIуасэ закъыфешIы:

– Сэ сцIэр Нафсэт.

Зырызэу кIэлэцIыкIухэм акIэлъырыхьэзэ ацIэхэмкIэ яупчIы, ежь ыцIи ареIо.

– Сэ сцIэр Нафсэт, о сыд пцIэр?

– Сэ сцIэр…

КIэлэцIыкIухэм ащыщ горэм пхъэнтIэкIу нысхъапым къырэты:

– ТIыс, Нафсэт!

– Опсэу.

– ТеупчIын, сыда Нафсэт тадэжь къызкIэкIуагъэр?

Нысхъапэм «еIушъашъэ», «къыриIуагъэр» кIэлэцIыкIухэм ареIожьы:

– Нафсэти адыгабзэ нахь дэгъоу зэригъэшIэнэу фай.

Пкъыгъохэр зэрыт сурэтхэр нысхъапым рагъэлъэгъу, ацIэхэр къырагъаIо, ежьми къаIожьы.

Нысхъапыр кIожьынэу фай. КIэлэцIыкIухэм сэлам къарехыжьы:

– Сэ сыкIожьыщт, хъяркIэ.

– КIэлэцIыкIухэми хъяркIэ нысхъапэм раIожьы.

ЕкIыжьы.

– Сыда Нафсэт ышIагъэр?

– КIожьыгъэ *(зырызэу, куп-купэу къарегъаIо)*.

**Я II-рэ Iахьыр.** ДжэгукIэу «Сэ сэкIо».

– Сэ сэкIо, сэкIо, сэкIо.

– Сэ сэкIожьы, сэкIожьы, сэкIожьы.

– Тэ тэкIожьы, тэкIожьы, тэкIожьы *(екIыжьых)*.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. ДЖЭГУКIЭУ «БЗЫУ, БЗЫУ ГУАГО» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** бзыум кIэлэцIыкIухэр лъыгъэплъэгъэн, адрэ псэушъхьэмэ зарактекIрэм анаIэ тырягъэдзэгъэн, ар зэрэшхэрэм, псы зэрешъорэм, цэу тетхэр зэрэдахэм гу лъягъэтэгъэн. ГущыIакIэхэу: цы, тамэ, мэпкIэтэ-лъатэ, мэбыбы ягъэшIэгъэн. Бзыум фэгумэкIынхэу шIоигъоныгъэ агу къэгъэкIыгъэн.

**ПэшIорыгъэшIэу пшIэщт Iофыгъохэр:** мэфэ зытIу щыIэу кIэлэцIыкIухэм бзыу сурэт ягъэлъэгъугъэн, ащ иIэхэр къягъэIогъэн, цы зэрэтетым, цым ышъо зыфэдэм анаIэ тырягъэдзэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** бзыур гъучI хъагъэм исэу, псы, шкъун ыпашъхьэ итэу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** цы, кIышъо, тамэ, шкъун.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэцIыкIухэр гъучI хъагъэу бзыур зэрысым хъураеу къебгъэтIысэкIыщтых, мыбырсырынхэу, бзыур амыгъэщынэнэу агурыбгъэIощт.

КIэлэцIыкIухэм бзыур зэпаплъыхьэ, кIэлэпIум упчIэхэр ареты:

– Мыр сыд? Сыда бзыум иIэхэр? Сыда бзыум ышIэрэр? *(Бзыум цы тет, лъэкъуитIу, шъхьэ, кIэ, тэмитIу иIэх. Бзыур къаплъэ, къэдаIо, мэбыбатэ, машхэ, псы ешъо).* Сыда бзыур адрэ псэушъхьэхэм зэратекIрэр?

– ЛъэкъуитIу иI, тэмитIу иI.

КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм бзыур амыгъэщтэным пай унэм рехыжьы.

**Я II-рэ Iахьыр.** «Бзыу, бзыу гуаго» зыфиIорэ джэгукIэмкIэ мэджэгух, бзыум зыфагъадэу тэмаохэзэ къачъыхьэ.

*Бзыу, бзыу гуаго*
*Гого нэшъур кIашъом тес,*

*Іапс къахьи, Іахь остын,*
*Осымытми убыбыжьын. П-р-р-р.*

# ЧЪЭПЫОГЪУ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. КЪУЕКЪО Н. ИПОЭМЭУ «КОНЫР ТЫУШЪАГЪЭ» ЗЫФИІОРЭМ ЩЫЩ ПЫЧЫГЪОМ НЭІУАСЭ ФЭШІЫГЪЭНЫХ. «ЖЬЫБГЪЭР, ЖЬЫБГЪЭР...» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШІЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** Къуекъо Н. ипоэмэ щыщ пычыгъор езбырэу ягъэшIэгъэн, IупкIэу къэIонэу егъэсэгъэных.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** щагум сабыйхэр зипщыкIэ чъыгхэр зэрэсысхэрэм, пщэхэр огум зэрэщесрэм, онджэкъым Iугъоу къикIрэм, жьыбгъэм зэрихьэрэм егъэплъыгъэных. Жьыбгъэр амылъэгъурэми ахэр жьыбгъэм зэрепхыгъэхэр сабыйхэм агурыгъэIогъэныр.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** Къуекъо Налбый исурэт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** укIэлъэшъу, къэгъэошIу, ошIу.

#### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр

**Апэрэ Iахьыр.** Алъэгъугъэр агу къэгъэкIыжьыгъэн. Жьыбгъэр зыфэдэу хъурэм тегъэгущыIэгъэных.

Жьыбгъэр макIэуи, лъэшэуи, лъэш дэдэуи къепщэ. Фабэуи, чъыIэуи мэхъу. Ар зэлъытыгъэр илъэс уахътэр ары.

КIэлэпIум ежь сабыйхэм къарегъаIо илъэс уахътэ пэпчъ жьыбгъэу къепщэн ылъэкIыщтыр:

– КIымафэм жьыбгъэр сыд фэдэу къепщэра?
– КIымафэм жьыбгъэр лъэшэу, чъыIэу къепщэ.
– Гъэмэфэ жьыбгъэр сыд фэда?
– Гъэмафэм жьыбгъэр макIэуи лъэшэуи къепщэ, ау фабэ.

Къуекъо Н. ипоэмэ щыщ пычыгъоу жьыбгъэм ехьылIагъэм кIэлэпIур сабыйхэм къафеджэ, кIэлэцIыкIухэр тырегъэгущыIэх.

Жьыбгъэр, жьыбгъэр, укIэлъэшъу!
ТыолъэIу къэгъэошIу.
Хым зегъахьи къыщыджэгу...
Ощхыр Iажэ, тыгъэджэгу.

– Сыда жьыбгъэм укIэлъэшъу зыкIыриIорэр? *(Къепщэ зыхъукIэ умылъэгъурэ кIэр къыпщилъэшъурэм фэд).*



– Сыда жьыбгъэм къафишIэнэу зыфелъэIухэрэр?
– ОшIу къышIынэу ары.
– Ар сыда жьыбгъэм зэрепхыгъэр?
– Ошъуапщэхэр къылъэсын ылъэкIыщт, етIанэ ощх къещхыщт.
– Сыда ошIунэу тызкIыфаер?
– Тытхъэжьэу тыджэгущт.

КIэлэпIур усэм джыри зэ-тIо кIэлэцIыкIухэр къыздыригъаIэхэзэ къафеджэ. ЕтIанэ ежь-ежьырэу къарегъаIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэу [-жь-] – икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Ар къызхэфэгъэ гущыIэхэр къягъэIогъэн. *(Сурэтхэр бгъэфедэми хъущт: бжьыныф, щыбжьый, жьыбгъэ).*

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКІЭУ «ЗЭШІОКІОДЫГЪЭХ»

**Программнэ пшъэрылъыр:** щагу псэушъхьэхэр алъэгъумэ ашIэнэу, ацIэ къыраIонэу, ахэм ящырхэр зэхамыгъэкIокIэнэу, ацIэ къыраIонэу ягъэшIэгъэн. Псэушъхьэмэ яхьылIэгъэ усэмэ ашIогъэшIэгъонэу егъэдэIугъэных.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** мэфэ зытIу иIэу щагу псэушъхьэхэр зэрыт сурэтхэр е джэгуалъэхэр ябгъэлъэгъущт, ацIэ япIощт, ящыр цIыкIухэр зэхафынэу ябгъэшIэщт.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** щагу псэушъхьэ зэфэшъхьафхэр *(сурэтхэу е джэгуалъэхэу).*

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** шъынэ цIыкIу, чэцIы, шкIэ, хьажъу, чэтыу щыр, къунан.

#### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** Чылэ щагум фэдэу муляжым хэшIыкIыгъэу Iанэм щызэбгъэфэщт. Ащ щагу псэушъхьэхэр *(джэгуалъэхэу)* дэтых, ау ящырхэр ашIузэхэкIухьагъэх.

КIэлэпIум къеIо: «Мыр нанэ ищагу. Ежь нанэ исэп, арыти щыр цIыкIухэм янэхэр ашIокIодыгъэх.ТадежъугъаI ахэр къэзэрэгъотыжьынхэм пай».

КIэлэцIыкIумэ псэушъхьэхэм зэкIэмэ ацIэхэр къараIо. ЕтIанэ шъхьаф-шъхьафэу нэжъхэмрэ щырхэмрэ зэхафых:

– Мыр чэмы, пчэны, хьэ, мэлы, чэтыу...
– Мыхэм ящырхэм ацIэ къеошъуIонэу шъошIа?

Къин къащыхъу зыхъукIэ, кIэлэпIур адеIэзэ къарегъаIо:

– Мыр шкIэ, мыр шъынэ, мыр хьажъущыр... Мыхэм янэхэр...

ТадеIэнышъ, ахэр къафэдгъотыжьыщтых.

Ежь-ежьырэу кӀэлэцӀыкӀумэ ашӀэхэрэр къарегъаӀо, амышӀэхэрэрареӀо.
– Мыр шкӀэ. ШкӀэр чэмым ищыр.
– Мыр шъынэ. Шъынэр мэлым ищыр.
– Мыр чэцӀы. ЧэцӀыр пчэным ищыр.

КӀэлэцӀыкӀухэм янэхэмрэ щырхэмрэ зэгъусэ ашӀых. «Анэхэмрэ щырхэмрэ зэрэгъотыжьыгъэх, – еӀо кӀэлэпӀум. – Джы усэ зэфэшъхьафэу щагу псэушъхьэхэм яхьылӀагъэхэм шъукъядэӀу».

Усэмэ ащыщмэ къафеджэ:

1. «Хьапицыу» – Нэхэе Р.
2. «Чэтыу цӀыкӀу» – Жэнэ Къ.
3. «Къысэджэжьы нэнэжъ» – Нэхэе Р.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. МЭЗЫМ ХЭС ПСЭУШЪХЬЭХЭР ХЬЭКӀАКӀО КЪЫТФЭКӀУАГЪЭХ (тхьакӀумкӀыхьэм, баджэм, мышъэм нэӀуасэ афэшӀыгъэных)

**Программнэ пшъэрылъхэр:** мэзым хэс псэушъхьэмэ ащыщхэр сурэтым итэу е джэгуалъэу алъэгъумэ ацӀэ къыраӀон алъэкӀынэу, зэхамыгъэкӀокӀэнхэу, шъхьадж адрэхэм зэратекӀрэм гу лъягъэтэгъэн, ашхырэр, япсэукӀэ нэӀуасэ фэшӀыгъэных.

**Нэрылъэгъу ӀэпыӀэгъухэр:** мэз сурэт, джэгуалъэхэу мышъитӀу, зы тхьакӀумкӀыхь, зы бадж; псэушъхьэхэр «зэрэпхьэкӀэщтхэр»: шъоу итэу пхъэчай цӀыкӀу, пхъы (морковь).

**ГущыӀэр, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** хьакӀэ-къуакӀ, хьаплъы.

**Занятиер зэрэрекӀокӀыщтыр:**

**Апэрэ Ӏахьыр.** КӀэлэпӀум сурэтыр къыпелъэ, яупчӀы ащ итымкӀэ. ЕтӀанэ кӀэлэцӀыкӀумэ ареӀо мэзым псэушъхьэ зэфэшъхьафыбэ зэрэхэсыр, ахэм ащыщхэр непэ хьакӀэу къызэрафэкӀуагъэхэр. Апэ мышъэр къарегъэлъэгъу, мышъэр зыфэдэм къытрегъэгущыӀэх: пырац, ины, хьаплъы. Мышъэр зэрэкӀорэ шӀыкӀэр кӀэлэцӀыкӀумэ къарегъэгъэлъагъо. КӀэлэцӀыкӀухэм ареӀо: «Мы мышъэм изакъоп, ышнахьыкӀи игъус, ари мары *(къарегъэлъэгъу)*. Мыхэм шъоуи малини якӀас, ау непэ зи агъотыгъэп. ТэжъугъэхьакӀэх шъоукӀэ».

КӀэлэцӀыкӀухэм Ӏанэ, пхъэнтӀэкӀу цӀыкӀухэр къагъэуцу, ацӀэ къыраӀозэ, мышъэхэр агъэтӀысых, «шъоу» лагъэмэ арытэу къараты. АраӀо:

– Шхэ, мышъэ цӀыкӀу *(ин)*, шъоур боу ӀэшӀу.

КӀэлэпӀум кӀэлэцӀыкӀухэр хырыхыхьэм къырегъэдэӀух, зэхьылӀагъэр къашӀэмэ джыри хьакӀэу къафэкӀуагъэр къызэрашӀэщтыр ареӀо:



*Осэу фыжьы, ыжь макӀэ,*
*ЫкӀэ шъабэу быбэтэх.*
*Къызхэлъэтрэм хьэр лъежьэ,*
*Зылъищэзэ, зегъэбзэх,*
*Убэлахьмэ зэ къэубыт (тхьакӀумкӀыхь).*

КъашӀэми къамышӀэми джэгуалъэ къештэ, къарегъэлъэгъу, къытрегъэгущыӀэх: ытхьакӀумэхэр кӀыхьэх, ыкӀэ шъэбэ цӀыкӀу, зэрэпкӀэтэ-лъатэрэр кӀэлэцӀыкӀухэм къарегъэгъэлъагъо. КӀэлэпӀури пхъы *(морковь)* къештэ, ар тхьакӀумкӀыхьэм зэрикӀасэр кӀэлэцӀыкӀухэм ареӀо. КӀэлэцӀыкӀухэм тхьакӀумкӀыхьэр Ӏанэм пагъэтӀысхьэ, пхъыр *(морковь)* раты: «Ма, тхьакӀумкӀыхь, пхъыр *(морковь)* шхы. О ар уикӀас».

Джыри зы хьакӀэ къызэрафэкӀуагъэр кӀэлэпӀум кӀэлэцӀыкӀухэм ареӀо, къашӀэмэ еуплъэкӀу: ыкӀэ пырэцэ кӀыхьэ дах, ытхьакӀумэхэр цӀыкӀу, пэцацэх, цӀэплъы *(баджэ)*. Ари Ӏанэм пагъэтӀысхьэ, ау шъоуи пхъи *(морковки)* зэримышхырэр къареӀо. Ащ икӀасэр лы.

**Я II-рэ Ӏахьыр.** ДжэгукӀэу «ТхьакӀумкӀыхь» *(уахътэ къанэмэ)*, е щагум щэджэгух.

| | |
|---|---|
| *Чъые, чъые тхьакӀумкӀыхь,* | *(чъыерэм фэдэу зашӀы)* |
| *Къэущ, къэущ тхьакӀумкӀыхь,* | *(къэущых, къэтэджых, анэхэр аӀотых)* |
| *ЗытхьакӀ, зытхьакӀ тхьакӀумкӀыхь,* | *(затхьакӀырэм фэдэу ашӀы)* |
| *ЗылъэкӀ, зылъэкӀ тхьакӀумкӀыхь,* | *(залъэкӀырэм фэдэу ашӀы)* |
| *Шхэ, шхэ тхьакӀумкӀыхь,* | *(шхэхэрэм фэдэу ашӀы)* |
| *Джэгу, джэгу тхьакӀумкӀыхь,* | *(мэпкӀэтэ-лъатэх)* |

**ЯплӀэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ПШЫСЭУ «ЧЭТЫР, ЦЫГЪОР ЫКӀИ МЭЗ АТАКЪЭР» КЪАФЭӀОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пшысакӀэм нэӀуасэ фэшӀыгъэных, сюжетым зэкӀэлъыкӀуакӀэу иӀэр, героеу къыхафэхэрэр агу раубытэнхэу ягъэшӀэгъэн. Гъэсэпэтхыдэу сюжетым хэлъым гу лъягъэтэн. Макъэхэу [-хь-], [-къ-] – якъэӀуакӀэ Ӏоф дэшӀэгъэн.

**ГущыӀэр, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** хьаджын, хьаджыгъэ, шъхьалы, тхьацу, коц хьас, коцышъхьэхэр, коцыц, хьалыгъу.

**Занятиер зэрэрекӀокӀыщтыр:**

**Апэрэ Ӏахьыр.** КӀэлэпӀум хьалыгъур Ӏанэм къытырелъхьэ.
– Мыр сыд?

– Хьалыгъу.

– Тыдэ къикIыгъа хьалыгъур?

КIэлэпIур джэуапхэм ядэIу, етIанэ сурэтхэр къаригъэлъэгъузэ хьалыгъур зыхашIыкIрэр, ащ Iофэу пылъым кIэкIэу къытегущыIэ.

КIэлэцIыкIухэм упчIэ ареты: «Сыд фэдиз гъогуа къыкIурэр хьалыгъур Iанэм къытехьаным фэшI?» Джэуапмэ ядэIу. Пшысэу «Чэтыр, Цыгъор ыкIи Мэз Атакъэр» зыфиIорэм къедэIунхэу егъэтIысых.

Пшысэр къызиIотахэкIэ кIэлэцIыкIумэ яупчIы: «Сыд фэдэ Iофыгъохэр ыгъэцэкIагъэх чэтым изакъоу? Ар псынкIа? Сыдэущтэу шъуеплъыра, чэтым гъусэу иIэхэр тэрэзэу зекIуагъэха? Сыда ахэр шхэнхэу къызэтIысыхэм ариIуагъэр? Шъо сыдэущтэу шъузекIощтыгъа?»

Джэуапхэм ялъытыгъэу зэфэхьысыжьхэр кIэлэпIум ешIых.

Уахътэ къанэмэ пшысэр драматизацие пшIын плъэкIыщт.

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэхэу [-хь-], [-къ-] – якъэIуакIэ кIэлэпIум Iоф дешIэ. Мы макъэхэр зыхэт гущыIэу пшысэм къыхэфагъэхэр егъэфедэх: къыгъотыгъ, хьаджыгъ, шъхьалы, мэзатакъ, зыхьыщтыр, хьаку.

# ШЭКIОГЪУ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. ТЭРЭЗЭУ КЪЭТIОНЭУ ЗЭТЭГЪАШIЭ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пкъыгъомэ ацIэхэр тэрэзэу къаIонэу ягъэшIэгъэн; пкъыгъомэ яинагъэ, яплъышъо зэхамыгъэкIокIэным Iоф дэшIэгъэн. Макъэу [-шI-] – икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** мышъэ инрэ цIыкIурэ, нысхъап инрэ цIыкIурэ, Iэгоо зэфэшъхьафхэр яинагъэкIи, яплъышъокIи.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** джэгуалъ, ины, цIыкIу, лъагэ, лъхъанчэ, плъыжьы, фыжьы.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум мышъитIу *(зыр инэу, зыр цIыкIоу)*, нысхъапитIу *(зыр инэу, зыр цIыкIоу)* къырехьэх. КIэлэцIыкIумэ арегъэлъэгъух, упчIэхэр аретых:

– Мыр сыд? *(Мышъэ)*

– Мыдрэр? *(Ари мышъэ)*

– Сыд фэдэх мышъэхэр? *(Зыр ины, зыр цIыкIу)*

– Сыд плъышъо иIа цIыкIум *(иным)*?

НысхъапэхэмкIи джа упчIэ дэдэхэр аретых:



– Мыр сыд? Сыд фэд?

– Сыд щыгъыр? *(Джанэ)*

– Джанэм ышъо сыд фэд?

КIэлэцIыкIухэм ащыщхэм зыфэе джэгуалъэхэр къарегъаштэ, яинагъэкIэ, ашъокIэ яупчIы:

– Хэт сыд фэдэ джэгуалъэ фай...?

– Сэ нысхъап ин сыфай *(сэ мышъэ цIыкIу сыфай)*.

– Нысхъапэм иджанэ сыд фэда?

– Плъыжьы, фыжьы.

– Сэ Iэгуао сыфай...

– Тара узыфаер?

– Iэгоо плъыжьыр ары.

– Ар сыд фэда?

– Iэгуаор ины (цIыкIу).

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «О уиджэгуалъэ сыд фэда?»

КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр зыфэе джэгуалъэхэр арегъаштэх, яджэгуалъэ зыфэдэмкIэ зым зыр еупчIыжьынэу ареIо.

КIэлэцIыкIухэм джэгуалъэхэр къаIо, зыфэдэхэр къаIуатэ.

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. НЭХЭЕ Р. ИУСЭУ «ХЬАПИЦЫУ» ЩЫЩ ПЫЧЫГЪО ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. МАКЪЭУ [-ХЬ-] – ИКЪЭIУАКIЭ IОФ ДЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** усэм едэIунхэу, къэIуакIэу хэтхэм гу алъягъэтэгъэн, гущыIэухыгъэхэмкIэ гущыIэнхэу, абзэ нахь гущыIабэ щагъэфедэнэу егъэсэгъэных. Макъэу [-хь-] – изакъоу, гущыIэм хэтэу, IупкIэу къаIоныр ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** джэгуалъэу хьэ цIыкIу, амал уиIэу щытмэ хьажъущыр къэпхьыми хъущт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хьапицыу, мэхьакъу, укъысэмыцакъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум ареIо:

– КIэлэцIыкIухэр, зы гъэшIэгъон горэ шъозгъэлъэгъунэу сыфай. Хырыхыхьэ къышъосIонышъ, къызышъушIэкIэ къисхьащт.

*НэшIуцIэ, пырац,*
*ПчъэIупэм щыхьагъэу Iус.*
*Сэмэркъэу дэмышI,*
*Ухымэмэ къыоцэкъэщт (хьэ).*

– КъэшъушIагъ, ар хьэ. Шъуеплъ ар зэрэдэхэ цIыкIум.

Хьэжъум еплъых (е сурэтым), зыфэдэр къаIо: ышъо, ылъакъохэр, ыкIэ, ынэхэр, зызэригъэпсырэр.

Хьэжъущырым ехьылIагъэу усэ шъуедэIунэу шъуфая? *(Джэуапхэр).*

КIэлэпIур усэм къафеджэ:

*Хьэпицыу, цыу, цыу,*
*Укъысэмыхьакъу.*
*Хьэпицыу, цыу, цыу,*
*Укъысэмыцакъ.*
*Хьэпицыу, цыу, цыу,*
*Ма, хьалыгъу, шхы.*

Джыри тIо къеджэ. КIэлэцIыкIухэм агу раубытэгъэ гущыIэхэр къыдаIох. ЕтIанэ нахь дэгъоу къэзыIощтыр къыхещы, зыкъыдишIызэ хьэжъущырым къыфырегъаIо *(ыгъашхэрэм, хьалыгъу ритрэм фэдэу ешIы).*

Адрэ кIэлэцIыкIухэми хьэжъущырыр къауцухьэ, усэ къыфаIо, агъашхэ *(хьэжъур рахыжьы).*

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэу [-хь-] – икъэIуакIэ Iоф дашIэ: хьэ, хьэжъу, хьэпицыу, хьалыгъу, тхьакIумкIыхь....

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. АДЫГЭ ПШЫСЭУ «ХЭТ НАХЬ ЛЪЭША?» ЗЫФИIОРЭР КIЭЛЭЦIЫКIУХЭМ КЪАФЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** кIэлэцIыкIухэр агу етыгъэу пшысэм едэIунхэу егъэсэгъэных. Пшысэм ехьылIэгъэ упчIэхэм яджэуап ратыжьынэу, персонажэу хэтхэр, ахэр зэрэхэлажьэхэрэр зэрэзэкIэлъыкIорэр зэхамгъэкIуакIэу къягъэIогъэн, пшысэм щыщ пычыгъо цIыкIухэр къыкIаIотыкIыжьынэу егъэсэгъэных.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** урамым тетхэу е группэм исхэу джэгухэ зыхъукIэ, цIыкIу-цIыкIоу уадэгущыIэзэ тыкъэзыуцухьэрэ дунаим щыхъухэрэм, ар зыкIэхъухэрэм гу лъябгъэтэщт, псэушъхьэмэ шъхьадж кIуачIэу ахэлъым япсэукIэ зэрелъытыгъэр зэхябгъэшIыкIыщт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** лъэшы, сигъэжъун.

#### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** Пшысэр кIэлэцIыкIухэм къафеIуатэ, упчIэ заулэ ареты:

– Сыд персонажха пшысэм къыхэфагъэхэр?

– Ахэм язэкIэлъыкIуакIэ пшысэм къызэрэхафэхэрэр къарегъаIо.



– Мылы, тыгъэ, ошъуапщ, ощхы, уцы, чэмы, тыгъужъ, шхончау, цыгъо, чэтыу.

– Сыда зэкIэри зыгорэм зыкIыщыщынэхэрэр?

– Сыда чэтыур зыми зыкIыщымыщынэрэр?

**Я II-рэ Iахьыр.** Пшысэр кIэлэцIыкIухэм къябгъэгъэлъэгъощт.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ПШХЫГЪЭР ЗИЛIЭУЖЫГЪОР КЪАШIЭ»

**Программнэ пшъэрылъыр:** хэтэрыкIхэр ашIэхэмэ зэуплъэкIущт, хырыхыхьэ къызэрыкIохэр къашIэшъухэу, ямэхьанэ къагурыIоу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хэтэрыкIхэм ямуляжхэр, хэтэрыкI упкIэтагъэхэр лэгъэ зэфэшъхьафхэм арылъхэу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** нэшэбэгу, бжьыны, пхъы (морковка), къэбаскъ, помидор.

#### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** ТхьакIумкIыхьэ цIыкIум лагъэм илъхэу хэтэрыкIхэр къырехьэх. Къыхьыгъэхэр зилIэужыгъомкIэ яупчIы:

– Сыда лагъэм илъхэр?

– Нэшэбэгу, бжьыны, пхъы, къэбаскъ, помидор.

– Джы сэ хэтэрыкIхэм ацIэхэр зырызэу къесIощт, шъуащыщ горэм ахэр къыштэзэ къыгъэлъэгъощт.

КIэлэцIыкIухэм зыцIэ къыраIогъэ хэтэрыкIыр къыхахы, къагъэлъагъо, ышъо, теплъэу иIэр къаIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Пшхыгъэр къашIэ» зыфиIорэмкIэ мэджэгух.

КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм зырызэу анэ кIепхэ, хэтэрыкI упкIэтагъэм щыщ ажэ делъхьэ. КIэлэцIыкIухэм ашхы ыкIи ашхыгъэр зилIэужыгъор къаIо.

**Я III-рэ Iахьыр.** ХэтэрыкIмэ ясурэт къэгъэчъыхьагъэхэр кIэлэцIыкIухэм афэбгощыщт. Шъхьадж тефагъэр къебгъэгъэлъэгъощт, шъоу зэригъэлэщтыр къебгъэIощт.

КIэлэцIыкIухэм сурэтхэр агъалэх, етIанэ хэтэрыкIмэ ацIэ, плъышъоу яIэр къаIо:

– Сэ нэшэбэгу згъэлагъэ. Нэшэбэгур уцышъо.

– Сэ пхъы згъэлагъэ. Пхъыр гъожьы.

– Сэ бжьын згъэлагъэ. Бжьыныр гъожьыш.

– Сэ къэбаскъэ згъэлагъэ. Къэбаскъэр уцышъу.
– Сэ помидор згъэлагъэ. Помидорыр плъыжьы.

# ТЫГЪЭГЪАЗ

**Апэрэ тхьамаф:**

## Темэр. СУРЭТ ЗЭФЭШЪХЬАФХЭМ ЯПЛЪЫНЫХ, АХЭМ АРЫТХЭМ АШIЭХЭРЭР КЪАIОН. ДЖЭГУКIЭУ «ТХЬАКIУМКIЫХЬ» НЭIУАСЭ ФЭШIЫГЪЭНЫХ

**Программнэ пшъэрылъыр:** пчэдыжь фэIо-фашIэхэр зэрэрекIокIыхэрэм нэIуасэ афэшIыгъэных. Унашъо зыхэлъ макъэм егъэсэгъэных, ар агъэцэкIэнэу ягъэшIэгъэн. ДжэгукIэм гущыIэу хэтхэр зэхэфыгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэт зэфэшъхьафэу фэIо-фашIэхэр зышIэхэрэр зэрытхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** пчэдыжь, пчыхьэ, мафэ, чэщы.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Сурэт зэфэшъхьафхэр аригъэлъэгъузэ, кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм къарегъаIо ащ итхэм ашIэхэрэр:
– Пшъэшъэжъыер машхэ.
– Шъэожъыер мэчъые.
– Пшъэшъэжъыем зетхьакIы.
– Чэтыу цIыкIур машхэ.
– Хьэ цIыкIур мэджэгу.
– Шъэожъыем зелъэкIы.
– Пшъэшъэжъыем зефапэ.
Джэуапхэм зягъэушъомбгъугъэу къатыжьыным кIэлэпIур лъэплъэ.
КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм сурэтхэм аралъагъохэрэм фэIо-фашIэу ашIэхэрэм зэкIэлъыкIуакIэ гъэнэфагъэ горэ иIэу зэрэщытым анаIэ тырарегъадзэ. АшIэхэрэр уахътэу зыщашIэрэр арегъэунэфы.
– Сыдигъуа зычъыехэрэр?
– Сыдигъуа къызыущыжьхэрэр?
– Сыда апэу ашIэрэр: затхьакIа, залъэкIа?
– Сыд зашIахэкIэ зафэпэжьра?
– Сыд Iофым ыужа зыджэгухэрэр?
Джэуапэу къатыжьхэрэм елъытыгъэу кIэлэпIум зэфэхьысыжьхэр ешIы.



**Я II-рэ Iахьыр.** ДжэгукIэу «ТхьакIумкIыхь».
(Сабыйхэр хъураеу мэуцух, тхьакIумкIыхьэр пчэгум рагъэуцо, къакIухьэзэ унашъохэр фашIых, тхьакIумкIыхьэм ахэр егъэцакIэх).

| | |
|---|---|
| *Чъые, чъые тхьакIумкIыхь,* | *(чъыерэм фэдэу зашIы)* |
| *Къэущ, къэущ тхьакIумкIыхь,* | *(къэущых, къэтэджых, анэхэр аIотых)* |
| *ЗытхьакI, зытхьакI тхьакIумкIыхь,* | *(затхьакIырэм фэдэу ашIы)* |
| *ЗылъэкI, зылъэкI тхьакIумкIыхь,* | *(залъэкIырэм фэдэу ашIы)* |
| *Шхэ, шхэ тхьакIумкIыхь,* | *(шхэхэрэм фэдэу ашIы)* |
| *Джэгу, джэгу тхьакIумкIыхь.* | *(мэпкIэтэ-лъатэх)* |

КIэлэцIыкIухэм яшIоигъоныгъэкIэ тIо-щэ егъэджэгух.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. УРЫС ПШЫСЭУ «ЧЭТ ОГУ ЦIЫКIУ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пшысэу къафэпIуатэрэм эмоциеу аригъэшIхэрэр гъэунэфыгъэн. Пшысэр ежь-ежьырэу къаIуатэ ашIоигъоу егъэсэгъэных. Глаголхэр абзэ нахьыбэу, грамматическэу тэрэзэу щагъэфедэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** настольнэ театрэу пшысэм хэт персонажхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** чэты, кIэнкIэ, ыкъутагъ, чъэн, чъэзэ, гъыгъэ, мэгъы.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум джэголъэ зэфэшъхьафхэр къытырелъхьэ, ацIэ къырарегъаIо. Чэтымрэ кIэнкIэмрэ къахехы, пшысэу къызщатегущыIэхэрэмкIэ яупчIы. Урысыбзэкiэ пшысэр къызэрафиIотэгъагъэр агу къегъэкIыжьы. Адрэ персонажэу хэтхэр ацIэ къыраIозэ къыхарегъэхы.

Пшысэр къыдигъэлъагъозэ къафеIуатэ:

Чэт огу цIыкIум дышъэ кIэнкIэ къыкIэцIыгъ. ЛIыжъыр еуи, еуи, фэкъутагъэп. Ныор еуи, еуи, фэкъутагъэп. Цыгъо цIыкIур чъэзэ ыкIэ цIыкIукIэ нэси, кIэнкIэр къефэхи, къутагъэ.
– ЛIыжъыр мэгъы.
– Ныор мэгъы.
Чэт огу цIыкIум еIо:
– Умыгъ, лIыжъ *(тат)*, умыгъ, ныу *(нан)*, сэ джыри кIэнкIэ къышъостыщт, ау дышъэп!

КӀэлэпӀум кӀэлэцӀыкӀухэм пшысэм щыщ пычыгъохэр къыкӀарегъэӀотыкӀыжьы.

**Я II-рэ Ӏахьыр.** Глаголхэу  чъэн, чъэзэ, мэгъы, еуагъ – якъэӀон Ӏоф дэшӀэгъэн.

## Ящэнэрэ тхьамаф:

## Темэр. МЫРЗЭ ДЗ. ИУСЭУ «ИЛЪЭСЫКӀЭР КЪЫТФЭСЫГЪ» ЗЫФИӀОРЭМ ЩЫЩ ПЫЧЫГЪО ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШӀЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** илъэсыкӀэм ишапхъэхэм ацӀэ къыраӀонэу ягъэшӀэгъэн. Усэр езбырэу къаӀонэу, мэфэкӀэу къэблагъэрэм фэгъэчэфыгъэных.

**Нэрылъэгъу ӀэпыӀэгъухэр:** елкэ зыгорэм тегъэпытыхьагъэу, джэголъэ зэфэшъхьафхэр.

**ГущыӀэр, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** елкэ, илъэсыкӀ, джэгуалъ, лъагэ.

### Занятиер зэрэрекӀокӀыщтыр:

**Апэрэ Ӏахьыр.** КӀэлэцӀыкӀухэм зызфагъэхьазырырэ мэфэкӀымкӀэ кӀэлэпӀур яупчӀы:

– Сыд мэфэкӀа зызфэдгъэхьазырырэр?
– Сыда илъэсыкӀэм дгъэкӀэракӀэрэр?
– Сыда елкэм пытлъэхэрэр?

МэфэкӀым ехьылӀагъэу усэ зэрагъэшӀэнэу фаехэмэ яупчӀы.

Усэм зэрэщытэу къафеджэ, текстым Ӏоф дашӀэ. ЕтӀанэ езбырэу зэрагъэшӀэщт пычыгъом къафеджэ.

*Елкэ лъагэ пчэгум ит,*
*Джэголъабэ елкэм пыт…*
*ИлъэсыкӀэр къытфэсыгъ,*
*ГушӀогъуабэ къытфихьыгъ.*

Джыри тӀо-щэ кӀэлэцӀыкӀухэм къыздаригъаӀозэ къафеджэжьы.

Нахь дэгъоу зыгу изыубытагъэмэ къарегъэӀожьы.

**Я II-рэ Ӏахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

| | |
|---|---|
| – *Елкэр лъагэ* | *(кӀэлэцӀыкӀухэм къагъэлъагъо).* |
| – *Джэголъабэ елкэм пыт* | *(къагъэлъагъо).* |
| – *Елкэр къэтэкӀухьэ* | *(аӀапэхэр зэрэубытхэшъ хъураеу къакӀухьэ).* |

## ЯплӀэнэрэ тхьамаф:

## Темэр. «НЫСХЪАПЭМ ТЫКЪЫТЕГУЩЫӀЭ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** нысхъапэм итеплъэ, ащ ищыгъын къытегущыӀэнхэу егъэсэгъэных. Абзэ гущыӀэ зэфэшъхьафыбэ,



гущыӀэухыгъэ убгъугъэхэр щагъэфедэнэу ягъэшӀэгъэн. Макъэу [-хъ-] – икъэӀуакӀэ Ӏоф дэшӀэгъэн.

**Нэрылъэгъу ӀэпыӀэгъухэр:** нысхъапитӀу, теплъэ зэфэшъхьаф яӀэу, щыгъын зэфэшъхьафи ащыгъэу; пкъыгъо зэфэшъхьафхэм ясурэтхэр.

**ГущыӀэр, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** зэкӀужь, шэплъы, тхъоплъы, нэкӀушъхь.

### Занятиер зэрэрекӀокӀыщтыр:

**Апэрэ Ӏахьыр.** НысхъапитӀу къыипхьащт: зыр – ыпэкӀэ алъэгъугъагъэу, адрэр – кӀэу. КӀэлэцӀыкӀухэм къябгъэгъэлъэгъощт ыкӀи къябгъэӀощт нысхъапитӀум язэу янэӀуасэр. УадеӀэзэ, упчӀэхэр бгъэфедэзэ нысхъапэм къытебгъэгущыӀэщтых.

– Сыда нысхъапэм ыцӀэр?
– Нысхъапэм ыцӀэр Фатима.
– Сыд фэда Фатимэ?
– Фатимэ зэкӀужь, дахэ.
– Фатимэ ынэхэр сыд фэдэха?
– Фатимэ ынэхэр шӀуцӀэх.
– Фатимэ ынэкӀушъхьэхэр сыд фэдэха?
– Фатимэ ынэкӀушъхьэхэр шэплъых.
– Фатимэ ышъхьац сыд фэда?
– Фатимэ ышъхьац шӀуцӀэ, бырабы, мэтӀыргъо.
– Адэ мыдрэ нысхъапэр сыд фэда?

КӀэлэцӀыкӀухэм нысхъапакӀэм цӀэ фаусы. НысхъапитӀур зэрагъапшэзэ нэбгыритӀу къэогъэгущыӀэ:

– Синысхъапэ ыцӀэр Зара. О уинысхъапэ сыда ыцӀэр?
– Сэ синысхъапэ ыцӀэр Фатима. Сыд фэда уинысхъапэ?
– Синысхъапэ дахэ, зэкӀужь. Ынэхэр шхъуантӀэх. О уинысхъапэ ынэхэр сыд фэдэха?
– Сэ синысхъапэ ынэхэр шӀуцӀэх, ынэкӀушъхьэхэр шэплъых.
– Сэ синысхъапи ынэкӀушъхьэхэр шэплъых, шъхьац кӀыхьи телъ.
– Сэ синысхъапэ ышъхьац шӀуцӀабз, мэтыргъо, бырабы.
– ТитӀуи тинасхъапэхэр дахэх.

Джыри нэбгырэ зытӀу нысхъапэмэ къатеогъэгущыӀэ. Макъэу [-хъ-] икъэӀуакӀэ Ӏоф дяогъашӀэ.

**Я II-рэ Ӏахьыр.** Пкъыгъо зэфэшъхьафмэ ясурэтхэр зэрыт тхьапэхэр кӀэлэцӀыкӀухэм афэбгощыщт. Сурэтым итмэ ацӀэхэр къябгъэӀощт. Макъэу [-хъ-] къызхэфагъэхэр къыхэбгъэщыщт. ЗэкӀэхэри зэгъусэхэу ыкӀи зырызэу къыкӀябгъэӀотыкӀыжьыщт.

# ЩЫЛЭ МАЗ

**Апэрэ тхьамаф:**

## Темэр. МЫРЗЭ ДЗ. ИУСЭУ «КЪЕСЫ» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «СЫДИГЪУА АР ЗЫХЪУГЪЭР?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** илъэсым иуахътэхэм нэшэнэ шъхьаIэу яIэхэр агу къэгъэкIыжьыгъэн. КIымафэм тхьагъоу сабыймэ къафихьрэм зэдытегущыIэгъэн. КIымафэм фэгъэхьыгъэ усэ цIыкIур агу регъахьыгъэн.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** ос къесмэ кIэлэцIыкIухэр щагум щыбгъэджэгущтых, кIымафэм уакъыфытегущыIэщт, осыцэ цIыкIухэр зэпэплъыхьащт.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** дидактическэ джэгукIэу «Сыдигъуа ар зыхъугъэр?», сурэтхэр, усэ цIыкIухэр. Ос телъэу тефэмэ ос къипхьэмэ хъущт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** щтыргъукI, зэтешасэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм агу къегъэкIыжьы ос къесы зэхъум агу рихьэу зэрэлъыплъагъэхэр, зэрэщыджэгугъэхэр. ЯупчIы:

– Сыд фэдэ уахътэха илъэсым джыри къыхафэхэрэр?

– Гъатхэ, гъэмаф, бжъыхьэ.

Усэ цIыкIумэ къафеджэзэ къызтегущыIэрэ уахътэр къарегъашIэ.

*Чъыгхэр къызэлъэтIэмы,*
*Апэрэ къэгъагъэмэ тяпэмы,*
*Тыгъэм зыкъытфещэи.*
*КIалэхэр тхъэжьэу мэджэгух.*
*(Жэнэ Къ.)*

*Осыр жьыбгъэм зэрелъасэ,*
*ЧъыIэм нэгур къегъэушэплъы,*
*КIэлэцIыкIухэр Iажэм исхэу*
*Тхъэжьэу бгыпэм джы къечъэхых.*
*(Бэрэтэрэ Хь.)*

*Тыгъэм чъыгхэр етIэкIы,*
*ПкIашъэхэр чIыгум тырехъо.*
*Чышъхьашъор чъэпым зэлъехъэ,*
*Къэрэухэр къыблэм мэкIожьых.*
*(Пэрэныкъо М.)*



*Тыгъэр зэрилъэкIэу мэцакъэ,*
*Лэжьыгъэр губгъом щэбагъо.*
*КIалэмэ джы загъэпсэфы,*
*ПсыIум ахэр щэчэфы.*
*(Жэнэ Къ.)*

КIэлэпIур кIэлэцIыкIумэ яупчIы анахь агу рихьрэ уахътэмкIэ. Зэфэхьысыжьхэр ешIы. КIымафэм ехьылIэгъэ усэм IупкIэу къафеджэ:

*Осыр къесы, зэрелъасэ,*
*Шъэбэ-шъабэу зэтешасэ,*
*Чъыг къутами, тиурами,*
*Тиунашъхьи ос къатесэ.*

КIэлэпIум джыри усэр зэ къыкIеIотыкIыжьы. КIэлэцIыкIухэм агу раубытэгъэ гущыIэхэр къыдаIо.

УпчIэхэр кIэлэцIыкIухэм ареты:

– Осыр сыд фэда?

– Шъабэ, фыжьы, чъыIэ.

– Сыда зэкIэми осыр зыкIателъыр?

– ТыдэкIи къыщесышъ ары.

Усэм джыри къафеджэ. Нэбгырэ зытIущэу нахь тэрэзэу къэзыIошъущтхэм къарегъаIо.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ЗЫГЪЭКЪАБЗ» КЪАФЕДЖЭГЪЭН. ЗЫ ПКЪЫГЪО НАХЬ ЗЭРЫМЫТ СУРЭТЫМ ЕХЬЫЛIАГЪЭУ РАССКАЗ ЦIЫКIУ ЗЭХЭГЪЭУЦОГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** псэушъхьэу сурэтым итым дэгъоу еплъынхэшъ, ащ фэгъэхьыгъэ упчIэу кIэлэпIум къытхэрэм яджэуап сабыйхэм къыратыжьынхэу ягъэшIэгъэн. Сурэтым итым ехьылIагъэу рассказ цIыкIоу кIэлэпIум къыIуатэрэм сабыйхэр дэгъоу едэIунхэу, ятIонэрэу къыIотэжь зыхъукIэ ежьхэри хэлэжьэнхэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** чэтыу, чэтыур чъыеу итэу сурэт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** чэтыу щыр зищыхьагъэу, цы IашкI.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Чэтыу щырыр чъыеу итэу сурэт сабыймэ ягъэлъэгъугъэн. Ащ фэгъэхьыгъэу упчIэмэ яджэуап кIэлэцIыкIухэм къырягъэтыжьыгъэн:

– Сыд фэда чэтыу щырыр?
– ЦIыкIужъый, фыжь цIыкIу.
– Сыда чэтыу щырым ышIэрэр?
– Чэтыу щырыр мэчъые.
– ЫкIэ е ыпэ цIыкIу къычIэща?
– Хьау, чэтыу щырым ыкIэ цIыкIуи ыпэ цIыкIуи зищыхьи ыгъэбылъыгъ.
– Сыдым фэда чъыерэ чэтыу щырыр?
– Ар цы IашкIэм фэд.

КIэлэпIум ежь зэхигъэуцогъэ рассказыр кIэлэцIыкIухэм къафеIуатэ:

– Чэтыу щырыр цIыкIу, фыжьыбз. Ыпэ цIыкIуи ыкIэ цIыкIуи чIигъэбылъхьи зищыхьагъэу мэчъые. ЫтхьакIум цIыкIухэр ары ныIэп къычIэщхэрэр. Ежь цы IашкIэм фэдэу мыхъыеу щылъ.

КIэлэпIум джыри зы сурэт къегъэлъагъо, ащ ишIыхьэгъэ чэтыур къэущыжьыгъ. Ащ фэгъэхьыгъэу сабыйхэм ежь-ежьырэу къаIуатэ.

КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы:

– Сыда къэущыжьыгъэ чэтыу щырым ышIэн фаер?
– ЗитхьакIын фай.
– Сыда зызкIитхьакIырэр?
– Къэбзэным пай.
– Хэта джыри чэтыу щырым нэпэмыкIэу зызытхьакIыхэрэр?

КIэлэпIур Жэнэ Къ. иусэ щыщ пычыгъом къафеджэ:

Пчэдыжьым жьэу нэфшъагъом
Цыгъо цIыкIуи, чэтыу щыри
Къэбзэ-лъабзэу затхьакIы.
Укъабзэмэ упсаущт,
Ау зыхъукIэ тыкъэбзэщт.

КIэухым джэголъэ зэфэшъхьафхэр сабыйхэм яптэу ахэм затхьакI фэдэу ябгъэшIзэ усэм джыри зэ уакъыфеджэмэ хъущт.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ЩАГУ ПСЭУШЪХЬЭМЭ АФЭГЪЭХЬЫГЪЭУ ЗЭХЭГУЩЫI. ПШЫСЭУ «ЩАГУ ПСЭУШЪХЬЭХЭР» КЪАФЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** щагу псэушъхьэхэу сурэтым итхэр зэхамыгъэкIуакIэхэу ацIэ къаIонэу ягъэшIэгъэн, ахэмэ шIуагъэу къахьрэм, ящыр цIыкIухэм тегущыIэгъэн. Ар пшысэм ежь псэушъхьэхэм къызэрэщаIорэм укъафеджэзэ ебгъэдэIущтых, инсценировать ябгъэшIыщт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** мэлы, чэмы, шъынэ, пчэны, хьэ, шы.



**Занятиер зэрэкIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Щагу псэушъхьэхэр зэрыт сурэтхэр е джэголъэ цIыкIухэр кIэлэцIыкIумэ ябгъэлъэгъущт. Ащыщэу ашIэрэмэ ацIэ къырябгъэIощт, ящыр цIыкIухэр къябгъэгъотыщт. КъамышIагъэхэм ацIэ япIощт.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Хэт сыд фэдэ макъэ иIа?» зыфиIорэмкIэ бгъэджэгущтых. ДжэгукIэр тIо гощыгъэу пшIын плъэкIыщт. АпэрэмкIэ, сурэтхэр е джэгуалъэхэр кIэлэцIыкIухэм ябгъэлъэгъузэ, псэушъхьэхэм макъэу яIэр къябгъаIозэ ябгъэшIыщт. ЯтIонэрэмкIэ, пэIухьо къогъум кIэлэпIум къыщиIорэ макъэр зымакъэр ежь кIэлэцIыкIумэ къашIэшъумэ ебгъэплъыщтых.

Пшысэу «Щагу псэушъхьэхэр» зыфиIорэр кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм къафеIуатэ етIанэ упчIэ зытIу ареты:

– Сыда шъыхьэм, хьэм яшIуагъэу къэкIощтыр?
– Сыда мэлым, чэмым цIыфым къыратыщтыр?
– Сыда цIыфым псэушъхьэмэ ариIуагъэр?

**Я III-рэ Iахьыр.** Пшысэр драматизировать пшIымэ хъущт.

**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ЗЫГЪЭКЪАБЗ» КЪАФЕДЖЭГЪЭН. Н. КАНЕВСКЭМ ИСУРЭТЭУ «МОЙДОДЫР» ЕХЬЫЛIАГЪЭХЭМ КIЭЛЭЦIЫКIУХЭР ЯГЪЭПЛЪЫГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** зэдэIухэрэ произведениер къагурыIонэу, ащ ехьылIэгъэ упчIэхэм яджэуап къыратыжьынэу, зэфэхьысыжь цIыкIу ашIынэу егъэсэгъэных.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщтыр:** затхьакIы зыхъукIэ аIэхэр, анэгухэр къабзэ зэрэхъугъэм гу лъягъэтэгъэн. АIэ, анэгу шIои хъумэ, ежь-ежьырэу алъэгъун, атхьакIынэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** темэм ехьылIагъэхэу сурэт зэфэшъхьафхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** чэтыу, цыгъо, псычэт, зытхьакIын, ушIоижьэу.

**Занятиер зэрэкIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Сурэт зэфэшъхьафхэр кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм арегъэлъэгъу, ащ итхэм ашIэхэрэр къарегъаIо:

– Чэтыу цIыкIум зетхьакIы.
– Цыгъо цIыкIум зетхьакIы.
– Псычэт щырмэ затхьакIы.
– Шъэожъыер зэхэушIоежьэу щыт.

ЕтIанэ агу рихьыгъэу е римыхьэу алъэгъугъэмкIэ яупчIы. Агу зыкIырихьыгъэр е зыкIыримыхьыгъэр къарегъаIо:

– Шъэожъыер зэхэушIоежьыгъ. Ащ уеплъынкIэ Iае, угу техьэрэп. ЗимытхьакIэу зышхэкIэ сымаджэ хъущт…

Жэнэ Къ. иусэу «Зыгъэкъабз» зыфиIорэм кIэлэпIур къафеджэ. УпчIэ заулэ ареты:

– Хэта нэфшъагъом зызытхьакIыхэрэр?

– Сыда зызкIатхьакIыхэрэр?

Усэм джыри зэ тIо къеджэ. Аужырэ гущыIэхэр зэкIэми къызэдаIо.

# МЭЗАЙ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. ПЭНЭШЪУ ХЬ. ИУСЭУ «АТАКЪЭ» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** кIэлэцIыкIухэм усэр езбырэу къаIонэу ягъэшIэгъэн. Щагу бзыоу ашIэхэрэм ясурэт алъэгъумэ ашIэжьынэу, ацIэ къыраIонэу ягъэшIэгъэн. Макъэхэу [-къ-],[-шъ-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** атакъэ итэу сурэт, атакъэ *(джэгуалъэу)* бгъэфедэмэ хъущт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** атакъ, нэф къэшъы, макъэ сэшъы, сысакъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Щагу бзыухэм ясурэтхэр кIэлэпIум кIэлэцIыкIумэ арегъэлъэгъух, ацIэ къарегъаIо: чэты, къазы, псычэт, тхьачэт, атакъэ.

Анахь якIасэу ахэтхэм къатрегъэгущыIэх: ятеплъэ, шIуагъэу къахьрэр.

Атакъэм исурэт къахехы, агу рехьмэ яупчIы:

– Мыр сыд?

– Сыд фэда атакъэр?

– Атакъэм сыд фэдэ орэд къыIора?

– Сыд ащ ишIуагъэу къытэкIрэр?

Атакъэм ехьылIагъэу Пэнэшъу Хь. ытхыгъэ усэм къафеджэ. Агу рихьыгъэмэ яупчIы.

– Сыда атакъэм «ренэу сысакъ» зыкIиIорэр?

– Сыдэущтэу ар тэ къытаджэра?

Нэф къэшъыгъах,

Тэдж умышъхьах!

Атакъэм «къыIохэрэр» кIэлэцIыкIумэ къыкIарегъэIотыкIыжьы. ЕтIанэ усэм зэ-тIо къафеджэ, езбырэу арегъашIэ.



**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэу [-къ-] – икъэIуакIэ Iоф дарегъашIэ. ГущыIапэм, гузэгум, ужым итэу макъэр къызхэфэрэ гущыIэхэр къарегъаIо: атакъэ, макъэ, къэбаскъ, къэпраз, къаджэ, къеIо...

**Я III-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

| | |
|---|---|
| *Чъые, чъые тхьакIумкIыхь,* | *(чъыерэм фэдэу зашIы)* |
| *Къэущ, къэущ тхьакIумкIыхь,* | *(къэущых, къэтэджых, анэхэр аIотых)* |
| *ЗытхьакI, зытхьакI тхьакIумкIыхь,* | *(затхьакIырэм фэдэу ашIы)* |
| *ЗылъэкI, зылъэкI тхьакIумкIыхь,* | *(залъэкIырэм фэдэу ашIы)* |
| *Шхэ, шхэ тхьакIумкIыхь,* | *(шхэхэрэм фэдэу ашIы)* |
| *Джэгу, джэгу тхьакIумкIыхь.* | *(мэпкIэтэ-лъатэх)* |

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. ПШЫСЭУ «ХЬАЛЫЖЪЫЙ» ЗЫФИIОРЭР КЪАФЭIОТЭГЪЭН. IОРIУАТЭМ КЪЫХЭХЫГЪЭ ПШЫСЭХЭР ШIУ АЛЪЭГЪУНХЭУ КIЭЛЭЦIЫКIУХЭР ПIУГЪЭНЫХ

**Программнэ пшъэрылъыр:** пшысэм фэгъэхьыгъэ упчIэхэм яджэуап кIэлэцIыкIухэм къатыжьынэу, пшысэм щыщ гущыIэхэр, гущыIэухыгъэ псаухэр къыкIаIотыкIыжьынэу, псэушъхьэу къыхафэрэ, персонажхэм язекIуакIэхэм ежь яшIошIхэр къащыраIолIэн алъэкIынэу ягъэшIэгъэн. КIэлэцIыкIухэр агу етыгъэу пшысэм едэIунхэу егъэсэгъэных.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщтыр:** мэфэ зытIу иIэу мы пшысэм ехьылIэгъэ сурэтхэр ябгъэлъэгъущт. Хьалыжъыер зилIэужыгъор япIощт. Орэд къыIо зыхъукIэ хьалыжъыер зыдэщысрэм гу лъябгъэтэщт. Тхылъыр кIэлэцIыкIухэм зэпаплъыхьанэу къахэунэщт.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэтхэр, джэгуалъэхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хьалыжъый.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум джэгуалъэхэр ыгъэфедэзэ пшысэр къеIуатэ. ЕтIанэ пшысэм щыщ пычыгъохэу кIэлэцIыкIухэм агу раубытагъэхэр кIэлэпIум къарегъэIожьы. Хьалыжъыер амышхынэу зэрялъэIурэ шIыкIэм, орэд къызэриIорэм гу лъарегъатэ. Хьалыжъыем орэдэу къыIощтыгъэр къыкIарегъэIотыкIыжьы, езбырэу арегъашIэ:

*Сэ сыхьалыжъыеу, хьалыжъый!*
*ХьамбарыгIум сырицIэнтхъуаф,*
*Хьамбарым сырипхъэнкIаф,*
*ЩатэкIэ сапшагъ,*

*ТхъукIэ сагъэжъагъ,*
*Шъхьангъупчъашъхьэм сыщыучъыIыгъ,*
*Лlыжъым сыкъыIэкIэкIыжьыгъ,*
*Ныом сыкъыIэкIэкIыжьыгъ,*
*ТхьакIумкIыхьэм сыкъыIэкIэкIыжьыгъ...*

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Хэт сыд ышIэра?»

КIэлэпIум къарегъэлъэгъу кIалэхэм псэушъхьэхэм ясурэтхэр ыкIи ахэр зыщыщхэр къарегъаIо.

Ащ ыужым, ахэмэ ашIэхэрэр къэзгъэлъэгъорэ гущыIэхэр къаIох *(чэмым щэ къеты, машхэ, мэчъые, мэбыу; хьэм щагур къегъэгъунэ, машхэ, мэчъые, мэхьакъу ыкIи нэмыкIхэр).*

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. «ХЬАКЪУ-ШЫКЪУХЭР». ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ХЬАКIЭХЭР ДГЪЭШХЭЩТЫХ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** хьакъу-шыкъухэр зэрагъэфедэхэрэр къаIонэу ягъэшIэгъэн. ПкъыгъуацIэхэр зы пчъагъэми бэ пчъагъэми итхэу агъэфедэнэу; гущыIэхэр IупкIэу къаIонэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хьакъу-шыкъумэ ясурэтхэр, кIэлэцIыкIухэм яджэголъэ хьакъу-шыкъу зэфэшъхьафхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** лагъэ, цацэ, джэмышх, шъэжъый.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум машинэшхом исхэу джэгуальэхэр группэм къырещэх: нысхъап, хьэ, мышъэ, чэтыу. КIэлэпIум «къэкIуагъэхэр» къарегъаIо, сэлам зэрахы. АцIэхэр къязэрэгъаIо. КIэлэпIум агу къегъэкIыжьы хьакIэм узэрэпэгъокIыщтыр: къебгъэблэгъэщт, Iанэ къыфэпшIыщт.

ХьакIэхэр Iанэм пагъэтIысхьэх. Хьакъу-шыкъоу тетмэ хьакIэхэр нэIуасэ афашIых. Ахэм ацIэ къыраIо, зы пчъагъэми бэ пчъагъэми итэу:

лагъэ – лагъэхэр,
цацэ – цацэхэр,
джэмышх – джэмышххэр,
шъэжъый – шъэжъыехэр.
Хьакъу-шыкъухэр зэрэбгъэфедэщтыр къарегъаIо:
лагъэм – щыпс, лэпс ибгъэхъощт,
цацэкIэ – котлет, лы пшхыщт,
джэмышхкIэ – лэпс, борщ уешъощт,
шъэжъыекIэ – хьалыгъу убзыщт.
ХьакIэхэм «шъуушх», «шъуихьалэл» араIо. ЗышхахэкIэ зэдэджэгух.



## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. МАКЪЭХЭУ [-ШЪ-], [-ШI-] – ЯКЪЭIУАКIЭ IОФ ДЭШIЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «МЫЩ ФЭДЭ КЪЭГЪОТ, ЗЫФЭДЭР КЪАIО»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** плъышъохэр къаIонэу, зэхамыгъэкIокIэнэу егъэсэгъэных; плъышъоу амышIэрэмэ ацIэхэр ягъэшIэгъэн. Яжабзэ плъышъомэ ацIэхэр хэгъэхьэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** нысхъап кIэракI, шар, джэголъэ зэфэшъхьафхэр, нысхъап щыгъынхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** сыд ышъу? Уцышъу, шхъуантI, гъожьы, плъыжьы.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр хъураеу егъэтIысых, джэгуальэхэр зытелъ Iанэр къегъэуцу. Пчъэм зыгорэ къытео. ЕкIы, нысхъапэм шар ыIыгъэу къырехьэ.

– КIэлэцIыкIухэр, шъолъэгъуа хьакIэу къытфэкIуагъэр? Хэт мыр?
– Мыр нысхъап.
– Сыд фэда нысхъапэр? Сыда ыIыгъыр?
– Дахэ. Шар ыIыгъ.
– Нысхъапэм цIэ фэтэжъугъэус *(цIэ фаусы – Нафсэт).*
– Нафсэт зэрэфэпагъэр, итеплъэ къашъуIо.
– Нафсэт ышъхьац шIуцIэ, бант плъыжь хэшIагъ. Джэнэ фыжь кIыхьэ щыгъ. Илъэпэдхэри фыжьых. Ицуакъэхэр плъыжьых. Шар плъыжь ыIыгъ.
– Тэри Нафсэт щыгъынхэр фэтыухьазырыгъэх. Хэт сыд ритынэу фай? *(Нысхъапэ щыгъынхэр кIэлэцIыкIухэм афегощы).*
– Сэ Нафсэт пэIо гъожь естынэу сыфай.
– Сэ пальтэу плъыжь естынэу сыфай…
– Дэгъу, Нафсэт зэкIэхэми шIухьафтынхэр ратыгъэх. Джы Нафсэт тэжъугъэхьакIэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Щай тешъощт».

КIэлэпIур ягъусэу кIэлэцIыкIухэм хьакъу-шыкъоу ящыкIэгъэщтхэр къыхехых. АцIэ, ашъо къыраIо:

– Мыр чашк. Чашкэр фыжьы.
– Мыр щайныч. Щайнычыр плъыжьы.
– Мыр шъоущыгъулъ. Шъоущыгъулъэр фыжьы.
– Мыр хьалыгъулъ…

**Я III-рэ Iахьыр.** Макъэхэу [-ш-], [-шъ-], [-шI-] – якъэIуакIэ Iоф дягъэшIэгъэн. Ахэр къызхэфэрэ гущыIэхэр къягъэIон: чашк, шъхьац, шъэожъый, пшъэшъэжьый.

# ГЪЭТХАПЭ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. «ТИМАМЭХЭР» – ЗЭХЭГУЩЫI. ХЬАУДЭКЪО САРЭ ИУСЭУ «СЭ СИМАМ» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** янэхэр шIу алъэгъунэу, ахэм ежьхэри афэгумэкIынэу, адэIэпыIэнэу гъэсэгъэных. ШIэныгъэу аIэкIэлъым елъытыгъэу темэ гъэнэфагъэм тегъэпсыхьагъэу къаIотэн алъэкIынэу ягъэшIэгъэн. Ным ехьылIэгъэ усэр езбырэу, мэкъэ къэIокIэ гъэнэфагъэ иIэу къаIонэу егъэсэгъэных.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщтыр:** кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр ныхэм ясурэтхэр (*яфотографиехэр)* гъэкIэрэкIагъэхэу зыпылъэгъэ стендым рещалIэх. Ежь янэ е адрэ кIэлэцIыкIухэм янэхэр къашIэжьыгъэмэ къарегъаIо:

– Мыр сэ сян. Сянэ ыцIэр Фатима. Сэ сянэ шIу сэлъэгъу.

– Мыр Самирэ ян. Самирэ янэ дахэ. Самири яни шIу зэрэлъэгъух…

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хьакъу-шыкъоу щай ешъоным ищыкIагъэхэр *(джэгуалъэхэу).*

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** ным *(сянэ)* имэфэкI.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр егъэтIысых, агу къегъэкIыжьы янэхэм, нанэхэм афэгъэхьыгъэ мэфэкIым зызэрэфагъэхьазырырэр. Ащ пае ашIэхэрэр къарегъэIуатэ:

– Орэд дахэхэр зэтэгъашIэ.

– Къашъохэр зэтэгъашIэ.

Ныхэм афэгъэхьыгъэ усэ непэ езбырэу зэраригъэшIэщтыр ареIо.

Хьаудэкъо Сарэ иусэу «Сэ симам» къафеджэ.

*Бзыу цIыкIуми мамэ иI.*
*Чэтыу щырми мамэ иI.*
*Сшыпхъуи сэри мамэ тиI.*
*А зы мамэр тIуми зэдытиI.*
*Адэ шъошIа? Мамэ пстэуми*
*Анахь дахэр сэ симам.*
*Мэ IэшIу пихэу къэгъагъ дахэр*
*Джы зэстыщтыр сэ симам.*

Усэр агу рихьыгъэмэ, езбырэу зэрагъэшIэнэу фаехэмэ яупчIы.

Усэм джыри зэ тIо къафеджэ, къыздарегъаIо, куп-купэуи, зэкIэ зэгъусэуи къарегъэIожьы. Ежь-ежьырэу къэзыIо зышIоигъом къырегъаIо.



**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Мамэ щай едгъэшъощт». Ащ ищыкIэгъэ хьакъу-шыкъухэр къыхарегъэхы. Iэнэ зэфэшъхьафитIу къегъэуцу. КIэлэцIыкIухэр купитIоу егощы, нэбгырэ пэпчъ хьакъу-шыкъоу щаим ищыкIагъэ пкъыгъор къыхихзэ, зэрэбгъэфедэщтыр къыIозэ Iанэм тырегъэуцо. Нахь кIэракIэу хьакъу-шыкъухэр зэзыгъэфагъэ купыр атекIо.

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. СУРЭТЭУ «ЧЭТКЪУРТЭМРЭ ЧЭТЖЪЫЕХЭМРЭ КIЭЛЭЦIЫКIУХЭМ АГЪАШХЭ» ЗЫФИIОРЭМ ТЕГУЩЫIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** сурэтым къыгъэлъагъорэр къагурыIонэу, персонажэу итхэм зэфыщытыкIэу зэфыряIэр кIэлэцIыкIухэм алъыгъэIэсыгъэн; къафэпIуатэрэм къедэIунхэу, агу раубытэнэу, щыщ пычыгъохэр къаIотэжьынэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэтэу «Чэткъуртэмрэ чэтжъыехэмрэ кIэлэцIыкIухэм агъашхэ». Джэгуалъэхэу: чэты, чэтжъый.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** чэткъурт, шкъуны, ашыпы, чэт лъабжъ, еупхъу.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Джэголъэ цIыкIухэу чэткъуртэрэ чэтжъые зытIущрэ Iэнэ цIыкIум тесхэу апашъхьэ къыибгъэуцощт. УпчIэ кIэлэцIыкIухэм яптыщт: «Мыр сыд? Мыдрэхэр сыдых? Хэта чэтыжъыехэр зыер? Чэткъуртэр сыдэу афыщыта чэтжъыемэ? Таущтэу чэткъуртэр чэтжъыемэ яджэра? Хэта чэтри чэткъуртри зыгъашхэрэр? Сыд ыIозэ ар къяджэра? *(Джэуапхэр).*

– Мары, мы сурэтым ит чэтжъыеми чэткъуртэми пшъэшъэжъыер джаущтэу къяджагъ. Зэ шъуеплъи, пшъэшъэжъыер къызяджэм ахэр къэчъагъэха?

– Къэчъагъэх. Лэжьыгъэцэ цIыкIухэр ауIу, ашхы.

– Сыда пшъэшъэжъыем ыIыгъыр? (*Лагъэ, ащ лэжьыгъацэхэр илъых).* Сыд фэда чэткъуртэр? *(Огу, дахэ, ины).* Сыда чэтжъыемэ апае къэшъуIон шъулъэкIыщтыр? *(ЦIыкIужъыех, шъэбэ цIыкIух, гъожьых).* Сыда ахэмэ ашIэрэр? *(ЧэтжъыитIумэ лэжьыгъацэхэр ауIу, адрэхэр ащ яплъых).*

– Мыдэ зэ шъуеплъи, сыда джэнэ фыжь зыщыгъ шъэожъыем ышIэрэр? Сыда ащ чэтжъыемэ ариIорэр? *(КIэлэцIыкIумэ яшIошIхэр къаIох, кIэлэпIуми ежь ишIошI къырeIуалIэ: «Шъуших, шъуших, цIыкIужъыех. Лэжьыгъацэхэр IэшIух»).*

– Сыда джыри укъызтегущыIэнэу сурэтым ишъулъагъорэр?

ДжэуапмэядэIу, къыхегъахъо: «Чэтжъыехэр зышхахэкIэ псы ешъощтых». Адэ хэта ахэр зыгъашхэхэрэр, псы езыгъашъохэрэр? *(Джэуапмэ ядэIу, зэфэхьысыжь ешIы).*

Бысымгуащэм ахэр егъашхэх, псы афырегъахъо, сыда пIомэ чэтхэри чэтжъыехэри щагубзыух. Ахэмэ цIыфхэр афэгумэкIых. Ашхырэ лэжьыгъэм «шкъун» раIо.

КIэлэпIум сурэтым ехьылIэгъэ рассказэу зэхигъэуцуагъэр къафеIуатэ.

– Пшъэшъэжъыем шкъуныр зэрылъ лагъэр ышти щагум икIыгъ. «Цып-цып-цып», – къяджэ ар чэтжъыехэм. Адрэхэри къэсыгъэх. Пшъэшъэжъыем ахэм шкъун лагъэм афыритэкъуагъ. Чэткъуртэмрэ чэтжъыитIумрэ лэжьыгъэацэхэр ауIух. Тэрэзэу нэсынхэм пай ахэм пшъэшъэжъыем шкъуныр чIыгум афытритэкъуагъ, ау чэтжъыемэ ащыщхэм шкъуныр ашыпынэу фаехэп, ахэр зэплъыжьыхэшъ щытых. ПэIо фыжь цIыкIу зыщыгъ шъэожъыер мэгоIэжьы, ялъэIу чэтжъыемэ: «ШъууIуба псынкIаIоу лэжьыгъацэхэр. Ахэр боу IэшIух».

КIэлэпIум тIо рассказыр къеIотэжьы. КIэлэцIыкIухэм гущыIэ зырызхэр къыхагъахъозэ рассказым нахь зырагъэушъомбгъу.

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. УРЫС ПШЫСЭУ «БЭЛЫДЖ» АДЫГАБЗЭКIЭ КЪАФЭIОТЭГЪЭН. КЪУЕКЪО Н. ИПОЭМЭУ «КОНЫР ТЫУШЪАГЪЭ» ЗЫФИIОРЭМ ЩЫЩ ПЫЧЫГЪО КЪАФЕДЖЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** хэтэрыкI зэфэшъхьафмэ ацIэхэр къаIонэу ягъэшIэгъэн. Пшысэр кIэлэпIум къыдаIотэнэу егъэсэгъэных. Макъэу [-дж-] – икъэIуакIэ Iоф дягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** пшысэу «Бэлыдж» хэт персонажхэр *(джэгуалъэхэу)*. ХэтэрыкI зэфэшъхьафхэм ясурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** бэлыдж, лIыжъы, ныо, пшъэшъэжъый, натрыф, къэбаскъ, нэшэбэгу.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум агу къегъэкIыжьы пшысэу «Бэлыдж» урысыбзэкIэ къызэрафиIотэгъагъэр. Персонажэу хэтхэр агу къегъэкIыжьы, адыгабзэкIэ зышIэрэм къырегъэIуатэ. Джэгуалъэхэр къытырелъхьэ, ацIэхэр адыгабзэкIэ зышIэрэмэ къыхарегъэхых, пшысэм къызэрэщытыгъэм фэдэу къарегъэгъэуцух. КъафиIотэнэу къырегъажьэ:

ЛIыжъым бэлыдж ыгъэтIысыгъ. Бэлыджыр ины дэдэ хъугъэ. ЛIыжъым къыхичынэу ыIуи хъугъэп. Ныом къеджагъ. Ныомрэ ежьыррэ къакъудыи, къафыхэчыгъэп. Ныор пшъэшъэжъыем къеджагъ. ЛIыжъыр, ныор, пшъэшъэжъыер аIоу къакъудыи, къафыхэчыгъэп. Пшъэшъэжъыер хьэм къеджагъ, ау къафыхэчыгъэп. Хьэр чэтыум къеджагъ. ЗэдеIэхи шъхьаем, къафыхэчыгъэп. Чэтыур цыгъо цIыкIум къеджагъ. Цыгъо цIыкIур задеIэм бэлыджыр къыхачыгъ.

Пшысэм ехьылIагъэу упчIэхэр ареты:

– Хэта бэлыджыр зыгъэтIысыгъэр?

– Хэта лIыжъыр *(ныор, пшъэшъэжъыер, хьэр, чэтыур)* къызэджагъэр?

**Я II-рэ Iахьыр.** Къыхачыгъэр зэрэхэтэрыкIыр агу къегъэкIыжьы. Сурэтэу къытрилъхьагъэмэ хэтэрыкIэу ашIэхэрэр къыхарегъэхы, ацIэ къарегъаIо. Уахътэ къанэмэ усэм къафеджэ.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «НЫСХЪАПЭР ХЬАКIЭУ КЪЫТФЭКIУАГЪ». МАКЪЭХЭУ [-Т-], [-ТI-] – ЯКЪЭIУАКIЭ IОФ ДЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** [-т-], [-тI-] – якъэIуакIэмэ Iоф адэшIэгъэн. ГущыIэхэу а макъэхэр зыхэтхэр тэрэзэу къаIонэу ягъэшIэгъэн. Усэ цIыкIоу «Тэ тэкIо…» къыкIягъэIотыкIыжьын.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** пхъэнтIэкIу, тIыс, къэтIыс, тэкIо.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэцIыкIухэр пхъэнтIэкIумэ атесэу хъураеу щысых. КIэлэпIум нысхъапэр къырехьэ. Ащ кIэлэцIыкIумэ сэлам къарехы, упчIэхэр къареты:

– Шъуимафэ шIу, кIэлэцIыкIухэр!

– Опсэу, къеблагъ, къэтIыс.

– Сэ сыхэт? СцIэ къэшъошIэжьа?

– О унысхъап. Нафсэт пцIэр.

КIэлэпIур а гущыIэм икIэух макъэ икъэIуакIэ кIэлэцIыкIухэм анаIэ тырарегъадзэ, етIанэ ареIо:

– Сыда тшIэн фэягъэр нысхъапэр къызетэгъэблагъэм? (Гу лъамытэмэ ареIо).

– ДгъэтIысын фэягъэ.

– Ары, пхъэнтIэкIу еттын фэягъэ. КIо, Зара, пхъэнтIэкIу къахь (къехьы).

– Мыр сыд?

– ПхъэнтIэкIу *(кIэлэцIыкIухэм къарегъаIо)*.

– Сыда Зарэ ышIагъэр? – Зарэ пхъэнтIэкIур къыхьыгъ.

– Опсэу! *(ЯнэIосэ макъэр гущыIэм зэрэхэтым гу лъарегъатэ)*.

– [-т-], [-тI-].

КIэлэцIыкIухэр нысхъапэм дэджэгух:

*Тэ тэкIо, тэкIо, тэкIо,*
*Чъыгы жьаум тынэсыгъ.*
*Тэ тытIыси тыщысыгъ,*
*Тэ етIанэ тежьэжьыгъ.*
*(ЗыкъыдашIызэ езбырыр къаIо)*

Макъэу [-т-] – къызхэфэрэ гущыIэхэр зэкIэ зэгъусэхэуи зырызэуи кIэлэпIум къарегъэIожьы. Макъэу [-т-] – изакъоу къарегъаIо.

«Нысхьапэр пшъыгъэ, – еIо кIэлэпIум, – чъыенэу фай, тыдэ щыIа пIэкIорыр?»

КIэлэцIыкIумэ ащыщ горэм пIэкIорым пIэ илъэу къехы. Пкъыгъоу илъхэр зырызэу къыштэхэзэ кIэлэпIум ахэм ацIэ ыкIи зэрэдгъэфедэрэр къарегъаIо:

– Мыр сыд?
– Мыр пIэтехъу, мыр шъхьантэ, мыр ошэкур, мыр чыхIэн.
– Сыда ахэр зэрэтищыкIагъэр?
– Гъэгъолъ нысхъапэр, Нафсэт. Техъу чыхIэныр.
– Сыд пшIагъэр, Нафсэт?
– Нысхъапэр згъэгъолъыгъэ, чыхIэн тесхъуагъ.
– Сыд ышIэрэ нысхъапэм?
– Нысхъапэр мэчъые.

**Я II-рэ Iахьыр.** Кушъэ орэд къыфаIо е тетхагъэу магнитофоным регъэдэIу.

КIэлэцIыкIухэр нысхъапэр къамыгъэущыным пай цIыкIу-цIыкIоу екIыжьых.

# МЭЛЫЛЪФЭГЪУ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. УСЭ ЦIЫКIОУ «БЗЫУ, БЗЫУ, БЗЫУЖЪЫЙ», ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. МАКЪЭХЭУ ЗИКЪЭIУАКIЭКIЭ ЗЭТЕФЭХЭРЭМ IОФ ДЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** макъэхэу [-жъ-], [-жь-] – якъэIон Iоф дэшIэгъэн. IурыIупчъэ цIыкIур агу раубытэн, джэгухэ зыхъукIэ агъэфедэнэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэтмэ арыт пкъыгъомэ макъэу [-жъ-], [-жь-] ахэтын фай (*хьалыжъый, щыбжьый...).*

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** кIэпэ лъатэу, кIэпэ тIый, цIыкIужъый, хьалыжъый...



**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум джэгукIэу «Бзыу, бзыу гуаго» зыфиIорэр кIэлэцIыкIухэм агу къегъэкIыжьы, егъэджэгух.

«БзыужЪые цIыкIур къыжъудэджэгунэу фай», – еIо кIэлэпIум, бзыу джэголъэ цIыкIур къаригъэлъэгъузэ. Мы усэм фэдэу ежьым усакIэу ышIэрэм кIэлэцIыкIухэр регъэдэIух.

*«Бзыу, бзыу, бзыужъый,*
*КIэпэ лъатэу, кIэпэ тIый,*
*Зигъэлъати быбыжьыгъ».*

– Бзыур сыд фэда? – ареты кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм упчIэ *(цIыкIу, цIыкIужъый).* Макъэу [-жъ-] къыхэтэгъэщы. Ар къарегъаIо зэкIэхэми, зырызэуи. НэмыкI гущыIэу къызхэфагъэхэри агу къегъэкIыжьы: пшъэшъэжъый, шъэожъый, чэтжъый, Iабжъый, жъапхъэ, къужъы. «Джы, бзыужъыем шъуигъэджэгунэу фай», – еIо кIэлэпIум. Мы сурэтхэр шъуштэх. КIэлэцIыкIухэм сурэтхэр аштэ, ацIэ къыраIо *(сурэтым итхэм ацIэ макъэхэу* [-жъ-], [-жь-] *хэтын фай).*

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «ТхьакIумкIыхь».

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. ТЭРЭЗЭУ ТЫГУЩЫIЭНЭУ ЗЭТЕГЪАШIЭ. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ЧЭЩЫ – МАФЭ»

**Программнэ пшъэрылъыр:** гущыIэухыгъэ убгъугъэхэр зэхагъэуцонэу егъэсэгъэных. Зы лъапсэ зиIэ гущыIэхэр къыхагъэщын алъэкIынэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** джэголъэ зэфэшъхьафхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** уты, щалъэ, пчыхьэ, пчэдыжь, чэщы, мафэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум нысхъапэр къырехьэ. Нысхъапэм къеIуатэ джэгуалъэхэр янэ къыфищэфыгъэхэу, ау ахэм узэрарыджэгущтыр ымышIэу. Нысхъапэм деIэнхэу фаехэмэ кIэлэпIур кIэлэцIыкIумэ яупчIы. Джэгуалъэхэр зырызэу къытырегъэуцох, ацIэ къыраргъаIо, зэрэбгъэфедэн плъэкIыщтымкIэ яупчIы:

– Мыр уты. УтымкIэ щыгъынхэр агъаплIэ.
– Мыр щалъэ. Щалъэм псы рагъахъо.
– Мыр щыуан. ЩыуанымкIэ Нафсэт борщ ышIыщт.

**Я II-рэ Iахьыр.** ДжэгукIэу «Чэщы  мафэ».

КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр тIоу егощых, сюжет зэфэшъхьафхэр зэрыт сурэтхэр аретых. Нэбгырэ пэпчъ ритыгъэ сурэтым итыр къырегъаIо. ЕтIанэ яупчIы:

– Сыда апэ ышІэщтыр?

– Сыда ащ къыкІэлъыкІоу ышІэщтыр? Сюжетым итмэ ашІэрэм елъытыгъэу къэуцунхэу ареІо:

– Сыда уисурэт итым ышІэрэр?

– Сыд уахъта ар зишІэрэр?

– Ар сыдэущтэу къэпшІагъ?

**Я III-рэ Іахьыр.** Зы лъапсэ зиІэ гущыІэхэр гущыІэ купэу ариІуагъэм къыхегъэщы: сыкІуагъ, макІо, къэкІуагъ, сэшхы, тэшхы, машхэ, ашхы.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. МАКЪЭХЭУ -[КЪ], -[ХЪ] – ЯКЪЭІУАКІЭ ІОФ ДЭШІЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКІЭУ «ДЗЫО ГЪЭШІЭГЪОН»

**Программнэ пшъэрылъыр:** макъэхэу [-къ-], [-хъ-] – якъэІуакІэ Іоф дэшІэгъэн. Ахэр язакъоу, гущыІэмэ къахафэхэу, гущыІэхэ зыхъукІэ тэрэзэу къаІонэу ягъэшІэгъэн. Адыгэ гущыІэу ашІэрэр нахьыбэ шІыгъэным унаІэ тегъэтыгъэн.

**Нэрылъэгъу ІэпыІэгъухэр:** нысхъап, дзыо гъэшІэгъон; сурэтхэу – къаз , къыпцІэ, Іалъмэкъ, къэлэм, жъапхъэ.

**ГущыІэр, гущыІэ гъэфедакІэхэр:** къихьагъ, къакІо, жъапхъэ, хъэрен.

**Занятиер зэрэрекІокІыщтыр:**

**Апэрэ Іахьыр.** КІэлэпІум нысхъап дахэм дзыо цІыкІу «дзыо гъэшІэгъон» ыІыгъэу къырехьэ. Ар хьакІэу къызэрэкІуагъэр кІэлэцІыкІумэ ареІо, ашІэн фаемкІэ яупчІы:

– Шъуеплъ, нысхъапэр хьакІэу къытфэкІуагъ, сыда тшІэн фаер, тІон фаер?

Джэуапхэм ядэІу, гущыІэхэу: къихь, къеблагъ, къакІо, къэтІыс арегъэгъэфедэх.

Нысхъапэр агъэтІысы. «Дзыо гъэшІэгъонэу» ыІыгъыр кІэлэпІум къештэ, къарегъэлъэгъу, илъхэр зырызэу къырехы, ахэм ацІэ кІэлэцІыкІухэм къарегъаІо.

– Къаз, къыпцІэ, Іалъмэкъ, жъапхъэ, къэлэм, хъэрен, нысхъап.

ЕтІанэ пкъыгъохэр зэкІэ купитІоу егощых:

– къаз, къыпцІэ, Іалъмэкъ, къэлэм;

– жъапхъэ, хъэрен, нысхъап.

ГущыІэ куп пэпчъ зы макъэу къыхафэрэр къарегъашІэ, къарегъаІо:






**Я II-рэ Іахьыр.** Мы макъэхэм якъэІон Іоф дарегъашІэ. Жэнэ Къ. иусэу «Шъхьадж къыІорэм тедэІун» зыфиІорэм щыщ пычыгъо кІэлэпІур къафеджэ. Макъэу [-къ-] – къызхэфэгъэ гущыІэхэр къыхарегъэунэфыкІы.

1. Хъарет хъэреным исэу псынкІэу зегъэхьые.

2.Чэтыр мэкъакъэ:

– Къэсэхьы къакъэ!

Чэмыр мэбыу:

– Къэсэты щабэ!

Къазыр мэкІыи:

– Сыфай уцыкІэ!

Хьэ цІыкІур мэхьакъу:

– СэгъэІу макъэ!

Атакъэр маІо:

– Зэ шъукъэдаІох!

КІэлэцІыкІухэм мы гущыІэхэр къарегъаІох: мэкъакъэ, къэсэхьы, къакъэ, къысеты, къазыр, макъэ, атакъэ, шъукъэдаІу. Макъэхэу [-къ-], [-хъ-] – якъэІуакІэ Іоф дашІэ.

**ЯплІэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ШЪХЬАДЖ КЪЫІОРЭМ ТЕДЭІУН» ЗЫФИІОРЭМ КЪАФЕДЖЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКІЭУ «ШЪУИУНЭ СЫКЪИШЪУГЪАХЬ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** джэгукІэр ыгъэфедэзэ кІэлэпІум щырхэм ацІэхэр къаІонэу, агъэфедэнэу аригъэшІэн. Усэр ыгъэфедэзэ псэушъхьэ зэфэшъхьафмэ цІыфым шІуагъэу къыфахьырэр сабыйхэм агуригъэІон.

**ГущыІэр, гущыІэ гъэфедакІэхэр:** къунан, къазщыр, къакъэ, мэщыщы, мэкъакъэ.

**Занятиер зэрэрекІокІыщтыр:**

**Апэрэ Іахьыр.** КІэлэпІур кІэлэцІыкІухэм апашъхьэ унэ дэхэ цІыкІу къырегъэуцо *(макет)*, етІанэ сурэт цІыкІухэр *(чэтыу щыр, хьажъу щыр, шъынэ, шкІэ, къунан, чэтжъый, къазщыр)* зэрытхэр къарегъэлъэгъу, къарегъаІо, къин къащыхъухэрэр къыкІарегъэІотыкІыжьы. ЕтІанэ нэбгырэ зытІу къахещы ыкІи ареІо: «Джыдэдэм шъынэ цІыкІу шъусшІыщт, сыкъышъоупчІэу тэрэзэу къызышІокІэ, унэ дахэм шъуизгъэхьащт».

ГущыIэм пае:

– Шъо зэкIэхэри шъынэ цIыкIу шъусшIыгъэх, шъукIу, шъутеу унэ дахэм:

– Тыкъ-тыкъ-тыкъ.

– Хэт ар?

– Сэры, сэ сышъынэ цIыкIу. Сыкъигъахь.

Тэрэзэу къэзыIорэр ригъахьэзэ кIэлэпIум унэ дахэм щыр цIыкIухэр регъэтIысхьэ. Унэм ихьагъэхэр къыIухьагъэу къытеорэмэ ежь-ежьырэу къадэгущыIэх.

КIэлэпIум ацIэ къыриIомэ къырищзэ унэм исхэм яупчIы:

– Шъынэ цIыкIу(чэтыу щыр, хьажъу щыр...), унэ дахэм къикI. КъаIо, хэта о уянэр?

– Сэ сянэр мэлы ... *(чэты, хьэ…)*

**Я II-рэ Iахьыр.** Жэнэ Къ. иусэу «Шъхьадж къыIорэм тедэIун» къафеджэ. Псэушъхьэ пэпчъ шIуагъэу къыхьрэр ежь кIэлэцIыкIухэми къарегъаIо.

Усэм джыри зэ къафеджэжьы.

# ЖЪОНЫГЪУАКI

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. КЪУМПIЫЛ КЪ. ИУСЭУ «РОДИНЭР» ЗЫФИIОРЭМ ЩЫЩ ПЫЧЫГЪО ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** усэр IупкIэу къаIоныр ягъэшIэгъэн.

**НэрылъэгъуIэпыIэгъухэр:** мэфэкIым ехъулIэу агъэкIэрэкIэгъэ залым пщэнхэшъ ебгъэплъыщтых. Республикэм ехьылIагъэу бгъэхьазырыгъэр къафэпIотэщт, сурэтхэр ябгъэлъэгъущт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэр:** Родинэр.

### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм агу къегъэкIыжьы гъэкIэрэкIэгъэ залым еплъынхэу зэрэкIогъагъэхэр, мэфэкIэу ар зыфэгъэхьыгъагъэр. «Родинэ» гущыIэм имэхьанэ къытегущыIэ, зэфэхьысыжь ешIы:

– Родинэр тэ тызщыпсэурэ хэгъэгур, чIыпIэр ары.

– Родинэр нэбгырэ пэпчъ – цIыкIуи ини иI, ар шIу плъэгъун, къэухъумэн, нахь дахэ зэрэпшIыщтым упылъын фай.



– Джы КъумпIылъ Къ. иусэу «Родинэр» – зыфиIорэм шъукъедэIу, ащ щыщ пычыгъо езбырэу зэдгъэшIэщт.

Усэм зэрэщытэу къафеджэ, етIанэ пычыгъоу езбырэу зэрагъэшIэщтым къеджэ. ГущыIэу агу раубытагъэхэр кIэлэцIыкIухэм къыдаIо. ЕтIани къафеджэ, ежь кIэлэцIыкIумэ ащыщэу нахь зыгу изыубытагъэмэ къарегъаIо.

Зэфэхьысыжь ешIы. Усэм янэ-ятэхэм къафеджэнхэу, алъэгъугъэхэр къафаIотэнэу кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм ареIо.

***Родинэр***

*Родинэр мары*
*Тэ тиунэшху.*
*Родинэр мары*
*Тэ тищагушху.*
*Родинэр дахэ,*
*Родинэр ины.*
*ЗэкIэми Родинэр*
*Тэ зэдытий.*

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «ХьакIэхэр къытфэкIуагъэх».

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ТУЧАН»

**Программнэ пшъэрылъыр:** пкъыгъомэ ацIэ, яплъышъо, ятеплъэ къаIонэу кIэлэцIыкIухэм ягъэшIэгъэн. Зэфэхьысыжь гущыIэ закъокIэ пкъыгъо куп ацIэ къыраIонэу ягъэшIэгъэн. Бэ пчъагъэр тэрэзэу агъэфедэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** джэгуалъэхэу: нысхъап, джанэхэр, цуакъэхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэр:** щыгъын, цуакъэ, лъэпэд, джыбэ, пшъапIэ, гъуапэ.

### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум пэшIорыгъэшIэу ищыкIэгъэщтхэр егъэхьазыры. Тучан отделитIу иIэу зэIуехы.

Мы тучаным щыгъынхэмрэ цуакъэхэмрэ щыпщэн плъэкIыщт.

– Сыд фэдэ щыгъына зыцIэ къешъуIонэу шIушIэхэрэр?

– Сыд фэдэ цокъэ зэфэшъхьафха зыцIэ къешъуIонэу шIушIэхэрэр? *(КIэлэцIыкIумэ джэуапхэр къатыжьых).*

Джы шъуеплъ, непэ титучан щыпщэфын плъэкIыщтхэм:

– Джэнэ плъыжь пшIэпIэ фыжь телъэу.
– Гъончэдж шIуцI джыбитIу иIэу, бгырыпх телъэу.
– Щазмэ фаб...

Ащ ыуж кIэлэпIум ежь щакIом иIэнатIэ еубыты, кIэлэцIыкIухэр зырызэу къыхищхэзэ шъхьадж ыщэфынэу зыфаем ыцIэ къырегъаIо, къыригъэлъэгъунэу къыкIегъэлъэIу:

– Сыда о узэплъынэу узыфаер?
– СыолъэIу, кIэпхын гъожь дахэр къысэгъэлъэгъу.
– СыолъэIу, джэнэ фыжь гъопэ кIыхьэр  къысэгъэлъэгъу...

КIэлэцIыкIумэ ащэфыгъэхэр ядэжьхэм афещэжьы, икIэрыкIэу яупчIы, ащэфыгъэр къаригъэIожьзэ аретыжьых.

**Я II-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

*Iэхъуамбэхэр къангъэбылъы*
*ЕшIэх, ешIэх, ешIэх, ешIэх.*
*Ашъхьэ цIыкIухэр агъэбылъых*
*Мощтэу ашIы, мощтэу ашIы.*

*(АIэмычIэхэр зэчIалъхьэх, къызэкIахыжьых).*

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. НЫСХЪАПЭМ ИУН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «СЫДА АДИМЫШТЭРЭР?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** мебельмэ ахахьэхэрэр, ахэр зэрагъэфедэхэрэр зэхафынэу кIэлэцIыкIухэм ягъэшIэгъэн. Глаголхэу: дэлъ, телъ, тес, тет ямэхьанэ къагурыIоу абзэ щагъэфедэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** джэгуалъэу нысхъапэм иунэ *(зэгъэфагъ).*

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** пэкIор, пхъэнтIэкIу, дэлъ, пхъуантэ, Iанэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Нысхъапэр къакIо, иунэчIэхьажь къырегъэблагъэх.

«Фатимэ унэчIэхьажь иI, тэри тырегъэблагъэ. Сыд фэтхьымэ хъущт? Мары Iэнэтехъо дахи вазэ дахи тиI. Хъущта ахэр фэтхьымэ?» *(КIэлэцIыкIумэ къаIорэм едэIу).* ЕтIанэ унэ зэIэхыгъэу Фатимэ зэрысым рещалIэх.

Фатимэ иунэ зэрэзэIэхыгъэм, итхэм къатегущыIэ. КIэлэцIыкIухэр мебелэу итхэм зырызэу къатырегъэгущыIэх:

– Фатима, диван дахэ къэпщэфыгъ, итебзэ дэхэ дэд.
– Iанэр дэгъоу шъхьангъупчъэм кIэлъырыбгъэуцуагъ. А чIыпIэр нахь нэфын…

ЕтIанэ кIэлэцIыкIухэр дидактическэ джэгукIэу «Сыда адимыштэрэр?» зыфиIорэмкIэ егъэджэгух.



**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIум пкъыгъо зэфэшъхьафхэр зэрыт сурэтхэр къытрегъэуцох. КIэлэцIыкIухэр ахэм яплъых, ацIэ зэрэбгъэфедэн плъэкIыщтыр, зыхахьэрэр къаIо. Адимыштэу ахэтыр къыхагъэщы, ыцIэ къыраIо, зыкIадимыштэрэр къаIо.

– ПхъэнтIэкIу, Iанэ, пIэкIор, лагъэ.
– Лагъэр ахэплъытэ хъущтэп. Ар хьакъу-шыкъумэ ахахьэ. Адрэхэр зэкIэ мебельмэ ахахьэх… *(тIо-щэ егъэджэгух).*

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. ПРОИЗВЕДЕНИЕУ АШIЭХЭРЭМКIЭ ВИКТОРИНЭ ЗЭХЭЩЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** ыпэкIэ укъазфеджэгъэгъэ е къафэпIотэгъэгъэ произведениехэр агу къэбгъэкIыжьын. Ахэмэ ащыщ пычыгъоу къашIэжьхэрэр къягъэIотэгъэн. Макъэхэу [-шъ-], [-жъ-] –  якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хьэ, атакъэ, цызэ, тхьакIумкIыхь.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** сыатакъ, сысакъ, цызэ, щыгъыжъый.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум джэголъэ зэфэшъхьафхэр дзыо цIыкIум илъэу къырехьэ.

Атакъэр къырехы, ащ иорэд къаIонэу ареIо:

– Тыкъу-ре-къу!

Агу къегъэкIыжьы Пэнэшъу Хь. иусэу «Сэ сыатакъ» зыфиIорэр. Нахь дэгъоу зышIэрэ сабыим къырегъаIо.

Нэхае Р. иусэу «ТхьакIумкIыхь» зыфиIорэм щыщ пычыгъом кIэлэпIум нэIуасэ фешIых:

*ПкIашъэр мэсысы,*
*Сэ сэкIэзэзы.*
*Чыпэр зэпэкIы,*
*ПсынкIэу сыкIэпкIы.*
*Джащ пай «къэрабгъ»*
*Сэ къысаIуагъ.*

КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм къарегъэлъэгъу сурэт шIыгъэу е джэгуалъэу цызэ. Псэушъхьэр ашIэжьыгъэмэ яупчIы, ащ ехьылIэгъэ усэу Жэнэ Къ. ытхыгъэр агу къегъэкIыжьы, къарегъаIо:

*Цызэ цIыкIур чъыгым тес,*
*Дэжъые цIыкIухэр зэгуегъэз.*

*Ынэ цIыкIухэр щыгъыжъый,*
*ЗыгъолъыжькIэ хьалыжъый.*
*(Нэбгырэ зытIущхэм къарегъаIо)*

КIэлэпIум къыздихьыгъэ дзыо цIыкIум къырехых: атакъэ, чэткъуртэ, чэтжъыехэр. Пшысэу ахэр къызыхафэрэр къаIо. ПэIо цIыкIухэм сурэтхэу атакъэ, чэткъуртэ, чэтжъые атешIыхьагъэу кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм ащелъэ, пшысэм щыщ пычыгъо къагъэлъагъо. КIэлэцIыкIумэ ащыщ дзыо цIыкIум регъэIабэ, къырихрэм фэгъэхьыгъэу усэ е пшысэ ешIэмэ еупчIы (тхьакIумкIыхьэ къырихмэ «Хэт нахь лъэша?» агу къегъэкIыжьы, хьэ къырихмэ Нэхэе Р. иусэу «Хьапицыу» агу къегъэкIыжьы, къарегъаIо).

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэхэу [-шъ-], [-жъ-] – якъэIуакIэ Iоф дарегъашIэ. Зы мэкъэ Iужъу къызыхафэрэ гущыIэхэр куп-купэу арегъэгощы: атакъ, пыжъы, хьэ, тхьакIумкIыхь, къыхьыгъ, къэкIуагъ, пшъэшъэжъый, шъэожъый, пцэжъый.



# ӶУРЫӶ КУП

## IОНЫГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

### Темэр. ТЭРЭЗЭУ ТЫГУЩЫIЭНЭУ ЗЫТЭГЪАСЭ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** макъэхэу [-жъ-], [-шъ-] – зэхамыгъэкIокIэнхэу ягъэшIэгъэн. Мы макъэхэр къызхэфэрэ гущыIэхэр IупкIэу къаIонэу, нэмыкI макъэу зикъэIуакIэкIэ зэхьщырхэм ахэмыгъэкIокIэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэт зэфэшъхьафхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** мэIушъашъэ, дышъэ, шъхьатIэбгъожъ, къешъэшъэхы, пхъэжъый, пцэжъый.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум сурэт зэфэшъхьафхэр къыпелъэ. Сурэтмэ арытхэр къареIо. Ахэмэ макъэхэу [-жъ-], [-шъ-] – къызэрахафэрэм анаIэ тырарегъадзэ.

КIэлэцIыкIуитIу къахещы, сурэтхэр купитIоу агощынэу ареIо: зым зыцIэ [-жъ-] – зыхэтхэр еугъоих, адрэм [-шъ-] – зыхэтхэр еугъоих. Шъхьадж ыугъоигъэ сурэтмэ арытхэр къарегъаIо, макъэу къахэфэн фаер ахэтмэ яупчIы. Мытэрэзхэр хэтмэ адрэ кIэлэцIыкIухэр IэпыIэгъу къафегъэхъух.

– Бзыужъый, пыжъы, чэтжъый, пцэжъый, тыгъужъ, нэнэжъ…

– ПкIашъэ, дышъэ, шъынэ, мышъэ…

**Я II-рэ Iахьыр.** Бзэр къутэгъэным пай бгъэфедэн плъэкIыщт IурыIупчъэхэр къафеIо, ежьми къарегъэIожьы, езбырэу арегъашIэ:

– ШъхьэтIэбгъожъ, пхъэжъые шып, чэтыужъым итIысыпI.

– Бжыхьэ пкIашъэр мэIушъашъэ, дышъэр чъыгым къешъэшъэхы.

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыда ащыкIэрэр?»

КIэлэпIум сурэтхэу щыгъын зэфэшъхьафхэр зэрытхэр къыпелъэ: лъэпэд, джанэ, кIэпхын, щазымэ, джэдыгу, паIо, Iалъэ.

Апэ кIэлэцIыкIумэ сурэтмэ арытхэр къаIо. ЕтIанэ кIэлэпIум анэхэр арегъэупIыщIэхэшъ зы сурэт хехы. КIэлэцIыкIухэр зеплъыхэкIэ ащыкIэрэр къашIэ, къаIо.

Мы гущыIэхэр зы пчъагъэми бэ пчъагъэми итхэу зыхэт гущыIэухыгъэхэр кIэлэцIыкIумэ зэхарегъэуцо.

– Сэ джанэ сиI.

– Сянэ цокъэ дахэхэр къыщэфыгъ.

– Джанэхэр шкафым пылъагъэх.

– Цуакъэхэр мэкIаим тетых.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

*Тэ тэкIо, тэкIо, тэкIо,*
*Тыпшъыгъэти тытIысыгъ.*
*ТIэкIужъые тыщысыгъ,*
*Тэ етIанэ тежьэжьыгъ.*
*(ГущыIэу хэтмэ атефэу мэпсэух)*

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

## Темэр. «ПШАХЪОМ ЩЭДЖЭГУХ» – СЮЖЕТ ЗИIЭ СУРЭТЫМ УЕПЛЪЫН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ХЭТ ИТ?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** сурэтым итхэм ацIэ къыраIонэу, ахэм ашIэхэрэм, агъэфедэрэ пкъыгъохэм къатегущыIэнэу ягъэшIэгъэн. КIэлэпIум зэхигъэуцогъэ рассказ цIыкIум агу етыгъэу едэIунхэу, къыкIиIотыкIыжьы зыхъукIэ гущыIэ зырызхэр, гущыIэухыгъэхэр къыдаIонэу егъэсэгъэных. ЦIэпапкIэхэр пкъыгъуацIэм зэрэдиштэу гущыIэухыгъэм, гущыIэ зэгъусэхэм къызэрахафэрэр агурыгъэIогъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** пшахъо *(шынэу ыкIи гъушъэу).*

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** гъушъэ, шынэ, къазгъыр.

### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум щэлъэ цIыкIумэ арылъэу пшахъо къырехьэ. Зы щалъэм илъыр шынэ, адрэ щалъэм илъыр гъушъэ.

– Сыда щалъэмэ арылъыр? – яупчIы ар кIалэмэ. *(Джэуап).*

– Сыда щэлъитIумэ арылъ пшахъохэр зыкIызэфэмыдэхэр? *(Зым илъыр шынэ, адрэм илъыр гъушъэ. Къештэ, зэрэзэхапкIэрэр арегъэлъэгъу).*

– Тэ сыда пшахъор зэрэдгъэфедэрэр? *(Тырэджэгу, тыщэджэгу).*

– Джы шъуеплъ мы кIэлэцIыкIоу пшахъом щыджэгухэрэр, – еIошъ сурэтыр къытрегъэуцо.

– Мыхэмэ ацIэхэр Светэрэ Муратэрэ, – еIо кIэлэпIум.

– Сыда мыхэмэ ашIэрэр? *(Мэджэгух).*

– Тыда зыщыджэгухэрэр?

– Ахэр пшэхъуалъэм щэджэгух.

– Сыд фэдэу фэпагъэха кIэлэцIыкIухэр? *(Джэуапхэр).*



– Сыд джэгуалъэха аIыгъхэр? *(Джэуапхэр).*

– Хэта пшахъор зыщэрэр? Хэта зыфищэрэр? Сыда къазгъыр цIыкIур зэрищыкIагъэр?

– Сыда Светэ пшахъом ришIэщтыр? Сыда ащ ышIырэр? Хэта зыфишIырэр? Сыд фэдэха чэт цIыкIухэр?

– Сыд фэдэу щыта Светэ пшахъоу ыупIэпIрэр? Сыда зэхэмытакъора?

– Шынэшъ ары.

КIэлэпIур сурэтым рилъагъорэм ехьылIагъэу рассказ цIыкIу къеIуатэ:

«Тхъагъо пшахъом ущыджэгуныр. Светэрэ Муратэрэ джэгуалъэр яхьой. Чэт цIыкIухэри яIэх. Ахэр арын фае Светэ унэ цIыкIу зыфишIыхэрэр. Муратэ пшахъор машинэкIэ къещэ. Пшахъор шынэ дэгъу, арышъ зэхэтакъорэп. Унэр заухкIэ хьалыжъохэри пшахъом хашIыкIыщт, ахэм апай формэ цIыкIухэр яIэх».

КIэлэпIум зэ, тIо рассказыр къыкIеIотыкIыжьы, кIэлэцIыкIухэр къыдеIэх.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Хэт ий?» КIэлэцIыкIухэм якIэсэ джэгуалъэхэр аштэ, ацIэ къыраIо. КIэлэпIум джэгуалъэхэр аIехы, зы чIыпIэ ешIы, етIанэ къаригъэлъэгъумэ, зыфэдэр, зыер къаригъаIозэ аретыжьых.

– Хэты ий?

– Бэлэ ий *(сэсый, оуий).*

– Сыд фэда уиджэгуалъэ?

**Я III-рэ Iахьыр.** Серия «Мы играем». Автор Е. Батурина *(бгъэфедэн плъэкIыщт).*

## Ящэнэрэ тхьамаф:

## Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ЦЫЗЭ» ЗЫФИIОРЭМ УАКЪЫФЕДЖЭН. МАКЪЭХЭУ [-С-], [-Ц-], [-ЦI-] – ЯКЪЭIУАКIЭ IОФ ДЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** макъэхэу [-с-], [-ц-], [-цI-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Мы макъэхэр гущыIэхэм къахагъэщынхэу кIэлэцIыкIухэм ягъэшIэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэт зэфэшъхьафхэм, пкъыгъохэм макъэхэу [-с-], [-ц-], [-цI-] – къызхафэхэрэр арытэу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** цацэ, папцIэ, сырын, щыпсы, ецIэцIагъ.

### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум макъэхэу [-с-], [-ц-], [-цI-] – зырызэу къеIох.

КӀэлэцӀыкӀухэм а макъэхэр къаӀожьых зырызэу ыкӀи зэгъусэхэу. Тэрэзэу къэзымыӀохэрэмэ Ӏоф адешӀэ.

Мы макъэхэр гущыӀабэмэ къазэрэхафэхэрэр кӀэлэпӀум кӀэлэцӀыкӀухэм къареӀо. ГущыӀэу [-с-], [-ц-], [-цӀ-] – зыхэтхэр зырызэу къеӀох, мы макъэмэ ащыщэу ахэм къахафэхэрэр къарегъаӀо: цацэ, папцӀэ, пӀастэ, щыпсы, хьапицыу, мэцакъэ.

**Я II-рэ Ӏахьыр.** ДжэгукӀэу «Ӏэгу теу». КӀэлэпӀум къыӀорэ гущыӀэмэ мы макъэхэр [-с-], [-ц-], [-цӀ-] къахафэмэ, кӀэлэцӀыкӀухэр Ӏэгу теох: ецӀэцӀагъ, сырын, хьацӀэ-пӀацӀ, лъэбыц, кӀыцэ, хъырцэ.

**Я III-рэ Ӏахьыр.** Фланелеграфым цызэ цӀыкӀум исурэт кӀэлэпӀум къытрегъэуцо.

– Мыр сыда? Мышъа *(тыгъужъа, баджа, тхьакӀумкӀыхьа)*?

– Цызэ.

– Цызэр тыдэ щыпсэура? Сыд шхына икӀасэр? *(Джэуапхэр).*

КӀэлэпӀум кӀэлэцӀыкӀухэм янэӀосэ усэу «Цызэ» зыфиӀорэм къафеджэ. (Мыщ непэ Ӏоф зыдашӀэгъэ макъэхэр боу къыхэфагъэх).

*Дэжъые чъыгым цызэр тес.*
*Дэжъые цӀыкӀухэр зэгуегъэз*
*Ынэ цӀыкӀухэр щыгъыжъый,*
*ЗыгъолъыжькӀэ хьалыжъый.*

**ЯплӀэнэрэ тхьамаф:**

### Темэр. «ХЭТЭРЫКӀХЭР» – ЗЭХЭГУЩЫӀ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** хэтэрыкӀмэ ацӀэхэр къягъэӀогъэн, ахэмэ яхьылъагъэу ашӀэрэм хэгъэхъогъэн, ахэм къатегущыӀэнхэ алъэкӀынэу: яплъышъо, ятеплъэ, зэрагъэфедэрэр, къызэрэкӀрэр, зэрэдэлажьэхэрэ шӀыкӀэр. Бзэм ибаиныгъэ хэгъэхъогъэн.

**Нэрылъэгъу ӀэпыӀэгъухэр:** хэтэрыкӀмэ ясурэтхэр зэрыт тхьапэхэр, хэтэрыкӀ цӀынэхэр ыкӀи гъэжъуагъэхэр упкӀэтагъэхэу лагъэмэ арылъэу.

**ГущыӀэр, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** помидор, нэшэбэгу, къэбаскъ, бэлыдж, бжьыны, бжьыныф, щыбжьый, хъурай, ӀукӀыхь, папцӀэ, чӀыплъ, лъапсэ, шъхьапэ, къэбы, джэнчы.

**Занятиер зэрэрекӀокӀыщтыр:**

**Апэрэ Ӏахьыр.** КӀэлэцӀыкӀухэр Ӏанэу хэтэрыкӀхэр зытелъым къыкӀэрэтӀысхьэх. КӀэлэпӀум Ӏанэм телъхэр кӀэлэцӀыкӀухэм арегъэлъэгъух, ашӀэу ахэтхэм ацӀэ къырарегъаӀо. Ахэр къызэрэкӀхэрэр, цӀыфхэр зэрадэлажьэрэр зышӀэрэм къырегъэӀуатэ. Хэтэжъыеу алэжьыгъэм къыщагъэкӀыгъэ хэтэрыкӀхэм ацӀэ къарегъаӀо.



– Сыда мыхэмэ хэтэрыкӀкӀэ тызкӀяджэрэр?

– Сыдигъуа мыхэр зыдгъэтӀысхьэхэрэр?

– Сыд фэдэ хэтэрыкӀха гъатхэ къэс чӀыгум хэдгъэтӀысхьэхэрэр?

– Сыд фэдэ хэтэрыкӀха гъэкӀыцагъэу дгъэтӀысхьэхэрэр?

– Дэгъоу къэкӀынхэм пае сыд фэдэ Ӏофа ятшӀылӀэхэрэр? *(ТэпкӀэ, псы акӀэтэкӀэ, алъэпсэхэр тэгъэушъэбых).*

– Джы бжыхьэ. Сыд фэдэ Ӏофа бжыхьэм ятшӀылӀэрэр? *(Тэугъоижьых).*

КӀэлэпӀум упчӀэхэр кӀэлэцӀыкӀухэм ареты:

– Сыд фэдэ хэтэрыкӀхэм алъапсэхэр дгъэфедэхэра? *(Пхъы (морковь), чӀыплъы, картошк, бэлыдж).*

– Сыда нэшэбэгур адрэ хэтэрыкӀхэм зэратекӀрэр?

Нэшэбэгур бжалэу къэкӀы. Нэшэбэгур шъхьуантӀэу ашхы…

**Я II-рэ Ӏахьыр.** КӀэлэпӀум хэтэрыкӀым ыцӀэ къыримыӀоу къытегущыӀэ, кӀэлэцӀыкӀухэм къашӀэ: теплъэу иӀэмкӀэ, ышъу, иинагъ, зэрагъэфедэрэмкӀэ. КӀэлэпӀур хэтэрыкӀмэ яхьылӀэгъэ хырыхыхьэхэр кӀэлэцӀыкӀухэм къарегъашӀэх:

1. КӀапсэкӀэ къыращы, ощыкӀэ акъутэ *(къэбы).*
2. ЗытӀэкӀрэр мэгъы *(бжьыны).*
3. Чэу гъуанэм сыдэплъымэ, плъыжь бын сэлъэгъу *(щыбжьый).*

**Я III-рэ Ӏахьыр.** КӀэлэцӀыкӀухэм хэтэрыкӀхэр зэрэцӀынэу, гъэжъуагъэу, гъэшӀоӀугъэу ашхыхэрэр къягъэӀогъэн.

**Я IV-рэ Ӏахьыр.** Дидактическэ джэгукӀэу «Пшхыгъэр къашӀэ».

# ЧЪЭПЫОГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

### Темэр. «НЫСХЪАПЭМ ЕЖЬ-ЕЖЬЫРЭУ ЗИТӀЭКӀЫЖЬЫНЭУ ЕТЭГЪАШӀЭ» – ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКӀ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** щыгъынэу цӀыфмэ зыщалъэхэрэр зэхамыгъэкӀуакӀэу ацӀэ къыраӀонэу, уахътэу ахэр зызыщалъэхэрэр къаӀонэу ягъэшӀэгъэн; ежьми зафапэ е затӀэкӀы зыхъукӀэ зэкӀэлъыкӀокӀэ гъэнэфагъэ иӀэу яӀоф агъэцэкӀэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу ӀэпыӀэгъухэр:** нысхъап, щыгъынхэр.

**ГущыӀэр, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** материал, щыгъын сурэт зэрыт карточкэхэр.

**Занятиер зэрэкIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Нысхъапэр хьакIэу къафэкIуагъ. КIэлэпIум къеIо: «Группэр фабэ, зыптIэкIын фай». КIэлэцIыкIухэм зафегъазэшъ яупчIы: «Сыда къэлъагъоу нысхъапэм щыгъхэр?» *(Джэдыгу, паIо, пшъэдэлъ, Iалъэ, щазым, гъончэдж).*

– Сыда апэ зыщихын фаер? *(Джэуапмэ ядэIу, етIанэ нысхъапэр къеIушъашъэрэм фэдэу ешIы, къыриIуагъэр кIэлэцIыкIухэм къареIожьы: «Нысхъапэм ежь-ежьырэу зитIэкIынэу фай. Сыда апэ зыщихыщтыр?»)*

– Апэ Iалъэхэр зыпысхыщт (пехы), етIанэ пшъэдэлъыр зыдэсхыщт *(зыдехы)*, джы паIор зыщысхыщт, ащ ыуж палътэур зыщысхыщт, ауж дэдэ щазмэхэр зыщысхыщт.

Пкъыгъоу зыщихыгъэхэр къыгъэлъагъозэ кIэлэпIум кIэлэцIыкIумэ ахэмэ ацIэхэр къарегъаIо. Зы гущыIэкIэ зэкIэ къызэрэпIон плъэкIыщтымкIэ яупчIы. КъамыIомэ ежь ареIо: «ПаIо, пшъэдэлъ, Iалъэ, палътэу – мыхэр зэкIэ щыгъыных».

Щыгъынмэ ашъохэр къарегъаIох: паIор, пшъэдэлъыр, Iалъэхэр – плъыжьых, палътэур – шхъуантIэ.

**Я IІ-рэ Iахьыр.** И. Муравейка иусэ цIыкIоу «Сэр-сэрэу» – кIэлэпIур къафеджэ. Ежь-ежьырэу ашIэн алъэкIхэрэмкIэ кIэлэцIыкIухэм яупчIы.

– КъакIо, цIыкIо, зытфэпэщт…
– Сэр-сэрэу! Сэр-сэрэу!
– НекIо, цIыкIо, зыттхьакIыщт…
– Сэр-сэрэу! Сэр-сэрэу!
– КIо ащыгъум пшъхьац сыжьыщт…
– Сэр-сэрэу! Сэр-сэрэу!
– КIо ащыгъум узгъэшхэщт…
– Сэр-сэрэу! Сэр-сэрэу!

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. ХЬАУДЭКЪО САРЭ ИУСЭУ «БЖЫХЬЭР ХЬАКIЭУ КЪЫТФЭКIУАГЪ» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** бжыхьэм природэм зэхъокIыныгъэу фэхъухэрэр ягъэшIэн. Бжыхьэм нахь нэшэнэ шъхьаIэу иIэмэ атегъэгущыIэных. АдыгабзэкIэ лъытакIэу тфым нэс къыкIягъэIотыкIыжьын.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** муляжхэу пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр, сабыйхэм къаугъоигъэхэу чъыг пкIэшъэ зэфэшъхьафхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** плъыжьы, гъожьы, уцышъу, шхъуантIэ.



**Занятиер зэрэкIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум лагъэм илъэу пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр Iанэм къытырегъэуцох. ЗэдэгущыIэгъу кIэлэцIыкIумэ адешIы.

– Лагъэм илъ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм ацIэхэр къашъуIох, ятеплъэ, яплъышъо шъуакъытегущыI.

– Сыдигъуа мыхэмэ ягъо зыхъурэр?

– Бжыхьэр къэсыгъэмэ сыдэущтэу къатшIэра?

Джэуапмэ кIэлэпIур ядэIу, зэфэхьысыжьхэр ешIы.

Бжыхьэм ехьылIагъэу усэ непэ зэраригъэшIэщтыр ареIо.

**Я IІ-рэ Iахьыр.** Хьаудэкъо Сарэ иусэу «Бжыхьэр хьакIэу къытфэкIуагъ» – къафеджэ, текстым Iоф дарегъашIэ.

– Хэта хьакIэу къытфэкIуагъэр?
– Сыда бжыхьэм къытфихьыгъэр?
– Сыда бжыхьэм джыри ышIагъэр?
– Сыд плъышъоха тхьапэхэр зэригъэлагъэхэр?

Усэм джыри тIо, щэ къеджэ. Агу раубытэгъэ гущыIэхэр кIэлэцIыкIухэм къыдаIо. Пычыгъо-пычыгъоу къарегъаIо. ЗэкIэхэри зэгъусэхэу къызэдаIо. Нахь дэгъоу зыгу изыубытагъэм къырегъэIожьы.

*Бжыхьэр хьакIэу къытфэкIуагъ,*
*ШIухьафтынхэр къытфихьыгъ:*
*МыIэрыси, къужъи, къыпцIи...*
*О угу рихьырэр къыхэх.*
*Бжыхьэр хьакIэу къытфэкIуагъ,*
*Къытфихьыгъэр тыгу рихьыгъ.*
*Егугъупэу гъожьэу дахэу*
*Чъыгы хатэр ыгъэлагъ.*

**Я IІI-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «О тхьапша къэуугъоигъэр?»

Чъыг тхьапэхэр кIэлэпIум ретэкъухьэх. КIэлэцIыкIухэмэ къаугъоих. Шъхьадж къыугъоигъэм ипчъагъэ, яплъышъо къарегъаIо.

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. «ХЭТЭРЫКIХЭР» – ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКI

**Программнэ пшъэрылъхэр:** хэтэрыкIхэр алъэгъумэ, ашхыхэмэ ашIэнэу, ацIэ къыраIонэу ягъэшIэгъэн. ХэтэрыкIхэм яхьылIэгъэ гущыIэхэр абзэ щагъэфедэнэу ягъэшIэгъэных.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** хатэм кIэлэцIыкIухэр заулэрэ щэгъэных. ХэтэрыкIхэр къызэрэкIрэм, ятеплъэ нэIуасэ фэшIыгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хэтэрыкIхэм ямуляжхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хэтэрыкI, гъэжъуагъэ, гуахьы, щыугъ, хъурай, IукIахь, плъыжьы, шхъуантIэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Iанэм хэтэрыкI зэфэшъхьафхэр дэгъоу тхьакIыгъэу лагъэм илъэу тетых: нэшэбэгу, къэбаскъ, картоф, чIыплъ, пхъы *(морковь)*, помидор.

КIэлэпIум зырызэу къыштэхэзэ, ахэр кIэлэцIыкIумэ арегъэлъэгъу. КIэлэцIыкIухэм хэтэрыкIхэм ацIэ къыраIо, ашъо, ятеплъэ зыфэдэр къаIо.

ГущыIэм пае:

– Мыр нэшэбэгу. Нэшэбэгур шхъуантIэ, IукIыхь. Панэ цIыкIухэр тетым фэд.

– Мыр чIыплъ. ЧIыплъыр плъыжьы, хъурай…

ЕтIанэ ежь кIэлэцIыкIумэ кIэлэпIум зыфиIогъэ хэтэрыкIыр ежь-ежьырэу къыхагъуатэ, къыхахы, зыфэдэр къаIо.

КIэлэпIум хэтэрыкI зэфэшъхьафхэр гъэжъуагъэу, щыугъэу, зэрэцIынэу упкIэтагъэхэу лагъэмэ арылъхэу къырехьэ. КIэлэцIыкIухэм анэ упIыцIагъэу ахэм ащыщ горэ кIэлэпIум цацэкIэ аIуелъхьэ. КIэлэцIыкIум егъэунэшкIу, ышхыгъэр къешIэ, ыцIэ къыреIо, зыфэдагъэр къеIо: гъэжъуагъэмэ, цIынэмэ, щыугъэмэ.

Зэфэхьысыжь ышIы зыхъукIэ кIэлэцIыкIухэм гущыIакIэу агъэфедагъэхэр джыри зэ къарегъэIожьы, хэтэрыкIэу зыфэгъэхьыгъэм ехьылIагъэу гущыIэ зэгъусэхэр зэхарегъэуцо: нэшэбэгур щыугъэ – ар уцышъу; чIыплъыр гъэжъуагъэ; пхъыр *(морковь)* цIынэ ыкIи гъэжъуагъэ…

**Я II-рэ Iахьыр.** Къуекъо Н. ипоэмэу «Коныр тыушъагъэ» – щыщ пычыгъо кIэлэцIыкIухэм уакъыфеджэн.

*… Мыр къэбаскъ,*
*Мыр натрыф,*
*Щыбжьый, къоны,*
*Анджырэф,*
*Нэшэбэгу, къэпраз,*
*Узтещхэщтыр хатэм хиз,*
*Къещх, къещх быбэтэхэу,*
*Тещх хатэм утысэхэу…*



**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

**Темэр. ПСЭУШЪХЬЭМЭ ЯХЬЫЛIАГЪЭУ АШIЭРЭ УСЭХЭР ЕЗБЫРЭУ КЪЫКIЯГЪЭIОТЫКIЫЖЬЫН Е КЪАФЕДЖЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «СЫДА ЛЫЕР?»**

**Программнэ пшъэрылъхэр:** псэушъхьэмэ яхьылIэгъэ усэу ашIэхэрэр агу къэгъэкIыжьыгъэн, езбырэу къягъэIогъэн е къафеджэгъэн. Псэушъхьэу къахафэхэрэм ацIэ къыраIонэу, ахэм псэупIэу яIэр, ятеплъ, ашхырэр къаIонэу ягъэшIэгъэн, сурэтэу ахэр зэрытхэм егъэплъыгъэных. АшIэжьынхэу, ацIэ къыраIонэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** псэушъхьэ джэгуалъэхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** тхьакIумкIыхь, хьэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум псэушъхьэ джэголъэ зэфэшъхьафхэр Iанэм тырегъэуцох. Ащ кIэлэцIыкIухэр рещалIэх, регъэплъых. Ащыщэу ашIэхэрэм ацIэ къырарегъаIо. Ахэр зыщыпсэухэрэр, ашхырэр егъэунэфы.

– ТхьакIумкIыхьэр мэзым хэс. Ыц шъабэ, ытхьакIумэхэр кIыхьэх. Щтэпхэ цIыкIу. Къэбаскъэ, пхъы *(морковь)*, уц цIынэр икIасэх.

– Хьэр щагу псэушъхь. Мэхьакъу, унэр, щагур къеухъумэх. Пырац, къупшъхьэ, хьалыгъу икIас.

Псэушъхьэмэ яхьылIэгъэ усэу езбырэу ашIэхэрэр кIэлэцIыкIухэм къаIо.

ЯмынэIосэ усэмэ кIэлэпIур къафеджэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыда лыер?»

Щагу псэушъхьэхэмрэ псэушъхьэ Iэлхэмрэ зэхафэу къаIон, зыщыпсэухэрэр ягъэшIэгъэн.

# ШЭКIОГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

**Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ХЭТЭРЫКIМЭ ЯОРЭД» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. ХЭТЭРЫКIХЭР ЗЫФЭДЭХЭР, ЗЭРАГЪЭФЕДЭХЭРЭР КЪЯГЪЭIОТЭГЪЭН**

**Программнэ пшъэрылъхэр:** усакIэм сабыйхэр нэIуасэ фэшIыгъэн, IупкIэу къаIонэу егъэсэгъэных, хэтэрыкIмэ адыгабзэкIэ ацIэхэр къыкIягъэIотыкIыжьын, ясурэт е ежь хэтэрыкIыр алъэгъумэ ыцIэ къыраIонэу, зэрагъэфедэрэр къаIотэнэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хэтэрыкIхэм ямуляжхэр е сурэтхэр. Хатэ ишIыхьагъэу сурэт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хэтэрыкI, чIыплъ, натрыф, къэбаскъ, нэшэбэгу, къэбы, анджырэф.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум сурэт иныр къыпелъэ, ащ ралъагъорэм къытырегъэгущыIэх. КъызаIотахэкIэ джыри хатэм къыщыкIыхэу ашIэхэрэмкIэ яупчIы, ахэр зыкIытищыкIагъэр къарегъаIо. А хэтэрыкIмэ апкъ щыщэу цIыфым ыгъэфедэрэр къарегъаIо. ЧIым чIэтым «лъапсэ», чIыгум къытещрэм «шъхьапэ» зэрэраIорэр ареIо, гущыIэхэр къарегъэIожьы.

Сурэт цIыкIухэр зырызэу къытригъэуцозэ ацIэ къырарегъаIо, щыщэу цIыфым ыгъэфедэрэр, ащ плъышъоу иIэр, ащ хашIыкIырэ шхынхэр къарегъэIуатэ.

– Мыр нэшэбэгу. Нэшэбэгур уцышъо, IукIыхь, зэрэцIынэу ашхы, салатым халъхьэ.

– Мыр къэбаскъ. Къэбаскъэр цIынэуи ашхы. НэмыкIэу аупщэрыхьэрэми ахалъхьэ, агъажъо, агъажъэ.

– Мыр къэбы. Къэбыр агъажъэ, агъажъо, пшхынкIэ IэшIу, ыкIоцI гъожьы.

ХэтэрыкIмэ ащыщэу анахь якIасэхэр муляж шIыгъэхэу къаригъаштэзэ гущыIэухыгъэ къызэрыкIомэ къащырегъажьэшъ, гущыIэухыгъэм нахь зырагъэушъомбгъузэ къаIо:

– Сэ къэбыр сикIас.

– Сэ къэбыр гъэжъагъэу сикIас.

– Сэ къэбыр гъэжъуагъэу сикIас.

– Сэ къэбаскъэр борщым хэлъэу сикIас…

**Я II-рэ Iахьыр.** Жэнэ Къ. иусэу «ХэтэрыкIмэ яорэд» къафеджэ. ХэтэрыкIэу усэм къыхэфагъэхэр къарегъэIожьых.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ХЭТЭРЫКIХЭМРЭ ПХЪЭШЪХЬЭ-МЫШЪХЬЭХЭМРЭ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** хэтэрыкIхэмрэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэмрэ ятеплъэ, яплъышъо къытегущыIэнхэу, ахэм яхьылIагъэу ашIэхэрэм ахэгъэхъогъэн. КъэгущыIэрэм къыIорэм едэIунхэу егъэсэгъэных.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** хэтэрыкIхэмрэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэмрэ ябгъэплъыщтых. Сурэтым итхэм яхьылIагъэхэу усэхэм уакъыфеджэщт, сурэт ябгъэшIыщт, ябгъэупIэпIыщт.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** матэм пхъэшъхьэ-мышъхьэхэмрэ хэтэрыкIхэмрэ илъхэу.



**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хэтэрыкI, пхъэшъхьэ-мышъхь, хьасэ, плъышъо.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** ТхьакIумкIыхьэ цIыкIум *(е нэмыкI персонаж)* хэтэрыкIхэмрэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэмрэ зэрылъ матэр ыIыгъэу къехьэ.

– Шъуимафэ шIу, кIэлэцIыкIухэр. Хатэм къыщыкIыгъэхэр сыугъоижьыгъэ. Сыугъоижьыгъэ лэжьыгъэхэр шъозгъэлъэгъунэу сыфай.

Шъуеплъ, пхъы *(морковь)* шIагъо къэзгъэкIыгъ *(нэшэбэгу къегъэлагъо).* МыIэрысэ нэкIушъхьаплъэу тичъыг къыпыкIагъэм зэ шъуеплъи *(къужъ къегъэлъагъо).*

– Зэ, зэ, тхьакIумкIыхь, кIэлэцIыкIухэм зи къагурыIорэп, зэкIэ зэхэбгъэкIокIагъ. КIэлэцIыкIухэр, тхьакIумкIыхьэм тыдежъугъаI. КъыгъэкIыгъэхэр зыфэдэхэр къыфэтэжъугъэIуат.

КIэлэцIыкIухэр хэтэрыкI е пхъэшъхьэ-мышъхьэ зырыз аштэшъ, ахэм къатегущыIэх: иинагъ, иплъышъу, къызщыкIырэр, зэрэбгъэфедэн плъэкIыщтыр.

– Мыр мыIэрыс. МыIэрысэр чъыгым къыпэкIэ. Ар хъурай, нэкIушъхьаплъ *(шхъуантIэ, гъожьы).* МыIэрысэр игъо хъумэ ашхы. Компоти, повидли хэпшIыкIын плъэкIыщт. Сэ мыIэрысэ сикIас.

– Мыр нэшэбэгу. Нэшэбэгур хьасэм къыщэкIы. Ар уцышъо, IукIыхь, пэнэ цIыкIухэр тетым фэд. Нэшэбэгур цIынэу ашхы. АгъэшIоIумэ кIымафэми бгъэфедэн плъэкIыщт…

*(КIэлэцIыкIухэр къызтегущыIэщт къэкIхэрэр ежь-ежьырэу къыхахых, къатегущыIэх).*

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Зыфэдэр къашIэ». КIэлэцIыкIухэм анэхэр кIэпхагъэу къэкIырэмэ ащыщ къыхахы, къашIэжьы, къытегущыIэх.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. НЭХЭЕ Р. ИУСЭУ «МЫIЭРЫС» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** усэм укъафеджэ зыхъукIэ ашIогъэшIэгъонэу къедэIунхэу егъэсэгъэных. Пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм ацIэ къыраIон, ятеплъэ, яплъышъо къаIонэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** мыIэрыс, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм ямуляжхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** мыIэрыс, къужъы, къыпцIэ, къыцэ, чъыг хат.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Лэгъэ иным илъыхэу пхъэшъхьэ-мышъхьэ зэфэшъхьафхэр кIэлэпIум къырехьэ. Ахэр кIэлэцIыкIухэм арегъэлъэгъу, ацIэ, ятеплъэ, яплъышъо къарегъаIо:

– Мыр мыIэрыс. МыIэрысэр чъыгым къыпэкIэ. МыIэрысэр ины, хъурай, плъыжьы *(шхъуантIэ)*. МыIэрысэр IэшIу, хафэ.

– Мыр къужъы. Къужъыр гъожьы, IукIыхь, шъабэ, мэ IэшIу пехы, IэшIу.

Мыхэм зэкIэм сыда зы гущыIэкIэ япIон плъэкIыщтыр?

– Пхъэшъхьэ-мышъхьэх. Тэрэз.

Ащ ыужым Нэхэе Р. иусэу «МыIэрыс» зыфиIорэм къафеджэ:

*Чъыгы шъхьапэм*
*Плъыжь хъураеу*
*Сыда пысыр?*
*– Тыгъэ!*
*Ей, чъыгыр!*
*Зымгъэсыс,*
*Къыпызыщтыр*
*МыIэрыс.*

КIэлэпIур джыри усэм тIо-щэ къеджэ. КIэлэцIыкIухэм усэм щыщэу агу раубытагъэхэр къыдаIозэ кIэлэпIур усэм къафеджэ. ЕтIанэ ежь-ежьырэу усэр къаIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

| | |
|---|---|
| *МыIэрысэ чъыгыр лъагэ,* | *(лъапэкIэ мэуцух, аIэхэр даIэтаех).* |
| *МыIэрысэ чъыгыр жьыбгъэм егъэсысы,* | *(мэIэо-лъаох).* |
| *МыIэрысэхэр чъыгым къыпэзых,* | *(псынкIэу мэтIысых).* |
| *МыIэрысэхэр мэукIорэих,* | *(джэхашъом палас телъмэ загъэукIорэи).* |

**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. УРЫС ПШЫСЭУ «АТАКЪЭМРЭ ГЪЭЖЪУАЦЭМРЭ» КЪАФЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** зэдэгущыIакIэм Iоф дэшIэгъэн. ГущыIэхэ зыхъукIэ мэкъэ къэIуакIэу хэлъын фаер къагурыIоу ягъэшIэн. Ежь-ежьырэу упчIэ атынэу, упчIэм джэуап къыратыжьынэу гъэсэгъэных. Пшысэм мэхьэнэ шъхьаIэу иIэр алъыгъэIэсыгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** джэгуалъэхэу чэты, атакъэ; пшысэхэу «Чэт огу цIыкIу», «Атакъэмрэ гъэжъуацэмрэ» яиллюстрациехэр афэгощыгъэн.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** гъэжъуац, тхъу, мэкъуау, ычый инагъ.



**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум чэт цIыкIур къарегъэлъэгъу, яупчIы пшысэу зыхэтыр къашIэжьмэ. Къин къащыхъу хъумэ упчIэхэмкIэ адеIэ:

– Сыд пшыса лIыжъым *(ныом)* кIэнкIэр зыщыфэмыкъутагъэр?

– Хэта кIэнкIэр зыкъутагъэр?

– Таущтэу ыкъутагъа?

– Сыда чэт огу цIыкIум ыIуагъэр?

КIэлэпIум зэфэхьысыжь ешIы ыкIи яупчIы:

– Сыд пшысэха джыри чэтыр е атакъэр къызыхафэу шъушIэхэрэр? *(«Атакъэмрэ чэткъуртэмрэ», «чэтыр, цыгъор, атакъэр»).*

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIум пшысакIэр къеIуатэ, джэуапэу къатырэмэ атефэрэ сурэтхэр къарегъэлъэгъу.

УпчIэхэр ареты:

– Сыда атакъэм ычый гъэжъуацэр зыкIытенагъэр?

– Хэта атакъэм IэпыIэгъу къыфэхъугъэхэр?

– Хэта чэтыр апэ зэчъэлIагъэр?

– Хэта тхъур къезытыгъэр?

– Сыдэущтэу пшысэр ухыгъэ хъугъа?

**Я III-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

КIэлэцIыкIухэм джэгуалъэхэр зэраIыгъэу мэджэгух.

*Тэ тэкIо, тэкIо, тэкIо.*
*Тэ тыкIозэ тыпшъыгъ.*
*ТытIыси зыдгъэпсэфыгъ,*
*ЕтIанэ тежьэжьыгъ.*
*(КъаIорэм елъытыгъэу зыдашIы).*

### Пшысэр

Атакъэмрэ чэтымрэ гъэжъуацэхэр къагъотыгъ. Атакъэр гуIэзэ ышыпынэу ригъэжьагъэти, чэтым къыриIуагъ:

– УмыгуаI, атакъ, пчый тенэщт.

Атакъэр къемыдэIоу гуIэу ышыпзэ ычый гъэжъуацэр тенагъ. Чэтыр мэгоIэжьы, зи фишIэн ылъэкIырэп. Ныо цIыкIум дэжь чъагъэ. Тхъу такъыр ебгъэшхымэ гъэжъуацэр ычый зэрецIэлъэхыщтыр чэтым къыриIуагъ, тхъу зэримыIэр, ау чэмыщэ ыгъотмэ, тхъу зэреощтыр къыхигъэхъожьыгъ.

Чэтыр чэмым дэжь къэчъагъ, щэ къыритынэу елъэIугъ. Мэкъу IэшIу ышхымэ, щэ къызэрэритыщтыр чэмым чэтым къыриIуагъ.

Чэтыр мэкъуаомэ адэжь чъагъэ, ау мэкъуаомэ ящэмэджхэр зэрэцакохэр, ахэр кIыщым пхъынышъ зэрэбгъэчанын фаер къыраIуагъ.

Чэтым щэмэджыр ыпхъуати кIыщым ыхьыгъ. ГъукIэм зи химыIуахьэу щэмэджыр къыфигъэчаныгъ. Чэтым щэмэджыр мэкъуаомэ къафихьыжьыгъ, мэкъуаомэ мэкъу къыратыгъ. Мэкъур чэмым къыфихьыгъ, чэмым щэ

къыритыгъ, ныор тхъу еуи, тхъу такъыр атакъэм зыIуагъафэм, гъэжъуацэр ычый ехи, къэхъужьыгъ.

# ТЫГЪЭГЪАЗ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ТЫДЭ СЫД БГЪЭТIЫЛЪЫЩТ?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** гущыIэу агъэфедэхэрэм хэгъэхъуагъэ афэшIыгъэн, ахэр кIэлэцIыкIухэм абзэ тэрэзэу щагъэфедэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** зыгорэ зэрыплъхьан е зытеплъхьан плъэкIыщт пкъыгъомэ ясурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** иплъхьащт, теплъхьащт, чIэплъхьащт.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Пкъыгъо зэфэшъхьафхэр кIэлэцIыкIухэм яогъэлъэгъу, ацIэхэр къыряогъаIо: лагъэ, джанэ, тхылъ…

Мыхэмэ гъэтIылъыпIэ гъэнэфагъэхэр зэряIэн фаер агурыогъаIо. Зым – дэплъхьащт, дэлъ; зым – иплъхьащт, илъ; зым – ибгъэуцощт, ит; зым – ибгъэтIысхьащт, ис; зым – тебгъэуцощт, тет; зым – чIэплъхьащт, чIэлъ; зым – ибгъэхъощт, ит. Пкъыгъохэр кIэлэцIыкIухэм афэогощых, джыри шъхьадж тефагъэм ыцIэ къыреогъаIо, гъэтIылъыпIэу е гъэтIылъыкIэу иIэщтымкIэ уяупчIы:

– О сыд пIыгъыр?

– Тыдэ бгъэтIылъыщт?

Джэуапхэр:

– Тхылъыр столым теслъхьащт.

– Тхылъыр сумкэм дэслъхьащт.

– Нысхъапэр пхъэнтIэкIум тезгъэтIысхьащт…

Шъхьадж пкъыгъоу ыгъэтIылъыгъэм ищылъыкIэ къеогъаIо.

– Тхылъыр столым телъ…

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгук1эу «КъаIо ыкIи къашIэ».



## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ЧЭЩ ЗЭРЭХЪОУ» КЪАФЕДЖЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «СЫД ФЭДЭ УАХЪТЭМ СЫД ТШIЭРЭ?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** чэщ-зымафэм иуахътэхэр зэхафынэу, ацIэ къыраIонэу ягъэшIэгъэн. Сурэтхэр ябгъэлъэгъузэ усэм зыцIэ къыриIорэ псэушъхьэмэ ащыщэу ашIэхэрэр къягъэIогъэн. Усэм мэхьэнэ шъхьаIэу къыхэщрэм гу лъягъэтэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэт зэфэшъхьафхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** къандж, паго, цызэ, тхьаркъо.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум сурэт зэфэшъхьафхэр кIэлэцIыкIухэм арегъэлъэгъу, арытхэр къарегъаIо:

– Мазэр ошъо шIуцIэм къыхэплъы.

– Шъэожъыем зетхьакIы.

– КIэлэцIыкIухэр мэджэгух.

– Тыгъэр къыкъокIы пэт…

ЕтIанэ, ахэр зыплъэгъун е зыпшIэн плъэкIыщт уахътэмкIэ яупчIы, джэуапхэм ядэIу, зэфэхьысыжь ешIы.

Пчэдыжьым къыщегъэжьагъэу ятIонэрэ пчэдыжьым нэс къыхэбгъэщын плъэкIыщт мэфэ уахътэхэр тэрэзэу зэкIэлъыкIоу кIэлэцIыкIухэм ареIо:

– Пчэдыжь, мафэ, пчыхьэ, чэщы.

Пчэдыжьым, пчыхьэм, мафэм, чэщым пшIэн плъэкIыщтхэр къарегъаIо.

– Чэщрэ мэзахэ. Чэщрэ зэкIэ мэчъыех, загъэпсэфы.

– Пчэдыжьым тыгъэр къыкъокIы. ЦIыфхэр къэтэджыжьых, затхьакIы, зафэпэжьы, машхэх.

– Мафэм инхэм Iоф ашIэ, кIэлэцIыкIухэр мэджэгух.

– Пчыхьэ зыхъукIэ зэкIэ яунэмэ якIужьых… Телевизорым еплъых.

**Я II-рэ Iахьыр.** Жэнэ Къ. иусэу «Чэщ зэрэхъоу» зыфиIорэм кIэлэпIур къафеджэ. УпчIэ зытIущ ареты:

– Хэта чэщрэ чъыехэрэр?

– Сыда чэщрэ чъыехэра?

– Угъолъыжьыным ыпэкIэ сыда пшIэн фаер? *(ЗыптIэкIыжьыщт, пцэ плъэкIыщт, уипIэ пшIыжьыщт).*

КIэлэпIур джыри зэ усэм къафеджэ.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

### Темэр. МЫРЗЭ ДЗ. ИУСЭУ «КЪЕСЫ» АПЭРЭ ПЫЧЫГЪОР ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШІЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** усэр езбырэу къаІонэу ягъэшІэгъэн. КІымафэм инэшанэхэр агу къэгъэкІыжьыгъэн, ащ ехьылІагъэу ашІэрэм тегъэгущыІэгъэных.

**НэрылъэгъуІэпыІэгъухэр:** кІымафэр къэзгъэлъэгъорэ сурэтхэр, ос телъэу тефэмэ, ос къипхьан, зыфэдэм, фабэм къыщышІрэм егъэплъынхэр.

**ГущыІэр, гущыІэ гъэфедакІэхэр:** къесы, зэтешасэ, зэрелъасэ, чІыІэ, шъабэ, мэжъу.

**Занятиер зэрэрекІокІыщтыр:**

**Апэрэ Іахьыр.** Ос щыІэмэ, осым егъэплъыщтых, егъэІэщтых, зыфэдэр къябгъэІощт. УпчІэхэр яптыщт:

– Осым ышъо сыд фэда? Тыдэ къикІра осыр? Сыдигъуа къызесырэр, фабэм сыда осым къыщышІырэр? Шъугу рехьа осэу къесырэм шъуеплъынэу, осым шъущыджэгунэу?

Усэм зэрэщытэу уакъыфеджэщт. Езбырэу ябгъэшІэщтыри хэушъхьафыкІыгъэу тІо-щэ уакъыфеджэщт. Укъеджэ зыхъукІэ агу раубытэгъэ гущыІэхэр къызэдябгъэІощт. Нахь дэгъоу зыгурыІуагъэмэ къябгъэІожьыщт.

Занятием зэфэхьысыжь фэпшІыщт.

*Осыр къесы, зэрелъасэ,*
*Шъэбэ-шъабэу зэтешасэ.*
*Чъыг къутами, тиурами,*
*Тиунашъхьи ос къатесэ.*

**Я II-рэ Іахьыр.** Макъэу [-с-] – икъэІуакІэ Іоф дашІэ.

**ЯплІэнэрэ тхьамаф:**

### Темэр. ПШЫСЭУ «ЛІЫЖЪ ЦІЫКІУМРЭ НЫО ЦІЫКІУМРЭ» КЪАФЭІОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** щагу псэушъхьэхэмрэ хьакІэ-къуакІэхэмрэ яхьылІагъэу ашІэрэм хэгъэхъогъэн. ПшысакІэм нэІуасэ фэшІыгъэных.

**НэрылъэгъуІэпыІэгъухэр:** псэушъхьэ зэфэшъхьафхэм ясурэтхэр.

**ГущыІэр, гущыІэ гъэфедакІэхэр:** Іальмэкъ, щыуанжъый, гъомылапхъ.

**Занятиер зэрэрекІокІыщтыр:**

**Апэрэ Іахьыр.** КІэлэпІум сурэт зэфэшъхьафхэр Іанэм къытырелъхьэх. КІэлэцІыкІухэм зыфэе сурэтыр аштэнэу ареІо. Шъхьадж ыштэгъэ сурэтым итым ыцІэ къарегъаІо. Ахэр зэкІэ зэрэпсэушъхьэхэр къамышІэмэ, ежь ареІо.

– Ау кІэлэцІыкІухэр, псэушъхьэхэр зэхэкІокІагъэх. Зэ тэрэзэу шъуахаплъи? КъамышІэмэ, сурэтхэм щагу псэушъхьэхэри хьакІэ-къуакІэхэри зэрэзэхэтым гу лъарегъатэ.

Дидактическэ джэгукІэу «Зы чІыпІэ зышъушІ». Щагу псэушъхьэхэр зыбгъэоу, хьакІэ-къуакІэхэр нэмыкІыбгъэоу мэуцух.

КІэлэпІур яупчІы кІэлэцІыкІухэм: «Адэ шъуфая, зы пчэнрэ зы мэлрэ къяхъулІагъэм шъукъедэІунэу?» *(Джэуапхэр).*

Пшысэр къафеІуатэ. Тыгъужъыхэр зырызэу зэрэІукІошъыжьыгъэхэр, ушъхьагъоу ашІыщтыгъэхэр кІэлэцІыкІухэм къарегъаІо. Пчэнымрэ мэлымрэ тхьагъэпцІыгъэу къаугупшысыгъэм къызэригъэнэжьыгъэхэм гу лъарегъатэ.

# ЩЫЛЭ МАЗ

**Апэрэ тхьамаф:**

### Темэр. ПСЭУШЪХЬЭМЭ ЯХЬЫЛІАГЪЭУ ЗЭХЭГУЩЫІ. «ТЫДЭ МЫ ПСЭУШЪХЬЭХЭР ЩЫПСЭУХЭРА?» – ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКІ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** псэушъхьэмэ яхьылІагъэу кІэлэцІыкІумэ ашІэрэм хэгъэхъогъэн, зыщыпсэурэм елъытыгъэу зэфэхьысыжь ашІынэу ягъэшІэгъэн. Псэушъхьэхэр шІу алъэгъоу, афэгумэкІхэу гъэсэгъэных.

**НэрылъэгъуІэпыІэгъухэр:** сурэтэу псэушъхьэхэр зэрытхэр.

**ГущыІэр, гущыІэ гъэфедакІэхэр:** махъушэ, пылы, мамун, домбай, баджэ, мышъэ *(шІуцІэ, фыжьы).*

**Занятиер зэрэрекІокІыщтыр:**

**Апэрэ Іахьыр.** КІэлэпІум кІэлэцІыкІухэм къарегъаІо псэушъхьэу ашІэхэрэм адыгабзэкІэ ацІэхэр. УпчІэхэр кІэлэцІыкІумэ аретых: Сыда мыхэмэ псэушъхьэх зыкІятІорэр? Сыда псэушъхьэхэр зэрэзэтекІхэрэр? *(Яинагъ, чІыпІэу зыщыпсэухэрэр, ашхырэр).* Сыда «Щагу псэушъхь», «Псэушъхьэ Іэл» тІоу зыкІызэтетфыхэрэр?

Псэушъхьэу алъэгъугъэхэмкІэ, зыщалъэгъугъэхэмкІэ яупчІы.

**Я II-рэ Іахьыр.** Дидактическэ джэгукІэу «Сыда мы псэушъхьэм шІуагъэу къыхьрэр?»

Псэушъхьэ зэфэшъхьафмэ ясурэтхэр Іанэм къытырелъхьэ. КІэлэцІыкІумэ шъхьадж зыфаер къыхахы. Псэушъхьэу къыхахыгъэхэр

зыхахьэхэрэмкIэ агощы: щагу псэушъхьэхэр; псэушъхьэ Iэлхэр; чIыпIэ фабэмэ ащыпсэурэ псэушъхьэхэр.

Аущтэу зыкIагощыгъэм къытрегъэгущыIэх.

ЦIыфхэм анахь шIогъабэ къафэзыхьрэ псэушъхьэмэ къатырегъэгущыIэх.

– Чэмым щэ къеты, щэм тхъу, къуае, щатэ хашIыкIы. Ахэр дэшхыных.

– Мэлым цы къеты. Цым щыгъынхэр хашIыкIых.

– Шым хьылъэхэр зэрещэ, зэрехьэ.

– Хьэм щагур къеухъумэ…

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыд псэушъхьа уиIэр?»

КIэлэцIыкIумэ ащыщэу щагу псэушъхьэхэр зиIэхэр зыфае псэушъхьэм къытырегъэгущыIэх.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Усэ е рассказ цIыкIухэу псэушъхьэмэ яхьылIагъэмэ кIэлэпIур къафеджэ.

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

## Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ЗЫГЪЭКЪАБЗ» ЗЫФИIОРЭР ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** усэм щыщ пычыгъо езбырэу ягъэшIэгъэн, IупкIэу къаIонэу егъэсэгъэных. Усэм къыщиIорэм мэхьанэу иIэр алъыгъэIэсын. Макъэу [-къ-] – икъэIон Iоф дэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хьакъу-шыкъу зэфэшъхьафхэм псыр арытэу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** нэфшъагъу, къэбзэ-лъабз, къэбзэн.

### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум псыр итэу лагъэ къытырегъэуцо. «Псы» – гущыIэр къарегъаIо. Псым ехьылIагъэу упчIэхэр ареты:

– Мыр сыд?

– Псы.

– Псыр сыд фэда? *(Джэуапхэр).*

– Псыр сыдэущтэу дгъэфедэрэра? *(Джэуапхэр).*

КIэлэпIум джэуапхэр зэфехьысыжьы, къэбзэныгъэмкIэ псыр зэрагъэфедэрэр агу къегъэкIыжьы. Жэнэ Къ. иусэу «Зыгъэкъабз» зыфиIорэм къафеджэ.

Усэм къыIуатэрэм тырегъэгущыIэх. Усэм щыщ пычыгъо езбырэу аригъэшIэнэу къафеджэ:

*Пчэдыжьым жьэу, нэфшъагъом,*
*Цыгъо цIыкIуми, чэтыущырми*
*Къэбзэ лъабзэу затхьакIы.*
*Типкъышъол къэбзэнэу,*
*ТкIуачIи хэхъонэу,*
*ЗытэжъугъэтхьакI.*
*Укъабзэмэ упсауцт,*
*Ау зыхъукIэ тыкъэбзэщт.*

Джыри усэм тIо-щэ къафеджэ. Къеджэ зыхъукIэ, къыздарегъаIо. Нахь IупкIэу нэбгырэ зытIу адеIэзэ къарегъаIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэу [-къ-] – икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

Макъэу [-къ-] – зыхэт гущыIэхэр къягъэIогъэн: къабзэ, тыкъэбзэщт, укъабзэмэ, пкъышъол, къэбзэ-лъабзэу.

## Ящэнэрэ тхьамаф:

## Темэр. ПШЫСЭУ «ЗЫЗЫГЪЭГУПСЭФЫНЭУ ЗИКIЭСЭГЪЭ НЫОР» КЪАФЭIОТЭГЪЭН. ЩАГУ ПСЭУШЪХЬЭМЭ ШIУАГЪЭУ КЪЫТФАХЬРЭМ АТЕГУЩЫIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пшысэ иным емызэщхэу, ашIогъэшIэгъонэу едэIунхэу, зэхахыгъэр кIэкIэу къаIотэжьынэу, мэхьанэ шъхьаIэу пшысэм хэлъыр къагурыгъэIогъэн.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** щагу псэушъхьэу пшысэм къыхафэрэм ясурэтхэр ябгъэлъэгъущт. Псэушъхьэмэ цIыфым шIуагъэу къафихьрэм уакъытегущыIэщт.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэтхэу: хьэ, чэтыу, атакъ.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** гу, нэмыс, Iо макъэ, гупсэфыгъо.

### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум псэушъхьэу пшысэм къыхафэхэрэм ясурэтхэр къештэх, кIэлэцIыкIухэм зырызэу арегъэлъэгъух, язэкIэлъыкIуакIэу пшысэм къызэрэхафэхэрэм елъытыгъэу ацIэхэр агу къегъэкIыжьы, къарегъаIо.

Пшысэр къеIуатэ. КъыIуатэрэм дакIоу сурэтхэри джыри къегъэлъагъох. Пшысэр агу рихьыгъэмэ кIэлэцIыкIухэм яупчIы. УпчIэхэр ареты:

– Сыд фэдэ щагу псэушъхьэха ныом иIэнэу зыфаеу зыфиIуагъэхэр?

– Сыд шIуагъа ахэм къыфахьынэу зэращыгугъыщтыгъэр?

– Сыда ныом зырызэу псэушъхьэхэр дидзынхэу лIыжъым зыкIыриIуагъэр?

– Щагу псэушъхьэхэр ямыIэжьхэ зэхъум сыд фэдэу ящыIакIэ хъугъа?

Зэфэхьысыжь ешIы. Уахътэ къанэмэ, пшысэм икIэух джыри зэ къафеджэжьы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

*Тэ тэкIо, тэкIо, тэкIо,*
*Тыпшъыгъэти тытIысыгъ.*
*ТIэкIужъые тыщысыгъ,*
*Тэ етIанэ тежьэжьыгъ.*
*(ГущыIэу хэтмэ атефэу мэпсэух)*

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. НАРТ ЭПОСЫМ ИЗЫIАХЬЭУ «САУСЭРЫКЪО ИПЩЫНАЛЪЭ» ЩЫЩ ПЫЧЫГЪО ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** адыгэ фольклорым иусэмэ язэхэлъыкIэ, якъэIуакIэ идэхагъэ кIэлэцIыкIумэ алъыгъэIэсыгъэн, шIу ягъэлъэгъугъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** нарт Саусэрыкъо итэу сурэт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** нарт, Саусэрыкъу, пщыналъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы гущыIэу «нарт» – зэхахыгъэмэ, зыщызэхахыгъэр.

– Мы лъэхъаным Нартыр цIэ унае хъугъэ. Ар шъэожъыемэ афаусы.

Нартхэр адыгэ лъэпкъ кIочIэшхохэу, лэжьакIохэу, дзэкIолI дэгъухэу щытыгъэх. Ахэм яхьылIагъэу пщынэлъабэ къытэнэсыжьыгъ. Ахэмэ зыкIэ ащыщ «Саусэрыкъо ипщыналъэ».

Саусэрыкъо нарт эпосым къыхэфэрэ лIыхъужъ. Мыщ бэ гъэхъагъэу иIэр. Саусэрыкъо итеплъагъэр къыриIотыкIэу непэ пычыгъо зэдгъэшIэщт.

*Саусэрыкъо тикъан,*
*Саусэрыкъо тинэф,*
*ПчымыIуфэр зиашъу,*
*Ашъор зиджэнэкIокI,*
*ПчыкIэр зипэIошыгу,*
*Ешыгуаор зичат,*
*Пызыкъутрэр зипчышъхь,*
*Зышъхьэ абрэмыжъу,*
*Зынэхэр жъогъошхо лыд.*

Мы текстыр илъэситф зныбжьыхэмкIэ гурыIогъуае хъущт. Ау мы занятием къыдилъытэрэр: усэр зэкIоу зэрэзэхэлъыр, псынкIэу угу иуубытэн зэрэплъэкIырэр кIэлэцIыкIухэм алъыгъэIэсыгъошIоу зэрэщытыр ары.

**Я II-рэ Iахьыр.** Пщыналъэм къыхэфэрэ гущыIэхэу зимэхьанэ гурыIогъуаехэр, къикIрэр тэрэзэу къызIэкIэмыхьэгъэ кIэлэцIыкIухэм Iоф адэшIэгъэн. Усэ зэхэлъхьакIэ гъэшIэгъон зэриIэм гу лъябгъэтэщт.



*– ...Тикъан, пчымыIуфэр зиашъу.*
*– Ашъор зиджэнэкокI,*
*– ПчыкIэр зипэIо шыгу,*
*– Ешыгуаор зичат,*
*– Пызыкъутрэр зипчышъхь.*
*– Зышъхьэ абрамыжъу,*
*– Зынэхэр жъогъошхо лыд.*

Пщыналъэм кIэлэпIур джыри тIо-щэ къафеджэ. АдеIэзэ къарегъаIо.

# МЭЗАЙ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. МЭЩБЭШIЭ И. ИУСЭУ «ОСЫР КЪЕСЫ» ЩЫЩ ПЫЧЫГЪО ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. «КIЫМЭФЭ ДЖЭГУКIЭХЭР» ЗЫФИIОРЭ СУРЭТЫМ ЕГЪЭПЛЪЫГЪЭНЫХ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** сурэтым итыр къагурыIонэу, ащ ехьылIэгъэ упчIэу кIэлэпIум аритхэрэм джэуап къыратыжьын алъэкIынэу, зэфэхьысыжьхэр ашIынэу егъэсэгъэных; кIэлэпIум ежь зэхигъэуцогъэ рассказым едэIунхэу, ар къыIотэжьы зыхъукIэ гущыIэ, гущыIэухыгъэ зырызхэр къыдаIонэу; усэм IупкIэу къеджэнхэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** кIымэфэ джэгукIэхэр къыгъэлъагъоу зэрыт сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** кIымаф, чъыIэ, осы, бгы, Iажэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.**

– КIымаф. ЧъыIэ. Щагум ос телъ. Хъугъэ непэ щагум тишъумыгъэкI, – еIо кIэлэпIум. КIэлэцIыкIухэм къаIохэрэм ядэIу, етIанэ ареIо:

– Ащыгъум шъуепль зы кIэлэцIыкIу куп кIымэфэ мафэ горэм ашIагъэм.

КIэлэпIум сурэтыр апашъхьэ къырегъэуцо, зэпаплъыхьанэу уахътэ ареты, къаIохэрэм ядэIу, ежьыри упчIэхэр ареты:

– Хэта шъэожъые цIыкIур къезыщэкIрэр?
– Ыгу рехьа къызэрэращэкIрэр?
– Сыда пшъэшъэжъыем ышIэрэр?
– Хэта бгы цIыкIур зышIыхэрэр?
– Хэт пая бгы цIыкIур?
– Шъугу рехьа кIымафэр?

КӀымаф. Ос шъэбэ фыжь къесы. КӀэлэцӀыкӀухэр джэгунхэу къикӀыгъэх. Мары шъэожъые иным шъэожъые цӀыкӀур Ӏажэм исэу къырещэкӀы. Шъэожъые цӀыкӀум ар лъэшэу ыгу рехьы.

Пшъэшъэжъыехэм джэгуалъэу мышъэр къыращыгъ. Ар Ӏажэм ис. Пшъэшъэжъыехэм ащ пае бгы цӀыкӀу ашӀы, къыращэхэзэ агъэджэгунэу. КӀымафэр зэкӀэмэ агу рехьы. Тхъэжьхэу мэджэгух.

КӀэлэпӀум джыри рассказыр къыкӀеӀотыкӀыжьы. КӀэлэцӀыкӀухэри къыдеӀэх.

ЕтӀанэ шъхьангъупчъэм кӀэлъырещэх, ос телъымэ е ос къесымэ осыцэ цӀыкӀухэр арегъэлъэгъу, ос къызэресрэм регъэплъых. МэщбэшӀэ И. иусэу «Осыр къесы» къафеджэ:

*Осыр къесы,*
*Ӏасэу мэтӀысы.*
*Джэнэ фыжьыр*
*ЧӀым къыщелъэ.*
*Осыр къесы,*
*Ӏасэу мэтӀысы.*
*Шъэбэ-шъабэу,*
*Чъыгы шъхьапэм.*
*Бзыуцыф ӀапӀэу,*
*ЗыпешӀэ.*

**ЯтӀонэрэ тхьамаф:**

### Темэр. МАКЪЭХЭУ [-ЖЬ-], [-ЖЪ-] – ЯКЪЭӀУАКӀЭ ӀОФ ДЭШӀЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКӀЭУ «ТАРА ШЪХЬАДЖ КЪЫЩЭФЫГЪЭР?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пкъыгъохэр зэрагъэпсэуалъэрэм елъытыгъэу зэфахьысынэу, абзэ зэфэхьыс гущыӀэр щагъэфедэнэу, пкъыгъомэ ацӀэ, ахэм ащыщ Ӏахьхэм ацӀэ къагъэлъэгъонэу, къаӀонэу ягъэшӀэгъэн. Рассказ цӀыкӀу *(гущыӀэухыгъэ зытӀущ хъоу)* зэхагъэуцон алъэкӀэу егъэсэгъэных, хьакъу-шыкъумэ ахахьэрэ пкъыгъохэм ацӀэхэр, къэхъукӀэ зэхьщырэу яӀэр къыхагъэщынэу ягъэшӀэгъэн.

**НэрылъэгъуӀэпыӀэгъухэр:** джэгуалъэхэу хьакъу-шыкъухэр, щыгъын зэфэшъхьафхэр.

**ГущыӀэр, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** тучан, къыщэфыгъ, хьакъу-шыкъу, щыгъын.

**Занятиер зэрэрекӀокӀыщтыр:**

**Апэрэ Ӏахьыр.** Къэмлан дахэ кӀэлэпӀум Ӏанэм къытрегъэуцо, кӀэлэцӀыкӀухэм къареӀо ыкӀи къарегъэлъэгъу: «Непэ Фатимэрэ Шумафэрэ



тучаным щыӀагъэх. Зым щыгъынхэр къыщэфыгъ, адрэм хьакъу-шыкъухэр къыщэфыгъ. Къащэфыгъэр зэкӀэ тучантесым зы къамлан къафыдилъхьагъ. Джы афэгощыжьрэп шъхьадж къыщэфыгъэр. АдеӀэгъэн фай. Апэу тежъугъэплъ къащэфыгъэхэм: Фатимэ щыгъынхэр къыщэфыгъ, Шумафэ хьакъу-шыкъухэр къыщэфыгъ.

КӀэлэпӀум пкъыгъохэр зырызэу къыдехы, къегъэлъагъо, къэупчӀэ:

– Мыр сыд?

– Мыр джанэ.

– Джанэр сыдмэ ахахьэрэ?

– Джанэр щыгъынмэ ахахьэ.

– Джанэр сыд фэд?

– Джанэр *(плъыжьы)*, ыпшъапӀи, иджыбэхэри фыжьых, чыӀу фыжьхэри идагъэх.

– Хэта джанэр къэзыщэфыгъэр? *(КӀэлэцӀыкӀухэм ежь-ежьырэу къаӀо)*

– Мыр жъапхъэ.

– Сыд фэда жъапхъэр?

– Хъурай, кӀэ кӀыхьэ пыт.

– Сыдэущтэу агъэфедэра?

– КӀэнкӀи, котлети, картофи, пцэжъыи рыбгъэжъэнхэ плъэкӀыщт.

– Ар хэта къэзыщэфыгъэр?

– Ар Шумафэ къыщэфыгъ.

– Сыдэущтэу къэпшӀагъа?

– Мыр хьакъу-шыкъумэ ахахьэ.

– Тэрэз.

КӀэлэпӀум зэфэшъхьаф хьакъу-шыкъухэр джыри къарегъэлъэгъу, ацӀэ, зэрэбгъэфедэщтыр кӀэлэцӀыкӀухэм къарегъаӀо:

– Мыщ шъоущыгъу ратакъо. Сыд ыцӀэр?

– Шъоущыгъулъ.

– Мыщ хьалыгъу ралъхьэ. Сыд раӀорэр?

– Хьалыгъулъ…

КӀэлэпӀум пкъыгъохэр джыри зырызэу къегъэлъагъох, кӀэлэцӀыкӀухэм ахэм ацӀэ къыраӀо, зыхахьэрэ купыр къаӀо. Мы гущыӀэхэр хэтэу гущыӀэухыгъэхэр зэхагъэуцох.

**Я II-рэ Ӏахьыр.** Макъэхэу [-жь-], [-жъ-] – якъэӀуакӀэ Ӏоф дэшӀэгъэн, гущыӀэу зыхэтхэр къягъэӀогъэн.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

### Темэр. ПШЫСЭУ «БЫСЫМ НЭГЪУЦУ» КЪАФЭӀОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** адыгэхэр хьакӀэм зэрэпэгъокӀхэрэм ехьылӀагъэу зэхэгущыӀэ ягъэшӀыгъэн. Пшысэм купкӀэу хэлъыр сабыйхэм

алъыгъэIэсыгъэн. Адыгэ пшысэхэм къаIуатэрэм, чIэгъ-чIэлъ мэхьанэу яIэхэм гу лъягъэтэгъэн. ХьакIэм ехьылIэгъэ гущыIэжъхэм нэIуасэ афэшIыгъэных.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хьакIэ, бысым, нэгъуцу.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм гущыIэгъу адешIы. ХьакIэ къафакIомэ яунэ исхэр зэрапэгъокIхэрэр, зэрахьакIэхэрэр къарегъэIуатэ. КIэлэпIум адыгэхэр хьакIэм ижъкIэ зэрэпэгъокIыщтыгъэхэр, къызэрэдекIокIыщтыгъэхэр къафеIуатэ. УпчIэ ареты:

– Адэ сыдэущтэу шъулъытэра шъо, зэкIэ хьакIэмэ зэфэдэу дэгъоу дахэу апэгъокIха?

Джэуапмэ ядэIу, зэфэхьысыжь ешIы.

– ЦIыфхэр зэкIэ зэфэдэхэп, зэфэшъхьафэу псэунхэ алъэкIыщт. Непэ къышъуфэсIотэщт пшысэм ар дэгъоу къыхэщы.

КIэлэпIур пшысэм къеджэ, упчIэхэр аретых:

– Шъугу рихьыгъа пшысэр?
– Адэ сыда шъуещхырэ?
– Сыд фэда бысымхэр?
– ХьакIэр зэрэпсэугъэр сыда щхэны хъугъэ?
– Сыда пшысэм бысымыр «нэгъуцоу» зыкIиIорэр?
– Сыда пшысэм тызфигъасэрэр?

Джэуапхэм ядэIу, «нэгъуцу» гущыIэм имэхьан къафеIуатэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** ХьакIэм фэгъэхьыгъэ гущыIэжъхэр къареIо, мэхьанэу къарыкIрэмэ къатегущыIэ.

1. ХьакIэр пстэумэ ап.
2. Адыгэмэ хьакIэр якIас.
4. «ХьакIэ къэкIощт» Iори гъэтIылъ,«бэрэ щылъыгъ» пIоу, умышхыжъ.

**Я III-рэ Iахьыр.** Макъэхэу [-хь-], [-хъ-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

ХьакIэ, хьалыгъу, къахь, къихьагъ, къыхьыгъ, хъырахъишъ, пхъэ, уахътэ, хъэрен.

**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

### Темэр. КIЫМАФЭМ ЕХЬЫЛIАГЪЭУ КIЭЛЭЦIЫКIУХЭМ ПСАЛЪЭ АДЭШIЫГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** кIымафэм ехьылIагъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн. УпчIэхэм джэуап къаратыжьынэу ягъэшIэгъэн. ГущыIэухыгъэ убгъугъэхэмкIэ къаIотэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** кIымафэр къэзгъэлъэгъорэ сурэтхэр.



**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** осы, тхъагъо, щтыргъукI.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIымафэр зэрикIрэр кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм ареIо. КIымафэм гъэшIэгъонэу, тхъагъоу хагъотагъэмкIэ яупчIы:

– КIымафэм дунаир дахэ. Ос къызескIэ, IажэкIэ бгым тыкъехыщтыгъэ, осIашкIэ тешIэщтыгъэ, зыдгъэцIанлъэщтыгъэ, осым тыщыджэгущтыгъэ.

КIымафэр илъэсым иохътэ анахь чъыI. Сыда чъыIэм тыщызыухъумэрэр? Псэушъхьэхэм сыдэущтэу чъыIэм зыщаухъумэра? Бзыумэ таущтэу тафэгумэкIра? Сыда кIымафэм зи къызкIэмыкIрэр?

Джэуапмэ ауж зэфэхьысыжь кIэлэпIум ешIы. КIымафэм ехьылIагъэу усэу ашIэхэрэр къарегъэIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** КIымафэм ехьылIагъэу сурэтхэр кIэлэпIум арегъэшIы.

# ГЪЭТХАПЭ

**Апэрэ тхьамаф:**

### Темэр. НЭХЭЕ Р. ИУСЭУ «СИНАН» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. МАКЪЭУ [-ХЪ-] – ИКЪЭIОН IОФ ДЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** езбырэу усэр ягъэшIэгъэн, мэфэкIым янэмэ къафаIонэу, къэгъагъэхэр зэпаплъыхьанхэу, ацIэхэр къыраIонэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** гъатхэм иапэрэ къэгъагъэхэу тюльпан, нарцисс, мимоза.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** мэфэкI, гуIэт, лъэIэт, зафэ, шIухьафтын.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм агу къегъэкIыжьы шIэхэу ныхэм ямэфэкI къызэрэсыщтыр, ащ зызэрэфагъэхьазырын фаер. Сабыйхэм къафеIуатэ, а мафэм ныхэм шIухьафтынхэр зэрафагъэхьазырырэр, орэдхэр, усэхэр къызэрафаIорэр, шIу зэрэплъэгъун фаер. Ежь кIэлэцIыкIухэми янэмэ апай усэ зэрагъэшIэнэу фаехэмэ яупчIы. Усэм къафеджэ:

*– Ным игущыIэ анахь гуIэт,*
*Ным игущыIэ анахь лъэIэт,*
*Ным игущыIэ тэрыкIэ зафэ,*
*Тыгу зыфаем къытырегъафэ.*

Джыри зэ къеджэ. Нахь дэгъоу зыгу изыубытагъэм деIэзэ къырегъаIо.

КIэлэцIыкIухэм яупчIы: «Сыда мыщ фэдэ мафэм нымкIэ анахь тын дэгъур?»

– Къэгъагъэр ары.

– Ары, джыри щагур чъыIэми, къэгъагъэхэр унэм къыщыкIэу тиIэх (къарегъэлъэгъу): тюльпани, нарцисси, мимози. Сыд фэда мыхэмэ ашъохэр?

– Нарциссыр гъожьы. Мимозэри гъожьы. Тюльпаным шъо зэфэшъхьафхэр иIэх: плъыжьы, гъожьы, шэплъы.

– Хэты сыд фэдэ къэгъагъ янэ ритынэу фай?

Джэуапхэм ялъытыгъэу къэгъагъ цIыкIухэр тхылъыпIэм хашIыкIых, ахэр шъо зэфэшъхьафкIэ агъэлэжьых.

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. НЫМ ЕХЬЫЛIАГЪЭУ КIЭЛЭЦIЫКIУХЭМ ГУЩЫIЭГЪУ АДЭШIЫГЪЭН. УСЭХЭУ, ОРЭДХЭУ НЫМ ФЭГЪЭХЬЫГЪЭХЭМ ЯГЪЭДЭIУГЪЭНЫХ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** ныр шIу ягъэлъэгъугъэн: фэгумэкIынхэу, адеIэнхэу, ыгу хамыгъэкIынэу, ыIорэм едэIунхэу фэгъэсэгъэных. Ным фэгъэхьыгъэу рассказ цIыкIу зэхагъэуцонэу, къаIотэнэу ягъэшIэгъэн. Ным ехьылIэгъэ гущыIэжъхэр къягъэIогъэн, ямэхьанэ агурыгъэIогъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** ным фэгъэхьыгъэ орэдэу «Синан» ебгъэдэIущтых.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** нышъо, шъоум фэд, лъытэныгъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы:

– Сыд мэфэкIа зызфэдгъэхьазыррэр?

– Сыда шъуянэмэ къышъуфашIэрэр?

– Шъо сыдэущтэу шъуадеIэра?

– ШIу шъолъэгъуа шъуянэхэр?

КIэлэпIум зэфэхьысыжь ешIы. Орэдым регъэдэIух. Орэдэу «Синан» зышIэрэмэ къыдаIо, жьыур зэкIэмэ къызэдаIо.

– Непэ тянэмэ татегущыIагъ. Орэд дахэмэ тядэIугъ. Джы нымэ афэгъэхьыгъэ усэхэм сыкъышъуфяджэнэу сыфай:

1. Жэнэ Къ. «Ныр».
2. Нэхэе Р. «Ныр».
3. Фольклорым щыщ усэ цIыкIоу «Сэ синан».

Жэнэ Къ. иусэу «Ныр» зыфиIорэ текстым Iоф дарегъашIэ.

**Я IIрэ Iахьыр.** Усэм щыщ пычыгъомэ къафеджэзэ къызтегущыIэрэр къарегъаIо.



– Сыд фэда «Ны» гущыIэр?

– Сыдым фигъадэра усакIом а гущыIэм фэбагъэу хэлъыр?

– Сыда ныр зэкIэмэ зыкIэнахь лъапIэр?

Усэр езбырэу арегъашIэ: ЗэкIэ зэгъусэхэу, куп-купэу, зырызэу къарегъаIо.

**Я IIIрэ Iахьыр.** ГущыIэжъхэу ным фэгъэхьыгъэхэм къафеджэ, ямэхьанэхэр агурегъаIох.

1. «Нышъор шъоум фэд».
2. «Зянэ зымылъытэрэм лъытэныгъэ фашIырэп».
3. «Уянэ къыуиIорэм едэIу, уятэ къыуиIорэр шIэ».
4. «ХъантIаркъори зянэм «сянэ дахэ» – ыIуагъ».

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. ИЛЪЭСЫМ ИУАХЪТЭХЭМ АФЭГЪЭХЬЫГЪЭУ АШIЭРЭ УСЭХЭР КЪЫКIЯБГЪЭIОТЫКIЫЖЬЫН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** илъэсым иуахътэмэ яхьылIагъэу ашIэрэ усэхэр агу къэгъэкIыжьыгъэн. Илъэсым иуахътэхэр зэрэзэтекIхэрэм гу лъягъэтэгъэн;агу рихьрэр, римыхьрэр къаIонэу егъэсэгъэных. ГущыIэхэу: илъэс, уахътэ, бжыхьэ, кIымаф, гъатхэ, гъэмаф – абзэ щагъэфедэнэу ягъэшIэгъэн.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** кIэлэпIум сабыйхэр щагум зырищыхэкIэ, гъатхэм инэшанэхэм алъигъэплъэщтых, къаригъэIотэщт.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** илъэсым иуахътэхэр арытхэу сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** кIымафэр къэсыгъ, ос къесы, гъэмафэр фабэ, ощх къещхы, тхьапэхэр гъожьы хъугъэх.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Занятиер зыригъажьэкIэ кIэлэпIум агу къегъэкIыжьы щагум щалъэгъугъагъэхэр: нахь фабэ къэхъугъ, осыр бэшIагъэу жъужьыгъэ, чъыгмэ пкIэшъэ уцышъохэр апыт, къэгъагъэхэр хъои.

КIэлэпIур яупчIы: «Сыд фэдэ уахътэха джыри ашIэхэрэр, сыда уахътэм хъухэрэр?»

Джэуапэу къатыгъэм хэгъэхъонхэр фешIых. Усэу зэрагъэшIэгъагъэхэм къафеджэ, агу къегъэкIыжьы, къарегъаIох. Усэ пэпчъ тыкъэзыуцухьэрэ дунаим инэшанэу къызтегущыIэрэхэмкIэ яупчIы.

– Гъэмафэм фабэ, ощхэу къещхырэр фабэ.

– Бжыхьэм чъыг пкIашъэхэр гъожьы, плъыжьы мэхъух, чъыIэ къэхъу.

– КIымафэм чъыIэ, ос къесы, фабэу зытэфапэ.

Усэхэр:

Цуекъо Дж. «КIымафэр къэсыгъ».
Мырзэ Дз. «Къесы».
Жэнэ Къ. «Март».
Жэнэ Къ. «Гъэмаф».
Нэхэе Р. «Бжыхьэ».
**Я II-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ. ДжэгукIэу «ТхьакIумкIыхь».

**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

### Темэр. АДЫГЭ ПШЫСЭУ «УНЭ ЦЫГЪОМРЭ ГУБГЪО ЦЫГЪОМРЭ» КЪАФЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** макъэу [-гъо-] – икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн; пшысэм мы макъэр бэрэ къызыщыхафэрэм егъэдэIугъэных. Фольклорыр шIу ягъэлъэгъугъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** джэгуалъэ е сурэтэу цыгъуитIу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** губгъо, джэныкъо.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум цыгъо цIыкIуитIу джэгуалъэу е сурэтэу къырехьэх. Аримыгъэлъэгъузэ хырыхыхьэр ареIо: «Нэ цIыкIу, пэ цIыкIу, джэдыгу цIыкIу зыщыгъ» (цыгъо).

ЕтIанэ, джэгуалъэхэр арегъэлъэгъу, гущыIэхэу: губгъо, цыгъо, унагъо, гъогу къарегъэIox. Ахэм зэфэдэ макъэу къахэфагъэр къыхарегъэгъэщы. Макъэу [-гъо-] нэбгырэ зырызэу къарегъэIо, макъэр къаIо зыхъукIэ аIупшIэхэр зэрашIын фаем анаIэ тырегъэты.

Цыгъо джэголъитIур джыри къештэ, кIэлэцIыкIухэм ареIо:

– Мыр Губгъо цыгъу. Мыр Унэ цыгъу. Мыхэм яхьылIагъэу пшысэ шъуедэIунэу шъуфая?

Пшысэр къафеIуатэ.

– Сыда Губгъо цыгъор чэтыум зыкIыщымыщынагъэр?

– ЗыпарэкIи ылъэгъугъэп.

– Сыда Унэ цыгъом Гъубгъо цыгъом зыкIыримыIуагъэр чэтыум зэришхын ылъэкIыщтыр?

– Джэуапэу къатыжьхэрэмкIэ зэфэхьысыжь ябгъэшIыжьыщт.

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэу [-гъо-] – икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн, гущыIэхэу мы макъэр къызхафэхэрэр къягъэIогъэн: цыгъо, набгъо, губгъо, гъончэдж, къэгъот...

**Я III-рэ Iахьыр.** Пшысэу «Унэ цыгъомрэ Губгъо цыгъомрэ» къябгъэгъэлъэхъощт.



# МЭЛЫЛЪФЭГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

### Темэр. «ХЭТЭРЫКIХЭР ТЭГЪЭТIЫСЫХ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** хэтэрыкIэу ашIэхэрэм ацIэхэр къырябгъэIон, ахэр зэрагъэтIысхьэхэрэр, зэрэдэлажьэхэрэр къягъэIотэгъэн. Темэм ехьылIагъэу гущыIэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн. ГущыIэухыгъэ ухыгъэкIэ къэгущыIэнхэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хьэсэ сурэт, чъыг хат, хэтэрыкIмэ ясурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хатэ, хэтэрыкI, къэкIы, гъэтIысхьан, тIэн, пкIэн, псы кIэгъэхьон, кIэ зэфэшъхьафхэр.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэцIыкIухэр Iанэмэ акIэлъырысых. Апашъхьэ хэтэрыкIхэм ясурэтхэр арылъых. Хьасэмрэ чъыг хатэмрэ ясурэтхэр дэпкъым пылъагъэх.

– КIэлэцIыкIухэр, дунаир сыд фэда? Сыда къызкIэфэбагъэр, осыр зыкIэжъужьыгъэр?

– Гъатхэр къэсыгъ.

– Сыда гъатхэм анахь IофшIэн инэу чылэм щыпсэурэ цIыфмэ яIэр?

– КъэкIхэрэр агъэтIысхьанхэу ары.

– Хэт къыIощта, сыда пшIэн фаер зыгорэ бгъэтIысхьаным, къэбгъэкIыным пай?

– ЧIыгур бгъэхьазырын фай.

– Сыдэущтэу? *(КъарегъэIуатэ).*

– ПтIыщт, бгъэушъэбыщт, абанэхэр пшIынышъ кIэхэр иудзэщт, дэгъоу ятIэр тепхъожьынышъ бгъэшъокIэу псы кIэбгъэхъощт.

– Джы шъуеплъ мы сурэтитIум. Тара хэтэрыкIхэр зыщыбгъэтIысхьащтхэр?

– Хьасэр ары.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Тыдэ щыбгъэтIысхьан фай?»

КIэлэцIыкIухэм пхъэшъхьэ-мышъхьэ чъыгхэмрэ, хэтэрыкIхэмрэ зэрыт сурэтхэр аштэ, шъхьадж ыштэгъэ сурэтым елъытыгъэу къеIо: къэкIрэр, къызщыкIын ылъэкIыщтыр, рахьылIэрэ Iэмэ-псымэхэр.

– Мыр мыIэрысэ чъыг, мыр чъыг хатэм щыбгъэтIысхьан фае…

– Мыр нэшэбэгу. Мыр хэтэжъыем щыбгъэтIысхьан фае.

ЗэкIэ «загъэтIысхьахэкIэ» кIэлэпIум зэфэхьысыжь ешIы.

## Темэр. «ХЬАЦIЭ-ПIАЦIЭХЭР» – ЗЭХЭГУЩЫIЭ АДЭШIЫГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** хьацIэ-пIацIэу алъэгъурэмэ ацIэ къыраIон алъэкIынэу, ятеплъэкIэ зэфэдэу яIэр, зэрэзэтекIхэрэр къаIонэу ягъэшIэгъэн. ЯшIэныгъэ хагъахъо ашIоигъонэу гъэсэгъэных.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** экскурсие е джэгунэу ипщыхэмэ хьацIэ-пIацIэу алъэгъурэмэ нахь анаIэ атырадзэнэу, сурэтэу ахэр зэрытхэр къяптызэ ебгъэплъыщтых.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэтэу хьацIэ-пIацIэхэр зэрытхэр, карточкэхэу «Афэмыдэр къашIэ».

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хьацIэ-пIацI, пкIау, хьампIырашъу, къамзэгу, цу цIыкIу, бэджы, бжьэ, къэцыгъуан, къолэн.

### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** Сурэт зэфэшъхьафхэу бзыухэри хьацIэ-пIацIэхэри зэрытхэр къыпхьащт.

– КIэлэцIыкIухэр, мы сурэтхэр къысфахьыгъэх, зэ шъуштэхэри шъуяплъ, дэхэ дэдэх арытхэр, шъушIэ горэ ахэтмэ къысашIуIу. *(КIэлэцIыкIухэм сурэт зырыз хахы, мэтIысыжьых).*

Шъхьадж ыштэгъэ сурэтым итыр къеIо:

– Сэ сисурэт бзыу ит. Ар тхьаркъо.

– Сэ сисурэт хьампIырашъо ит. Ар къолэн дах.

– Сэ сисурэт бэдж ит. Ар шIуцIэ, лъэкъуабэ кIэт…

– Сыда мыхэр зэрэзэтекIхэрэр?

– Тхьаркъор, къолэжъыр, къанджыр… – бзыух.

– Мыдрэхэр сыдых? *(Джэуапмэ ядэIу).*

– Мыдрэ къэнагъэхэр сыдха? *(АмышIэрэмэ, ареIо).*

– Мыхэр хьацIэ-пIацIэх. Ахэр бзыумэ ялъытыгъэмэ цIыкIу дэдэх. КъашъуIо, сыда зэрэзэтекIхэрэр?

– Джы зышIэрэм къысферэIуат мыхэм ятеплъэ, зыщалъэгъугъэр, ашIэрэр.

– Мыр хьампIырашъу. ХьампIырашъор къолэн дах. Ар къэгъагъэхэр боу къызщыкIырэм щэбыбатэ. Ахэм зэфэшъхьаф теплъэ яI.

– Мыр бжьэ. Бжьэр чIыпцIэ цIыкIу. ШIогъэшхо къехьы. Шъоу ешIы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэу [-жь-] – икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

Жь-жь-жь – бжьэр мэбыбы.

Жъ-жъ-жъ – пыжъы, пшъэшъэжъый, шъэожъый, тэтэжъ, нэнэжъ, бзыужъый, чэтыжъый.





## Темэр. ПЦЭЖЪЫЕУ АКВАРИУМЫМ ХЭСМЭ АЛЪЫПЛЪЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пцэжъыем итеплъэ, зыщыпсэурэр, адрэ псэушъхьэмэ зэратекIрэр кIэлэцIыкIухэм ягъэшIэгъэн.

**ПэшIорэгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** мэфэ зытIущ щыIэу пцэжъые сурэт ябгъэлъэгъущт. Гу лъябгъэтэщт пцэжъыер адрэ псэушъхьэмэ зэратекIрэм, пкъэу иIэхэм: кIэ пыт, шъхьэ иI, зэресрэр, тэмэ цIыкIухэр готых, пIон телъ. Сабыйхэм агурыбгъэIощт пцэжъыер псым зэрэхэсыр, дэгъоу зэресырэр, зэримытхьалэрэр, псым хэмысэу щыIэн зэримылъэкIыщтыр.

Аквариумым хэсхэу пцэжъые псаухэр аригъэлъэгъунэу кIэлэцIыкIухэр егъэгугъэх кIэлэпIум.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** пцэжъые зэфэшъхьафмэ ясурэт, пцэжъыем имодель, пкъы пэпчъ изакъоу, зэхэбгъэуцон плъэкIынэу, щыIэмэ – аквариумэ пцэжъыехэр хэсэу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** пцэжъый, пIоны, пцэжъые там, есы.

### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** Аквариумыр хэIэтыкIыгъэу бгъэуцущт, кIэлэцIыкIухэр пхъэнтIэкIумэ атесхэу ащ къебгъэтIысэкIыщт. Аквариумым благъэу емыкIольэнхэу, хэмыIэбэнхэу афэбгъэпытэщт.

Пцэжъыехэм залъыплъахэхэкIэ упчIэхэр кIэлэцIыкIумэ яптыщт:

– Сыда шъузэплъыгъэр?

– Тыдэ щыпсэура пцэжъыехэр?

– Сыд фэдэ пкъыха пцэжъыехэм къыхэбгъэщынэу иIэхэр?

– Шъхьэ, кIэ, нэхэр иI, ыкIышъо пIон телъ.

– Аквариумым ит псым хэс зыхъукIэ пцэжъыехэм сыдэущтэу зашIыра? *(Зэресыхэрэм лъэплъэх, къаIо).*

– Джы тылъыплъэщт пцэжъыехэр зэрэшхэрэм.

КIэлэпIум шхыныр псым хетакъо, кIэлэцIыкIухэр пцэжъыехэр зэрэшхэрэм лъэплъэх. Алъэгъухэрэр къаIуатэ. *(Пцэжъыехэм акIэрэ атэмэ цIыкIухэмрэ агъэсысзэ псым щесых).* Зэ псычIэгъ, зэ псышъхьагъ зашIы. Шхыныр псынкIэу апхъуатэ, гуIэхэзэ машхэх. *(Нэбгырэ зытIущ шхыныр пцэжъыехэм афыхябгъэтэкъощт).* АшIэрэр къябгъэIощт:

– Сэ пцэжъыехэм шхын псым афыхэсэтакъо.

– Пцэжъыехэмэ гуIэзэ шхыныр апхъуатэ.

– Ахэр чэфэу псым щесых, зэдэджэгухэрэм фэд.

**Я II-рэ Iахьыр.** Пцэжъыер кIэлэцIыкIухэм аупIэпIы е сурэт ашIы.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. ПЩЭРЫХЬАКIОМ ИIОФ ЕХЬЫЛIАГЪЭУ КЪАФЭIОТЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ХЭТЫ СЫД ИЩЫКIАГЪ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пщэрыхьакIом иIоф къафытегущыIэгъэн; ащ шхын зэфэшъхьафэу ышIыхэрэмэ ацIэ кIэлэцIыкIухэм яIогъэн, гущыIэу ащ фэгъэхьыгъэхэр зэхэугуфыкIыгъэу, IупкIэу къаIонэу ягъэшIэгъэн; пщэрыхьакIом иIофшIэнкIэ ищыкIэгъэ хьакъу-шыкъухэр хэушъхьафыкIыгъэу, ацIэ къыраIонэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** пщэрыхьаным ехьылIагъэу зэрыт сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хьакъу-шыкъу, щыуан, жъапхъэ, къашыкъ, егъажъэ, егъажъо, бэлагъ.

**Занятиер зэрэкIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Жэнэ Къ. иусэу «Пшъэшъэжъыем ихьалыжъый» кIэлэпIур къафеджэ, упчIэ заулэ кIэлэцIыкIухэм ареты: «Сыда пшъэшъэжъыем ышIагъэр? Сыда ащ узэреджэн плъэкIыщтыр?» *(«ПщэрыхьакIу»)*. Сыда джыри пщэрыхьакIом ыупщэрыхьан ылъэкIыщтыр? *(АдеIэзэ къарегъаIо)*. Сыд фэдэ хьакъу-шыкъуха ащ ищыкIэгъэщтхэр? *(КъарегъаIо)*.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Хэт сыд ищыкIагъ».

КIэлэпIум кIэлэцIыкIуитIу къахещы, пэIупхэхэмрэ пэIо фыжьхэмрэ ащелъэх: «Хэта мыхэр?» *(Джэуапхэр)*. Адрэ кIэлэцIыкIухэм шхыныгъоу агъэхьазырыщтым ыцIэ къыраIо. Ар аупщэрыхьаным пай ящыкIэгъэ хьакъу-шыкъухэр ежьхэм къыхахы, рашIэщтыр къаIуатэ *(джэмыш, цацэ, шъэжъый, жъапхъэ, кастрюл, мясорубк, лагъэ, щыуан)*.

# ЖЪОНЫГЪУАКI

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. НЭХЭЕ Р. ИУСЭУ «БЭРЭ МАИР КЪЫТФЭРЭКIУ» ЩЫЩ ПЫЧЫГЪО ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** усэм хэт гущыIэхэр IупкIэу къаIонэу ягъэшIэгъэн. Усэр езбырэу къаIонэу, макъэу [-гъ-] зыхэт гущыIэхэр агу раубытэн, ахэм якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** гъэтхэ сюжет зиIэ сурэтхэр.



**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** гъатхэ, хэгъэгу, къэгъагъ.

**Занятиер зэрэкIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм ареIо шIэхэу мэфэкI мафэ къызэрэсыщтыр, ащ фэгъэхьыгъэу усэ аригъашIэмэ зэрэшIоигъор.

Усэм зэрэщытэу къафеджэ, етIанэ езбырэу зэрагъэшIэщт пычыгъом ынаIэ тыраригъадзэ. УпчIэхэр аретых:

– Сыд фэдэ мэфэкIа къэсыщтыр?

– Сыд фэдэу маир усэм къыгъэлъагъора?

Джыри зэ усэм къеджэ, къыздарегъаIо, нахь зыгу изыубытагъэмэ къыкIарегъэIотыкIыжьы.

*Маир дахэ,*
*Маир гъатхэ,*
*Къэгъагъэхэр зэмышъогъу.*
*Маир плъыжьы,*
*Маир фыжьы,*
*Сихэгъэгу игушIуагъу.*

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэу [-гъ-] – зыхэт гущыIэмэ якъэIуакIэ Iоф дешIэ: гъатхэ, къэгъагъ, хэгъэгу, сихэгъэгу.

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. ПШЫСЭУ «АТАКЪЭМРЭ ЧЭТКЪУРТЭМРЭ» КЪАФЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пшысэр къафэпIуатэ зыхъукIэ ыпэкIэ къэхъущтым ежэхэзэ ашIогъэшIэгъонэу къедэIунхэу егъэсэгъэных. Атакъэм ышIагъэм уасэ фягъэшIыгъэн. Чэткъуртэм изекIуакIэ гу лъягъэтэгъэн, инэу анаIэ тырягъэдзэгъэн.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** сурэтэу чэткъуртэмрэ чэтжъыехэмрэ егъэплъыгъэных, ащ ехьылIагъэу рассказ мыин къафэIотэгъэн. Мафэу занятиер зыщяIэщтым чэткъуртэрэ чэтжъыехэмрэ джэгуалъэхэу группэм къэпхьыщт, сабыйхэм алъэгъунэу, екIолIэнхэ алъэкIынэу бгъэтIылъыщтых.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** чэткъурт, чэтжъый.

**Занятиер зэрэкIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэцIыкIухэр пхъэнтIэкIухэм атесых. КIэлэпIур апашъхьэ къетIысхьэ, Iанэу чэткъуртэмрэ чэтжъыехэмрэ *(джэгуалъэхэр)* зытесыр къегъэуцу. «Атакъ» зыфиIорэ усэу Пэнэшъу Хь. ытхыгъэр къафеIо.

– КIэлэцIыкIухэр, шIошIэжьха мыхэр?

Джэуапэу къатыжьырэм елъытыгъэу ареІо:

– Ары, мыхэр сурэтым итыгъэ чэткъуртэмрэ чэтжъыехэмрэ арых.

– Зэ шъуяплъ, шъугу къэжъугъэкІыжь ахэр зыфэдэхэр. *(Джэуапмэ ядэІу).*

– КІэлэцІыкІухэр, адэ шъушІэнэу шъуфая мыхэм зымафэ къяхъулІагъэр? *(Джэуапхэр).*

– Мыхэм язэкъуагъэп, атэкъэжъри ягъусагъ. ШъукъедэІу джы ахэм къяхъулІагъэм.

КІэлэпІум пшысэр къеІуатэ. Атакъэм зызщигъэбылъыжьырэ чІыпІэр, чэткъуртэм ищырхэр къызэриухъумэрэр нахь къыхигъэщзэ къеІуатэ, етІанэ упчІэхэр кІэлэцІыкІухэм аретых:

– Сыда чэткъуртэм ышІагъэр? Тыда ахэр зыщыупхъоштыгъэхэр? Сыда атакъэм къариІуагъэр? Сыд пае чэткъуртэр дэкІынэу фэмыягъа? АщкІэ атакъэм сыда ыІуагъэр? Бгъашхъор къызашъхьэрэбыбэм сыда атакъэм ышІагъэр, таущтэу чэткъуртэр псэугъа? Сыд ушъхьагъуа атакъэм ышІыгъэр?

**Я II-рэ Іахьыр.** Уахътэ къэнэжьмэ джэгуалъэхэр агъэфедэзэ пшысэм щыщ пычыгъохэр драматизировать ябгъэшІын плъэкІыщт.

### Ящэнэрэ тхьамаф:

## Темэр. НАНЭ ДЭЖЬ АВТОБУСЫМКІЭ ТЭКІО. МЭКЪЭ ЗЭФЭШЪХЬАФХЭМ ЯКЪЭІУАКІЭ ІОФ ДЭШІЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** кІэлэпІум къыІотэгъэ рассказ цІыкІум едэІунхэу, машинэ зэфэшъхьафэу щыІэхэм, ахэм шІуагъэу яІэр агурыгъэІогъэн.

**Нэрылъэгъу ІэпыІэгъухэр:** машинэ джэголъэ зэфэшъхьафхэр.

**ГущыІэр, гущыІэ гъэфедакІэхэр:** хьылъэзещ, тІысыпІэ.

**Занятиер зэрэрекІокІыщтыр:**

**Апэрэ Іахьыр.** КІэлэпІум кІэлэцІыкІумэ апашъхьэ машинэ джэголъэ зэфэшъхьафхэр къырегъэуцо:

– Сыда мыхэр?

– Мыхэр машинэх.

– Сыдэущтэу машинэхэр цІыфмэ агъэфедэхэра?

– Зыгорэм кІонхэ зыхъукІэ етІысхьэх, хьылъэхэр рызэращэх.

– Машинэ пэпчъ хьылъэхэр зэрищэн ылъэкІыщта, цІыфхэр зэрищэн ылъэкІыщта?

Джэуапмэ ядэІу, машинэ зэфэшъхьафмэ шІуагъэоу ахэлъыр къафеІуатэ.

– ЦІыфыбэ зепщэн хъумэ, сыд фэдэ машинэ бгъэфедэмэ хъущтыр? *(Автобус).*

– Сыда автобус кІоцІым боу итыр? *(ТІысыпІэхэр).*



– Шъуфаемэ нанэ дэжь хьакІакІо тыкІощт. Сыда ащ пае тищыкІагъэр?

– Автобус, шофер, бензин.

КІэлэцІыкІухэм пхъэнтІэкІухэр агъэуцу, шоферыр агъэнафэ. ЕтІысхьэх автобусым, чІыпІэу зыдэтІысхэрэр къаІозэ:

– Сэ ыпэкІэ щыт тІысыпІэм сытетІысхьащт.

– Сэ ыгузэгукІэ щыт тІысыпІэм сытетІысхьащт.

– Сэ шъхьангъупчъэм сыІутІысхьащт.

**Я II-рэ Іахьыр.** КІэлэцІыкІухэм мыщ дэжь орэд цІыкІоу «Синан» къябгъаІомэ хъущт. Е макъэ горэм икъэІуакІэ Іоф дябгъэшІэмэ хъущт. ГущыІэм пае, [-п-], [-б-].

### ЯплІэнэрэ тхьамаф:

## Темэр. «ЧЫЛЭ-КЪАЛЭ» – ЗЭХЭГУЩЫІ. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКІЭУ «ХЭТ ТЭДЭ ЩЫПСЭУРА?»

**Программнэ пшъэрылъыр:** зыщыпсэухэрэм къалэми чылэми щальэгъугъэхэр къаІошъунэу. Къалэмрэ чылэмрэ зэрэзэтекІхэрэр ягъэшІэн. ЗэкІэлъыкІокІэ тэрэз иІэу гущыІэухыгъэхэр агъэпсынхэу егъэсэгъэных. Макъэхэу [-къ-], [-къу-] – якъэІуакІэ Іоф дэшІэгъэн.

**Нэрылъэгъу ІэпыІэгъухэр:** къалэри чылэри арытхэу иллюстрациехэр, транспортхэр арытэу сурэтхэр.

**ГущыІэр, гущыІэ гъэфедакІэхэр:** къалэ, чылэ, урам, лъагэ, шъуамбгъо.

**Занятиер зэрэрекІокІыщтыр:**

**Апэрэ Іахьыр.** КІэлэпІур кІэлэцІыкІухэм иллюстрациехэр арегъэлъэгъу. Мыхэм арытхэм ацІэ къарегъаІо.

– Мыр чыла, хьауми къала?

– Сыда сурэтым ишъулъагъорэр?

– Узыщыпсэурэ къалэм *(чылэм)* сыда ыцІэр?

– Сыда къалэмрэ чылэмрэ зэрэзэфэдэхэр *(зэрэзэтекІыхэрэр)*?

**Я II-рэ Іахьыр.** КІэлэпІум транспорт зэфэшъхьафхэр зэрыт сурэтхэр арегъэлъэгъух. Зэрагъэфедэхэрэр, зыщагъэфедэхэрэр къарегъаІо.

– Мыр трактор. Тракторыр чылэм щыплъэгъущт.

Ащ чІыгур ежъо...

– Мыр троллейбус. Троллейбусыр къалэм щыплъэгъущт. Мыщ цІыфхэр зэрещэх...

ЦІыфхэр къалэми чылэми зэрэщыпсэухэрэ зэфэхьысыжьхэр ышІызэ кІэлэпІум кІэлэцІыкІухэм къафеІуатэ. Къалэмрэ чылэмрэ зэрэзэфэмыдэхэр, ахэм шъхьаф-шъхьафэу къатегущыІэ.

**Я III-рэ Іахьыр.** Дидактическэ джэгукІэу «Хэт тэдэ щыпсэура?»

# НАХЬЫЖЪ КУП

## IОНЫГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

### Темэр. «СЫБЗЭ ТЫГЪЭУ СЭ КЪЫСФЕПСЫ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** яныдэлъфыбзэ нахь шIу ягъэлъэгъун, рыгущыIэхэ ашIоигъоу егъэсэгъэных. Адыгабзэм ехьылIэгъэ усэу тиусакIомэ атхыгъэмэ ащыщхэм къафеджэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** чIыпIэ зэфэшъхьафхэм ясурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** сыбзэ, ныдэлъфыбз, адыгабз, сыбзэ сибайныгъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Бзэм ехьылIагъэу, сыд фэдэ цIыф лъэпкъи ежь иунаеу бзэ зэрэIулъыр, ахэр зэрэзэфэмыдэр, бзэм мэхьанэу иIэр кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм къафеIуатэ.

О уилъэпкъыбзэ о умыгъэлъапIэмэ, урымыгущыIэмэ адрэ цIыф лъэпкъмэ яягъэ зэремыкIыщтыр, ау бзэм изехьакIо чIэнагъэу ышIын зэрилъэкIыщтыр агурегъаIо. Лъэпкъ шэн-хэбзэ зэхэтыкIэр, тхэн-еджэныр бзэм зэрепхыгъэр, бзэр дэгъоу пшIэмэ узэригъэбаищтыр, ишIуагъэ къызэрэокIыщтыр къафеIуатэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** Адыгабзэм ехьылIэгъэ усэу щыIэхэм кIэлэпIум ацIэ къыреIо, зытхыгъэхэр къыхегъэщы:

1. МэщбэшIэ И. «Ныдэлъфыбз».
2. Бэрэтэрэ Хь. «Синыдэлъфыбз».
3. КIубэ Щ. «Ныдэлъфыбз».
4. Дэрбэ Т. «Сыадыг».

КIэлэпIур усэ пэпчъ къеджэ, усэм игъэпсыкIэ, ныдэлъфыбзэм усакIоу зытхыгъэм мэхьанэу ритырэр къыхегъэщы. Нахь ыгу рихьрэ гущыIэхэр къыкIарегъэIотыкIыжьы:

*– Мы дунай нэфым апэрэ псалъэр щыщ сфэзышIыгъэр синыдэлъфыбз.*

*– СIорэмылъыжьи адыгэ псалъэр*
*Сянэ сыдэущтэу ыцIэ къесIона?*
*– Зилъэпкъыбзэ емыджэрэр*
*Зыхэс лъэпкъым хэкIодэн.*

УсакIом мы гущыIэхэм мэхьанэ кууу зэраритырэр къызэрэхэщрэм кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм къафыкIегъэтхъы. Зэфэхьысыжьхэр ешIы.

**Я III-рэ Iахьыр.** Адыгэ чIыгум ичIыпIэ дахэмэ ясурэтхэр кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм зэпарегъэплъыхьэ.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

### Темэр. «ГЪЭМАФЭР ЗЭРЭЗГЪЭКIУАГЪЭР». ШIЭНЫГЪЭУ AIЭКIЭЛЪЫМ ЕЛЪЫТЫГЪЭУ РАССКАЗ ЦIЫКIУ ЗЭХАГЪЭУЦОН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** гъэмафэм природэм изэрэщыт хашIыкIрэм хэгъэхъогъэн. КIэлэпIум къытыгъэ планым техыгъэу рассказ зэхагъэуцон алъэкIынэу егъэсэгъэных. Макъэхэу [-с-],[-лъ-] – якъэIуакIэ Iоф дягъэшIэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** гъэмафэм ехьылIэгъэ сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** гъэмаф, ощхыбыб, тыгъэ, зыгъэпсэфыгъу, зыдгъэпсэфыгъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэцIыкIухэр къызэрегъэтIысэкIых. Гъэмафэм ехьылIэгъэ усэмэ къафеджэ.

1. Мырзэ Дз. «Ощхыбыб».
2. Хьамыщ С. «Тэтэжъ исад».
3. Бэрэтэрэ Хь. «Гъэмафэр».

**Я II-рэ Iахьыр.** Гъэмафэм ехьылIэгъэ сурэтмэ кIэлэцIыкIухэр арегъэплъых.

КIэлэпIур кIэлэцIыкIумэ яупчIы:

– Тызэплъыгъэм, тызэдэIугъэм фэдэхэр сыдигъуа зышъулъэгъугъэхэр?

– Гъэмафэм хэт тыдэ щыIагъ? Хэт шъуигъусагъ? Таущтэу зыжъугъэпсэфыгъ? КIэлэцIыкIумэ къаIотагъэхэм къатегущыIэ зыхъукIэ анаIэ атрырегъадзэ гущыIэу агъэфедагъэхэм, гущыIэухыгъэхэр зэрэзэхагъэуцуагъэм. Анахь рассказ дэгъум джыри зэ регъэдэIужьых.

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыд фэд?»

Илъэс уахътэхэр зэрэзэтекIыхэрэр, къяпIолIэн плъэкIыщтымкIэ тырегъэгущыIэх.

– Гъэмафэр сыд фэда? Сыд тыгу рихьынэу хэтлъагъорэр? Сыда тшIэнэу тикIасэхэр? Джащ фэдэу адрэ илъэс уахътэхэр агу зыкIырихьыхэрэри къарегъэIуатэ. ЯупчIы:

– Сыд уахътэр ара нахь шъуикIасэр?
– Сыда?
**Я IV-рэ Iахьыр.** Макъэхэу [-с-], [-лъ-] – якъэIуакIэ Iоф дягъэшIэгъэн.
**Я V-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

*Тэ мэкъуао тыщыIагъ,* *(мэкъу еохэрэм фэдэу ашIы).*
*Мэфэ реным мэкъу теуагъ.*
*Мэкъур хъоеу тыупкIагъэ,* *(къаштэ, агъэIылъырэм фэдэу ашIы).*
*Iэтэ инхэр зэтетлъхьагъэ.*
*Тыпшъыгъ лъэшэу, тытIысын,*
*ТIэкIу дэдэ тыщысын.* *(хьампIэIоу мэтIысых тIэкIурэ щэсых, къэтэджыжьых).*
*Тищэмэджхэр къэтиштэжьын,*
*ТелъэкIонзэ тэкIожь* *(щэмэджыр атамэ тыралъхьэ, псынкIэу мэкIожьых).*

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. «ХЬАЛЫГЪУР ТЫДЭ КЪЭКIЫГЪА?» – ЗЭХЭГУЩЫI. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ХЬАЛЫГЪУР ГЪЭЛЪАПIЭ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** чIыгум дэлажьэхэрэм яIофшIэн, ащ шIуагъэу къыхьрэм кIэлэцIыкIухэр нэIуасэ нахь благъэу фэшIыгъэных; чIыгум дэлэжьэнхэр якIэсэнэу гъэсэгъэных, хьалыгъум уасэ фашIэу, кIаугъуаеу егъэсэгъэных.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщтыр:** чIыгур зэражъорэр, лэжьыгъэр зэрэрапхъырэр, къэкIырэр зэрэIуахыжьрэм ясурэтхэр кIэлэцIыкIухэм ягъэлъэгъун. Амал уиIэу щытмэ, губгъом пщэнхэшъ лэжьыгъэр къызэрагъэкIрэм ебгъэплъыщтых.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** лэжьыгъэхэр итэу сурэтхэр, коцышъхьэхэр IапIэу шIыгъэу, коцыцэхэр, хьаджыгъ, хьалыгъу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** лэжьыгъ, чылапхъ, фышъхьэ, тхьацу, хьаджыгъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Хырыхыхьэр кIэлэпIум ареIо: «Губгъом щагъэкIы шъхьалым дагъэкIы, хьакум щагъажъэ» *(хьалыгъу)*. Хьалыгъум нахь шхыныгъо лъапIэ зэрэщымыIэр кIэлэцIыкIухэм ареIо. ЯупчIы: «Тыдэ къикIыгъа хьалыгъур?» Ащ фэгъэхьыгъэу ашIэхэрэр къарегъэIуатэ. ЕтIанэ къафеIуатэ, хьалыгъур Iанэм къытехьаным фэшI гъогоу къыкIурэр.

– Чъыгур ажъо, агъэушъэбы.

– Чылапхъэр агъэхьазыры. Рапхъы, къызыкIыкIэ дэлажьэх. Игъо хъумэ, кIэзыгъэ фамышIэу Iуахыжьы.

– Коцыр шъхьалым щарагъэхьаджы.

– Хьалыгъу гъэжъапIэм хьаджыгъэр ащэ. Тхьацур щапшэ. Хьалыгъу зэфэшъхьафхэр щагъажъэх. ЕтIанэ тучаным ащэ, цIыфмэ ащэфы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Хьалыгъур Iанэм къытехьэфэкIэ гъогоу къыкIугъэр сурэтхэр агъэфедэзэ икIэрыкIэу къябгъэIотэжьыщт. Зэфэхьысыжь пшIыжьыщт.

**Я III-рэ Iахьыр.** Жэнэ Къ. иусэу «Хьалыгъур гъэлъапIэ» кIэлэпIур къафеджэ. Усэм къыIуатэрэм тырегъэгущыIэх.

Макъэм икъэIуакIэ, гущыIэхэм зэрахэтыр, ар къыхагъэщзэ къаIонэу IурыIупчъэхэр къыкIаIотыкIыжьынымфегъасэх.

Нэнэжъ къысэджэжьы, щыпсыр мэучъыIыжьы, къэкIожьи шхэба, сызэмыгъэджэжьба!

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. НЕХЭЕ Р. ИУСЭУ «ПЦIАШХЪОР» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** усэм едэIунхэу, къыIуатэрэр къагурыIонэу ягъэшIэгъэн. ГущыIэу усэм хэт пэпчъ IупкIэу къаIонэу егъэсэгъэных, ахэм ямэхьанэ агурыгъэIогъэн, езбырэу ягъэшIэгъэн

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** бзыу сурэтхэр, пцIашхъом исурэт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** тIаркъо, къырещы, пцIашхъо, къандж.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум бзыу сурэтхэр афегощы. КIэлэцIыкIухэр яплъых, зэфэдэу ахалъагъорэр къаIо:

– ЗэкIэми цы атет, тамэхэр яI, быбынхэ алъэкIы…

КIэлэпIур яупчIы, ашIэрэ бзыу горэ къахэфагъэмэ, ыщIэ къырарегъэIо. ЕтIанэ бзыу пэпчъ къыгъэлъагъозэ ацIэ къареIо. КIэлэцIыкIухэми къыкIарегъэIотыкIыжьы. ПцIашхъор ауж дэдэ къегъэлъагъо, итеплъэ къызэрэпшIэжьын нэшанэу иIэхэм гу лъарегъатэ:

– ЫкIэ псыгъо, кIыхьэ, ытамэхэр псыгъох, ыбгъэгу зы плъыжь Iэпанэрэ зы фыжь Iэпанэрэ иIэх.

ПцIашхъом тIэкIу къытырегъэгущыIэх: Ахэр къыблэм зэрэбыбыжьхэрэр, унэу ашIырэр зыфэдэр, зыщашIырэ чIыпIэр, зыхашIыкIырэр, щырхэр къызэрэращрэр, зэрагъашхэхэрэр...

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIур пцIашхъом ехьылIэгъэу усэ къафеджэ.

*Бжыхьэр къэсмэ,*
*ХьакIэ макIошъ,*
*Гъатхэр къехьышъ, къэбыбыжьы.*
*Ежь уеплъымэ,*

*ЦIыкIу дэдэ*
*Губгъуи мэзи къегъэкIэжьы.*
*Хэт шъуIомэ – пцIэшхъо цIыкIу,*
*ЗыIэтыщтыр чыпэ закъу.*

Усэр агу рихьыгъэмэ кIэлэпIур яупчIы. Пычыгъо зытIу ямэхьанэ агурегъаIо.

– ХьакIэу макIо.

– Гъатхэр къехьышъ…

– ЗыIэтыщтыр чыпэ закъу…

Усэм джыри тIо-щэ къеджэ. КIэлэцIыкIухэм агу раубытагъэу хэт чIыпIэхэр къыдаIо. ЕтIанэ нахь дэгъоу къызгурыIогъэ нэбгыритIу-щы къарегъаIо.

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыд бзыуа?»

КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм бзыухэр зэрыт сурэтхэр арегъаштэ, шъхьадж ыштэгъэ сурэтым ишIыхьагъэ бзыум къытырегъэгущыIэ.

– Мыр чэты. Чэтыр щагу бзыу. Чэтым натрыф, коц ешхы. КIэнкIэ къекIэцIы. Чэтжъыехэр къырещы.

– Мыр пхъэуIу. ПхъэуIум чъыгаем хьамлыухэр къыхихзэ ешхы…

## ЧЪЭПЫОГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

### Темэр. АДЫГЭ РЕСПУБЛИКЭР ТЭ ТИУН. ЕХЪУЛIЭ С. ИУСЭУ «СИХЭКУ» ЩЫЩ ПЫЧЫГЪО ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** Адыгэ Республикэм фэгъэхьыгъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн. Республикэр шIу ягъэлъэгъугъэн, рыгушхонхэу гъэсэгъэных. Усэм агу къадеIэу, IупкIэу къеджэхэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** Адыгэ Республикэмрэ Россиемрэ ябыракъхэр, ягербхэр. Адыгэ Республикэм ичIыпIэ зэфэшъхьафмэ атехыгъэ сурэтхэр, картхэр: Россиер, Адыгеир. Гимным ифонограмм.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** быракъ, герб, сихэку, синэнэ гупс.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр Адыгеим ехьылIэгъэ стендэу группэм итым кIэлъырещэх. Экспонатэу тетмэ ащыщэу янэIуасэмэ къатырегъэгущыIэх.



Быракъымрэ гербхэмрэ къахехых, Iанэм къытырелъхьэх, кIэлэцIыкIухэр къегъэтIысых. Непэ Адыгэ Республикэм зэрэтегущыIэщтхэрареIо. Апэ Гимным регъэдэIух, етIанэ упчIэхэр ареты. УпчIэхэр:

– Сыда къалэу тызщыпсэурэм ыцIэр?

– Сыда тэ тызщыпсэурэ къалэу Мыекъуапэ зэрыт республикэм ыцIэр?

– Адыгэ Республикэр сыд хэгъэгум щыща? КIэлэпIур джэуапмэ ядэIу, хэгъэхъонхэр къаIуагъэм фешIых, картхэм арегъэплъых.

**Я II-рэ Iахьыр.** Родинэр – цIыфыр зыщыпсэурэ чIыпIэр ары. Тэ ти Родинэр Россиер ары. Россием тиреспубликэ изы Iахь. Тэ Адыгэ Республикэм тыщэпсэу. Адыгэ Республик зыкIаIуагъэр, мы чIыпIэм адыгэхэр бэдэдэ шIагъэу щэпсэухэшъ ары. Шъори шъуадыгэ кIэлэцIыкIух, республикэу шъузэрысыр шъуиунэу, ным фэдэу шIу шъулъэгъун фай, хэхъоным, нахь дахэ хъуным фэшI шъуфэбэнэн фай.

– Адыгэ Республикэм чIыпIэ дэхабэ иI: къушъхьэхэр, шъофхэр, губгъохэр, псыхъохэр *(сурэтхэр арегъэлъэгъух).*

**Я III-рэ Iахьыр.** ЕхъулIэ С. иусэу «Сихэку» кIэлэпIур кIэлэцIыкIумэ къафеджэ. Сатыр хэушъхьафыкIыгъэхэр зэхарегъэфы. «О сихэку кIасэу синэнэ дышъ!» – Сыда мы гущыIэхэм усакIом къаригъэкIрэр?

– УсимыIагъэмэ сыдэу сыхъуни, – сыда зыкIиIорэр?

– Тыгъэ нэбзыир сихэку изыбз.

Усэм зэрэщытэу джыри къафеджэ. ЯтIонэрэ къеджэгъум агу раубытэгъэ сатырхэр къыдаIо. Уахътэ къанэмэ езбырэу арегъашIэ, къэмынэмэ – нэмыкI усэу езбырэу ашIэрэм Iоф дешIэ.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

### Темэр. СУРЭТЭУ «ДЫШЪЭШЪО БЖЫХЬ» ИРЕПРОДУКЦИЕ КIЭЛЭЦIЫКIУХЭР ЕГЪЭПЛЪЫГЪЭНЫХ, ТЕГЪЭГУЩЫIЭГЪЭНЫХ. БЖЫХЬЭМ ФЭГЪЭХЬЫГЪЭ УСЭХЭМ КЪАФЕДЖЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** сурэтышIэм исурэткIэ къыгъэлъагъо шIоигъуагъэм сабыйхэм гу лъягъэтэгъэн, уахътэу къыгъэлъагъорэм елъытыгъэу плъышъоу ыгъэфедагъэхэр, ащ мэхьанэу аритырэм кIэлэцIыкIухэр щыгъэгъозэгъэных. Мэхьанэ яIэу, гущыIэхэр яжабзэ щагъэфедэнэу ягъэшIэгъэн; гущыIэухыгъэу зэхагъэуцохэрэм гущыIэ зэфэшъхьафхэр щагъэфедэнхэм егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэтэу «Дышъэшъо бжыхь».

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** бжыхьэ, дышъашъо, гъожьы.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр сурэтым регъэплъы. Мыр сурэтышIэ цIэрыIом зэришIыгъэр ареIо. СурэтышIэм ыцIэ къыреIо, къытегущыIэ, ащ пейзажхэр нахьыбэу зэришIырэр къареIо.

Сурэтым итым тырегъэгущыIэх:

– Сыд фэдэ уахъта сурэтышIэм исурэт къыщигъэлъэгъуагъэр?

– Ар сыдэущтэу къэшъушIагъа?

– Бжыхьэм инэшанэхэр къашъуIо, ар сурэтышIэм таущтэу къыгъэлъэгъуагъа?

– Сурэтыр шъугу рихьыгъэмэ, зыкIырихьыгъэр къашъуIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIур бжыхьэм ехьылIэгъэ усэмэ кIэлэцIыкIухэм къафеджэ:

1. Нэхэе Р. «Бжыхьэ».
2. Пэрэныкъом М. «Бжыхьэ».
3. Мырзэ Дз. «Бжыхьэ мэзым».

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыдигъуа ар зыхъугъэр?»

КIэлэпIур илъэс уахътэм яхьылIэгъэ усэмэ къяджэ, кIэлэцIыкIухэм усэр къызтегущыIэрэ уахътэр къаIо.

*Осыр жьыбгъэм зэрелъасэ,*
*ЧъыIэм нэгур къегъэушэплъы.*
*КIэлэцIыкIухэр Iажэм исхэу,*
*Тхъэжьэу бгыпэм джы къечъэхых.*

*Чъыгышъхьапэр фыжьы-фыжьэу,*
*Осыф Iатэу хатэм хэт.*
*Губгъуи, мэзи къэущыгъэу,*
*Уцы шъхъуантIэм зыкъеIэт.*

*Тыгъэжьым чъыгхэр етIэкIы,*
*ПкIашъэхэр чIыгум тырехъо.*
*ЧIышъхьашъори чъэпым зэлъехъэ.*
*Къэрэухэр къыблэм мэкIожьых.*

*Тыгъэр зэрилъэкIэу мэцакъэ,*
*Лэжьыгъэр губгъом щэбагъо.*
*КIалэмэ джы загъэпсэфы,*
*ЯпсыIуи ахэр щэчэфы.*

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. «ХЭТЭРЫКIХЭР» – ЗЭХЭГУЩЫI

**Программнэ пшъэрылъхэр:** хэтэрыкIмэ ацIэхэр, къягъэIогъэн, ахэмэ яхьылъагъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн, къатегущыIэнхэ алъэкIынэу, яплъышъо, ятеплъэ, зэрагъэфедэрэр, къызэрэкIрэр, зэрэдэлажьэхэрэр – ащ абзэ къыгъэбаинэу.



**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хэтэрыкIмэ ясурэтхэр зэрыт карточкэхэр, хэтэрыкI цIынэхэр ыкIи гъэжъуагъэхэр упкIэтагъэхэу лагъэмэ арылъэу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** помидор, нэшэбэгу, къэбаскъ, бэлыдж, бжьыны, бжьыныф, щыбжьый, хъурай, IукIыхь, папцIэ, чIыплъ, лъапсэ, шъхьапэ, къэбы, джэнчы.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэцIыкIухэр Iанэу хэтэрыкIхэр зытелъым къетIысэкIых. КIэлэпIум Iанэм телъхэр кIэлэцIыкIухэм арегъэлъэгъух, ашIэу ахэтхэм ацIэ къырарегъаIо. Ахэр къызэрэкIхэрэр, цIыфхэр зэрадэлажьэрэ шIыкIэ зышIэрэм къырегъэIуатэ. Хэтэжъыеу алэжьыгъэм къыщагъэкIыгъэ хэтэрыкIхэм ацIэ къырарегъаIо.

– Сыда мыхэмэ хэтэрыкIкIэ тызкIяджэрэр?

– Сыдигъуа мыхэр зыдгъэтIысхьэхэрэр?

– Сыд фэдэ хэтэрыкIха гъатхэ къэс чIыгум хэдгъэтIысхьэхэрэр?

– Сыд фэдэ хэтэрыкIха гъэкIыцагъэу дгъэтIысхьэхэрэр?

– Дэгъоу къэкIынхэм пай сыд фэдэ Iофа ятшIылIэхэрэр?

*(ТэпкIэ, псы акIэтэкIэ, алъапсэхэр тэгъэушъэбых).*

– Джы бжыхьэ. Сыд фэдэ Iофа бжыхьэм ятшIылIэрэр? *(Тэугъоижьых).*

– Сыдэущтэу хэтэрыкIхэм алъапсэхэр дгъэфедэхэра? *(Пхъы (морковь), чIыплъ, картоф, бэлыдж).*

– Сыда нэшэбэгур адрэ хэтэрыкIхэм зэратекIрэр?

– Нэшэбэгур бжалэу къэкIы. Нэшэбэгур шъхъуантIэу ашхы…

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIум хэтэрыкIым ыцIэ къыримыIоу къытегущыIэ, кIэлэцIыкIухэм къашIэ: теплъэу иIэр, ышъу, иинагъ, зэрагъэфедэрэр. КIэлэпIум хэтэрыкIмэ яхьылIэгъэ хырыхыхьэхэр кIэлэцIыкIухэм къарегъашIэх:

1. КIапсэкIэ къыращы, ощыкIэ акъутэ *(къэбы).*
2. ЗытIэкIрэр мэгъы *(бжьыны).*
3.Чэу гъуанэм сыдэплъымэ, плъыжь бын сэлъэгъу *(щыбжьый).*

**Я III-рэ Iахьыр.** Уахътэ къанэмэ кIэлэцIыкIухэм хэтэрыкIхэр зэрэцIынэу, гъэжъуагъэу, гъэшIоIугъэу ашхыхэрэр къарегъаIо.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Пшхыгъэр къашIэ».

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. НЭХЭЕ Р. ИУСЭУ «БЖЫХЬЭ» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** бжыхьэм инэшанэхэм къатегущыIэнхэу, усэм укъеджэ зыхъукIэ ахэр къыхагъэщынэу гу лъягъэтэгъэн; усэхэр езбырэу къаIонэу ягъэшIэгъэн. Макъэу [-хь-] – икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** бжыхьэм ехьылIэгъэ сурэтхэр зэрыт тхылъ Iанэм къытеплъхьащт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** лъэпэпцIый, бжыхьэ, машIо, гъожь дах, чъыг пкIашъэхэр.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум бжыхьэм ехьылIэгъэ сурэтхэр зэрыт тхылъхэр кIэлэцIыкIухэм къарегъэлъэгъу, упчIэхэр аретых:

– Сыд фэдэ уахъта джыдэдэм итыр?

– Бжыхьэ.

– Мэзэ тхьапша зэрэхъурэр, сыда ацIэхэр?

– Бжыхьэ мазэхэр щы мэхъух: сентябрь – Iоныгъу, октябрь – чъэпыогъу, ноябрь – шэкIогъу. АдыгабзэкIэ мазэмэ ацIэхэр яоIо, къыкIяогъэIотыкIыжьы.

– Сыд фэдэ нэшанэха бжыхьэм иIэхэр?

– Бжыхьэм чъыг пкIашъэхэр зэмышъогъоу мэхъух: гъожьхэу, плъыжьхэу…

– Мафэхэр нахь кIакох, къэучъыIатэ.

– ЛэжьакIомэ лэжьыгъэхэр аугъоижьых. Ощх чъыIэ къещхы.

– Бжыхьэм ехьылIагъэ усэу аригъэшIэщтым къафеджэ.

Усэм тIо кIэлэцIыкIухэм кIэлэпIур къафеджэ. УпчIэхэр кIэлэцIыкIухэм аретых:

– Сыд фэдэха бжыхьэм пкIашъэхэр?

Джыри зэ къафеджэ. ЕтIанэ зэгъусэхэу усэр къыкIаIотыкIыжьы. Нэбгырэ тIу-щымэ язакъоу къаIуатэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэу [-хь-] – икъэIуакIэ Iоф дарегъашIэ. Макъэм имызакъоу, гущыIэмэ ячIыпIэ зэфэшъхьафхэм ахэтэуи къябгъэIощт: бжыхьэ, зэрехь, къытхахь, хьэгъожъ.

**Я III-рэ Iахьыр.** Мы гущыIэхэр хэтхэу гущыIэухыгъэ къызэрыкIохэри убгъугъэхэри кIэлэпIур адеIэзэ кIэлэцIыкIумэ зэхагъэуцо.

1. Бжыхьэр къэсыгъ.
2. ПкIашъэр жьыбгъэм зэрехьэ.
3. Бжыхьэр лъэпэпцIыеу къытхахьэ.
4. Тихьэгъожъ пчIэIупэ Iус.
5. Хьакум машIо рашIыхьэ.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

КIэлэцIыкIухэр зэрэфаеу щытых. КIэлэпIум агурегъаIо: бжыхьэ – гъатхэ зэпыщытхэу, «бжыхьэ» – зиIокIэ мэтIысых, «гъатхэ» – зиIокIэ къэтэджых, «кIымаф» – зиIокIэ мэтIысых, «гъэмаф» – зиIокIэ къэтэджых.



# ШЭКIОГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ТЕУЦОЖЬ Ц. ИУСЭУ «ПЩЫЩ» ЗЫФИIОРЭР ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** адыгэ шъолъырым анахь псыхъо инэу итмэ ацIэхэр ягъэшIэгъэн. Псыхъомэ яхьылIэгъэ усэхэм къафеджэгъэн. Псыхъомэ ядэхагъэ, язэрэщыт зэрэзэфэшъхьафыр, ар зэпхыгъэм ягупшысэкIэ къыфэпщэщтых. Усэр езбырэу ягъэшIэгъэн, адыгэ усэ зэхэлъхьакIэм нахь зэрэфэдэм гу лъягъэтэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** псыхъо, Пщыщ, Шъхьэгуащ, Лаб, Щэхъурадж, Псэкъупс.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Мыекъуапэ зыкIэрыс псыхъом адыгабзэкIэ ыцIэ ашIэмэ кIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы. АмышIэрэмэареIо. НэмыкIэу, нахь псыхъо инэу итмэ ацIэ къыреIо.

КIэлэцIыкIухэм янэ-ятэхэр, янэжъ-ятэжъхэр зыдэс къуаджэмэ ацIэ къарегъаIо, псыхъо речъэкIмэ яупчIы. Псыхъоу речъэкIрэмэ ацIэхэр къареIо, къыкIарегъэIотыкIыжьы. Псыхъо зытIущ къатегущыIэ.

– Шъхьэгуащэ къалэу Мыекъуапэ Iус. Псыхъор лъэшэу мачъэ.

– Пщыщэ инэпкъмэ чъыгыбэ аIут.

– Лабэ чъэры. Псыр чъыIэ дэд.

– Псэкъупсэ макIэу мэкIуашъэ.

– Щэхъураджэ псыхъо зэрэинзи, гъэмафэрэ игъукIын ылъэкIыщт.

**Я II-рэ Iахьыр.** Псыхъомэ яхьылIыгъэ усэмэ къафеджэ.

«Шъхьэгуащ» – фольклор.

«Шъхьэгуащ» – ХьадэгъэлIэ А.

«Лэбэ чъэр» – Еутых А.

«Пщыщэ» – Теуцожь Ц.

«Псэкъупс» – Бэрэтэрэ Хь.

«Щэхъурадж» – Андрыхъое Хъу.

Нахь агу рихьыгъэ усэмкIэ яупчIы.

Теуцожь Ц. иусэу «Пщыщэ» езбырэу аригъашIэмэ зэрэшIоигъор ареIо. Зэ къафеджэ. Текстым Iоф дарегъашIэ.

– Сыд фэда Пщыщэ?

– Сыд фэда икIэихэр?

– Сыд фэда ипс?

Джыри тIо-щэ къафеджэ. Къеджэ хъумэ, агу раубытэгъэ гущыIэхэр, сатырхэр къыздарегъэIожьы. Нахь зыгурыIуагъэмэ ащыщ деIэзэ къырегъаIо.

**Я III-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

КIэлэцIыкIухэр сатырэу къегъэуцух. Псыхъом ичъакIэ къариIомэ, кIэлэцIыкIумэ ар къагъэлъагъо.

| | |
|---|---|
| – *Псыхъор макIэу шъабэу мачъэ* | *(IэкIэ къагъэлъагъо).* |
| – *Псыхъор лъэшэу мачъэ* | *(IэкIэ къагъэлъагъо).* |
| – *Псыхъо куу* | *(аIэхэр къаIэты).* |
| – *Псым зычIэтэгъао* | *(зычъагъаорэм фэдэ ашIы).* |
| – *Псым тесы* | *(IэкIэ къагъэлъагъо).* |

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. АДЫГЭ ТХАКIОХЭМРЭ УСАКIОХЭМРЭ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** адыгэ тхакIомэ ясурэтхэр алъэгъумэ ашIэжьынэу, ацIэ къыраIонэу, атхыгъэу ашIэхэрэр къаIонэу, ахэр шIу алъэгъухэу, рыгушхохэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** адыгэ тхакIохэмрэ усакIохэмрэ ясурэтхэр, адыгэ тхакIомэ атхыгъэхэр зыдэт тхылъхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** къолэжъ, кукуу, пхъэуIу.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум усакIохэм ясурэтхэр къыпелъэх. УпчIэхэр кIэлэцIыкIумэ ареты:

– Мы сурэтмэ арытмэ ащыщэу хэта шъушIэрэр?

– Хэта мыхэр?

КIэлэпIум мыхэр зэкIэ зэрэадыгэ тхакIохэр, усакIохэр кIэлэцIыкIумэ ареIо, зырызэу къыгъэлъагъозэ ясурэтмэ арегъэплъых, ацIэхэр къареIох. Мыхэмэ атхыгъэ произведениябэхэр зэрашIэрэр агу къегъэкIыжьы: усэм ыцIэ, зытхыгъэр къареIо, исурэт къарегъэлъэгъу. Сабыеу усэр зыгу къэкIыжьыгъэм къырегъэIожьы.

Зы темэ зиIэ усэхэу зэфэшъхьаф усакIохэм атхыгъэхэм къяджэ. ТхэкIэ амалэу, къэIуакIэу агъэфедагъэхэм анаIэ тырарегъадзэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** КIымафэм фэгъэхьыгъэхэр:

1. ЕхъулIэ С. «Осыр къесы».
2. Мырзэ Дз. «Къесы».
3. Пэрэныкъо М. «КIымаф».

**Я III-рэ Iахьыр.** Бзыумэ афэгъэхьыгъэхэр:

1. Цуекъо Дж. «ПхъэуIу».
2. Бырсыр А. «ПхъэуIу».
3. Хъурмэ Хъу. «Къолэжъ».
4. Мырзэ Дз. «Кукуум иорэд».

Уахътэм елъытыгъэу нэмыкIэу зэфэдэ темэ зиIэ усэхэми уакъыфеджэн плъэкIыщт.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыд фэда ышъо?»

– Пкъыгъо зэфэшъхьафхэм, хэтэрыкIхэм, пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм шъоу яIэн алъэкIыщтхэр къябгъэIощт.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. «ХЬАКIЭ-КЪУАКIЭМЭ ТАУЩТЭУ КIЫМАФЭМ ЗЫФАГЪЭХЬАЗЫРЫРА?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** хьэкIэ-къуакIэхэмрэ щагу псэушъхьэхэмрэ зэхамыгъэкIокIэнхэу, хьэкIэ-къуакIэхэр зыщыпсэухэрэр, ахэм кIымафэм зызэрэфагъэхьазырырэр гъэунэфыгъэн, ахэмэ ящыIакIэ уахътэм зэрелъытыгъэр агурыгъэIогъэн. ГущыIэухыгъэ ухыгъэмкIэ кIэлэцIыкIухэр къэгущыIэнхэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** фланелеграф, илъэсым иохътэ зэфэшъхьафхэмрэ псэушъхьэ зэфэшъхьафхэмрэ зэрыт сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** жьыбгъэ, губгъо, набгъо.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэцIыкIухэр хырыхыхьэхэр къэшъушIэнэу сыфай. ШъукъедэIу:

*– Тхьапэр гъожьы! Губгъор нэкIы!*
*Мэзым итеплъи ехъожьы.*
*Жьыбгъэм чъыгхэр етIэкIы,*
*ПцIашхъом набгъор къебгынэжьы.*
*– Сыдигъуа ар зыхъурэр?*

***(Хьалэщтэ С.)***

*– Осыр жьыбгъэм зэрелъасэ,*
*ЧъыIэм нэгур къегъэушэплъы.*
*КIэлэцIыкIухэр Iажэм исхэу.*
*Тхъэжьэу бгыпэм джы къегъэхых!*
*Сыдигъуа ар зыхъурэр?*

***(Бэрэтэрэ Хь.)***

*– Чъыгхэр къызэлъэтIэмы,*
*Апэрэ къэгъагъэмэ тяпэмы.*
*Тыгъэм зикъытфещэи,*
*КIалэхэр тхъэжьэу мэджэгух.*
*– Сыдигъуа ар зыхъурэр?*

***(Жэнэ Къ.)***

*– Тыгъэр зэрилъэкIэу мэцакъэ,*
*Лэжьыгъэр губгъом щэбагъо,*
*КIалэмэ джы загъэпсэфы.*
*ЯпсыIу ахэр щэчэфы.*
*Сыдигъуа ар зыхъурэр?*

***(Жэнэ Къ.)***

– Адэ зэ къашъушIэри, сыд уахъта джы тызыхэтыр?

– Бжыхьэ.

– Сыд фэдэ нэшанэха бжыхьэм иIэхэр? ***(Тхьапэхэр гъожьы мэхъу, къэучъыIы, бзыухэр зыщыфабэм мэбыбыжьых. ЦIыфхэми псэушъхьэхэми кIымафэм зыфагъэхьазыры).***

– Щагу псэушъхьэмэ таущтэу зыфагъэхьазырыра кIымафэм?

– Ахэм цIыфхэр афэгумэкIых.

– Адэ псэушъхьэ Iэлхэм таущтэу кIымафэр рахыщта? *(АшIэхэрэр къябгъэIощт).*

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Тара ащымыщыр?»

Псэушъхьэхэр зэхадзых. Псэушъхьэ Iэлмэ ацIэ къареIо. Псэушъхьэ пэпчъ рашIылIэрэр къарегъэIуатэ:

Ащ кIымафэм зызэрэфигъэхьазырэр, кIымафэр зэрэрахрэр.

– Мыр цызэ. Цызэр псэушъхьэ пырацэ цIыкIу, кIэ бырэбэ дахэ иI. Чъыгышъхьэм щэпсэу. Чъыг гъурбыр инабгъу. Дэшхохэр, мышкIухэр, хьаIухэр бжьыхьэм егъэхьазырых. Ахэр кIымафэм ышхыщтых.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

## Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ПШЪЭШЪЭЖЬЫЕМ ИХЬАЛЫЖЪЫЙ» ЗЫФИIОРЭР ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ХЬАЛЫГЪУР ЗЫЩАЩЭРЭ ТУЧАН»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** цIыфхэмкIэ хьалыгъум уасэу, мэхьанэу яIэр алъыгъэIэсыгъэн. IофшIэныр шIу алъэгъоу, ашIэнэу рагъэжьагъэр



гъунэм нагъэсэу гъэсэгъэных. Езбырым мэкъэ къэIокIэ гушIо иIэу къеджэнхэу ягъэшIэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** тхьацум хэшIыкIыгъэмэ ямуляжхэр, тхьацуф, табэ.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** тхьацу, сэпшэ, сэфы, бзыуцыфэу ар фыжьыбз, мажъэ, табэ, хьалыжъый, щэлам.

### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр хьалыгъу зыщащэрэ тучаным ещэх. Ежь тучантесым ироль ештэ. КIэлэцIыкIухэр – щэфакIох. КIэлэцIыкIухэр зыфаер, пчъагъэр къаIозэ «мэщафэх»:

– О сыд пщэфынэу уфай?

– Сэ хьалыгъу сщэфынэу сыфай.

– Хьалыгъу тхьапша узыфаер?

– Сэ хьалыгъуитIу (щы) сыфай.

– Сыд фэдэ хьалыгъуа узыфаер?

– Зы хьалыгъу фыжьрэ, зы хьалыгъу шIуцIэрэ сщэфынэу сыфай.

– О сыд узыфаер?

– Сэ хьалыжъо сыфай?

– Хьалыжъо тхьапша узыфаер?

– Сэ хьалыжъуиплI сыфай.

– Сыд адэлъэу хьалыжъохэм уфай?

– ХьалыжъуитIум къуае адэлъэу, хьалыжъуитIум картоф адэлъэу сыфай.

Адрэ кIэлэцIыкIухэри зыщэфахэкIэ къащэфыгъэхэр лагъэмэ арырегъалъхьэ, Iанэм тырарегъэуцо.

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы:

– Хэта тхьацу ашIэу зылъэгъугъэр?

– Хэта тхьацур зыпшагъэр?

– Сыда тхьацум хишIыкIыгъэр?

– УдеIэ пшIоигъуагъа?

– Пшъэшъэжъыем хьалыжъые зэригъэжъагъэм сыкъышъуфеджэнэу сыфай.

Усэм къафеджэ, текстым Iоф дарегъашIэ. Джыри тIо-щэ къафеджэ. Агу раубытэгъэ гущыIэхэр къыдаIо. Куп-купэу, зырызэу къарегъаIо.

**Я III-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

КIэлэпIумрэ кIэлэцIыкIухэмрэ усэр къызэдаIозэ пшъэшъэжъыем ышIагъэхэр кIашIыкIыжьы:

*– Тхьацур сэпшэ (апшэ фэдэу ашIы).*

*– Тхьацур сэфы (афы фэдэу ашIы).*

*– Зэсэгъафэшъ хъурэябз (аIэхэмкIэ агъэчэрэгъу фэдэу ашIы).*

*– КIэнкIэпс гъожьыр къыщысэфэ*	*(щафэ фэдэу ашIы).*
*– Iушъхьэ Iэшъур тесэтакъо*	*(тыратакъо фэдэу ашIы).*
*– Ар тэбачIэм есэгъэкIу*	*(табэм ралъхьрэм фэдэу ашIы).*
*– Жъэмэ IэшIур къыпимыха!*	*(пэкIэ жьы къащэ).*
*– Хьалыжъыер гум римыхьа!*	*(ашъхьэхэр агъэсысы).*
*– Сянэ апэ хэсэгъаIэ*	*(ратрэм фэдэу ашIы).*
*– Ащ къыIощтым сыдэгуIэ.*

# ТЫГЪЭГЪАЗ

**Апэрэ тхьамаф:**

## Темэр. НАРТ ЭПОСЫМ ИЗЫIАХЬЭУ «САУСЭРЫКЪО ИПЩЫНАЛЪЭ» ЩЫЩ ПЫЧЫГЪО ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** адыгэ фольклорым иусэмэ язэхэлъыкIэ, якъэIуакIэ идэхагъэ кIэлэцIыкIумэ алъыгъэIэсыгъэн, шIу ягъэлъэгъугъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** нарт эпосым фэгъэхьыгъэу иллюстрациехэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** тикъан, чатэ, пчышъхьэ, Нарт, Саусэрыкъу, пщыналъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы гущыIэу «нарт» зэхахыгъэмэ, зыщызэхахыгъэр.

– Мы лъэхъаным Нартыр цIэ унае хъугъэ. Ар шъэожъыемэ афаусы.

Нартхэр адыгэ лъэпкъ кIочIэшхохэу, лэжьакIохэу, дзэкIолI дэгъухэу щытыгъэх. Ахэмэ яхьылIагъэу пщынэлъабэ къытэнэсыжьыгъ. Ахэмэ зыкIэ ащыщ «Саусэрыкъо ипщыналъ».

Саусэрыкъо нарт эпосым къыхэфэрэ лIыхъужъ. Мыщ бэ гъэхъагъэу иIэр. Мыщ итеплъагъэр къыриIотыкIэу непэ пычыгъо зэдгъэшIэщт.

*Саусэрыкъо тикъан,*
*Саусэрыкъо тинэф,*
*ПчымэIуфэр зиашъу,*
*Ашъор зиджэнэкIокI,*
*ПчыкIэр зипэIошыгу,*
*Ешыгуаор зичат,*
*Пызыкъутрэр зипчышъхь,*
*Зышъхьэ абрэмыжъу,*
*Зынэхэр жъогъошхо лыд.*

Мы текстыр илъэситф зыныбжьыхэмкIэ гурыIогъуае хъущт. Ау мы занятием къыдилъытэрэр: усэр зэкIоу зэрэзэхэлъыр, псынкIэ, угу иубытэн зэрэплъэкIырэр кIэлэцIыкIухэм алъыбгъэIэсынэу ары.

**Я II-рэ Iахьыр.** Пщыналъэм къыхэфэрэ гущыIэхэу кIэлэцIыкIухэмкIэ гурыIогъуаехэр, къикIрэр къафэмыIуатэу ежь гущыIэхэр агу рябгъэубытэмэ нахь дэгъоу теплъы. Усэм зэхэлъхьакIэу иIэм идэхагъэ алъыбгъэIэсмэ нахь тэрэз.

*– Тикъан, пчымэIуфэр зиашъу.*
*– Ашъор зиджэнэкокI,*
*– ПчыкIэр зипэIо шыгу,*
*– Ешыгуаор зичат,*
*– Пызыкъутрэр зипчышъхь.*
*– Зышъхьэ абрамыжъу,*
*– Зынэхэр жъогъошхо лыд.*

Пщыналъэм кIэлэпIур джыри тIо-щэ къафеджэ, къыздыригъаIэхэзэ. КъарегъаIо адеIэзэ.

**Я III-рэ Iахьыр.** Макъэу [-шъу-], [-жъу-] – якъэIуакIэ кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм Iоф дарегъашIэ. Мы макъэхэр къызхэфэрэ IурыIупчъэхэр егъэфедэх.



**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. «КIЫМАФЭМ БЗЫУМЭ ТЫЗЭРАДЭIЭПЫIАГЪЭР» – ЗЫ СЮЖЕТ ЗИIЭ СУРЭТЫР АГЪЭФЕДЭЗЭ КIЭЛЭЦIЫКIУХЭМ РАССКАЗ ЦIЫКIУ ЗЭХАГЪЭУЦОН. БЗЫУМЭ АФЭГЪЭХЬЫГЪЭ УСЭУ «БЗЫУЦIЫКIУМ ИГУКIОДЫГЪУ» КЪАФЕДЖЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** сурэтым итэу алъэгъурэм фэгъэхьыгъэ упчIэхэм яджэуап къатыжьынэу, ежь-ежьырэу рассказ цIыкIу зэхагъэуцонэу, абзэ ибаиныгъэ хагъэхъошъоу егъэсэгъэных. Тыкъэзыуцухьэрэ дунаим, ащ щыпсэухэрэм афэсакъынхэу ягъэшIэн, шIу ягъэлъэгъун. ГущыIэухыгъэ къызэрыкIохэри убгъугъэхэри абзэ щагъэфедэным фэгъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** зы сюжет зиIэ сурэтхэу «КIымафэм бзыумэ афэгумэкIых» зыфиIорэр. КIымафэрэ къыблэм мыбыбыжьэу къанэрэ бзыухэр: тхьаркъо, бзыужъый, къандж.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** кIымаф, шхалъэ, мэлакIэ малIэх, шкъун, ауIу.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм анаIэ тырарегъадзэ бзыоу щагум щалъэгъухэрэр нахь макIэ зэрэхъугъэм. Аущтэу зыкIэхъурэмкIэ упчIэ ареты. Зэфэхьысыжь ашIы.

– Ары, анахьыбэхэр фэбэ чIыпIэм быбыжьыгъэх. Агурегъаlо, бзыухэр ашхын агъотмэ чъыIэм зэрэщымыщынэхэрэр. ЯупчIы:

– ПсынкIа кIымафэм бзыумэ ашхын къагъотынкIэ? *(Джэуапхэр).*

– Сыдэущтэу бзыумэ IэпыIэгъу тафэхъун тлъэкIыщта? *(Зэфэхьысыжь).*

КIэлэпIум зы сюжет зиIэ сурэтхэр къыпелъэх, арытхэр къарегъаIох. Зэрэпылъагъэхэм зэкIэлъыкIуакIэу яIэр тэрэзмэ яупчIы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыда апэ ашIэщтыр? Сыда ащ къыкIэлъыкIорэр?»

Сурэтмэ аралъагъохэрэм къытырегъэгущыIэх. Рассказ кIэкI цIыкIу мы сурэтхэмкIэ зэхэбгъэуцон зэрэплъэкIыщтыр ареIо.

План ареты.

1. Сыд фэдэ уахъта джыдэдэм итыр?
2. Тыдэ щыIэха бзыухэр?
3. Хэта ахэр зылъэгъугъэхэр?
4. Сыда ащ ашIэнэу агу къэкIыгъэр?
5. Сыдигъуа бзыухэр шхалъэм къызытетIысхьагъэхэр?
6. КIэлэцIыкIухэм ашIагъэм рыразэха? Сыда? КIэлэцIыкIухэм ежь ирассказ къафеIуатэ:

– КIымаф. Ос къесыгъ. Бзыу цIыкIухэм ашхын амыгъотэу, агу кIодыгъэу къутамэм тесых. Ахэр кIэлэцIыкIумэ алъэгъугъ. ЯшIуагъэ арагъэкIынэу агу къэкIыгъ. Шхылъэ ашIи, лэжьыгъацэхэр ратакъуи палъагъ. Бзыухэр къэбыбыгъэх. Ахэр зэрэгъэцIыргъ-щыргъызэ машхэх. КIэлэцIыкIухэр ягуапэу ахэм яплъы.

Рассказэу зэхагъэуцорэр Iахь-Iахьми, зэрэщытэу арыми къызэраIотэшъурэм елъытыгъэу къябгъэIотэжьыщт.

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «ЗэхэкIокIагъэх». Бзыу зэфэшъхьафхэм ясурэтхэр кIэлэцIыкIухэм аштэ, ацIэ къыраIо, къыблэм мэбыбыжьмэ е кIымафэрэ къанэмэ къаIо. КIэлэпIум къызыфиIохэрэр ашIэ:

– Къыблэм мэбыбыжьых *(тэмаохэзэ къачъыхьэ).*

– КIымафэрэ къанэх *(чIыпIэ икIыхэрэп).*

## Ящэнэрэ тхьамаф:

## Темэр. ИЛЪЭСЫКIЭМ ЕХЬЫЛIАГЪЭУ ЗЭХЭГУЩЫI

**Программнэ пшъэрылъхэр:** илъэсыкIэ мэфэкIэу къэблагъэрэм кIэгушIунхэу ыкIи фэгъэчэфыгъэнхэу; усэм макъэр Iэтыгъэу, IупкIэу къеджэнхэу кIэлэцIыкIухэр фэгъэсэгъэных.



**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** джэгуалъэу елкэ гъэкIэрэкIагъэу, ЛIыжъ щтыргъукI, джэгуалъэ зэфэшъхьафхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** дзыо, къытфихьыгъ, ЛIыжъ ЩтыргъукI.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур Хьаудэкъо С. иусэу «ЛIыжъ щтыргъукIыр тихьакIэ» къафеджэ. УпчIэхэр кIэлэцIыкIухэм ареты:

– Хэта ЛIыжъ ЩтыргъукIыр?

– Сыдигъуа ЛIыжъ ЩтыргъукIыр хьакIэу къызафэкIуагъэр.

– Сыда къытфихьыгъэр?

– МэгушIоха кIэлэцIыкIухэр? Сыдэущтэу ар къагъэлъагъора? Джыри усэм зэ-тIо къеджэ. ЕтIанэ кIэлэцIыкIухэм илъэсыкIэм зызэрэфагъэхьазырырэр къарегъэIуатэ:

– Сыдэущтэу мэфэкIым зыфэжъугъэхьазырыра?

– Сыда елкэм пышъулъагъэхэр?

– Группэр сыдэущтэу жъугъэкIэрэкIагъа?

– Сыд фэдэ шъуаша мэфэкIым шъущыгъыщтыр? Ар хэта къыхэзыхыгъэр?

– Сыдэущтэу мэфэкIым шъухэлэжьэщта?

– Сыд орэда адыгабзэкIэ къашъуIорэр?

КъэIотэнхэм ауж кIэлэцIыкIухэм илъэсыкIэм ехьылIагъэу адыгабзэкIэ орэд регъэдэIух е къарегъаIо.

Усэр джыри зэ-тIо къыздаригъаIозэ къарегъэIожьы. Анахь дэгъоу къеджэрэм мэфэкIым елкэм ыпашъхьэ къыщиIонэу зэригъэхьазырыщтыр ареIо. Ежь кIэлэцIыкIумэ зикъеджакIэ нахь агу рихьыгъэр къарегъаIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «СыпфэлъаIо».

КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм агу къегъэкIыжьы мэфэкI зыхъукIэ зэрэзэфэгушIохэрэ, зэрэзэфэлъаIохэрэ шIыкIэр. УзэрэзэфэлъэIон плъэкIыщтым егупшысэнхэу ареIо, хъураеу егъэуцух, ежьыри ахэуцо, Iэгуаор ештэ. Къыготым Iэгуаор реты, фэлъаIо:

– ИлъэсыкIэу къихьащтым гушIогъуабэ къыпфихьынэу сыпфэлъаIо.

Хъураеу къекIокIхэзэ зэкIэ зэфэлъэIожьых. ИлъэсыкIэм иорэд джыри едэIужьых, зэгъусэу къызэдаIожьы.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

## Темэр. «ТИНЫБДЖЭГЪУМЭ ПИСЬМЭ АФЭТЭТХЫ» – ЗЭХЭГУЩЫI

**Программнэ пшъэрылъхэр:** цIыфхэр нэIуасэ зэрэзэфэхъухэрэм, язэпхыныгъэхэр зэрэзэхащэхэрэм нэIуасэ фэшIыгъэных. Рассказ кIэкI

цIыкIу зэрашIэрэм тетэу зэхягъэгъэуцон. УпчIэмрэ джэуапымрэ ямэкъэ къэIуакIэ къыхагъэщынэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** конверт, почтовэ ящик, почтальоным иIалъмэкъ.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** птхын, бгъахьын, агъахьыгъ, урам, къалэ, чылэ, алъмэкъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур С. Маршак иусэу «Почта» зыфиIорэм къафеджэ. Почтальоным Iоф зыщишIэрэм, Iофэу ышIэрэм, ар цIыфмэ ящыкIэгъэ дэдэу зэрэщытым тырегъэгущыIэх.

– Телефоным нэмыкIэу сыда цIыфмэ джыри агъэфедэрэр зэрэшIэныхэм пай?

– Тыда письмэ зыдахьырэр?

– Сыда письмэр зэрадзэрэр?

– Хэта письмэр зезыхьэрэр *(хэта къэзыхьрэр)*?

– Таущтэу письмэр къызфэкIуагъэр, почтальоным зыфихьыжьын фаер къызэришIэрэр?

– Адресыр тыда зытратхэрэр?

– Хэта зиадрес зышIэрэр?

– КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм конверт, почтовэ ящик, Iалъмэкъ арегъэлъэгъух.

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы:

– Зыгорэм письмэ фэшъутхынэу шъуфая?

Армэ, письмэр зэхэтэжъугъэгъэуцу.

– Сыда письмэм итхын къызэребгъажьэмэ нахьышIур?

– Сыда письмэм къыщыпIотэн плъэкIыщтыр?

– Сыдэущтэу письмэр уухыжьыщта?

КIэлэцIыкIухэм мы упчIэмэ джэуапэу къыратыжьыгъэхэр зэфехьысыжьых. Нахь дэгъоу джэуапхэр къэзытыжьыгъэм къыIогъагъэхэр зэубытылIагъэу деIэзэ къырегъэIотэжьы, етхы, етIанэ къафеджэжьы.

КIэлэпIум икIэрыкIэу къарегъэIожьы письмэр узыфаем ахьыным пай пшIэн фаер:

– Конвертым дэплъхьащт. Адресэу зыфэкIощтыр тептхэщт.

**Я III-рэ Iахьыр.** С. Маршак иусэу «Почта» джыри зэ къафеджэжьы. Джэгунхэу зикIхэкIэ письмэр почтовэ ящикым радзэ.



# ЩЫЛЭ МАЗ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. КIЫМЭФЭ ТЕМЭР ЯIЭУ СУРЭТХЭМ IОФ ДЯГЪЭШIЭГЪЭН. ПЭРЭНЫКЪО М. ИУСЭУ «КIЫМАФ» ЗЫФИIОРЭМ КЪАФЕДЖЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** кIымафэм ехьылIагъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн. КIымафэм дунаим изытет къытегущыIэнхэу ягъэшIэгъэн, агъэфедэрэ гущыIэхэр нахьыбэ шIыгъэн. Сурэтхэм арытхэмрэ усэм къыIуатэхэмрэ зэфэдэныгъэхэр къахагъотэным Iоф дэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** кIымафэр къэзгъэлъэгъорэ сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хъотыр зэрехьэ, чIышъхьашъор, шъхьахын.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIымэфэ темэр яIэу хырыхыхьэхэр къафеIо:

1). ЧIышъхьашъор бзыуцыфкIэ фэпагъэ *(осы).*

2). Ошъогум къефэхы, чIышъхьашъор фыжьыбзэу ефапэ *(осы).*

3). Псым алрэгъу фыжь теубгъуагъ *(мылы).*

Хырыхыхьэхэр зэхьылIагъэхэр зэрэууплъэкIущтымкIэ кIэлэцIыкIумэ яупчIы. Джыри кIымафэм инэшанэу ашIэхэрэр къарегъаIо, ашIэрэм хегъахъо: чIыIэ, ос къесы, жьыбгъэ чъыIэ къепщэ, щтыргъукI, хьоты.

КIымэфэ уахътэр агу рехьмэ яупчIы. КIымафэм узэрэджэгун плъэкIыщт джэгукIэхэр къарегъаIо:

– Iажэм уисэу бгым уечъэхын, укъыращэкIын, осIашкIэ уешIэн, чынэ уешIэн.

Чынэмрэ чынкIэпщымрэ арегъэлъэгъу.

**Я II-рэ Iахьыр.** КIымафэм ехьылIэгъэ усэмэ кIэлэпIур къафеджэ.

1. Пэрэныкъо М. «КIымаф».
2. Мырзэ Дз. «Къесы».
3. Бэрэтэрэ Хь. «Чынэ къыздешI».

Усэхэр агу рихьыгъэмэ яупчIы, нахь агу рихьыгъэр къарегъаIо. Ар езбырэу аригъэшIэнэу джыри зэ-тIо къеджэ. Къеджэ зыхъукIэ агу раубытэгъэ гущыIэхэр, гущыIэуххыгъэхэр къыдаIо. Нахь дэгъоу зыгу изыубытэгъэ нэбгырэ зытIу адеIэзэ къарегъэIуатэ, етIанэ зы нэбгырэ къырегъэIуатэ. Джыри зэ къафеджэ, зэрэгруппэу къыздарегъэIожьы.

**Я III-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

Чынэхэмрэ кIынкIэпщыхэмрэ кIэлэцIыкIухэм ареты. Узэрэджэгущтыр арегъэлъэгъу. АдеIэзэ чынэ регъашIэх.

## ЯтӀонэрэ тхьамаф:

### Темэр. МЫРЗЭ ДЗ. ИУСЭУ «ИЛЪЭС УАХЪТЭХЭР» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШӀЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** илъэс уахътэмэ ацӀэ къыраӀонэу, ахэм яхьылӀагъэу ашӀэрэм хэгъэхъогъэн. Усэм ӀупкӀэу къеджэнхэу гъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу ӀэпыӀэгъухэр:** илъэсым иохътэ зэфэшъхьафхэр арытэу сурэтхэр. Щагум щыджэгухэ зыхъукӀэ дунаим зэхъокӀыныгъэу хэхъухьэрэм гу лъягъэтэгъэн.

**ГущыӀэр, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** уахътэ, хьот, жъоркъ, гопэгъу, оял.

**Занятиер зэрэрекӀокӀыщтыр:**

**Апэрэ Ӏахьыр.** Щагум гъэшӀэгъонхэр щэхъух. ПкӀашъэу шхъонтӀэ зэкӀагъэхэр гъожьы мэхъух, чъыгыми къыпэтэкъух, къэучъыӀыгъ. Сыд ар зытехъухьэрэр? КӀэлэцӀыкӀухэм яшӀошӀыныгъэхэр къаӀо. КӀэлэпӀум агу къегъэкӀыжьы ыпэкӀэ дунаир зэрэщытыгъэр: фэбагъэ, пӀуакӀэу зытфапэщтыгъэ. Джы чъыӀэтагъэ къэхъугъ. Гъэмафэр икӀыгъ. Сыд уахъта къыихьагъэр? *(Джэуапхэр).*

ЗэкӀэ илъэс уахътэхэр зэрэзэфэшъхьафхэр, тикӀаси, тыгу римыхьи зэрахэтыр агурытэгъаӀо. Ахэм афэгъэхьыгъэу усэ къафеджэ: «Сыдигъуа ар зыхъурэр?» Мырзэ Дзэпщ иусэ ахэмэ къариӀуалӀэрэм къедэӀунхэу ареӀо:

*– Илъэсыр гощыгъэ охътиплӀэу,*
*ОхъиплӀэу, зэшиплӀэу, шэниплӀэу,*
*Зэ чъыӀэу, хьотыр зэрихьэу,*
*Зэ ошӀоу, къэгъагъэр къыхэкӀэу,*
*Зэ жъоркъэу, гопэгъум уихьэу,*
*Зэ псынжъэу, оелэ закӀэу.*

Усэм ехьылӀагъэу упчӀэхэр кӀэлэцӀыкӀухэм аретых:
– Сыдигъуа «чъыӀэу, хьотыр зэрихьэу» зыхъурэр?
– Сыдигъуа «ошӀоу, къэгъагъэр къыхэкӀэу», зыхъурэр?
– Сыдигъуа «жъоркъэу, гопэгъум уихьэу», зыхъурэр?
Усэм джыри зэ-тӀо къеджэ. КӀэлэцӀыкӀухэм агу раубытэгъэ гущыӀэхэр, сатырхэр къыдаӀо.
ЕтӀанэ нэбгыритӀу-щы адеӀэзэ къарегъаӀо.

**Я II-рэ Ӏахьыр.** Дидактическэ джэгукӀ.

Зэпыщыт гущыӀэхэр кӀэлэпӀум къарегъаӀох:
чъыӀэ – фабэ,
кӀымаф – гъэмаф,
фабэ – чъыӀэ,
ины – цӀыкӀу...
Мы зэпыщыт гущыӀэхэр хэтхэу гущыӀэухыгъэхэр зэхарегъэуцо.

*КӀымафэрэ чъыӀэ, гъэмафэрэ фабэ.*
*КӀымафэм ос къесы. Гъэмафэм ощх къещхы.*
*Пылыр ины. Мэлыр цӀыкӀу...*



## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. «УАХЪТЭМ ИШАПХЪЭХЭР» – ЗЭХЭГУЩЫӀ. ХЬАУДЭКЪО С. ИУСЭУ «СИТХЬАМАФ» КЪАФЕДЖЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** уахътэм ехьылӀагъэу ашӀэрэм хэгъэхъогъэн, тхьамафэм имафэхэм адыгабзэкӀэ ацӀэхэр къаӀонэу, язэкӀэлъыкӀуакӀэ зэхамыгъэкӀокӀэнэу ягъэшӀэгъэн. Макъэу [-къ-] – икъэӀуакӀэ Ӏоф дэшӀэгъэн.

**Нэрылъэгъу ӀэпыӀэгъухэр:** мафэм иохътэ зэфэшъхьафхэм пшӀэн плъэкӀыщтхэр арытэу сурэтхэр.

**ГущыӀэр, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** тхьамаф, блыпэ, гъубдж, бэрэскэжъый, мэфэку, бэрэскэшху, шэмбэт, тхьаумаф.

**Занятиер зэрэрекӀокӀыщтыр:**

**Апэрэ Ӏахьыр.** КӀэлэпӀум кӀэлэцӀыкӀухэм сурэтхэр арегъаштэ, ишӀыхьагъэмэ къатырегъэгущыӀэ:
– Пшъэшъэжъыер мэчъые.
– Шъэожъыем ыцэхэр елъэкӀы.
– Портфелыр ыӀыгъэу макӀо.
– ЗетӀэкӀыжьы.
– Мэчъые *(нэмыкӀэу уиӀэхэри бгъэфедэмэ дэгъу).*

Мы сурэтхэм арыт сюжетхэм зэкӀэлъыкӀокӀэ гъэнэфагъэ афэпшӀын плъэкӀыщтмэ кӀэлэпӀур кӀэлэцӀыкӀухэм яупчӀы, аущтэу зыкӀыщытыр арегъэунэфы.

**Я II-рэ Ӏахьыр.** Дидактическэ джэгукӀэу «Сыдым сыд къыкӀэлъыкӀорэ, сыдигъо сыд пшӀэщт?»

Пчэдыжьым щегъэжьагъэу гъолъыжьагъо нэс мафэм иуахътэ елъытыгъэу пшӀэн плъэкӀыщтхэм къытырегъэгущыӀэх:

– Пчэдыжьым къэтэджыжьыгъ, зитхьакӀыгъ, зифэпагъ, шхагъэ, портфелыр ышти школым кӀуагъэ. Щэджагъом щэджэгъуашхэ ышӀыгъ. Урокхэр ыгъэхьазырыжьыгъ. Джэгугъэ. Пчыхьэшъхьашхэ ышӀыгъ. ЗитӀэкӀыжьи гъолъыжьыгъэ. Мэчъые.

Мыхэр зэкӀэ зы мафэм иохътэ гъэнэфагъэ пшӀэн зэрэплъэкӀыщтыр агурегъаӀо. Мафэм иуахътэмэ анэмыкӀэу нэмыкӀ шапхъэхэр зэрэпшӀын фаеми щегъэгъуазэх, ар цӀыфым зыкӀищыкӀагъэр ареӀо.

Уахътэр мафэм нэмыкӀэу тхьамэфэ-тхьамафэу зэрэзэтеутыгъэр, ар мэфэ пчъагъэу зэрэхъурэр, мафэхэм ацӀ, ахэр зэрэзэкӀэлъыкӀохэрэр

къафеIуатэ. ЦIыф лъэпкъ пэпчъ ежь икъэIуакIэкIэ тхьамафэхэм цIэу яIэхэр урыс къэIуакIэм текIэу гъэпсыгъэх. Ащ атефэу адыгэхэм мафэхэм цIэ зэряIэр, ахэм ацIэхэр къареIо.

Понедельник – Блыпэ.
Вторник – Гъубдж.
Среда – Бэрэскэжъый.
Четверг – Мэфэку.
Пятница – Бэрэскэшху.
Суббота – Шэмбэт.
Воскресенье – Тхьаумаф.
АдыгэцIэ закъохэр къарегъэIожьы.

**Я III-рэ Iахьыр.** Хьаудэкъо С. иусэу «Ситхьамаф» къафеджэ.

**Блыпэм** ерагъэу сыкъэущыгъ.
**Гъубджым** нэс зыскъудыигъ.
**Бэрэскэжъыем** зыкъэстхьакIи,
**Мэфэку** мафэм зыкъэсфапи.
**Бэрэскэшхом** сымыгуIэу,
Сэ еджапIэм зезгъахьыгъ.
Сыпшъыгъаеу сыкъэкIожьи,
**Шэмбэт** мафэм зыстIэкIыжьи,
**Тхьаумафэм** мафэ реным
Сэ сытхъэжьэу сычъыягъ.

Зыгъэпсэфыгъо такъикъ рыпшIын плъэкIыщт.

**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

### Темэр. «СЭРЫ, СИУНАГЪУ» – ЗЭХЭГУЩЫI

**Программнэ пшъэрылъхэр:** кIэлэцIыкIухэм «унагъу» аIомэ къыкIырэр агурыгъэIогъэн. Унагъом исхэм язэфыщытыкIэ ежь яунагъомэ ащалъэгъурэм дакIоу ягъэшIэн, шIулъэгъуныгъэ яунагъо исхэм афашIыным фэбгъэблэных. ГущыIэжъэу темэмкIэ щыIэхэм нэIуасэ афэшIыгъэн.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** кIэлэпIум кIэлэцIыкIумэ ясурэтхэр, зэрэунагъоу зэхэсхэу къарегъахьых. Арегъэплъых, тIэкIу атегущыIэх.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** унагъу, сиунагъу, сшыпхъу, сиIахьыл, ны, ты, шы, шыпхъунахьыкI, нахьыжъ, тэтэжъ, нэнэжъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум зэрэунагъоу зэрыт сурэтхэр къыпелъэх. Агу къегъэкIыжьы зэреплъыгъагъэхэр. Зисурэт пылъагъэмэ ащыщ кIэлэцIыкIухэр къырищалIэзэ сурэтхэм арытхэр къарегъаIо. УпчIэхэр ареты:

– Мы сурэтым итмэ зы гущыIэкIэ сыда япIон плъэкIыщтыр?
– Унагъу.
– Шъуеплъызэ къашъуIо, хэта унагъом щыщын зылъэкIыщтыр? Ахэр къэжъугъэлъагъу, къашъуIо.

КIэлэпIум зэфэхьысыжь ешIы:

– Унагъор зы унэм исхэу зэдэпсэухэрэр ары. Ахэр: мам, пап, нан, тат, шы, шыпхъу. Унагъом щыщын зылъэкIыщтхэр зэIахьылхэр ары.

**Я II-рэ Iахьыр.** Планэу аритыгъэм елъытыгъэу рассказ цIыкIухэр зэхарегъэгъэуцо:

– Сыда уянэ (уятэ) ыцIэр?
– Тыдэ Iоф щашIэра?
– Шы, шыпхъу уиIа?
– Ахэмэ сыда ацIэхэр?
– Нэнэжъ, тэтэжъ уиIа?
– Шъуиунагъо нэбгырэ тхьапш исыр?
– ШIу шъузэрэлъэгъуа?

КъаIуатэ зыхъукIэ мэкъэ къэIуакIэу яIэм ынаIэ тырегъэты. Унагъом щыщхэм зэфыщытыкIэу зэфыряIэр къыхарегъэгъэщы.

**Я III-рэ Iахьыр.** Нахь сабый IупкIэм упчIэ римытэу иунагъо ежь-ежьырэу къытырегъэгущыIэ. КIэлэпIум зэфэхьысыжьхэр ешIы.

– Унагъом исхэр зэкIэ шIу зэрэлъэгъун фае, зэфэгумэкIхэу, зэфэсакъыжьхэу псэунхэ фай. НахьыкIэхэр нахьыжъхэм ядэIунхэ, шъхьэкIафэ афашIын фай.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Унагъом, цIыф зэфыщытыкIэхэм яхьылIагъэу гущыIэжъхэр къафапIомэ хъущт.

# МЭЗАЙ

**Апэрэ тхьамаф:**

### Темэр. «СЫДА ШIУАГЪЭУ КЪЫТФАХЬРЭР?» – ЗЭХЭГУЩЫI

**Программнэ пшъэрылъхэр:** щагу бзыухэмрэ, щагу псэушъхьэхэмрэ афэгъэхьыгъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн. Ахэм афэгумэкIынхэ зэрэфаер агурыгъэIогъэн. Макъэмэ якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** щагу бзыухэмрэ псэушъхьэхэмрэ арытхэу сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** псэушъхь, тафэгумэкIы, тэгъашхэх, унэхэр афэтэшIы.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум сурэтхэр къыпелъэх. Арытхэм ацIэ кIэлэцIыкIумэ къырарегъаIо. Мыхэр зэрээзфэмыдэхэм гу лъарегъатэ:

– Мэлым лъэкъуиплI иI.

– Бзыум лъэкъуитIу иI.

– Бзыум ыцрэ мэлым ыцрэ зэфэдэхэп…

Дидактическэ джэгукIэу «ЗэхэкIухьагъэх». КIэлэцIыкIуитIу къыдещы, сурэтмэ арытмэ ацIэ къырариргъаIозэ зыхэхьэрэ купым елъытыгъэу арегъэгощы. Куп пэпчъ узэреджэщтыр къарегъаIо:

– Щагу бзыу, щагу псэушъхь.

КIэлэпIум кIэлэцIыкIумэ упчIэхэр ареты:

– Сыда мыхэмэ щагу псэушъхьэкIэ *(бзыукIэ)* тызкIяджэрэр?

– Сыд фэдэ псэушъхьэха джыри щыIэхэр?

– Iэлхэр, хьэкIэ-къуакIэхэр.

– Сыда мыхэр зэрэзэтекIхэрэр?

– Сыда цIыфым щагу псэушъхьэмэ федэу къыфахьрэр?

УпчIэмэ ядэIух, хэгъэхъонхэр кIэлэцIыкIуми кIэлэпIуми къыфашIых.

**Я II-рэ Iахьыр.** Жэнэ Къ. иусэу «Шъхьадж къыIорэм тедэIун». КIэлэпIур къафеджэ, тырегъэгущыIэх.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ФОЛЬКЛОРЫМ ИЖАНРЭ ЦIЫКIУМЭ АЩЫЩЭУ «IУРЫIУПЧЪЭХЭР»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** макъэхэу [-з-], [-ж-], [-жъ-], [-жъу-] – зэхафынхэу, тэрээзу къаIонхэу егъэсэгъэных. IурыIупчIэхэу мы макъэхэр къызыхафэхэрэмэ нэIуасэ кIэлэцIыкIухэр афэшIыгъэных, псынкIэу, макъэхэр дамыгъэзэу къаIонэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** бзыоу усэм къыхэфагъэхэмэ ясурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** къос, чIэс, тес, телъ, илъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр IурыIупчъэ зэфэшъхьафмэ арегъэдэIух.

*«Къуагъ» – зыIорэр къуалэ,*
*«Лы» – зыIорэр цунды.*
*МэщгъэкIодыр тхьаркъо,*
*Къом дэсыр псыкIакIэ,*
*ЯкIэ зиIэр хьакуако,*
*Куракунэр псычэт,*
*Чэт закъор къэрэу.*

*Къэрэу-къэрэу, дадэ,*
*Апэ итыр чэмы,*
*Ауж итыр сикъунан.*
*Нанэ къыслъэхъу – симыгъот,*
*Ау къыслъыхъу дэдэмэ сигъотын.*

*КIалэхэр, кIалэхэр, тыжъугъэджэгу,*
*СыдкIэ, сыдкIэ тыджэгущт?*
*Къан, къан, гъэбылъ.*
*Мэзым ылъэкъуитIу.*
*ХьантIырэкъошкужъ.*
*Ори нэкIы, сэри нэкIы,*
*ДышъэгъэкIи, екIыкIэхи – жъынтIыу.*

КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы агу рихьыгъэмэ, анахь агу рихьыгъэр къарегъаIо. IурыIупчъэмрэ лъытакIэмрэ тIэкIу къатегущыIэ – ягъэпсыкI, пIуныгъэ, гъэсэныгъэ, шIэныгъэ мэхьанэ зэряIэр агурегъаIо.

Джыри зэкIэхэми зэ къафеджэжьы. ЛъытакIэр езбырэу зэрарегъашIэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** ЛъытакIэр диалогическэ шъуашэ зэриIэм анаIэ тырегъадзэшъ, ежьыррэ кIэлэцIыкIухэмрэ е кIэлэцIыкIухэр купитIоу гощыгъэу къарегъаIо.

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Тыдэ зыщигъэбылъыгъ?»

КIэлэцIыкIухэр лъытакIэмкIэ къэзэрэлъытэх, ауж къинагъэм зеупIыцIэ, адрэмэ загъэбылъы. Къалъичъыхьэрэп, зы чIыпIэ итэу шъхьадж зыщигъэбылъыгъэр къеIо.

– Нарт – стол чIэгъым чIэс.

– Дэнэф – шкаф къогъум къос…

**Я IV-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Тыдэ щыI». Мы гущыIэхэр хэтхэу гущыIэухыгъэхэр зэхарегъэуцо: къос, чъэс, тес, телъ, илъ, ис.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ПШЫСЭУ «КЪАМЗЭГУР» КЪАIОТЭЖЬЫНЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** IофшIэныр шIу зэрэплъэгъун фаер, пIуагъэр пщымыгъупшэу бгъэцэкIэжьын зэрэфаер алъынэгъэсын. Диалогыр зыфэдэр ягъэшIэгъэн. Джэуапхэр убгъугъэу къатыжьынхэм фэгъэсэных.

**НэрылъэгъуIэпыIэгъухэр:** хьацIэ-пIацIэ зэфэшъхьафхэр зэрыт сурэтхэр.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** джэгунхэу щагум зырищыхэкIэ, кIэлэпIум хьацIэ-пIацIэ зэфэшъхьафхэр арегъэлъэгъу, ацIэхэр къарегъаIо е ареIо. Къамзэгухэм Iоф зэрашIэрэм регъэплъых.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** къамзэгу, хьампIырашъу, пкIау.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIумэ хьацIэ-пIацIэ зэрыт сурэтхэр ареты. АцIэ, ятеплъэ къытырегъэгущыIэх.

Къамзэгум исурэт зытефагъэр ауж къырегъанэ, къамзэгум пай ышIэрэр къырегъэIуатэ. Ежь зэфэхьысыжьхэр ешIых:

– Къамзэгур IофышIэкIошху, ежь нахь ин хьылъэ ыхьын ылъэкIыщт. Ар шъулъэгъугъэ, иIофшIакIэ тылъыплъагъ. Адэ пшысэ шъуедэIунэу шъуфая? Ащ къамзэгур зэрэIофышIэшхом, кIочIэшхом нэмыкIэу, гулъытэ ин иIэу къеIуатэ.

КIэлэпIур пшысэм къафеджэ. УпчIэхэр ареты.

– Хэта къамзэгур зыIукIагъэр?
– Сыда лIыр къызэреупчIыгъэр?
– Сыда къамзэгум къыIожьыгъэр?
– Сыда лIым ышIагъэр?
– Сыдигъуа ар хьазырым зэрисыр ыгу къызыкIыжьыгъэр?
– Сыда лIыр къамзэгум зэреупчIыгъэр?
– Сыд джэуапэу къыритыжьыгъэр?

КIэлэпIур джыри пшысэм зэ къеджэ. Нахь зыгурыIуагъэмэ ащыщэу нэбгыритIу къыдещы, зым къамзэгум ироль реты, адрэм лIым ироль къырегъэшIы. Ежь кIэлэпIум зэрещэ. ЗэрэзэдэгущыIэхэрэм, упчIэ мэкъэ къэIуакIэм ынаIэ тырегъэты.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. КЪЭIОТАКIЭ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. СЮЖЕТНЭ-РОЛЕВОЙ ДЖЭГУКIЭУ «ДЖУГАЛЪЭХЭР ЗЫЩАЩЭРЭ ТУЧАН»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** план хьазырыр агъэфедэзэ джэгуалъэм къытегущыIэнхэу ягъэшIэгъэн. КIэлэцIыкIухэм абзэ ихэгъэхъон Iоф дэшIэгъэн, гущыIэ зэфэшъхьафыбэ якъэIотэн щагъэфедэнэу упылъын.

**НэрылъэгъуIэпыIэгъухэр:** мэфитIу-щы щыIэу кIэлэцIыкIумэ япIощт, шIэхэу джэгуалъэхэр зыщэрэ тучаныр къызэрафэкIощтыр.

Нэбгырэ зытфых джэгуалъэхэр къыхахынэу методическэ кабинетым пщэщтых. Къыхахыгъэ джэгуалъэхэр дэгъоу аплъыхьан алъэкIынэу группэм щыбгъэтIылъыщтых.



**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр пхъэнтIэкIумэ атырегъэтIысхьэх, джэгуалъэхэр зытелъ Iанэр апашъхьэ къырегъэуцо.

– Непэ джэгуалъэхэр зыщэрэ тучаныр тадэжь къэкIуагъ. Тэ ахъчэ тиIэп. Ау дэгъоу, дахэу, гъэшIэгъонэу къытегущыIэрэм джэгуалъэр къыратыщт. Пщэфынэу узыфэе джэгуалъэм ыцIэ къеоIо, ышъо, иинагъэ, ишIуагъэ къэоIуатэ. ЕтIанэ джэгуалъэр оуий.

КIэлэцIыкIухэр зыфэе джэгуалъэхэм къатегущыIэх:

– Сэ нысхъапэ сщэфынэу сыфай. Нысхъапэу сызыфаер ины, дахэ, ышъхьац шIуцIэ, мэтIыргъо, лентэ плъыжь хэблагъ, ынэхэр шхъуантIэх. Джэнэ бырэбэ кIыхьэ щыгъ. Цокъэ фыжь кIэракIэхэр щыгъ.

– О сыда пщэфынэу узыфаер?

– Сэ машинэ сщэфынэу сыфай. Машинэу сызыфаем хьылъэхэр зэрищэн ылъэкIыщт.

Ащ икабинэ плъыжьы, икузов уцышъу, гъучIым хэшIыкIыгъ, щэрэхъэу кIэтхэр шIуцIэх, шъуамбгъох, фарэхэр хъураех, плъыжьых…

ЩакIом кIэлэцIыкIухэу тэрэззэу зиджэгуалъэ къытегущыIэрэм реты.

– О узыфаер мы нысхъапэр *(машинэр)* ары.

– Опсэу.

Джэгуалъэхэр зэкIэ защэфыхэкIэ шъхьадж ыщэфыгъэ джэгуалъэм рыджэгунхэу щакIом изын къареты.

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэм икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

Макъэу [-дж-] – зыхэт гущыIэхэр къыкIаIотыкIыжьы: [-дж-] – джанэ, баджэ, бзаджэ, бэджын, къедж, еджэ.

# ГЪЭТХАПЭ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. «МАМЭ СЫДЭУЩТЭУ ТЫДЭIЭПЫIЭРА?» ШIЭНЫГЪЭУ ТЕМЭМКIЭ ЯIЭМ ЕЛЪЫТЫГЪЭУ РАССКАЗ ЗЭХЭГЪЭУЦОГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** темэу кIэлэпIум къытыгъэм елъытыгъэу рассказ цIыкIухэр зэхагъэуцогъэн. ГущыIэухыгъэ ухыгъэхэмкIэ гущыIэнхэу егъэсэгъэных. Ныхэм Iофэу унагъом щашIэрэм тегъэгущыIэных. ЗэрадэIэпыIэнхэ алъэкIыщтхэр къягъэIотэгъэн. Ныхэр шIу алъэгъоу, адэIэпыIэу пIугъэных.

**НэрылъэгъуIэпыIэгъухэр:** фонограммэ орэдэу «Синан», джэгуалъэхэу хьакъу-шыкъу зэфэшъхьафхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** дэIэпыIэ, сыдэIэпыIэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум фонограммэу «Синан» зыфиIорэ къыхегъанэ, орэдым регъэдэIух, зышIэхэрэм къыдарегъаIо. УпчIэхэр ареты:

– Уинанэ, уимамэ сыд ыцIэр?

– Сыд фэдэу мамэ (нанэ) орэдым къыщиIора?

– Сыдэущтэу исабыйхэм афэгумэкIэу къыIора?

– КIэлэцIыкIухэр янанэ фэразэха?

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм янэхэм апай рассказ цIыкIухэр зэхарегъэгъэуцо:

– Уянэ сыда ыцIэр?

– Сыд фэда уянэ? КъэIуат.

– IофышIэ макIуа?

– Унэм сыд фэдэ Iофха уянэ щишIэхэрэр?

– О сыдэущтэу ащ удэIэпыIэра?

КIэлэцIыкIумэ ярассказ цIыкIухэр къаIуатэ. КIэлэпIум зэфэхьысыжьхэр ешIых. Цуекъо Дж. иусэу «КъашIэ» къафеджэ.

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Iанэр къызэдгъэфэн». Хьакъу-шыкъу зэфэшъхьафэу кIэлэпIум ыгъэхьазырыгъэхэр арегъэлъэгъух, ацIэхэр, зэрэбгъэфедэщтхэр къарегъаIо. НэбгыритIу егъэнафэ. Ахэм Iэнэ зырыз къызэрагъафэ. IофшIэныр загъэцэкIахэкIэ къарегъэIуатэ хьакъу-шыкъоу тырагъэуцуагъэхэр, ахэр бгъэфедэн зэрэплъэкIыщтыр. Тэрэзэу зекIуагъэхэмэ мыдрэ кIэлэцIыкIумэ къарегъаIо, мытэрэзэу хэтмэ, зэрэбгъэтэрэзыжьыщтыр къарегъэгъэлъагъо.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ТЕМЭ ГЪЭНЭФАГЪЭКIЭ ПШЫСЭ ЦIЫКIУ ЗЭХЭГЪЭУЦОГЪЭН. «УЦ ЛЪАПСЭХЭМ КЪАЩЫШIЫГЪЭР»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** темэ гъэнэфагъэ иIэу пшысэ цIыкIу зэхагъэуцогъэн, пшысэм нэшанэу иIэхэр къызфагъэфедэзэ, гущыIэ зэфэшъхьафхэр агъэфедэзэ зыфаер къыраIотыкIын алъэкIынэу ягъэшIэгъэн. Пшысэр къаIуатэ зэхъукIэ интонациекIэ чIыпIэ зэфэшъхьафхэр къыхагъэщынэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** гъатхэм ехьылIэгъэ сурэт горэм ирепродукциер.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** нэшан, тыгъэпс, тыгъэнур, нэгушIу.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур гъэтхэ пасэм ехьылIэгъэу Жэнэ Къ. иусэу «Гъатхэ» зыфиIорэм ытхыгъэм кIалэцIыкIухэм къафеджэ.



– Сыд фэдэ мазэр ара апэрэр?

– Сыда осым къыщышIырэр?

– Хэта къэбыбыжьхэрэр?

– Мылым сыда къыщышIырэр?

Сурэтыр къыпелъэ. КIэцIыкIухэр еплъых, кIэлэпIум иупчIэхэм яджэуап къыратыжьы.

– Сыд фэдэ уахъта сурэтым къыгъэлъагъорэр?

– Сыдэущтэу ар къэшъушIагъа?

– Джыри гъатхэм инэшанэу шIушIэхэрэр къашъуIо.

– Зэфэхьысыжь шъушIы, сыд фэда гъатхэр?

– Фабэ, нэфын, тыгъэпс, шъхъуантIэ, нэгушIу.

– Уашъор гъатхэм сыд фэда?

– Джы гъатхэм фэгъэхьыгъэу пшысэ цIыкIу зэхэжъугъэуцу. Пшысэр гъэшIэгъонэу, кIакоу щытын фай. ГущыIэм пае, уц цIыкIумэ, къагъагъ цIыкIумэ къяхъулIагъэу. КIэлэпIум ежь апэу пшысэ къеугупшысы, къеIуатэ. Пшысэмэ кIэлэпIури кIэлэцIыкIухэри ядэIух, зэфэхьысыжь ашIы. Зипшысэ нахь гъэшIэгъоныр къыхагъэщы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукI. КIэлэпIум гущыIэу тыгъэр мэкъэ къэIокIэ гъэнэфагъэ иIэу къеIо: гушIоу, ыгъэшIагъоу, ыгу къеоу. КIэлэцIыкIухэм къыкIаIотыкIыжьы:

– Ощх къещхы! Тыгъэр къыкъокIыгъ!

Джы сабыйхэм ежь-ежьырэу гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцо гушIорэр къыхэщэу. ГущыIэм пае:

– Тыгъэр къепсы!

– Къэгъагъэхэр къызэIуихыгъ!..

**Я III-рэ Iахьыр.** Мазэмэ ацIэхэр адыгабзэкIэ къарегъаIо: щылэ маз, мэзай, гъэтхапэ, мэлылъфэгъу, жъоныгъуакI, мэкъуогъу, бэдзэогъу, шышъхьэIу, Iоныгъу, чъэпыогъу, шэкIогъу, тыгъэгъаз.

**Пшысэ**

Уц лъэпсэ цIыкIухэр чъыехэу ос чIэгъым чIэлъыгъэх. ЗэкIэм чIыгур къэушъэбыгъ, псы къакIэлъэдагъ, къэфэбагъэх. Ахэр ащ къыгъэущыгъэх, къяхъулIагъэр къагурымыIоу тIэкIурэ заушъэфэу щысыгъэх. ЕтIанэ хъугъэм еплъынхэу ашъхьэхэр чIыгум къычIагъэщыгъ. Оси щыIэжьэп. Тыгъэр къепсы. Дунаир фабэ, уц лъэпсэ цIыкIухэр гушIохэзэ тыгъэ фабэм зыфащэигъ.

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. «О УИУНЭ СЫД ФЭДА?» – РАССКАЗ ЗЭХЭГЪЭУЦОГЪЭН. ЗЫ ЛЪАПСЭ ЗИIЭ ГУЩЫIЭХЭМ ЯКЪЭIУАКIЭ IОФ ДЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** планэу къэтыгъэм тегъэпсыхьагъэу рассказ зэхагъэуцон алъэкIынэу: гущыIэу агъэфедэщтхэр зэфэшъхьафхэу, къекIухэу къыхахынэу; хэо-хапкIэу хэмытэу, зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэм дэмыхыхэу темэм Iоф дашIэнэу; гущыIэу гущыIэухыгъэхэм ащагъэфедэхэрэм якIэуххэр IупкIэу, зэхэугуфыкIыгъэу къаIотэнэу агъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** нысхъап, нысхъэпэ ун, джэголъэ пкъыгъохэр зэIэхыгъэу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** сыд уиунэ итхэр? Сыд фэдэ пкъыгъоха? Тыдэ щытха? Гъэкъэбзэн, зэIэхын.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум нысхъапэу Нэфынэ къырехьэ. Ащ сэлам къарехы. КIэлэцIыкIухэм къырагъэблагъэ, агъэтIысы.

– Сэ садэжь хьакIэу шъукъеблэгъэнэу сыфай.

– Сыда аущтэу зыкIипхъухьагъэр, Нэфын?

– Сэ мебелыкIэхэр къэсщэфыгъ. Сиунэ ахэр изгъэуцохи, дахэу зэIэсхыгъэ, унэр згъэкъэбзагъэ. Джы шъуезгъэплъынэу сыфай.

КIэлэцIыкIухэр Нэфынэ иунэ зэIэхыгъэ кIэлъырэхьэх. Нэфынэ унэр зэрэзэIихыгъэм къытегущыIэ, пкъыгъохэр зыдигъэуцугъэр, зыкIигъэуцугъэр къареIо:

– Iанэр шъхьангъупчъэм пэблагъэу згъэуцугъэ – ащ дэжь нахь нэфын. Диваныр дэпкъым кIэлъырызгъэуцуагъ. Телевизорыр къогъум нахь къекIу. Диван шъхьагъым сурэт дахэ пыслъхьагъ. Дэпкъ сыхьатыр нахь лъэгъупIэм пыслъхьагъ…

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIум зэфэхьысыжь ешIы. КIэлэцIыкIухэм яунэхэр зэрэзэIэхыгъэм къытегущыIэнхэу ареIо, планэу ар зэрэзэхэбгъэуцощтым нэIуасэ фешIых:

– Сыд этажа уиунэ зытетыр?

– Тыгъэ тепса е жьаупIа?

– Сыда унэм итхэр?

– Сыд фэдэ чIыпIа ахэр зыдэщытхэр?

– Хэта уиунэ зыгъэкъабзэрэр?

– О сыдэущтэу удэIэпыIэра?

КIэлэцIыкIухэм ярассказхэр зэхагъэуцо зыхъукIэ гущыIэухыгъэ убгъугъэхэмкIэ агъэпсыным кIэлэпIум ынаIэ тырегъэты.



**Я III-рэ Iахьыр.** ЗыдэбгъэтIылъыщтыр къызэрэпIорэ гущыIэхэр нахьыбэу ягъэшIэгъэн: теплъхьан, чIэплъхьан, иплъхьан, кIоцIыплъхьан, ибгъэуцон, чIэбгъэуцон, ебгъэуцолIэн, ибгъэхьон. Мы гущыIэмэ ащыщхэр хэтэу гущыIэухыгъэхэр зэхагъэуцо.

– Сэ Iанэм лагъэр тезгъэуцуагъ, джэмышхыр теслъхьагъ.

– Сэ щалъэм псы изгъэхъуагъ.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. «ПШЫСЭХЭР ЗЭХЭКIОКIАГЪЭХ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** фольклорым изыIахьэу пшысэр нахь шIу ягъэлъэгъун. АшIэрэ пшысэхэр кIэкIэу къаIотэжьынхэу, зэхэгущыIэнхэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** нысхъэпэ театр, пшысэмэ къахэхыгъэ сюжетхэр къэзгъэлъагъорэ пкъыгъохэр, сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хьалыжъый, чэты огу, дышъэ кIэнкI.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум урыс пшысэхэу «Колобок», «Курочка ряба», зыдэт тхылъ гъэкIэрэкIагъэхэр къарегъэлъэгъу. Пшысэхэр къашIэжьыгъэхэмэ къарегъаIо. Мы пшысэхэр адыгабзэкIи къызэраIуатэхэрэр агу къегъэкIыжьы. Пшысэмэ адыгабзэкIэ ацIэхэр, персонажэу хэтхэр кIэлэцIыкIухэм къаIо. Пшысэмэ ащыщ кIэкIэу къэзыIотэшъун къахэкIмэ, къебгъэIуатэми хъущт.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Пшысэр гъощагъэ». КIэлэпIум пшысэ зэфэшъхьафхэм ащыщ пычыгъохэр зэхигъэкIухьэзэ къеIуатэ. КIэлэцIыкIумэ тэрэзмэ яупчIы, мытэрэзыр къарегъаIо.

ГущыIэм пае:

1. Хьалыжъыер чъэмэ чъэзэ мылым тефагъ.

– А ныу, ныу, сыкъигъахь, – ыIуагъ.

– КIэлэцIыкIухэм адеIэзэ къарегъашIэ мыщ пшысэу щызэхэкIокIагъэхэр.

2. Хьалыжъыер чъэмэ, чъэзэ чэт огу цIыкIум IукIагъ. ЛIыжъыр мэгъы, ныор мэгъы. Чэт огу цIыкIум къареIо:

– Сэ сыхьалыжъыеу хьалыжъый…

Джащ фэдэхэу ашIэрэ пшысэмэ ахэт персонажхэр ежьмэ зэхагъэкIокIэшъоу къаIотэшъумэ кIэлэпIур еплъы.

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыд зэраIуагъэр?»

Пшысэм къыхэфэрэ персонажмэ яэдэгущыIэгъу къягъэIотэжьыгъэн.

ГущыIэм пае:
– Сыдэу пшъхьэ ина?
– Акъыл илъ.
– Адэ сыдэу убг псыгъуа?
– МакIэу сэшхы…

# МЭЛЫЛЪФЭГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

**Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ТЫГЪЭ» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН**

**Программнэ пшъэрылъхэр:** тыгъэм ехьылIагъэу зэдэгущыIэгъу адэшIыгъэн: тыгъэр зылIэужыгъор, шIуагъэу е зэрарэу къыхьырэр, тыгъэр цIыфым зэрищыкIагъэр, ар зыфэдэу къашIошIрэр къаIонэу егъэсэгъэных. Усэм гушIогъо мэкъэ къэIуакIэр хэлъэу къегъэджэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** тыгъэр арытэу сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** къегъэнэфы, къегъэфабэ, къепсы, нэбзый, зэлъегъэжъу, затырекIэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм агу къегъэкIыжьы цIыкIужъыехэ зэхъум къафаIощтыгъэ, къарагъаIощтыгъэ IурыIупчъэхэр: ежьи къафеIо, кIэлэцIыкIуми къарегъаIо: зэкIэхэми, зырызэуи.

*Тыгъэр псашъо кIуагъэ,*
*КъэкIожьымэ тыуджын, тыджэгун.*

*Тыгъ, тыгъ, къепс, къепс*
*Тинанэ псыхьэ кIуагъэ,*
*КъэкIожьымэ лэпс лагъэ къытитын.*

– Сыда тыгъэр зылIэужыгъор?
– Сыда тыгъэм шIуагъэу хэлъыр?
*(ЧIыгур къегъэнэфы, къегъэфабэ)*
– Сыда къызэригъэнэфрэри, къызэригъэфабэрэри шIуагъэу зыкIэтлъытэрэр?
– Тыгъэм гущыIэ дахэр къыфашIу.
*(Нэфын, инэбзыйхэр хъырахъишъ, фабэ…)*
– Тыгъэр щымыIагъэмэ дунаир сыд фэдэу щытыщтыгъа?



УпчIэмэ ядэIу, зэфэхьысыжьхэр ешIы:
– Тыгъэ щымыIагъэмэ чIыгум псэ пытэу зи тетыщтыгъэп. Псымрэ жьымрэ анэмыкIэу нэфынэ атемыпсэмэ зи къэкIыщтэп, псэушъхьэхэри цIыфри щыIэнхэ алъэкIыщтэп.
Жэнэ Къ. иусэу «Тыгъэ» – кIэлэпIур тIо къафеджэ.
Усэм къыIуатэрэм Iоф дарегъашIэ.
– Сыд фэда тыгъэм ынэбзыйхэр?
– Ынэбзыйхэр хъырахъишъэу
– Ынэбзыйхэр зэIушъашъэу…
– Сыда «тыгъэр къытфыкъокIы» зытIокIэ къикIрэр?
– Сыдигъуа тыгъэр къызыкъокIырэр?
– Таущтэу тыгъэм тыпэгъокIра?
– Сыда тыгъэм ышIэрэр?
… Мэзи псыхъуи затырекIэ,
Къэгъагъэхэр къытфегъэкIы…
… Мыли, оси зэлъегъэжъу…
Усэм джыри тIо-щэ къафеджэ, агу раубытэгъэ гущыIэхэр кIэлэпIум къыдаIожьы. Усэм щыщ пычыгъохэу агу раубытагъэхэр къарегъаIо. Джыри къафеджэ. ЗэкIэ зэгъусэу къыздарегъаIо. ЕтIанэ дэгъоу къэзыIорэм изакъоу къырегъаIо. Мэкъэ къэIуакIэу къызэреджэхэрэм ынаIэ тырегъэты.

**Я II-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.
– КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр хъураеу егъэуцух, ежь агузэгу еуцо. КъыIорэм елъытыгъэу зыдашIы.
– Тыгъэр къыкъокIыгъ *(загъэчэрэгъузэ хъураеу къакIухьэ).*
– Тыгъэм инэфыпсхэр къыттырекIэ *(аIэхэмкIэ псыр аутхэрэм фэдэу ашIы).*
– Тыгъэм тыпэгъокIы *(аIэхэр аIэты, кIэлэпIум ечъалIэх).*
– Тыгъэр къохьажьыгъ *(загъэчэрэгъузэ цIыкIу-цIыкIоу пчэгур хъураеу къакIухьэ, мэтIысых).*

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

**Темэр. БЭРЭТЭРЭ ХЬ. ИУСЭУ «ДУНАИМ ЫЦIЭР ЧIЫГУ» КЪАФЕДЖЭГЪЭН**

**Программнэ пшъэрылъхэр:** усэм нэIуасэ фэшIыгъэнхэм, ащ мэхьэнэ шъхьаIэу къыхигъэщрэм гу лъягъэтэгъэн. Псым цIыфымкIэ мэхьанэу иIэр агурыгъэIогъэн.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** глобусыр кIалэмэ ябгъэлъэгъущт, урысыбзэкIэ зэрэтегущыIэгъагъэхэр агу къэбгъэкIыжьыщт.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** Дунай, псыхъо, чIыгу, шъофы, хы ыкIи нэмыкIхэри.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум глобусыр къырехьэ, объект зэфэшъхьафмэ ацIэхэр къыгъэлъагъозэ адыгабзэкIэ ареIо, къарегъэIожьы.

– ЧIыгу, псыхъо, къушъхьэ, хы, мэзы, шъофы, пшэхъуалъ.

ЧIыгум ичIыпэ зэфэшъхьафмэ язытет анаIэ тырарегъадзэ:

Зыр – пшэхъуалъ, зыр – мэз закI, зыр – шъофы, зыр – хы. Дунаим ичIыпIэ нахьыбэр псым зэриубытрэр арегъэлъэгъу. ЦIыфым, къэкIрэмэ, псэушъхьэмэ псы щымыIэмэ къяхъулIэщтыр къарегъаIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** ГущыIэжъэу «Псыр – псэм ызыныкъу» къикIрэр ареIо, гущыIэжъыр къарегъэIожьы.

**Я III-рэ Iахьыр.** Бэрэтэрэ Хь. иусэу «Дунаим ыцIэр чIыгу» зыфиIорэм кIэлэпIур къафеджэ. Усэр къызтегущыIэрэр зэхарегъэфы.

– Сыда цIыфым игъашIэ зэпхыгъэр?

– ЧIыгум сыда анахь ищыкIагъэр?

– Сыда хъущтыр псы щымыIэмэ?

– Тара цIыфым анахь ищыкIагъэр: чIыгур ара, псыр ара?

– Сыда псыр щымыIэмэ чIыгум къехъулIэщтыр?

КIэлэцIыкIур усэм джыри зэ къеджэ.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Псы, чIыгу».

КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр хъурэеу къегъэуцух, ежь Iэгуаор ыIыгъэу агузэгу еуцо. Е псы, е чIыгу еIо, Iэгуаор къэлэцIыкIум федзы, кIэлэцIыкIум псым е чIыгум щыпсэурэ горэм ыцIэ къыреIо.

ЧIыгу – цIыфы, чIыгы, къэгъагъ, хьэ, баджэ…

Псы – пцэжъый, кит, дельфин…

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ПШЫСЭУ «БАДЖЭМРЭ КЪЭРЭУМРЭ» КЪАФЕДЖЭГЪЭН, КIЭКIЭУ ЯГУЩЫIЭХЭМКIЭ КЪЯГЪЭIОТЭЖЬЫГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пшысэр шIу ягъэлъэгъугъэн. Пшысэмэ моралэу ахэлъыр къагурыгъэIогъэн. Адыгэхэр хьакIэмэ зэрапэгъокIырэр агу къэгъэкIыжьыгъэн? Глаголыр нахьыбэ ягущыIэ щагъэфедэнэу егъэсэгъэных. Мэкъэ Iужъумэ якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** нысхъэпэ театрэу «Баджэмрэ къэрэумрэ».

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** къэрэу, зэблагъэ хъугъэх, хьакIэ, хьакIэн, къыригъэблэгъагъ, бэджын, пщэрыхьан, рибзэикIыгъ, угу хэмыгъэкI, гъомылапхъ.



**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIалэпIум кIэлэцIыкIумэ адыгэ гущыIэжъэу хьакIэм, хьэкIакIэм, цIыфыгъэм яхьылIагъэхэр къареIо. КупкIэу, мэхьанэу ахэлъыр адызэхефы.

1. Адыгэ хьакIэр пытапIэ ис.

2. Адыгэмэ анахь тхьамыкIэри бысым.

3. ХьакIэр зэкIэми ап.

4. «ХьакIэ къэкIощт» Iори гъэтIылъ, «бэрэ щылъыгъ» пIоу умышхыжь.

ГущыIэжъмэ мэхьанэу къарыкIрэм зытегущыIэхэрэм ыуж кIэлэпIум зэфэхьысыжьхэр ешIы. Урыс пшысэу «Баджэмрэ къэрэумрэ» адыгабзэкIэ къафеджэ. Къеджэ зыхъукIэ баджэм итхьагъыпцIыгъэ, игущыIакIэ, къэрэум гумэкI шIагъо имыIэу баджэм зэрэдэпсэужьыгъэм къыкIегъэтхъы. ГущыIэу ямынэIуасэу къыхэфагъэхэр къафызэхефы.

Пшысэр агу рихьыгъэмэ яупчIы, моралэу хэлъыр къагурыIуагъэмэ егъэунэфы. УпчIэхэр ареты:

– Хэта пшысэр къызтегущыIэрэр?

– Сыда баджэм рихъухьагъэр?

– Сыда баджэм ыупщэрыхьагъэр?

– Ышхышъугъа къэрэум бэджынэр?

– Сыда зыкIимышхышъугъэр?

– Сыда зэшхахэм баджэм къэрэум риIуагъэр?

– Къэрэум сыд къыриIожьыгъэр?

– Сыда къэрэум ыупщэрыхьагъэр?

– Сыда лыцIыкIущыпсыр зэригъэхъуагъэр?

– Ышхышъугъа баджэм лыцIыкIущыпсыр?

– Сыда зыкIимышхышъугъэр?

– Ежь къэрэум сыда ышIагъэр?

– Сыда зэшхахэм баджэм риIуагъэр?

– Джащ щегъэжьагъэу баджэмрэ къэрэумрэ язэфыщытыкIэ сыда къехъулIагъэр?

КIэлэпIум зэфэхьысыжьхэр ешIых. Кукольнэ театрэр ыгъэфедэзэ пшысэр кIэкIэу къафеIотэжьы. ЕтIанэ ежь ведущэу, кIэлэцIыкIумэ ащыщмэ къэрэумрэ баджэмрэ  рольхэр къашIызэ пшысэр къыкIарегъэIотыкIыжьы. НэбгырнитIу-щымэ къызашIыкIэ кIэлэцIыкIумэ къарегъаIо нахь дэгъоу къэзышIыгъэхэр, зыкIэ нахь дэгъур. КIэлэцIыкIум зэфэхьысыжьхэр къешIы, хьакIэр, хьакIэныр, хьакIакIэм адыгэхэмэ мэхьанэшхо зэрэратыщтыгъэм, зэрэратырэм къафыкIегъэтхъы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Макъэхэу [-хь-], [-дж-] – якъэIуакIэмэ кIэлэпIум кIэлэцIыкIумэ Iоф дарегъашIэ. ГущыIэ зырызэу, гущыIэухыгъэуи хэтхэу мы макъэхэр къарегъаIо: хьакIэ, ехьакIэ, хьакIакIо; баджэ, бэджын.

**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ТРАНСПОРТ ЗЭФЭШЪХЬАФХЭМ АТЕГЪЭГУЩЫIЭНЫХ. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «МАКIО, МАЧЪЭ, МЭБЫБЫ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** транспорт зэфэшъхьафэу щыIэхэр зэрагъэфедэрэр гъэунэфыгъэн. КъаIотэн алъэкIыным егъэсэгъэных. КъаIуатэрэм зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэ иIэным фэгъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** джэгуалъэхэу е сурэтмэ арытэу транспорт зэфэшъхьафхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хьылъэхэр, пышIагъэх, къэбзэлъабз.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум джэголъэ зырыз кIэлэцIыкIухэм арегъаштэ. Нэбгырэ пэпчъ ыштэгъэ джэгуалъэм къытегущыIэ:

– Сэ хьылъэхэр зэзыщэрэ машинэ къыхэсхыгъ. Мы машинэм икузов къеIэтышъ, илъыр къыререгъэтэкъу: мыжъо, пшахъо.

– Сэ сэмолет къыхэсхыгъ. Самолетыр мэбыбы. Мы самолетым цIыфхэр зэрещэ.

– Сэ поезд къыхэсхыгъ. Поездыр рельсмэ арэкIо. Поездым вагонхэр пышIагъэх.

– Сэ къуашъо къыхэсхыгъ. Къуашъор псым тет, псым щесы…

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Хэт сыдымкIэ кIэлэцIыкIу IыгъыпIэм къакIора?»

– Сэ лъэсэу сыкъэкIуагъ.

– Сэ папэ машинэкIэ сыкъещэ.

– Сэ троллейбускIэ сыкъакIо.

– Сэ автобускIэ сыкъакIо.

– Сэ маршруткэкIэ сыкъакIо.

**Я III-рэ Iахьыр.** Жэнэ Къ. иусэхэу «Сятэ шофер» ыкIи «Гъогу остыгъэр плъыжьы хъумэ…» зыфиIорэмэ къафеджэ.

Зыгъэпсэфыгъо такъикъэу «Къэуцу, щыт, кIо». Светофор тетэу урам стендым тет, кIэлэцIыкIухэм машинэхэр аштэ, зым светофорыр егъэIорышIэ, машинэхэр зэфэшъхьаф лъэныкъомкIэ къэкIы, светофорым къыгъэлъагъорэр агъэцакIэ. КIэлэцIыкIумэ хъурэр къаIуатэ.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «МакIуа, мачъа, мэбыба?»



# ЖЪОНЫГЪУАКI

**Апэрэ тхьамаф:**

## Темэр. НЭХЭЕ Р. ИУСЭУ «ТЕКIОНЫГЪЭМ ИМАФ» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. ТЕКIОНЫГЪЭМ ФЭГЪЭХЬЫГЪЭУ АШIЭРЭР АДЫГАБЗЭКIЭ КЪЯГЪЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** мэфэкIышхом ехьылIагъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн, ащ гущыIэухыгъэ икъухэр агъэфедэзэ къытегъэгущыIэгъэных. Усэр езбырэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** лIыхъужъ заом щыхъугъэхэм ясурэтхэр (Андрыхъое Хъусен, Нэхэе Даут, ШIуцIэ Абубэчыр, Бжыхьакъо Къымчэрый).

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** текIоныгъ, мэфэкI, дзэкIол, зэо хьылъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** ТекIоныгъэр къыдэзыхыгъэхэм яхьылIэгъэ рассказ цIыкIухэм кIэлэпIур къафеджэ:

1. Шъхьэлэхъо А. Андрыхъое Хъусен.
2. Шъхьэлэхъо А. Советскэ Союзым илIыхъужъ.
3. Кощбэе П. ДзэкIолI лIыхъужъ.

КъызтегущыIэхэрэ лIыхъужъхэм ацIэхэр къыхагъэщыгъэмэ яупчIы.

Зэфэхьысыжьхэр ешIы:

– Мыхэр зэошхоу блэкIыгъэм, нэмыцхэр тихэгъэгу къызытебанэхэм, псэемыблэжьэу зэуагъэхэмэ ащыщых. Заор цIыфымкIэ тхьамыкIагъу, къинэу къыфихьрэр бэ, хэкIуадэрэр нахьыбэжь. Тыфаеп заом. Тэ тызыфаер мамыр щыIакI. Заор зыщаухыгъэ мафэу «текIоныгъэм имафэ» фэгъэхьыгъэ усабэ бзэ зэфэшъхьафхэмкIэ атхыгъэу щыI. Тэ типоэтхэми ащ афэдэ усэхэр яIэх. Непэ езбырэу зэдгъэшIэщт Нэхэе Р. иусэу «ТекIоныгъэм имаф».

– Сыд фэдэ маза заор заухыгъэр, текIоныгъэр къэзыдахыгъэр?

– Сыда къэгъагъэхэр цIыфмэ боу зэрахьэра?

– Тыда къэгъагъэхэр зытыралъхьэхэрэр?

– Сыда зэреджагъэхэр заор зыщаухыгъэ мафэм?

Джыри тIо-щэ усэм къафеджэ, къыздарегъаIо, куп-купэу, зэрэгруппэу къарегъаIо. Анахь дэгъоу къэзыIорэм изакъоу къырегъаIо.

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. ГУТIЭ С. ИРАССКАЗЭУ «ПСЭУШЪХЬЭ IЭЛХЭМРЭ ЩАГУ ПСЭУШЪХЬЭХЭМРЭ» КЪЯГЪЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** рассказэу зэхахыгъэр зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэ иIэу, IупкIэу къыкIягъэIотыкIыжьыгъэн. Мэкъэ Iужъухэм якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Псэушъхьэхэм яхьылIагъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн, ацIэ къыраIонэу, ягъэпсыкIэ, ашхырэм, япсэукIэ къаIотэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** псэушъхьэхэр зэрыт сурэтхэр е джэгуалъэхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** псэушъхьэ Iэл, щагу псэушъхь, ящыIакIэ хьылъэ, хьакIэ-къуакI, Iусы.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIумэ илъэс уахътэмэ яхьылIэгъэ усэмэ къафеджэ.

*ЧIыгхэр къызэлъэтIэмы,*
*Апэрэ къагъагъэмэ тяпэмы,*
*Тыгъэм зыкъытфещэи,*
*КIалэхэр тхъэжьэу мэджэгух.*

*Тыгъэр зэрилъэкIэу мэцакъэ,*
*Лэжьыгъэр губгъом щэбагъо.*
*КIалэмэ джы загъэпсэфы,*
*ЯпсыIуи ахэр щэчэфы.*

*Тыгъэжьым чъыгхэр етIэкIы,*
*ПкIашъэхэр чIыгум тырехъо,*
*ЧIышъхьашъор чъэпым зэлъехъэ,*
*Къэрэухэр къыблэм мэкIожьых.*

*Осыр жьыбгъэм зэрелъасэ,*
*ЧIыIэм нэгур къегъэушэплъы,*
*КIэлэцIыкIухэр Iажэм исхэу,*
*Тхъэжьхэу бгыпэм къечъэхых.*

КIэлэцIыкIумэ яупчIы усэхэр къызтегущыIэрэ уахътэмкIэ. Уахътэу анахь агу рихьрэр, зыкIырихьрэр къарегъэIуатэ. ЕтIанэ упчIэ ареты:

– Адэ псэушъхьэхэмкIэ сыд уахътэр ара анахь дэгъур (дэир).

– Сыда аущтэу къызкIышъушIошIырэр?

**Я II-рэ Iахьыр.** ГутIэ С. ирассказ къедэIунхэу ареIо, къафеIуатэ, къыIотагъэм фэгъэхьыгъэу упчIэхэр ареты:

– Сыда рассказыр къызтегущыIэрэр?

– Сыд уахътэм хъухэра къыIуатэхэрэр?

– Сыда псэушъхьэ Iэлмэ ящыIакIэ кIымафэм нахь дэи зыкIэхъурэр?

– Сыда ахэр кIымафэм зыкIыщымыщынэхэрэр?

Псэушъхьэ Iэлэу рассказым зыцIэ къыщыриIохэрэр къашъуIо, ащ кIымафэм зызэрэфагъэхьазырырэр, ашхырэр къэшъуIуат.

Щагу псэушъхьэмэ шъуакъытегущыI: зыщыпсэухэрэр, ашхырэр, афэгумэкIхэрэр, шIуагъэу цIыфым къыфахьырэр.

Зэфэхьысыжьхэр арегъэшIы.

Рассказыр джыри зэ къафеIотэжьы, ежь кIэлэцIыкIуми агу рихьыгъэ чIыпIэхэр къыкIарегъэIотыкIыжьы.

**Я III-рэ Iахьыр.** Мэкъэ Iужъухэм якъэIуакIэ нахьышIу ашIыным пае гущыIэхэр, гущыIэухыгъэхэр агъэфедэ.

Хь-хь-хь – хьэ, къыхьыгъ, рилъхьагъ. Хьэм хьалыгъу ешхы.

Къ-къ-къ – къаз, къэбаскъ, шъукъак1у. Къазыр псым щесы.

КI-кI-кI – кIымаф, къэкIы, псынкIэ. КIымафэм зи къэкIрэп.

Хъ-хъ-хъ – хъэрен, уахътэ, мэтхъэжьы. КIэлэцIыкIухэр хъэрен ешIэх. Ахэр мэтхъэжьых.

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. ХЬАДЭГЪЭЛIЭ АСКЭР ИРАССКАЗЭУ «ТИПЦЭЖЬЫЕ ЛАБЭ ЩЕСЫ» КЪАФЕДЖЭГЪЭН. МАКЪЭХЭУ [-ЛЪ-], [-ЛI-] – ЯКЪЭIУАКIЭ IОФ ДЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** макъэхэу [-л-], [-лъ-], [-лI-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Рассказ цIыкIум ашIогъэшIэгъонэу егъэдэIугъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хэбзыкIыгъэу е джэгуалъэу пцэжъый.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** пцэжъыяш, Лабэ, пцэкъэнтф, хъурджан.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум сурэт зэфэшъхьафхэр кIэлэцIыкIумэ афегощы. Сурэтмэ арытхэр къарегъаIо: лагъэ, лъакъо, лъэпэд, Iалъэ, хьамлыу, Iалъмэкъ, лIыжьы.

Макъэу [-л-] – къызыхэфагъэхэр шъхьафэу къыхагъэщых.

Макъэм икъэIуакIэ Iоф дашIэ.

Макъэу [-лъ-] – къызыхэфагъэхэр къыхагъэщых. Макъэм икъэIон Iоф дашIэ.

Макъэу [-лI-] – къызыхэфагъэхэр къыхагъэщых. Макъэм икъэIон Iоф дашIэ.

КІэлэпІум пцэжьые къештэ. КІэлэцІыкІухэм яупчІы:

– Тыда пцэжъыер зыщыпсэурэр?

– Псыр ары.

– Сыд фэда пцэжъыер?

– Пцэжъыер псым хэмысэу щыІэн ылъэкІыщтэп. Пцэжъыер псыхъоми хыми ахэсын ылъэкІыщт. КІэлэпІур рассказэу «Типцэжъые Лабэ щесы» зыфиІорэм къафеджэ:

– Лабэ псыхъо пцэжъыер щесы.

– СыІухьэмэ къыхэоу сэлъэгъу.

– ЛІыжъыр пцэжъые ешэ – зыфиІорэ гущыІэухыгъэхэр къарегъаІо. Макъэхэу [-л-], [-лъ-], [ -лІ-] – нахь къахагъэщыным ынаІэ тырегъэты.

## ЯплІэнэрэ тхьамаф:

## Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ХЭТ КЪЫІОН…». ХЫРЫХЫХЬЭХЭР

**Программнэ пшъэрылъхэр:** литературэ жанрэ цІыкІоу «хырыхыхьэм» ехьылІагъэу шІэныгъэхэр ятыгъэн, хырыхыхьэхэр къашІэн, зэхагъэуцон алъэкІэу, чІэгъчІэлъ мэхьанэу яІэр къыхагъэщын алъэкІынэу ягъэшІэгъэн.

**Нэрылъэгъу ІэпыІэгъухэр:** хырыхыхьэхэм яджэуап хъущт пкъыгъохэр зэрыт сурэтхэр, Жэнэ Къ. иусэу «Хэт къыІон…» е джэгуалъэхэр.

**ГущыІэр, гущыІэ гъэфедакІэхэр:** хырыхыхь, къоджэхь-къоджэшх, пкъыгъо зэфэшъхьафхэу зыфэгъэхьыгъэхэр.

### Занятиер зэрэрекІокІыщтыр:

**Апэрэ Іахьыр.** КІэлэпІум кІэлэцІыкІухэм хырыхыхьэ къареІо, къыІогъэ усэ цІыкІур зыфэгъэхьыгъэр, ар къызэрашІагъэ шІыкІэр къарегъаІо: чъыгым пыт, нэкІушъхьапль.

– Сыд чъыгыр бгъэсысмэ мыІэрысэм къехъулІэщтыр? Хырыхыхь зыфаІорэм тІэкІу къафытегущыІэ, хырыхыхьэхэр къашІэнэу фаехэмэ яупчІы. Усэ плъышъом итэу поэтмэ атхыгъэ хырыхыхьи, фольклорым къыхэхыгъэхэри къареІох. Хырыхыхьэр къызашІэкІэ пкъыгъоу къызтегущыІэрэр къахагъуатэ, къагъэлъагъо, ыцІэ къаІо:

*1. Гъэрэ шхъуантІэ, кІырэ пцІанэ.*
*Осым хэтмэ лъакъор лъапцІэ*
*Бжыхьэм дышъэр къырепхъыхы.*
*Сыд ащ ыцІэр, къаІо?*
*(чъыгы)*

*2. ПкІашъэр мэсысы,*
*Сэ сэкІэзэзы,*



*Чыпэр зэпэкІы,*
*ПсынкІэу сыкІэпкІы.*
*Джащ пай «къэрабгъ»*
*Сэ къысаІуагъ*
*(тхьакІумкІыхь).*

Хырыхыхьэхэр:

1. ПлІыри зэдачъэ, зи къатечъэрэп *(машинэ лъакъохэр).*

2. Уеплъымэ-къыоплъыжьы *(гъунджэ).*

3. ЧІышъхьашъор бзыуцыфкІэ фэпагъэ *(осы).*

**Я II-рэ Іахьыр.** КІэлэпІур кІэлэцІыкІухэм яупчІы, ежьхэми хырыхыхьэхэр зэхалъхьанхэу фаехэмэ. ШІоигъоныгъэ зиІэмэ адеІэзэ пкъыгъоу е сурэтэу къыхахыгъэмкІэ хырыхыхьэхэр зэхалъхьэх.

**Я III-рэ Іахьыр.** Дидактическэ упражнениеу «ГущыІэухыгъэр ухыжь».

1. Пэ цІыфым ищыкІагъ… *(жьы къырищэнэу).*

2. Бзэгур цІыфым ищыкІагъ… *(рыгущыІэнэу).*

3. ТхьакІумэхэр цІыфым ищыкІагъ… *(макъэхэр зэхихынэу).*

4. Нэхэр цІыфым ищыкІагъ… *(ылъэгъунэу).*

КІэлэпІум гущыІэухыгъэмэ зигугъу къашІыгъэхэр зыщыщхэмкІэ яупчІы, джыри цІыфым пкъы зэфэшъхьафэу иІэхэр къарегъаІо, ахэр хэтхэу ежь-ежьырэу гущыІэухыгъэхэр зэхарегъэгъэуцо.

1. Лъакъохэр *(сыда цІыфым зыкІищыкІагъэхэр?)*

2. Іэхэр *(сыда цІыфым зыкІищыкІагъэхэр?)*

**Я IV-рэ Іахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ. «Хэт сыд ышІэра?» КІэлэцІыкІу пэпчъ зыгорэм зыкъыпешІыжьы. Адрэхэм зыкъызыпишІыжьрэр къашІэ, ышІэрэр къаІо.

# ЕДЖАПӀЭМ ФАГЪЭХЬАЗЫРЫРЭ КУП

## ӀОНЫГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

### Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «СШЫНАХЬЫЖЪ СЭ СЕХЪУАПСЭ» КЪАФЕДЖЭГЪЭН. «ЕДЖАПӀЭМ МАКӀОХ» ЗЫФИӀОРЭ СУРЭТЫМ ТЕГЪЭГУЩЫӀЭГЪЭНЫХ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** илъэскӀэ еджапӀэм зэрэкӀощтхэм, ащ зыфэбгъэхьазырын зэрэфаер агурыгъэӀогъэн. Сюжет зиӀэ сурэтым техыгъэу рассказ зэхагъэуцонэу ягъэшӀэгъэн. ЕджапӀэм кӀощтхэм ащ зызэрэфагъэхьазырырэм тегъэгущыӀэгъэных. «ЕджапӀ», «Бжыхьэ» зиӀэ темэхэм якъэӀотэн щыгъэфедэгъэн. ГущыӀэухыгъэ убгъугъэхэр яжабзэ нахьыбэ щагъэфедэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу ӀэпыӀэгъухэр:** «Сентябрэм иапэрэ маф» итэу сурэт ин.

**ГущыӀэр, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** еджапӀ, еджакӀу, тхылъы. Сурэтэу «ЕджапӀэм макӀох».

**Занятиер зэрэрэрекӀокӀыщтыр:**

**Апэрэ Ӏахьыр.** КӀэлэпӀур кӀэлэцӀыкӀухэм яупчӀы:

– ЕджапӀэм шъукӀо шъушӀоигъуа?

– Сыда ащ шъузкӀыфаер?

– Сыдигъуа еджэныр зырагъажьэрэр?

– Илъэс тхьапш унымбжьын фая еджапӀэм учӀэхьаным пае?

**Я II-рэ Ӏахьыр.** КӀэлэпӀум сурэтэу «ЕджапӀэм макӀох» къыпелъэ.

УпчӀэхэр къаретых:

– Мы сурэтым таущтэу уеджэн плъэкӀыщта?

– Сурэтым ит кӀэлэцӀыкӀухэр еджапӀэм зэрэкӀохэрэр таущтэу къэшъушӀагъа?

– ЕджапӀэм чӀэс кӀэлэцӀыкӀухэм сыд араӀорэр?

– Сыда кӀэлэцӀыкӀухэм аӀыгъхэр?

– Сыда ащ дэлъхэр?

– Сыд пкъыгъуа щыкӀагъэр? *(Тхылъ).*



– Сыд уахътэр ара еджапӀэм зычӀахьэхэрэр?

– Бжыхьэм сыда инэшанэхэр?

**Я III-рэ Ӏахьыр.** КӀэлэпӀум рассказ цӀыкӀум изэхэгъэуцон ежь къырегъажьэ, кӀэлэцӀыкӀухэм къаухыжьы. «Бжыхьэр къэсыгъ. Чъыг тхьапэхэр гъожь дахэ хъугъэх. ЕджапӀэм кӀэлэцӀыкӀухэр зыщычӀэхьажьыщтхэр къэсыгъ. Пшъэшъэжъыехэри шъэожъыехэри еджапӀэм макӀох…». КӀэлэцӀыкӀухэм рассказыр лъагъэкӀуатэ.

**Я IV-рэ Ӏахьыр.** Жэнэ Къ. иусэу «Сшынахьыжъ сэ сехъуапсэ» кӀэлэпӀур къафеджэ. Щыщ пычыгъохэр къарегъэӀожьых.

– Сшынахьыжъ сэ сехъуапсэ.

– Сшынахьыжъ еджапӀэм макӀо.

– Сыдигъо еджапӀэм саштэщта?

**ЯтӀонэрэ тхьамаф:**

### Темэр. «ГЪЭМАФЭР ЗЭРЭЗГЪЭКӀУАГЪЭР». ЯСЭНАУЩЫГЪЭ ЕЛЪЫТЫГЪЭУ РАССКАЗ ЦӀЫКӀУ ЗЭХЯГЪЭУЦОГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСЭ ДЖЭГУКӀЭУ «СЫДА САДЫМ КЪЫЩЫКӀЫХЭРЭР?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** планэу къэтыгъэм елъытыгъэу рассказ цӀыкӀу зэхагъэуцогъэн. КъаӀуатэрэм зэкӀэлъыкӀокӀэ гъэнэфагъэ иӀэу егъэсэгъэных. Плъышъор къаӀон алъэкӀэу, зэрищыкӀагъэу агъэфедэн алъэкӀэу ягъэшӀэгъэн.

**Нэрылъэгъу ӀэпыӀэгъухэр:** пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм ямуляжхэр.

**ГущыӀэ, гущыӀэ гъэфедакӀэхэр:** къыщэкӀы, сыдэӀэпыӀэ, зызгъэпсэфыгъ.

**Занятиер зэрэрекӀокӀыщтыр:**

**Апэрэ Ӏахьыр.** КӀэлэпӀур кӀэлэцӀыкӀухэм яупчӀы уахътэмэ ащыщэу анахь шӀу алъэгъурэмкӀэ, якӀасэмкӀэ. ШӀу зыкӀалъэгъурэр, зыкӀякӀасэр къарегъэӀуатэ.

УпчӀэхэр аритзэ, гъэмафэр зэрагъэкӀуагъэр, ар зыщагъэкӀуагъэр, ашӀэщтыгъэхэр къарегъэӀуатэ.

– Гъэмафэм тыдэ зыщыбгъэпсэфыгъа?

– Хэта уигъусагъэр?

– СыдкӀэ ащ укӀуагъа?

– Сыдэущтэу нэнэжъ удэӀэпыӀагъа?

– Сыд фэдэ пхъэшъхьэ-мышъхьэха нэнэжъ исад къыщыкӀыхэрэр?

– Сыда гъэмафэм анахь лъэшэу пшӀэнэу уикӀасэр?

**Я II-рэ Iахьыр.** Хырыхыхьэхэу пхъэшъхьэ-мышъхьэхэм яхьылIагъэхэу, фольклорым къыхэхыгъэхэр къарегъаIо. Поэтмэ усэ шъуашэм илъэу атхыгъэхэр егъэфедэх.

*1. Гъатхэм къэгъэгъэ мат,*
*Гъэмафэм лэжьыгъэ Iат,*
*Iишъэ фэдиз пыт,*
*Лъэкъо пыраціэу щыт*
*(чъыгы).*

2. МыIэрысэм ехьылIагъэу хырыхьыхэ къареIо.

**Я III-рэ Iахьыр.** Пхъэшъхьэ-мышъхьэмэ ямуляжхэр шъхьадж зыфаер аригъаштэмэ, ыцIэ къыраригъаIозэ къытрегъэгущыIэх: ышъо, теплъэу иIэр (форма) зэрагъэфедэрэр.

– Мыр мыIэрыс. МыIэрысэр хъурае. Плъыжьэуи, шхъуантIэуи, гъожьэуи мэхъу. МыIэрысэр пшхыщт, компотым хэплъхьащт, варенье пшIыщт.

ХэтэрыкIхэр къарегъэлъытэ.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Хьалэщтэ С. иусэу «Тэтэжъ исад» къафеджэ. Пхъэшъхьэ-мышъхьэу къыхэфагъэхэри къарегъаIо:

| | |
|---|---|
| *КъыпцIэ* | *Къыцэ* |
| *МыIэрыс* | *Дэшхо* |
| *Къужьы* | *Абрикос* |

ЕтIанэ шъхьадж зыфэе пхъэшъхьэ-мышъхьэр ебгъэупIэпIыщт, къытебгъэгущыIэщт.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ХЬАЛЪЫГЪУР ГЪЭЛЪАПIЭ» ЕЗБЫРЭУ КЪЫКIЯГЪЭIОТЫКIЫЖЬЫГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «СЫДЫМ ХАШIЫКIРЭ?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пынджыр, фыгур, зэнтхъыр, тхъой (гречка), коцыр алъэгъумэ зэхамыгъэкIокIэнэу, адыгабзэкIэ ацIэ къыраIонэу, ащ ахэпшIыкIын плъэкIыщтхэри ашIэнэу; къэгущыIэхэ хъумэ гущыIэухыгъэ убгъугъэхэр агъэфедэхэу егъэсэгъэных. Усэр езбырэу, IупкIэу къаIонэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъэу IэпыIэгъухэр:** лэжьыгъацэхэр, фышъхьэхэр, сурэтхэр.



**ГущыIэ, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хьантхъупс, пынджы, фыгу, тхъой (гречка).

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм агу къегъэкIыжьы хьантхъупс зэфэшъхьафхэу щэ акIэтэу афаупщэрыхьэу арагъэшхыхэрэр. Ахэр зыхашIыкIхэрэр ашIэмэ къарегъаIо. АмышIэрэмэ, лэжьыгъацэхэр Iанэм къытыретакъох, регъэплъых, регъаIэх, ацIэхэр къареIо. Ахэм ахашIыкIэу ашIэхэрэр къарегъаIо:

– Мыр фыгу. Фыгум хьантхъупси, пIасти хашIыкIы.

– Мыр коцы. Коцыр ахьаджы. Хьаджыгъэм щэлами, хьалыгъуи, хьалыжъуи хашIыкIых.

– Мыр пынджы. Пынджыр агъапцIэ, плови хашIыкIы.

– Мыр натрыф. Натрыфыр ахьаджы. Хьаджыгъэм хьантхъупс, пIастэ хашIыкIы.

КIэлэпIур фышъхьэ лэжьыгъэхэр къыздикIыгъэмкIэ кIэлэцIыкIухэм яупчIы. КъэбгъэкIыным къиныгъоу пылъхэм адытегущыIэ. Шхын щымыIэу цIыфыр щыIэн зэримылъэкIыщтыр ареIо. Лэжьыгъэр бгъэлъэпIэн, кIэуугъоен зэрэфаем къафытегущыIэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** Жэнэ Къ. иусэу «Хьалыгъур гъэлъапIэ» зыфиIорэм къафеджэ. Текстым Iоф дарегъашIэ, гущыIэу къагурымыIохэрэр къафызэхефы, къыкIарегъэIотыкIыжьы:

фыгукIэ, фэмышIэу чIэнагъэ,
гъэлъапIэ, угъои лэжьыгъэр.
Фышъхьэ лэжьыгъэр ылъапс титхъагъо.

Джыри къафеджэ. КIэлэцIыкIоу нахь зыгурыIуагъэмэ къыздарегъаIо. Нахь зыгурымыIуагъэхэм адеIэзэ къарегъаIо.

**Я III-рэ Iахьыр.** Макъэхэу [-гъ-], [-гъу-] – якъэIуакIэ Iоф дашIэ: хьалыгъу, гъэлъапIэ, угъои, титхъагъо.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Мы макъэхэр хэтхэу IурыIупчъэ цIыкIу къарегъаIо: тыгъурыгъу – псырыгъукI;

*– Унэ цыгъу,*
*Къое тыгъу.*
*Губгъо цыгъу,*
*Гъэжъо тыгъу.*

**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

**Темэр. ПЭРЭНЫКЪО М. ИУСЭУ «МЫЕКЪУАПЭ» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН Е КЪАФЕДЖЭГЪЭН. «ТЭ КЪАЛЭУ МЫЕКЪУАПЭ ТЫЩЭПСЭУ» – РАССКАЗ ЗЭХЭГЪЭУЦОГЪЭН**

**Программнэ пшъэрылъхэр:** республикэм икъэлэ шъхьаIэ ехьылIагъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн, шIу ягъэлъэгъун, идэхагъэ идэгъугъэ хагъэхъоным фэпIугъэных. Мыекъуапэ ехьылIэгъэ усэр езбырэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** Мыекъуапэ ичъыпIэ зэфэшъхьафхэм ясурэтхэр.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** экскурсие пщэщтых.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** къэлэ шъхьаI, чIыпIэ дахэхэр иIэх, гъэпсэфыпIэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум Мыекъуапэ ичIыпIэ зэфэшъхьафхэр зэрыт сурэтхэр къыпелъэх. Ахэм къагъэлъэгъорэ чIыпIэмэ ащыщ горэ ашIэмэ яупчIы. А чIыпIэм ехьылIагъэу ашIэрэр къарегъэIуатэ.

Экскурсие зэкIохэм къалъэгъугъэр, агу рихьыгъэр къарегъаIо. УпчIэхэр аретых:

– Сыд фэда Мыекъуапэ?
– Сыд псыхъуа зыIусыр?
– Сыд фэдэха Мыекъуапэ иурамхэр, иплощадьхэр?
– Шъугу рехьа Мыекъуапэ?

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм Пэрэныкъо М. иусэу «Мыекъуапэ» къафеджэ:

*Къушъхьапэу жьы къабзэр*
*Ипсыхъо тырехы.*
*МэIэшIур Iубзабзэу*
*Исады къыдехы.*
*Иунэ зэтетхэр*
*Урамым щэтэджы.*
*Ар Адыгэ хэкум*
*Икъэлэ ялыеу,*
*Тыгухэр зыпэблагъэу*
*Ти Мыекъуапэ.*

**Я III-рэ Iахьыр.** Мыекъуапэ пае аусыгъэ орэдмэ *(урысыбзэкIи, адыгабзэкIи)* кIэлэцIыкIухэр арегъэдэIух.



# ЧЪЭПЫОГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

**Темэр. «ТИРЕСПУБЛИКЭУ АДЫГЕИР» – ТЕГУЩЫIЭГЪЭН**

**Программнэ пшъэрылъхэр:** зыщыпсэухэрэ республикэм ехьылIагъэу нахь куоу ягъэшIэгъэн; цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафэу исхэр зэрэзэдэпсэухэрэр, зэкъошныгъэу ахэлъыр агурыгъэIогъэн; адыгэ быракъым, гербым нэIуасэ фэшIыгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** Адыгэ хэкум икарт, ибыракъ, игерб, дискым тетэу гимныр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** Адыгэ Республик, гимн, герб, тамыгъ, зэкъошныгъ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр рещалIэх стендэу республикэм имафэ пае зэрагъэфагъэм. Пкъыгъомэ ацIэхэр къарегъаIо.

ЕгъэтIысыжьхэшъ, къарегъэIуатэ мэфэкIым зызэрэфагъэхьазырырэр:
– Сыда мэфэкIыр мы мафэм зыкIэтшIырэр?
– Адыгэхэр а мафэм республикэ тиIэ зэрэхъугъэм кIэтхэгъагъэх.

Урысыем ибыракъ, игерб арегъэлъэгъух, мыхэмэ ябгъэпшэн плъэкIынэу стендым тетэу алъэгъугъэхэр къарегъаIо.

Хэгъэгу пэпчъ рашIэжьэу быракъ, герб, гимн зэриIэр къареIо, Россием игимн зэредэIугъагъэхэр агу къегъэкIыжьы. Джы Адыгэ Республикэм игимн регъэдэIух. Атрибутхэм къатырегъэгущыIэх.

1. Сыд фэда быракъым ышъо?
2. Сыда быракъым тешъулъагъорэр?
3. Жъуагъомэ, щэбзащэмэ къарыкIрэр ареIо.
4. Гербым итеплъэ къарегъэплъыхьэ.
5. Iанэр пчэгум зыкIытырашIыхьагъэм мэхьанэу ратыгъэр къафеIуатэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** Адыгэ Республикэм игимн регъэдэIух.

**Я III-рэ Iахьыр.** Адыгэ тхакIохэм Адыгэ Республикэм ехьылIагъэу аусыгъэхэм къафеджэ.

1. ЕхъулIэ С. «Сихэку кIас».
2. ЕхъулIэ С. «Сихэку» *(усэм щыщ).*

**Я IV-рэ Iахьыр.** ТемэмкIэ гущыIэжъхэр къареIох, къарыкIрэр къарегъэIуатэ.

1. Хымэ дышъэ унэ нахьи тиунэжъ.
2. Уихэгъэгу – уян, ныбжьи умыхъожь.
3. Зихэгъэгу зыхъожьрэр ыпсэ хэIэжьы.

ГущыIэжъхэр езбырэу арегъашIэ.

**Я V-рэ Iахьыр.** Уахътэ къанэмэ адыгэмэ афэгъэхьыгъэ орэдмэ арегъэдэIух, къэшъо мэкъамэ зыкIэтмэ къадегъашъох.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ХЭТЭРЫКIМЭ ЯОРЭД» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. ХЭТЭРЫКIХЭР ЗЫФЭДЭХЭР, ЗЭРАГЪЭФЕДЭХЭРЭР КЪЯГЪЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** усакIэм сабыйхэр нэIуасэ фэшIыгъэных. IупкIэу къаIонэу ягъэшIэгъэн. ХэтэрыкIмэ адыгабзэкIэ ацIэхэр къыкIягъэIотыкIыжьыгъэн. Ясурэт е ежь хэтэрыкIыр алъэгъумэ ыцIэ къыраIонэу зэрагъэфедэрэр къаIотэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хэтэрыкIхэр е муляжхэу, е сурэтхэу. Сурэт – хатэ ишIыхьагъэу.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хэтэрыкI, чIыплъ, натрыф, къэбаскъ, нэшэбэгу, къэбы, анджырэф.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум сурэт иныр къыпелъэ. Ралъагъорэм къытегущыIэнхэу ареIо. КъызаIотахэкIэ джыри хатэм къыщыкIыхэрэу ашIэхэрэмкIэ яупчIы, ахэр зыкIытищыкIагъэр къарегъаIо. А хэтэрыкIмэ апкъ щыщэу цIыфым ыгъэфедэрэр къарегъаIо. ЧIым чъэтым «лъапсэ», чIыгум къытещрэм «шъхьапэ» зэраIорэр ареIо, гущыIэхэр къарегъэIожьы.

Сурэт цIыкIухэр зырызэу къытригъэуцозэ ацIэ къырарегъаIо, щыщэу цIыфым ыгъэфедэрэр, ащ плъышъоу иIэр, ащ хашIыкIырэ шхынхэр къарегъэIуатэ.

– Мыр нэшэбэгу. Нэшэбэгур уцышъо, кIыхьэ зэрэцIынэу ашхы, салатым халъхьэ.

– Мыр къэбаскъ. Къэбаскъэр цIынэуи ашхы. НэмыкIэу аупщэрыхьэрэми ахалъхьэ, агъажъо, агъажъэ.

– Мыр къэбы. Къэбыр агъажъэ, агъажъо, пшхынкIэ IэшIу, къэбыр гъожьэуи шхъуантIэуи щыт…

ХэтэрыкIмэ ащыщэу нахь якIасэхэр муляж шIыгъэхэу къаригъаштэзэ гущыIэухыгъэ къызэрыкIомэ къащырегъажьэшъ, нахь зырагъэушъомбгъоу къаIо:

– Сэ къэбыр сикIас.

– Сэ къэбыр гъэжъагъэу сикIас.

– Сэ къэбыр гъэжъуагъэу сикIас.

– Сэ къэбаскъэр борщым хэлъэу сикIас…

**Я II-рэ Iахьыр.** Жэнэ Къ. иусэу «ХэтэрыкIмэ яорэд» къафеджэ.



Джыри зэ къарегъэIожьых хэтэрыкIэу усэм къыхэфагъэхэр.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ПСЭУШЪХЬЭМЭ ЯХЬЫЛIАГЪЭУ ЗЭХЭГУЩЫI. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ТЫДЭ МЫ ПСЭУШЪХЬЭХЭР ЩЫПСЭУХЭРА?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** псэушъхьэмэ яхьылIагъэу кIэлэцIыкIумэ ашIэрэм хэгъэхъогъэн, зыщыпсэухэрэм елъытыгъэу зэфэхьысыжьхэр ашIын алъэкIынэу ягъэшIэгъэн. Псэушъхьэхэр шIу алъэгъоу, афэгумэкIхэу гъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэтэу псэушъхьэхэр зэрытхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** махъушэ, пылы, мамун, домбай, баджэ, мышъэ *(шIуцI, фыжьы).*

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм адыгабзэкIэ къарегъаIо псэушъхьэу ашIэхэрэм ацIэхэр. УпчIэхэр кIэлэцIыкIумэ аретых: Сыда мыхэмэ псэушъхь зыкIятIорэр? Сыда псэушъхьэхэр зэрэзэтекIхэрэр? (Яинагъ, чIыпIэу зыщыпсэухэрэр, ашхырэр). Сыда «Щагу псэушъхь», «Псэушхъэ Iэл» тIоу зыкIызэтетфыхэрэр?

Псэушъхьэу алъэгъугъэхэмкIэ, зыщалъэгъугъэмкIэ яупчIы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыда мы псэушъхьэм шIуагъэу къыхьрэр?»

Псэушъхьэ зэфэшъхьафмэ ясурэтхэр Iанэм къытырелъхьэ. КIэлэцIыкIумэ шъхьадж зыфаер къыхахы. Псэушъхьэу къыхахыгъэхэр зыхахьэхэрэмкIэ агощы: щагу псэушъхьэхэр, псэушъхьэ Iэлхэр, чIыпIэ фабэмэ ащыпсэурэ псэушъхьэхэр. Аущтэу зыкIагощыгъэм къытрегъэгущыIэх.

ЦIыфхэм нахь шIогъабэ къафэзыхьрэ псэушъхьэмэ къатырегъэгущыIэх: чэмым щэ къеты, щэм тхъу, къуае, щатэ хашIыкIы. Ахэр дэшхыных.

Мэлым цы къеты. Цым щыгъынхэр хашIыкIых. Шым хьылъэхэр зэрещэ, зэрехьэ. Хьэм щагур къеухъумэ…

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыд псэушъхьа уиIэр?»

КIэлэцIыкIумэ ащыщэу щагу псэушъхьэхэр зиIэхэм, зыфае псэушъхьэм къытырегъэгущыIэх.

**Я IV-рэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIумэ усэ е рассказ цIыкIухэу псэушъхьэхэм яхьылIагъэхэм къафеджэ.

## Яплӏэнэр тхьамаф:

### Темэр. ПШЫСЭУ «ТЫГЪУЖЪ МЭЛЭКӏАЛӏЭМ КЪЕХЪУЛӏАГЪЭР»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пшысэ кӏэкӏ цӏыкӏухэр къаӏотэжьынэу, къагъэлъэгъон алъэкӏынэу егъэсэгъэных. Пшысэм купкӏэу кӏоцӏылъым гу лъягъэтэн. Адыгэ пшысэхэр шӏу ягъэлъэгъун. Синонимхэр абзэ щагъэфедэнэу егъэсэгъэных. Макъэ зэхьыщырхэу [-жъ-], [-шъ-] – гущыӏэм чӏыпӏэу щаубытырэм елъытыгъоу якъэӏуакӏэ ӏоф дэшӏэгъэн.

**Нэрылъэгъу ӏэпыӏэгъухэр:** тыгъужъым, къыдырым ясурэтхэр.

**Гущыӏэр, гущыӏэ гъэфедакӏэхэр:** мэлэкӏалӏ, мэлакӏэ малӏэ, лъэшэу мэлакӏэ малӏэ, тӏэкӏу мэлакӏэ малӏэ, къыдыр, мыщыу, щыгъуцэ хэлъэп.

**Занятиер зэрэрекӏокӏыщтыр:**

**Апэрэ ӏахьыр.** Кӏэлэпӏур кӏэлэцӏыкӏухэм яупчӏы:

– Сыд фэдэ пшыса шъушӏэхэрэр?

Пшысэу ашӏэхэрэм ащыщ пычыгъоу агу къэкӏыжьхэрэр къарегъэӏуатэ.

Пшысэхэр кӏыхьэхэуи, кӏакохэуи зэрэщыӏэхэр ареӏо.

Пшысэхэу «Тыгъужъымрэ къыдырымрэ», «Хьалыжъуищ», «Тыгъужъ мэлэкӏалӏэм къехъулъагъэр» къафеджэ. Зы пшысэ къеджэ пэпчъ къыӏуатэрэм тырегъэгущыӏэх. Пшысэм мэхьэнэ шъхьаӏэу пхырыщыгъэм гу лъарегъатэ.

Бзэм зэгъэкӏугъэу урыгущыӏэным пай гущыӏэ зэфэшъхьафыбэ зэрэпшӏэн фаер, а зыр зэфэшъхьаф гущыӏэхэмкӏэ къэпӏон зэрэплъэкӏыщтыр агурегъаӏо. Ащкӏэ пшысэу «Хьалыжъуищ» щысэ дэгъу мэхъу. Гущыӏэхэу «мыщыу», «щыгъуцэ хэлъэп» зэрэсинонимхэр агурегъаӏо.

Адрэ пшыситӏум моралэу ахэлъыр алъегъэӏэсы, уин-уцӏыкӏум емылъытыгъэу акъылэу, къулаигъэу пхэлъым елъытыгъэу хэкӏыпӏэ къызэрэбгъотын плъэкӏыщтыр агурегъаӏо.

Пшысэу «Тыгъужъ мэлэкӏалӏэм къехъулӏагъэр» – джыри зэ къафеджэ.

Сценкэ цӏыкӏу арегъэгъэуцу: зезыщэрэр, тыгъужъыр, шъынэ цӏыкӏур.

Зезыщэрэр: – Тыгъужъыр лъэшэу мэлакӏэ лӏагъэ. Шъынэ цӏыкӏу горэ къыубытыгъ.

Шъынэ: – Сыд къысэпшӏэщт, тыгъужъ?

Тыгъужъ: – Мэлакӏэ сэлӏэ. Усшхыщт.

Шъынэ: – А тыгъужъ, сымышх. Сэ сыод цӏыкӏу, сытӏупщыжьи щэ сылъэмэ пщэры сыхъущт. Етӏанэ сыпшхыщт.

Тыгъужъ: – Хъун, аущтэу тшӏын.

Зезыщэрэр: – Ар ыӏуи ытӏупщыжьыгъ. Шъынэ цӏыкӏур тӏо пкӏи, ящэнэрэ пкӏэгъум ӏэщым дэпкӏэжьыгъ.

**Я II-рэ ӏахьыр.** Дидактическэ джэгукӏэу «Тхьапша?» Пшысэмэ персонажэу ахэтхэр къаӏо, къалъытэ.



1. Зы тыгъужъ, зы шъын. Пстэумкӏи тӏу мэхъух.
2. Зы тыгъужъ, зы къыдыр. Пстэумкӏи тӏу мэхъух.
3. Хьалыжъохэр щы мэхъух.

# ШЭКӏОГЪУ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. ХЬАУДЭКЪО С. ИУСЭУ «БЖЫХЬЭР» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШӏЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** бжыхьэм дунаим идэхагъэ кӏэлэцӏыкӏумэ алъыгъэӏэсыгъэн, мэкъэ къэӏуакӏэу усэм хэлъыр зэхягъэшӏэн, мэкъэ ӏужъухэм якъэӏуакӏэ ӏоф дэшӏэгъэн. Тыкъэзыуцухьэрэ дунаир шӏу ягъэлъэгъун, фэсакъынхэу, къаухъумэнэу гъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу ӏэпыӏэгъухэр:** бжыхьэ темэр яӏэу сурэтхэр.

**Гущыӏэр, гущыӏэ гъэфедакӏэхэр:** чъыгы хат, къыдэкӏошъагъ, зэмышъогъоу зэлъилагъэх, дэӏушъашъэх, кӏым-сым, пхъэфы.

**Занятиер зэрэрекӏокӏыщтыр:**

**Апэрэ ӏахьыр.** Кӏэлэпӏум сурэтхэр къыпелъэх. Сурэтхэм арытхэм яхьылӏагъэу упчӏэхэр ареты:

– Сыд фэдэ уахьта сурэтмэ къагъэлъагъорэр?

– Ар сыдэущтэу къэшъушӏагъа?

– Шъугу рехьа бжыхьэр?

– Шъугу зыкӏырихьырэр къэшъуӏуат.

**Я II-рэ ӏахьыр.** Бжыхьэм ехьылӏагъэу усэ непэ аригъашӏэ зэрэшӏоигъор кӏэлэпӏум кӏэлэцӏыкӏумэ ареӏо. Усэм къафеджэ:

*Чъыгы хатэм бжыхьэр*
*Къыдэкӏуашъи шъабэу,*
*Зэмышъогъу дахэу*
*Чъыгхэр зэлъилагъэх.*
*Пхъэфым пкӏашъэу пытхэр*
*Жъыухэу дышъэм фэдэу,*
*Шъабэу дэӏушъашъэх.*
*Кӏымы-сымы чъыг хатэр,*
*Щыӏурэп мэкъэ цӏыкӏуи.*
*Къыблэ фабэм бзыухэр*
*Зэкӏэ быбыжьыгъэх.*

Текстым Iоф дарегъашIэ: гущыIэхэм ямэхьанэ, тыкъэзыуцухьэрэ дунаим хэхъухьэрэр образнэу къызэрэтыгъэм гу лъарегъатэ.

КIэлэпIур усэм джыри зэ-тIо къеджэ. КIэлэцIыкIумэ агу раубытэгъэ пычыгъохэр къыкIарегъэIотыкIыжьы.

КIэлэцIыкIухэр къыздыригъаIэзэ джыри усэм къеджэ, етIанэ зэкIэми къызэдаIо *(уахътэ къыхэкIмэ усэр джыри нахь IупкIэу къаIонэу арегъашIэ).*

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Уахътэм инэшанэхэр».

КIэлэцIыкIухэр хъураеу егъэуцух, ежь кIэлэпIур Iэгуаор ыIыгъэу пчэгум еуцо. Iэгуаор зырызэу афедзы, илъэсым иуахътэ горэм ыцIэ къыреIо. Iэгуаор зыфидзыгъэм илъэс уахътэм инэшанэ горэ къеIо *(кIымаф – ос къесы..., гъэмаф – фабэ, бжыхьэ – пкIашъэхэр гъожьы хъугъэх, гъатхэ – осыр жъужьыгъэ).*

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. ГУТIЭ С. ИРАССКАЗЭУ «ПСЭУШЪХЬЭ IЭЛХЭМРЭ ЩАГУ ПСЭУШЪХЬЭХЭМРЭ» КЪЯГЪЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** зэхахыгъэр зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэ иIэу, IупкIэу къыкIягъэIотыкIыжьыгъэн. Мэкъэ Iужъухэм якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Псэушъхьэхэм яхьылIагъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн, ацIэ къыраIонэу, ягъэпсыкIэ, ашхрэм, япсэукIэ къаIотэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** псэушъхьэхэр зэрыт сурэтхэр е джэгуалъэхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** псэушъхьэ Iэл, щагу псэушъхь, ящыIакIэ хьылъэ, хьакIэ-къуакI, Iусы.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIумэ илъэс уахътэмэ яхьылIэгъэ усэхэм къафеджэ.

*Чъыгхэр къызэлъэтIэмы,*
*Апэрэ къагъагъэмэ тяпэмы,*
*Тыгъэм зыкъытфещэи,*
*КIалэхэр тхъэжьэу мэджэгух.*

*Тыгъэр зэрилъэкIэу мэцакъэ,*
*Лэжьыгъэр губгъом щэбагъо.*
*КIалэмэ джы загъэпсэфы,*
*ПсыIум ахэр щэчэфы.*

*Тыгъэжьым чъыгхэр етIэкIы,*
*ПкIашъэхэр чIыгум тырехъо,*



*Чъышъхьашъор чъэпым зэлъехъэ,*
*Къэрэухэр къыблэм мэкIожьых.*

*Осыр жьыбгъэм зэрелъасэ,*
*ЧыIэм нэгур къегъэшэплъы,*
*КIэлэцIыкIухэр Iажэм исхэу,*
*Тхъэжьхэу бгыпэм джы къечъэхых.*

Усэхэр къызтегущыIэрэ уахътэхэмкIэ кIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы. Уахътэу анахь агу рихьырэр зыкIырихьырэр къарегъэIуатэ. ЕтIанэ упчIэ ареты:

– Адэ псэушъхьэхэмкIэ сыд уахътэр ара анахь дэгъур (дэир)?

– Сыда аущтэу къызкIышъушIошIырэр?

**Я II-рэ Iахьыр.** ГутIэ С. ирассказ къедэIунхэу ареIо, къафеIуатэ, къыIотагъэм фэгъэхьыгъэу упчIэхэр ареты.

– Сыда рассказыр къызтегущыIэрэр?

– Сыд фэдэ уахътэм хъухэра къыIуатэхэрэр?

– Сыда псэушъхьэ Iэлмэ кIымафэм ящыIакIэ нахь дэи зыкIэхъурэр?

– Сыда ахэр кIымафэм зыкIыщымыщынэхэрэр?

– Псэушъхьэ Iэлэу рассказым зыцIэ къыщыриIохэрэр къашъуIо, ащ кIымафэм зызэрэфагъэхьазыррэр, ашхырэр къэшъуIуат.

– Щагу псэушъхьэмэ шъуакъытегущыI: зыщыпсэухэрэр, ашхырэр, афэгумэкIрэр, шIуагъэу цIыфым къыфахьрэр.

– Зэфэхьысыжьхэр арегъэшIы.

Рассказыр джыри зэ къафеIотэжьы, ежь кIэлэцIыкIуми агу рихьыгъэ чIыпIэхэр къыкIарегъэIотыкIыжьы.

**Я III-рэ Iахьыр.** Мэкъэ Iужъухэм якъэIуакIэ нахьышIу ашIыным пай гущыIэхэр, гущыIэухыгъэхэр агъэфедэ.

Хь-хь-хь – хьэ, къыхьыгъ, рилъхьагъ. Хьэм хьалыгъу ешхы.

Къ-къ-къ – къаз, къэбаскъ, шъукъакIу. Къазыр псым щесы.

КI-кI-кI – кIымаф, къэкIы, псынкIэ. КIымафэм зи къэкIырэп.

Хъ-хъ-хъ – хъэрен, уахътэ, мэтхъэжьы. КIэлэцIыкIухэр хъэрен ешIэх. Ахэр мэтхъэжьых.

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. ЖЭНЭ КЪ. ИУСЭУ «ДЭКIО-БЗАКIОУ ЗЫОГЪАСЭ». ШЭКIЫМРЭ ТХЫЛЪЫПIЭ ТХЬАПЭМРЭ УЗЭПЯПЛЪЫН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** шэкIымрэ тхылъыпIэ тхьапэмрэ зэпэплъыхьан, зэбгъэпшэн, зэфэдэ е зэфэшъхьаф нэшанэу яIэхэр

къыхэгъэщыгъэн, пкъыгъоу ахэм ахашIыкIхэрэм нэIуасэ афэшIыгъэных; ацIэхэр ягъэшIэгъэн; макъэу [-кI-] – икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**НэрылъэгъуIэпыIэгъухэр:** нысхъапэу Фатимэ.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** шэкIы, басмэ, данэ, тхылъыпI.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум нысхъап дахэ къырехьэ, нэIуасэ фешIых. Непэ ащ зэримэфэкIыр кIэлэцIыкIухэм ареIо. ШIухьафтынэу фигъэхьазырыгъэхэри къештэх. Ахэр кIэлэцIыкIухэм аштэх, яплъых, зыхэшIыкIыгъэр къашIэ, къаIо *(шэкIым хэшIыкIыгъэх)*.

ЕтIанэ нысхъапэм ахэр регъэлъэгъугъ. Нысхъапэр «къеIушъашъэ»:

– Мыщ ыIорэр шIошIа, кIэлэцIыкIухэр?

Мы шъхьэтехъоу шэкIым хэшIыкIыгъэм нахьи мыдрэ тхылъыпIэм хэшIыкIыгъэр нахь ыгу рихьэу еIо. ТхылъыпIэм хэшIыкIыгъэр зытепхъон зэрэмылъэкIыщтыр есэIо, ежь ышIошъ хъурэп. Шъо сыдэу шIуIорэ? Тетэрэхъуи терэплъа? *(Нысхъапэм тхылъыпIэм хэшIыкIыгъэ шъхьэтехъор тырихъонэу фежьэ, ау ар мэцIыцIы, зэIэтхъы).*

– Сыда тхылъыпIэм къехъулIагъэр? *(КIэлэцIыкIухэм яджэуапхэм ядэIу, ар Фатими гурагъэIонэу ареIо).* – ТхылъыпIэр цIыцIыгъэ, зэIэтхъыгъэ.

ЕтIанэ тхылъыпIэ тхьапэ зырыз зэкIэми ареты, арегъэцIыцIы, зэкIоцIарегъэхыжьы, зэIатхъышъумэ регъэплъых *(тхылъыпIэр псынкIэу зэIэтхъы).*

ЕтIанэ шэкI такъыр зырыз ареты. ТхылъыпIэ тхьапэм фэдэу зэIатхъышъумэ регъэплъых, ау афызэIэтхъырэп. КIэлэцIыкIухэми нысхъапэми нафэ къафэхъу тхылъыпIэ тхьапэр шIэхэу зэрэзэIэтхъырэр, шэкIыр – пытэ.

КIэлэпIум шэкIым хэшIыкIыгъэ пкъыгъо зэфэшъхьафэу нысхъапэм шIухьафтынэу фагъэхьазырыгъэхэр кIэлэцIыкIухэм арегъэлъэгъу, ацIэ къырарегъаIо. Джанэм гъуапэ, пшъапIэ, джыбэ зэриIэхэр ареIо. Ахэр зэрэдыгъэхэм регъэплъых:

– Джанэр, кIэпхыныр, гъончэджыр дыгъэх.

– Адэ тхылъыпIэр удын плъэкIыщта?

– Хьау. Ар зэIэтхъыщт.

– Шъуеплъ, тхылъыпIэр бгъэпкIэн плъэкIыщт *(къэмлан, IэпэрышI зэфэшъхьафхэр).*

КIэлэцIыкIухэм зырызэу кIэлэпIум къарегъаIо:

– Джанэр дыгъэ. Ар шэкIым хэшIыкIыгъ.

– Къэмланыр гъэпкIагъэ. Ар тхылъыпIэм хэшIыкIыгъ.

**Я II-рэ Iахьыр.** Iанэм телъ пкъыгъо зэфэшъхьафхэр кIэлэцIыкIухэм зырызэу къаштэ, ацIэ къыраIо, зыхэшIыкIыгъэр къашIэ, къаIо.

Шъхьэтехъор шэкIым хэшIыкIыгъ.



Гухьарэр тхылъыпIэм хэбзыкIыгъ.

**Я III-рэ Iахьыр.** Макъэу [-кI-] – къызыхэфэрэ гущыIэхэр сабыйхэм къягъэIогъэн, къыхягъэгъэщыгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «Тэрэзэу ацIэ къаIо».

Сурэт цIыкIухэр сабыйхэм афэогощы, сурэтым итхэм ацIэ къяогъаIо, ахэм макъэу [-кI-] – къызыхафэхэрэр къыхяогъэгъэщы.

**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ПШЫСЭУ «НЫБДЖЭГЪУР ЗЫЩЫПСЭУРЭР» КЪАФЕДЖЭГЪЭН (КЪЯГЪЭIОТЭЖЬЫГЪЭН)

**Программнэ пшъэрылъхэр:** гущыIэухыгъэ зытIукIэ къаIотэн алъэкIынэу ягъэшIэгъэн. КъаIуатэрэм гущыIэухыгъэу агъэфедэхэрэр зэкIоу, мэхьанэ яIэу щызэрагъэфэнэу егъэсэгъэных.

**ГущыIэ, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** насып, щытхъу, Iофыр.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцыкIумэ упчIэ ареты:

– ЦIыфыр дэгъоу, дахэу псэуным пае сыда ищыкIагъэхэр?

– Ахэр тыдэ къырихыщта?

Джэуапмэ ядэIу, кIэлэцыкIумэ адэIэпыIэзэ цIыфым ищыIэныгъэ Iофым зэрепхыгъэм къыфещэх. ГущыIэухыгъэ зытIущкIэ къарегъэIуатэ.

Унагъом исхэм унэм Iофэу щашIэхэрэр:

– Ныр мэпщэрыхьэ, мэгыкIэ…

КIэлэпIур яупчIы унэм нэмыкIэу нахьыжъхэм джыри Iоф зыщашIэрэр. КъарегъаIо ятэ-янэхэм Iофэу ашIэрэр.

– Сэ сянэ врач. Ащ цIыфхэр егъэхъужьых.

– Сэ сянэ пщэрыхьакIу. Сянэ шхапIэм Iоф щешIэ. Ар мэпщэрыхьэ. Ащ цIыфхэр егъашхэх.

– Сэ сятэ шофер. Машинэ иным исэу Iоф ешIэ. Ащ хьылъэхэр зэрещэх.

– Сэ сшыпхъу кIэлэегъадж. Ащ школым Iоф щешIэ. КIэлэцIыкIухэр регъаджэх.

Дэгъоу Iоф зышIэрэ цIыфхэм ящытхъу зэраIорэр, ахэм яунагъуи ежьыри дэгъоу зэрэщыIэхэр агурегъаIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** Адыгэ пшысэу «Ныбджэгъур зыщыпсэурэр» зыфиIорэм къафеджэ. КIэлэцIыкIухэм упчIэхэр аретых.

– Зы лIырэ зы шъузрэ таущтэу псэущтыгъа?

– Хэта чэщым япчъэ къытеуагъэр?

– Сыда ащ лIым риIожьыгъэр?

– Хэта етIани япчъэ къытеуагъэр?

– Сыда лIым ариIожьыгъэр?
– Сыда къыIухьагъэхэр къызэряупчIыгъэр?
– ЛIым иджэуап зызэхахым сыда къыIухьагъэмэ ашIагъэр?

**Я III-рэ Iахьыр.** Зэфэхьысыжьхэр ашIы.

Уахътэ къанэмэ пшысэр кIэкIэу инсценировать арегъэшIы. Анахь дэгъоу адыгабзэр зышIэрэм зезыщэрэм ироль къырегъэшIы. Е IофшIэн зэфэшъхьафхэу къызтегущыIэрэ усэхэу титхакIохэм атхыгъэмэ къафеджэ.

1. Жэнэ Къ. «ДэкIо-бзакIоу зысэгъасэ».
2. Цуекъо Дж. «Заремэ зыкIэхъопсырэр».
3. Жэнэ Къ. «Сятэ шофер».
4. Цуекъо Дж. «УнакIэ».

# ТЫГЪЭГЪАЗ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. МАКЪЭХЭУ [-ШЪ-], [-ШI-] – ЯКЪЭIУАКIЭ IОФ ДЭШIЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «МЫЩ ФЭДЭ КЪЭГЪОТ, ЗЫФЭДЭР КЪАIО»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** плъышъохэр къаIонэу, зэхамыгъэкIокIэнэу егъэсэгъэных; плъышъоу амышIэхэрэм ацIэхэр ягъэшIэгъэн. Яжабзэ плъышъохэм ацIэхэр хэгъэхъогъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** нысхъап кIэракI, шар, джэголъэ зэфэшъхьафхэр, нысхъап щыгъынхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** сыд ышъу? Уцышъу, шхъуантIэ, гъожьы, плъыжьы.

#### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр хъураеу егъэтIысых, джэгуалъэхэр зытелъ Iанэр къегъэуцу. Пчъэм зыгорэ къытео. ЕкIы, нысхъапэм шар ыIыгъэу къырехьэ.

– КIэлэцIыкIухэр, шъолъэгъуа хьакIэу къытфэкIуагъэр? Хэт мыр?
– Мыр нысхъап.
– Сыд фэда нысхъапэр? Сыда ыIыгъыр?
– Дахэ. Шар ыIыгъ.
– Нысхъапэм цIэ фэтэжъугъэус *(цIэ фаусы – Нафсэт).*
– Нафсэт зэрэфэпагъэр, итеплъэ къашъуIо.



– Нафсэт ышъхьац шIуцIэ, бант плъыжь хэшIагъ. Джэнэ фыжь кIыхьэ щыгъ. Илъэпэдхэри фыжьых. Ицуакъэхэри плъыжьых. Шар плъыжь ыIыгъ.
– Тэри Нафсэт щыгъынхэр фэдгъэхьазырыгъэх, хэт сыд ритынэу фай? *(Нысхъап щыгъынхэр кIэлэцIыкIухэм афегощы).*
– Сэ Нафсэт пэIо гъожь естынэу сыфай.
– Сэ пальтэу плъыжь естынэу сыфай…

Дэгъу, Нафсэт зэкIэхэми шIухьафтынхэр ратыгъэх. Джы Нафсэт тэжъугъэхьакIэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Щай тешъощт».

КIэлэпIум ягъусэу кIэлэцIыкIухэм хьакъу-шыкъоу ящыкIэгъэщтхэр къыхехых.

АцIэ, ашъо къыраIо:

– Мыр чашк. Чашкэр фыжьы.
– Мыр щайныч. Щайнычыр плъыжьы.
– Мыр шъоущыгъулъ. Шъоущыгъулъэр фыжьы.
– Мыр хьалыгъулъ…

**Я III-рэ Iахьыр.** Макъэхэу [-ш-], [-шъ-], [-шI-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Ахэр къызхэфэрэ гущыIэхэр къягъэIон: чашк, шъхьац, шъэожъый, пшъэшъэжъый.

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. УАХЪТЭР, ШАПХЪЭХЭР. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «НЕП – НЕУЩ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** Уахътэр агъэнэфэнэу, ишапхъэхэр адыгабзэкIэ къаIон алъэкIынэу егъэсэных. Тхьамафэм имафэмэ ацIэмэ якъэIон Iоф дэшIэгъэн.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** блыпэ, гъубдж, бэрэскэжъый, мэфэку, бэрэскэшху, шэмбэт, тхьаумаф.

#### Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур яупчIы кIэлэцIыкIумэ:

– Сыдигъуа садикым шъукъызыкIорэр?
– Сыдигъуа шъуадэжь шъузыкIожьрэр?
– Сыдигъуа шъузычIыерэр?
– Адэ пшIэн фэе Iофыр зыщыпшIэщт уахътэр таущтэу япIощта?
– Уахътэу зыщыпшIэщтыр япIощт.

Мафэм иуахътэхэр къарегъаIо. НэмыкI мафэ пшIэн фае хъумэ къызэрэпIощтымкIэ яупчIы.

Урысыбзэм фэдэу адыгабзэми мафэмэ цIэхэр зэряIэр ареIо, къафепчъых урысыбзэкIи адыгабзэкIи.

| | |
|---|---|
| *Блыпэ* | *Понедельник* |
| *Гъубдж* | *Вторник* |
| *Бэрэскэжъый* | *Среда* |
| *Мэфэку* | *Четверг* |
| *Бэрэскэшху* | *Пятница* |
| *Шэмбэт* | *Суббота* |
| *Тхьаумаф* | *Воскресенье* |

**Я II-рэ Iахьыр.** АдыгацIэхэр зытIо-зыщэ къыкIарегъэIотыкIыжьых.

Агу раубытэным пае упчIэхэр аретых.

– Сыд фэдэ мафэхэр ара садикым тыкъызыкIорэр?

– Гъэпсэфыгъо мафэхэм ацIэ къеошъуIу.

– Непэ блыпэмэ неущ сыд маф?

– Тыгъуасэ тхьаумэфагъэмэ непэ сыд маф?

**Я III-рэ Iахьыр.** Мэфэ пчъагъэу тхьамафэр зэрэхъурэр къарегъэлъытэ:

– Мэфэ тхьапша тхьамафэр зэрэхъурэр?

– Мэфэ тхьапшырэ садикым тыкIора?

– Мэфэ тхьапшырэ зыдгъэпсэфыра?

**Я IV-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Неп – неущ».

КIэлэцIыкIухэр хъураеу егъэуцух, ежь кIэлэпIур Iэгуаор ыIыгъэу, ыгузэгу еуцо. КъыIомэ, зыгорэм Iэгуаор фидзэ ышIагъэр, зыкIишIагъэр къырегъаIо:

1. Сэ непэ тучаным сыкIуагъ.
2. Сэ неущ тучаным сыкIощт.

1. Сэ тыгъуасэ паркым сыкIогъагъ.
2. Сэ непэ паркым сыкIощт.

1. Сэ неущ садикым сыкъэкIощт.
2. Сэ непэ садикым сыкъэкIуагъ.

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. НАРТ ЭПОСЫМ ЩЫЩ ПЩЫНАЛЪЭХЭУ «НАРТ АЩЭМЭЗ КЪАМЫЛЫМРЭ ПХЪЭКIЫЧЭМРЭ КЪЫЗЭРЭХИХЫГЪЭХЭР» КЪЯГЪЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** адыгэ мэкъамэ къэзытырэ Iэмэ-псымэхэм нэIуасэ афэшIыгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** къамыл, пхъэкIыч, пщынэ, шыкIэпщын, мы Iэмэ-псымэмэ къырагъаIоу мэкъамэхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** къамыл, пхъэкIыч, пщынэ, шыкIэпщын.



**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр орэдхэм, мэкъамэхэм арегъэдэIух, яупчIы:

– Шъугу рихьыгъа?

– Сыда мы мэкъамэхэр къырагъаIо зыхъукIэ дэпшIэн плъэкIыщтыр? *(Укъыдэшъощт, удежъыущт).*

– Сыд фэдэ Iэмэ-псымэха мэкъамэхэр къызэрагъаIохэрэр?

АшIэхэрэр къарегъаIо, алъэгъугъэхэмэ яупчIы. ЕтIанэ Iэмэ-псымэхэр зытелъ Iанэм кIэлъырещэх, ашIэрэмэ ацIэхэр къарегъаIо, амышIэрэмэ ацIэхэр ежь ареIо. КъызэрэрагъэIорэ шIыкIэр къафеIуатэ.

– Пщынэр кокIым рагъэуцо, зэкIащмэ, Iапэмэ атеIабэхэзэ мэкъамэ къырырагъэщы.

– Мыр къамыл. Къамылым гъонэ цIыкIухэр иIэх. Епщэхэмэ, IапэкIэ гъонэ цIыкIумэ атеIабэзэ макъэ къырырагъэщы.

– Мыр пхъэкIыч. КIэ кIыхьэу иIэр IэкIэ аIыгъэу теохэзэ мэкъамэр къырагъэты.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Сыдым хэшIыкIыгъэха?»

АдеIэзэ Iэмэ-псымэхэр зыхэшIыкIыгъэхэр къарегъаIо. Нахьыбэхэр пхъэм зэрэхэшIыкIыгъэхэм гу лъарегъатэ.

**Я III-рэ Iахьыр.** «Тыдэ къикIыгъэха Iэмэ-псымэхэр?» ЦIыфым зэришIыгъэхэр къарегъаIо.

**Я IV-рэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы Iэмэ-псымэхэр ашIыныр къызхэкIыгъэр. Къамылымрэ пхъэкIычэмрэ зышIыгъэр нарт эпосым хэт Ащэмэзэу зэрэщытыр ареIо. Пщыналъэм къафеджэ. Текстым Iоф дашIэ. Джыри мэкъамэмэ арегъэдэIух, къыдегъашъох.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. МЫРЗЭ ДЗ. ИУСЭУ «ИЛЪЭСЫКIЭР КЪЫТФЭСЫГЪ» ЗЫФИIОРЭМ ЩЫЩ ПЫЧЫГЪО ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъыр:** кIымафэм, мэфэкIым ехьылIагъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн. Усэм IупкIэу къеджэнхэу егъэсэгъэных. УпчIэхэм яджэуапхэр гущыIэухыгъэ убгъугъэхэмкIэ къаIожьынэу ягъэшIэгъэн.

**ПэшIорыгъэшъэу пшIэщт Iофыгъохэр:** кIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм кIымафэм ехьылIагъэу зэхэгущыIэ адешIы. Нэшэнэ хэушъхьафыкIыгъэу иIэхэр къарегъаIо. КIымафэр агу рехьымэ яупчIы. КIымафэм мэфэкIэу хэдгъэунэфыкIрэр агу къегъэкIыжьы. А мэфэкIыр агу рехьымэ, агу зыкIырихьырэр къарегъэIуатэ.

КIэлэпIум Iанэм къытырегъэуцох елкэ цIыкIу, ЛIыжъ ЩтыргъукI, Ос пшъашъ, мыхэр къашIэжьыгъэхэмэ яупчIы.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** джэгуалъэхэу елкэ, ЛIыжъ ЩтыргъукI, Ос пшъашъ, елкэм палъхьэхэу джэголъэ заул.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** илъэсыкI, ЛIыжъ ЩтыргъукI, шIухьафтын, шхъуантIэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Мырзэ Дзэпщ иусэу «ИлъэсыкIэр къытфэсыгъ» зэрэпсаоу къафеджэ, текстым Iоф дарегъэшIэ:

– Тыда елкэр зыдэщытыр? Сыда елкэр пчэгум зыкIидгъэуцорэр?
– Сыда мы уахътэм щагум щыхъурэр?
– Сыд мэфэкIа къытфэсыгъэр?
– Хэта хьакIэу къытфэкIуагъэхэр?
– Сыда къытфахьыгъэхэр?

КIэлэпIур езбырэу аригъэшIэщт пычыгъо зытIу къафеджэ:

*Елкэ шхъуантIэр пчэгум ит,*
*Къутэмабэ елкэм пыт,*
*Ышыгу жъуагъор къыщэшIэт,*
*Идэхагъэ гур къеIэт.*
*ИлъэсыкIэр къытфэсыгъ,*
*ЛIыжъ ЩтыргъукIыр къытфэкIуагъ.*
*Осы пшъашъэр къыздищагъ,*
*ШIухьафтынхэр къытфахьыгъ.*

КIэлэпIур усэм къеджэ зыхъукIэ, кIэлэцIыкIумэ куп-купэу къызда-регъаIо, зэкIэми къызэдарегъаIо. Нахь дэгъоу зыгу изыубытагъэхэм е ежь фаехэм адеIэзэ къарегъаIо.

**Я II-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

Елкэ цIыкIур пчэгум къырагъэуцо, ЛIыжъ ЩтыргъукIри, Ос пшъашъэри кIэлъырегъэуцо. ИлъэсыкIэм ехьылIагъэу зэрагъашIэрэ орэдхэр елкэр къакIухьэзэ къаIо.



# ЩЫЛЭ МАЗ

**Апэрэ тхьамаф:**

**Темэр. КЪЭIОТАКIЭ ЯГЪЭШIЭН: «СЫДА ЛIЫЖЪ ЩТЫРГЪУКIЫМ ШIУХЬАФТЫНЭУ КЪЫПФИХЬЫГЪЭР?» ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ТЭРЭЗЭУ КЪАIО»**

**Программнэ пшъэрылъхэр:** къэIотэкIэ амалэу сабыйхэм аIэкIэлъхэм ахэгъэхъогъэн; гущыIэухыгъэ ухыгъэхэмкIэ гущыIэнхэу ягъэшIэгъэн, гущыIэ зырызыхэм якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** МэфэкI маф, шIухьафтын.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Ини цIыкIуи шIухьафтынхэр якIас, етIани ар ЛIыжъ ЩтыргъукIым къыхьыгъэ зыхъукIэ, лъэшэу зэкIэри щэгушIукIых.

КъеIуатэ кIэлэпIум: «Шъори ЛIыжъ ЩтыргъукIым мы илъэсыкIэм къышъуфихьыгъэ шIухьафтынхэм лъэшэу шъузэрагъэгушIуагъэр сэшIэ. Зымэ ежь ЛIыжъ ЩтыргъукIым шIухьафтынхэр ежь-ежьырэу аритыгъ, зымэ елкэ чIэгъым афычIилъхьагъ, зымэ яшъхьантэ чIэгъ афычIигъэбылъхьагъ. ЗэкIэхэри шIухьафтынхэм ащыгушIукIыгъ. Арба?»

КIэлэцIыкIумэ яшIухьафтынхэм яхьылIагъэу къаIуатэ, упчIэу кIэлэпIум аритрэмэ джэуап къаратыжьы:

– Джы – еIо кIэлэпIум, – зэкIэлъыкIоу къысфэшъуIуат: сыд шIухьафтына ЛIыжъ ЩтыргъукIым къышъуфихьыгъэр, тыдэ шIухьафтыныр къыщыжъугъотыгъа, шъузыфаем къытригъэфагъа, сыд фэдагъа ар? Нэбгырищ-плIы ярассказхэм ядэIух, зирассказ нахь дэгъур къыхагъэщы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Хэт нахь дэгъоу пшысэм е произведение горэм хэт героир къыгъэлъэгъощта? *(Гъулацый, пчэн щыр цIыкIоу тыгъужъым ыхьыгъэр, иныжъыр…)*

**Я III-рэ Iахьыр.** Тэрэзэу къаIо. МэфэкI маф, шIухьафтын зыфиIорэ гущыIэхэм, макъэу [-кI-], [-шI-] – Iоф дэшIэгъэн.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

**Темэр. ПХЪЭМРЭ ГЪУЧIЫМРЭ АФЭГЪЭХЬЫГЪЭ ГУЩЫIЭХЭМ НЭIУАСЭ АФЭШIЫГЪЭНЫХ, АХЭР ЯЖАБЗЭ ЩАГЪЭФЕДЭНХЭУ НЭШАНЭ ЯГЪЭШIЫГЪЭН**

**Программнэ пшъэрылъхэр:** сабыйхэр пхъэмрэ гъучIымрэ зэбгъапшэзэ нэIуасэ фэшIыгъэных. Пкъыгъо зэфэшъхьафхэр ахэм ахэпшIыкIын зэрэплъэкIыщтыр агурыгъэIогъэн. Мыхэм ахэшIыкIыгъэ

пкъыгъохэр къыхагъэщын алъэкIынэу адыгабзэкIэ ацIэ къыраIонэу ягъэшIэгъэн.

**НэрылъэгъуIэпыIэгъухэр:** зэфэшъхьаф материалмэ ахэшIыкIыгъэ пкъыгъохэр.

**ГущыIэ, гущыIэ IэпыIэгъухэр:** гъучIы, пхъэ, онтэгъу, псынкIэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэцIыкIухэр Iанэхэм акIэрысых. Iанэм гъучIым ыкIи пхъэм ахэшIыкIыгъэ пкъыгъохэр ателъых.

КIэлэпIум а пкъыгъохэр зырызэу къыштэхэзэ зэпаплъыхьанхэу кIэлэцIыкIухэм ареIо. ЕтIанэ яупчIы:

– Тара гъучIыр? Ар сыд фэда?

– Хьылъэ, пытэ, чъыIэ, онтэгъу.

– Пхъэ такъырыр къашъуштэ. Ар сыд фэда?

– Пхъэр псынкIэ, пхъашэ, шъабэ.

– ГъучI такъырымкIэ пхъэм шъуеуцIэнтхъу, е пхъэ такъырымкIэ гъучI такъырым шъуеуцIэнтхъу. Сыд гу зылъышъутагъэр?

– ГъучIыр пхъэм нахьи нахь пыт, ащ ищыгъэ фэпшIын плъэкIыщтэп, пхъэр шъабэ ыкIи гъучIымкIэ ипцIэнтхъын плъэкIыщт.

– КIэлэпIум зэфэхьысыжьхэр ешIых.

**Я II-рэ Iахьыр.** Iанэм гъучIымрэ пхъэмрэ ахэшIыкIыгъэ пкъыгъохэр кIэлэпIум къытырелъхьэх. КIэлэцIыкIухэм пкъыгъо зырыз аштэ, зэпаплъыхьэ, пкъыгъомэ къатегущыIэх:

– Сэ сштагъэр джэмыщх. Ар гъучIым хэшIыкIыгъ.

– Сэ сштагъэр тхьацуф. Ар пхъэм хэшIыкIыгъ.

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Пкъыгъор сыдым хэшIыкIыгъ?»

Пкъыгъо зэфэшъхьафхэр зытелъ Iанэм рещалIэх. АшIэрэ пкъыгъомэ ацIэхэр къарегъаIо: мастэ, ощы, уатэ, гъупчъэ, гъучIIун, шъэжъый, лэныст, зыхэшIыкIыгъэхэмкIэ яупчIы:

– Мыхэр зэкIэ гъучIым хэшIыкIыгъэх.

**Я IV-рэ Iахьыр.** ШэкIо А. иусэу «Iэмэ-псымэмэ яупчI» къафеджэ.

*Iэмэ-псымэ гохьхэр*
*Сэ боу къыздекIокIых.*
*Сычъыежьми пкIыхьхэр къысфагъэкIэракIэх.*
*Мастэр къысэдао:*
*– Пфедэжьа о чыIухэр?*
*Уатэр къысфытео:*
*– ГъучIIунэ пфыхэIуа?*
*Ощым зыкъырещы:*
*– Чъыгыр о пфеупкIа?*
*Гъупчъэм зыкъегъэщы:*
*Натрыф о пфеупкIа?*
*Шъэжъыер къэупчIэ:*
*– Хьалыгъур о пфэбза?*
*Лъэныстэм къысфепчъы:*
*– Адэ сыпфэгъабза?*
*Бэдэд Iэмэ-псымэхэр,*
*ЗэмылIэужыгъох.*
*Iофыр зимыкIасэхэр*
*Ахэм ауджэгъух.*

Усэм къыхэфэрэ Iэмэ-псымэхэр Iанэм телъмэ, ахэлъмэ яупчIы, зыцIэ къыраIон алъэкIхэрэр къарегъаштэ, къарегъэгъэлъагъо.



**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ЗЫ СЮЖЕТ ЗИIЭ СУРЭТХЭМКIЭ РАССКАЗ ЗЭХЭГЪЭУЦОГЪЭН «СЫДИГЪО СЫД ЫШIЭРЭ?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** Сурэтхэм арытхэм зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэ зэряIэм гу лъягъэтэгъэн. Рассказ цIыкIу зэхагъэуцон алъэкIэу егъэсэгъэных. ГущыIэухыгъэм изэхэтыкIэ, гущыIэу ахэтхэм зэкIэлъыкIокIэ гъэнэфагъэ яIэн зэрэфаер алъыгъэIэсыгъэн. Мэкъэ зэхьащырхэм якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**НэрылъэгъуIэпыIэгъухэр:** Зы сюжет зиIэ сурэт куп бзэм ихэгъэхъон Iоф рыдэпшIэнэу.

**ГущыIэ, гущыIэ IэпыIэгъухэр:** дэпшыен, къыпыкIыкIыгъ, къефэхыгъ, быбыжьыгъэх.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм сурэтэу «Чэтыум къехъулIагъэр» *(серия № 2 «История в картинках»)* арегъэлъэгъух, яупчIы, сурэтым итхэм зэпхыныгъэ горэ яIэмэ къатырегъэгущыIэх.

ЕтIанэ яупчIы:

– Сыда апэ хъун ылъэкIыщтыр?

– Сыда ащ къыкIэлъыкIощтыр?

– ЕтIанэ сыда хъущтыр?

– Iофыр сыд фэдэу ухыгъэ хъущта?

Рассказыр зэхагъэуцо, гущыIэухыгъэм хэт гущыIэхэм язэкIэлъыкIуакIэ тэрэзэу агъэпсымэ кIэлэпIум ынаIэ тырегъэты.

Бзыу цIыкIухэр чъыгым тесыгъэх. Ахэр чэтыум ылъэгъугъэх. Чъыгым дэпшыенэу фежьагъ.

Къутамэр къыпыкIыкIи, чэтыур къефэхыгъ. Бзыухэр щтэхи, быбыжьыгъэх.

Нахь зиушъомбгъоу рассказыр зыфызэхэгъэуцощтым упчIэ тедзэхэр фишIызэ, зэфэхьысыжьхэр ригъэшIызэ къырегъэIуатэ.

Бзыу цIыкIухэр чъыгым тесыгъэх. Ахэм цIыргъ-щыргъ бырысыр макъэ ахэIукIыщтыгъэ. Ар чэтыум ылъэгъугъ. Бзыур къыубыты шIоигъоу чъыгым дэпшыенэу фежьагъ. Къутамэу зытеуцуагъэр махэти, къыпыкIыкIи къефэхыгъ. Макъэм бзыухэр ыгъащтэхи, быбыжьыгъэх.

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIум IурыIупчъэр зэрэщытэу къареIо. ЕтIанэ Iахь-Iахьэу зэрэщытэу къыздарегъаIо, зэ жъажъэу зэ псынкIэу:

– Пэнэ мыгъо, пэнэ папцIэ, пэнэ цIынэ слъакъо хауи, пэнэ мыгъо пэнэ папцIэ, пэнэ цIынэр хэсхыжьыгъ.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. ПШЫСЭУ «АМЫКIЫШЪЭМРЭ ПЫЛЫМРЭ» КЪЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пшысэр текстым пэблагъэу, пшысэмэ нэшэнэ гъэнэфагъэу ахэтхэр агъэфедэзэ кIэлэцIыкIухэм къаIотэжьынэу ягъэшIэгъэн. ГущыIэ зэфэшъхьафыбэ яжабзэ щагъэфедэнэу, гущыIэухыгъэ убгъугъэхэр зэхагъэуцонхэ алъэкIэу гъэсэгъэных, антонимхэр зилIэужыгъохэр, ахэр жабзэм зэрэщыбгъэфедэщтым фэгъэсэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** пылым, амкIышъым ясурэтхэр.

**ГущыIэ, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** набгъо, амкIышъ *(соловей)*, пылы, къыдэIэпыIагъэх.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур пшысэм кIэлэцIыкIухэм къафеджэ. ЕтIанэ пшысэм къыIуатэрэм тегъэпсыхьагъэу кIэлэцIыкIухэм псалъэ адешIы.

УпчIэхэр:

– Сыда пшысэр къызытегущыIэрэр?

– Тыда амкIышъэм набгъо зыщишIыгъэр?

– Хэта ащ мафэ къэс блэкIыщтыгъэр?

– Сыда ащ ышIагъэр?

– Хэта амкIышъэр зэлъэIугъэр?

– Таущтэу ахэр къыдеIагъа?

– Тэрэзэу псэугъэха?

КIэлэцIыкIухэм яшIоигъоныгъэкIэ нахь агу рихьыгъэ фрагментхэм кIэлэпIур джыри къяджэ.



Джыри пшысэм зэрэпсаоу кIэлэпIур къеджэ, пшысэмэ абзэ гъэпсыкIэ амалэу мыщ щыгъэфедагъэхэм анаIэ атырырегъэдзэ:

КIэлэцIыкIуитIу-щы пшысэр къарегъэIотэжьы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Антонимхэр зыщыщым, зэрэбгъэфедэщтым Iоф дэшIэгъэн. Антоним зыфаIохэрэр ямэхьанэкIэ зэпыщыт гущыIэхэр ары. ГущыIэм пае: чэфы – нэшхъэй, дахэ – Iае…, гъэмафэ – кIымаф...

Ащ фэдэу пшысэм къыхэфэрэ гущыIэ зытIущымэ антонимхэр къафэугупшысыгъэн. Ащ ежь кIэлэцIыкIухэр чанэу хэгъэлэжьэгъэныхэр, а гущыIэхэр ахэтэу гущыIэухыгъэ зэфэшъхьафхэр зэхягъэгъэуцон.

1. Шъэджашъ – цIыкIу
2. Шъуамбгъо – псыгъо
3. Iае – дахэ
4. Неп – неущ
5. Бэ – макIэ
6. Ины – цIыкIу.

**Я III-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр хъураеу егъэуцух, Iэгуаор ештэ, пчэгум еуцо. Iагуаор зыфидзырэм риIогъэ гущыIэм иантоним къаIо, Iэгуаор къыфадзыжьы.

# МЭЗАЙ

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. IЭШЪЫНЭ ХЬ. ИРАССКАЗЭУ «БЗЫУ ЦIЫКIУМРЭ КIЭЛЭЦIЫКIУМРЭ» КЪЯГЪЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** зэхахыгъэр ыпэкIэ къыкIаIотыкIыжьынэу, къаIуатэ зыхъукIэ мэкъэ къэIокIэ зэфэшъхьафхэр агъэфедэнэу. ПлъышъуацIэм истепеньхэр агъэфедэн алъэкIынэу егъэсэгъэнхэр. Псэушъхьэхэр шIу ягъэлъэгъун, афэсакъынхэу, яягъэ ямыкIынэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэт ин бзыу цIыкIу клеткэм исэу, бзыухэр зэрыт сурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** цIыкIу – цIыкIужъый – цIыкIу дэд; ины – инышху – ин дэд.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум сурэтхэр къыпелъэ. Ралъагъорэр къарегъаIо. Бзыур гъучI хъагъэм исынэу ыгу рехьымэ яупчIы. Ыгу рехьымэ – зыкIырихьырэр, римыхьырэмэ – зыкIыримыхьырэр.

Рассказыр ежь кIэлэпIум игущыIэхэмкIэ къафеIуатэ, упчIэхэр ареты:

1. Сыда рассказыр къызтегущыIэрэр?
2. Хэта шъэожъыем бзыур зэригъэлъэгъугъэр?
3. Сыда къыраIуагъэр?
4. Сыда шъэожъыем ышIагъэр?
5. Ар тэрэзэу зекIуагъа?

Джыри рассказыр зэ къафеIотэжьы. Нахь дэгъоу зыгу изыубытагъэм къырегъэIотэжьы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Диалог фэдэу къарегъэшIы.

– Сэ бзыу къэсыубытыгъ.
– Сыдэущтэу? Сыд бзыуа?
– Бзыумэ афэд.
– Тыдэ щыIа бзыур?
– Бзыур хъагъэм ис.
– ТIупщыжь, мыр цIыкIужъый джыри.
– СтIупщыжьыщтэп, мыр сэ сибзыу.
– Бзыур хъагъэм исын ылъэкIыщтэп.

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ЦУЯКЪО ДЖ. ИУСЭУ «СИТIЫСЫПIЭ СЭ СЫЩЫС» КЪАФЕДЖЭГЪЭН. ТЕМЭМ ЕХЬЫЛIАГЪЭУ ЗЭХЭГУЩЫI

**Программнэ пшъэрылъхэр:** адыгэ шэн-хабзэхэр агъэцэкIэнэу гъэсэгъэных. Нахьыжъхэм шъхьэкIафэ, лъытэныгъэ афашIынымм фэгъэблэных. Зы лъапсэ зиIэ гущыIэхэм ягъэпсыкIэ къагурыгъэIогъэн.

**НэрылъэгъуIэпыIэгъухэр:** сурэт «кIэлэцIыкIум нахьыжъыр егъэтIысы». Орэдэу «Хэбзэ дахэу тэ тиIэр джащ фэд» – урысыбзэкIи адыгабзэкIи.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** шэн-хабз, лъытэныгъ, итIысхьагъ, шъхьэкIафэ афэпшIын.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур Цуекъо Дж. иусэу «СитIысыпIэ сэ сыщыс» къафеджэ. Къызэджагъэм Iоф дарегъашIэ.

– Автобусым зехьэм, хэта шъэожъыем игъусагъэр?
– Сыда шъэожъыем ышIэрэр?
– Сыда ар зыкIэгушIорэр?
– Адэ сыда ыгъэшIагъорэр?
– Сыда зыкIэгубжырэр?
– Шъо ащ дешъогъашта?
– Сыда шъожъыем ышIэн фэягъэр?



**Я II-рэ Iахьыр.** Адыгэ шэн-хабзэхэм, зэхэтыкIэхэм хэшIыкIэу фыряIэхэр еуплъэкIу:

– Сыда шъушIэрэр унэм зыгорэ къызихьэкIэ?
– Къетэгъэблагъэ, къэтэгъэтIысы.
– Нахьыжъмэ апашъхьэ сыдэущтэу ущытын фай?
– Сыда нахьыжъмэ шъхьэкIафэ афэпшIын зыкIыфаер? Ар дэгъуа? Дэя?

Ахэр цIыфыгъэм зэрэхахьэрэ агурегъаIо.

Джыри зэ усэм регъэдэIужьых.

**Я III-рэ Iахьыр.** 1. Мэкъэ Iужъухэу [-гъ-], [-хъ-], [-къ-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Ахэр гущыIэм чIыпIэу щаубытырэм елъытыгъэу тэрэзэу къаIонэу егъэсэных.

2. Зы лъапсэ зиIэ гущыIэхэм якъэIуакIэ Iоф дашIэ:

ТIыс , тIысыгъэ, сытIысыгъ, утIысыгъ, тIысыгъэх, шъутIыс, мэтIысы.

ТIыс – гущыIэр зэкIэми лъапсэу зэряIэр агурегъаIо.

**Я IV-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

Хъураеу мэуцух, кIэлэцIыкIумэ ащыщ пчэгум регъэуцо, гущыIэу Iоф зыдашIагъэм тегъэпсыхьагъэу егъэпсэух:

– ТIыс *(Iапэ зыфишIыгъэр мэтIысы).*
– ШъутIыс *(зэкIэри мэтIысых).*
– ТIысыгъэ *(Iапэ фарегъэшIы кIэлэцIыкIумэ ащыщ).*
– СытIысыгъ *(ежь мэтIысы).*
– УтIысыгъ *(тIысыгъэм ащыщ Iапэ фешIы).*

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. КОЩБЭЕ П. ИУСЭУ «ТИДЗЭ КIОЧIЭШХУ» ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН. ХЭГЪЭГУМ ИУХЪУМАКIОМЭ АФЭГЪЭХЬЫГЪЭУ ЗЭХЭГУЩЫIЭ ЗЭХЭЩЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** тидзэ, тиухъумакIомэ яхьылIагъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн. Ащ адыгэбзэкIэ къатегущыIэнхэу, темэм къыубытэу гущыIэу ашIэрэм ипчъагъэ хэгъэхъогъэн, усэм IупкIэу къеджэнхэу егъэсэгъэных. Яхэгъэгу, ащ иухъумэн фыщытыкIэу фыряIэр гъэпытэгъэн.

**НэрылъэгъуIэпыIэгъухэр:** темэм ехьылIагъэу сурэтхэр, дзэ къулыкъум фэгъэхьыгъэ джэгуалъэхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** дзэ, дзэкIолI, ухъумакIо, Iашэ, мамырныгъ, зыпч-зыпчэгъу, огум есыхьэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур Кощбэе П. иусэу «Тидзэ кIочIэшху» къафеджэ:

*Тисамолетхэр огум есыхьэ,*
*Тикъухьэ инхэр хыкIыIум тет,*
*Тэ тиракетэ мазэр къеплъыхьэ*
*Хэгъэгу гъунапкъэм дзэкIолIыр Iут,*
*Мамыр щыIакIэр зэдэтэгъэпсы,*
*Зэкъошы закIэу тэ тызэхэт.*
*ГушIор ынэгоу тыгъэр къытфепсы*
*Зычы-зыпчэгъоу тэ тызэхэт.*

УпчIэхэр ареты:

– Сыда усэр къызтегущыIэрэр?

– Сыд фэдэ дзэха зигугъу къыш1ыхэрэр?

– Дзэ лъэпкъ пэпчъ къыухъумэрэр къарегъэIуатэ.

– Сыда ахэр зыкIытищыкIагъэр, сыда поэтыр арыгушхоу къызкIиIорэр?

Усэм джыри зэ къеджэ. Джыри дзэ лъэпкъ зэфэшъхьафхэм техникэу агъэфедэрэр, Iофэу агъэцакIэрэр къарегъэIуатэ.

Усэр езбырэу къыздарегъаIо, нахь зыгу изыубытагъэмэ къыкIарегъэIотыкIыжьы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Хэты сыд ищыкIагъ».

КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм зыфае джэгуалъэхэр къарегъэштэх, къытырегъэгущыIэх. Апэрэу ежь пкъыгъо горэм къытегущыIэ, къызэрэпIотэщтым щыгъуазэ ешIых.

Мыр самолет. Самолетыр огум щэбыбы. Самолетым летчик ис. Ащ самолетыр егъэIорышIэ…

**Я III-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

КIэлэпIум техникэм щыщ горэм ыцIэ къареIо, кIэлэцIыкIухэм ащ ышIэрэр къагъэлъагъо:

– Самолетхэр мэбыбых *(кIэлэцIыкIумэ аIэхэр зэкIащы, быбрэм фэдэу мэзечъэх).*

– Къухьэр псым щесы *(есхэрэм фэдэу ашIызэ къакIухьэ).*

– Ракетыр дэбыбае *(дэпкIаех).*

– Танкыр тэгъэIорышIэ *(агъакIорэм фэдэу ашIы).*

**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. АДЫГЭ ПШЫСЭУ «ПШЪЭШЪЭ ШЪХЬАХЫНЭР» КЪЯГЪЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** IофшIэным ишIуагъэ кIэлэцIыкIухэм алъыгъэIэсыгъэн. ЗэхахыгъэмкIэ зэфэхьысыжьхэр ашIынэу егъэсэгъэных. ГущыIэухыгъэр зэрэзэхэтыр, гущыIэухыгъэ убгъугъэхэмкIэ джэуапхэр къатынэу ягъэшIэгъэн.



**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** шъхьахын, пщэрыхьэ, пщэрыхьагъэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** 1. IофшIакIэ зымышIэрэр IофшIэным егъалIэ.

2. Iофым амал ищыкIагъ.

3. Iэзэгъу зимыIэ щыIэп.

4. Iофыр зэрэпшI.

КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм агурегъаIо, мыхэр IофшIэным ехьылIэгъэ гущыIэжъхэу зэрэщытхэр, къарегъаIох. Ямэхьанэхэр зэхарегъэфы:

1. Сыда IофшIакIэ зымышIэрэр IофшIэным зыкIигъалIэрэр?

– ЫмышIэзэ есагъэшъ къин къыщэхъу.

2. Сыда Iофым амал зыкIищыкIагъэр?

– ЗэрэпшIыщт амалыр умышIэрэмэ IофшIэныр тэрэзэу пфэгъэцэкIэщтэп.

КIэлэцIыкIухэм яупчIы:

– Ушъхьахынэмэ, Iоф умышIэмэ дэгъоу ущыIэн плъэкIыщта?

Пшъэшъэ шъхьахынэм къехъулIагъэм едэIухэ ашIоигъомэ яупчIы.

Пшысэр къафеIуатэ, упчIэхэр аретых:

1. Сыд фэдэ пшъашъа пщым иIагъэр?

2. Сыда шъхьахын зыкIыраIощтыгъэр?

3. Сыда кIалэм апэрэ мафэм *(ятIонэрэ мафэм, ящэнэрэ мафэм)* ышIагъэр.

4. Пшъашъэм сыда ышIэнэу зыфежьагъэр?

5. Сыда зи зыкIыфэмышIагъэр?

6. Сыда ятэ риIуагъэр?

**Я II-рэ Iахьыр.** ГущыIэу аритхэрэмкIэ гущыIэухыгъэхэр зэхарегъэуцо. ГущыIэм пае:

Шъхьахын, ышIэрэп, пшъашъэ. – Пшъэшъэ шъхьахынэм зи ышIэрэп.

КIалэ, шхагъэ, пщэрыхьагъэ. – КIалэр дэгъоу пщэрыхьи, тIыси шхагъэ.

ГущыIэухыгъэм хэт гущыIэхэм зэкIэлъыкIуакIэу яIэр къафеIуатэ:

ЗышIэрэр, ышIэрэр, зэришIэрэр, зыфэдэу ышIэрэр.

**Я III-рэ Iахьыр.** Ежь-ежьырэу гущыIэухыгъэхэр зэхарегъэгъэуцо.

# ГЪЭТХАПЭ

**Апэрэ тхьамаф:**

## Темэр. НЫМ ЕХЬЫЛIАГЪЭУ КIЭЛЭЦIЫКIУХЭМ ПСАЛЪЭ АДЭШIЫГЪЭН. УСЭХЭУ, ОРЭДХЭУ НЫМ ФЭГЪЭХЬЫГЪЭХЭМ ЯГЪЭДЭIУГЪЭНЫХ

**Программнэ пшъэрылъхэр:** ныр шIу ягъэлъэгъугъэн: фэгумэкIынхэу, дэIэпыIэнхэу, ыгу хамыгъэкIынэу, ыIорэм едэIунхэу. Ным фэгъэхьыгъэу рассказ цIыкIу зэхягъэгъэуцон, къягъэIотэгъэн. Ным ехьылIэгъэ гущыIэжъхэр къягъэIогъэн, ямэхьанэ агурыгъэIогъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** ным фэгъэхьыгъэ орэдэу «Синан».

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** нышъо, лъытэныгъэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцыкIухэм яупчIы:

– Сыд мэфэкIа зызфэдгъэхьазыррэр?

– Сыда шъуянэмэ къышъуфашIэрэр?

– Шъо сыдэущтэу шъуадэIэпыIэра?

– ШIу шъолъэгъуа шъуянэхэр?

КIэлэпIум зэфэхьысыжь ешIы. Орэдмэ арегъэдэIух. Орэдэу «Синан» зышIэрэмэ къыдаIо, жъыур зэкIэмэ къызэдаIо.

КIэлэпIум зэфэхьысыжь ешIы:

– Непэ тянэмэ татегущыIагъ. Орэд дахэмэ тядэIугъ. Джы нымэ афэгъэхьыгъэ усэмэ сыкъышъуфяджэнэу сыфай:

1. Жэнэ Къ. «Ныр».
2. Нэхэе Р. «Ныр».
3. Фольклорым щыщ усэ цIыкIоу «Сэ синан».

Жэнэ Къ. иусэу «Ныр» зыфиIорэ текстым Iоф дарегъашIэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** Усэм щыщ пычыгъомэ къафеджэзэ къызтегущыIэрэр къарегъаIо:

– Сыд фэда «Ны» гущыIэр?

– Сыдым фигъадэра поэтым а гущыIэм фэбагъэу хэлъыр?

– Сыда ныр зэкIэмэ зыкIанахь лъапIэр?

ЗэкIэ зэгъусэхэу, куп-купэу, зырызэу къаригъаIозэ усэр езбырэу арегъашIэ.

**Я III-рэ Iахьыр.** ГущыIэжъхэу ным фэгъэхьыгъэхэм къафеджэ, ямэхьанэхэр агурегъаIох.

1. «Нышъор шъоум фэд».
2. «Зянэ зымылъытэрэм лъытэныгъэ фашIырэп».
3. «Уянэ къыуиIорэм едэIу, уятэ къыуиIорэр шIэ».
4. «ХъантIаркъори зянэм «сянэ дахэ» – ыIуагъ».

**ЯтIонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. АПЧЫР ЗЫФЭДЭМ НЭIУАСЭ ФЭШIЫГЪЭНЫХ. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «ХЬАКЪУ-ШЫКЪУХЭР ЗЫЩАЩЭРЭ ТУЧАН»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** апчыр зылIэужыгъор, шIуагъэу хэлъыр сабыйхэм яIогъэн, ягъэшIэгъэн, апчым игъэфедэн ехьылIэгъэ гущыIэу ашIэрэмэ ахэгъэхъогъэн. Пкъыгъом IупкIэу къытегущыIэнхэу, макъэхэр тэрэзэу къаIонэу ягъэшIэгъэн.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** чъыIэ, пIуакIэ, зэмышъогъух, апч, махэ, хэшIыкIыгъ, упхырэплъы, гъэлагъэ, къутагъэ, къутаф.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэцIыкIухэм апашъхьэ ит Iанэм апчым хэшIыкIыгъэ пкъыгъо зэфэшъхьафхэр ателъых. КIэлэпIум ахэр арегъэлъэгъух, зыщыщхэр, шIуагъэу яIэхэр кIэлэцIыкIухэм ареIо. КIэлэцIыкIухэм упчIэ ареты:

– Сыд пае ащ фэдэу пкъыгъуабэ апчым хашIыкIра?

КIэлэпIур джэуапхэм ядэIу, етIанэ апчым шIуагъэу иIэхэр ежь-ежьырэу аушэтынэу фежьэх.

КIэлэпIум нэмыкIышъо зиIэ пкъыгъо стаканым релъхьэ. Стаканым илъыр зыкIалъэгъурэмкIэ сабыймэ яупчIы. КъамыIомэ ежь-ежьырэу ареIо:

– Апчым упхырэплъы, нэфынэр дэгъоу пхырэдзы, арышъ, шъхьангъупчIэ апчхэр, машинэхэм ахэт апчхэр, нэгъунджэхэри, термометрэхэри, нэмыкI пкъыгъохэри апчым хашIыкIых.

– Апчыр кIыфэуи, шъо зэфэшъхьафхэр иIэуи ашIы. Сыда аущтэу ашIэу къышъушIошIыра? Джэуапмэ ядэIу, ежь ареIо:

– Апчым узыфае шъор ептын, фэпшIын плъэкIыщт. Ар зэлъытыгъэр апчыр зэрэбгъэфедэщтыр, зэрэуищыкIагъэр ары. Хьакъу-шыкъухэр дахэу хъуным пай зэфэшъхьафышъохэр фашIы. Пкъыгъоу хашIыкIырэм елъытыгъ иIужъуагъэу ашIырэри.

– Адэ пIэпызмэ сыда апчым хэшIыкIыгъэ пкъыгъом къехъулIэщтыр?

– Къутэщт.

– Ары, апчыр махэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIур апчым хэшIыкIыгъэ пкъыгъом псы регъахъо, кIэлэцIыкIухэм арегъэлъэгъу, гу лъарегъатэ къызэримычъырэм. Апчым псыр зэрэпхырымыкIырэр ареIо.

ГущыIэхэу апчы, чъыIэ, пIуакIэ, Iужъу къарегъаIох. Ахэр хэтхэу гущыIэухыгъэхэр ареIох, къарегъаIох:

– Шъхьангъупчъэм хэлъ апчыр Iужъу.

– Стаканыр апч пIуакIэм хэшIыкIыгъ.

– Апчым хэшIыкIыгъэ пкъыгъохэр чъыIэх.

– Апч лагъэм шъо дахэ иI.

**Я III-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Хьакъу-шыкъухэр зыщащэрэ тучан».

КIэлэпIум нахь дэгъоу адыгабзэр зышIэрэмэ ащыщ щакIоу егъэнафэ.

ЩакIор апэ итучан чъэлъ пкъыгъомэ къатегущыIэ. ЕтIанэ щэфакIохэр зыфэе пкъыгъохэм ятеплъэ къаIозэ къырагъаштэ, ащэфы.

– Сэ апч лэгъэ плъыжьэу, къэгъагъ сурэт зытетыр сщэфынэу сыфай.

– Сэ стакан пIуакIэхэр сыгу рехьы.

– Сэ хьалыгъулъэу, апч гъожьым хэшIыкIыгъэр сыгу рехьы. Сщэфынэу сыфай.

**Я IV-рэ Iахьыр.** КIэлэцIыкIумэ къащэфыгъэ пкъыгъохэр къахьы, ащ теплъэу яIэхэр къаIо.

– Сэ апч лэгъэ плъыжь къэгъагъ сурэт тетэу къэсщэфыгъ.

– Сэ стаканих апч пIуакIэм хэшIыкIыгъэу къэсщэфыгъ…

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. «БЗЫЛЪФЫГЪЭ ШЪУАШЭР» – ТЕГУЩЫIЭГЪЭН

**Программнэ пшIэрылъхэр:** кIэлэцIыкIухэм адыгэ шъуашэм идэхагъэ алъыгъэIэсыгъэн. Лъэпкъэу къызыхэкIыгъэхэм уасэ фашIэу, шIу алъэгъоу гъэсэгъэных. КъызтегущыIэхэрэм зэгъэкIугъэу къаIотэнэу егъэсэгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** музей зал лъэпкъ зэфэшъхьафхэм ящыгъын щызэгъэфагъэу. Адыгэ сае пшъэшъэжъыемэ афэшIу хъунэу, къэшъо орэдхэр тетхагъэу.

**ГущыIэ, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** музей, шъуашэ, чыIу, бгырыпх, тхыпхъэ.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** ПэшIорыгъэшъэу музей залыр зэIуахы.

КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы:

– Сыда музей зыфаIорэр?

– Сыда музеим цIыфыбэ кIорэ?

– Шъори шъуфая шъукIонэу?

Непэ лъэпкъ зэфэшъхьафмэ ящыгъынхэр къызщагъэлъэгъорэ музеим тыкIощт. КIэлэцIыкIухэр рещалIэх, ширмэр къызэIуехы. Зи аримыIоу шъуашэхэр зэпарегъэплъахьых. УпчIэ ареты:



– Сыд пкъыгъоха шъулъэгъухэрэр?

– Щыгъыных.

– Шъугу рехьха?

Шъуашэу агу рихьыгъэмэ къатырегъэгущыIэх.

ЯупчIы:

– Сыда мыхэр мыщ зыкIыщаугъоигъэр?

Джэуапмэ ядэIух, ежьыри зэфэхьысыжь ешIы.

– Мыхэр цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм янациональнэ бзылъфыгъэ щыгъыных. Мыр урысмэ яй. Мыдрэр ермэлмэ яй…

– Адэ адыгэ шъуашэ ахэшъолъагъуа?

– Сыд пкъыгъоха ащ хахьэхэрэр?

– Джанэ, паIо, шъхьэтехъу...

КIэлэпIур адеIэзэ шъуашэм итеплъэ къытрегъэгущыIэх. Джанэм «сае» зэрэраIорэм щыгъуазэ ешIых. Тхыпхъэхэр зыхэдыкIыгъэ пкъыгъоу хахьэхэрэр къарегъаIо.

ЯупчIы:

– Музеим нэмыкIэу тыдэ щышъулъэгъугъа джыри адыгэ саер?

– Нысащэм, адыгэ къашъохэ къашIы зыхъукIэ...

– Ары, кIэлэцIыкIухэр саер нысэм щалъэ, пшъашъэхэр къэшъонхэ зыхъукIэ зыщалъэ.

– Хэта зыщызылъэ зышIоигъор?

КъахэкIырэ пшъэшъэжъыер афапэ.

Адыгэ орэд-къашъо къыхегъанэ, къегъашъо. Фаехэр зэкIэ къегъашъох.

**Я II-рэ Iахьыр.** Дидактическэ джэгукIэу «Тыдэ тыщыIагъ, сыд къэтлъэгъугъ?» Музеим зэрэщыIагъэхэр, къалъэгъугъэр къарегъэIуатэ.

**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ПШЫСЭУ «БЫСЫМ НЭГЪУЦУ» КЪАФЭIОТЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** адыгэхэр хьакIэм зэрэпэгъокIхэрэм ехьылIагъэу зэхэгущыIэ шIыгъэн. Пшысэм купкIэу хэлъыр алъыгъэIэсыгъэн. Адыгэ пшысэхэм къаIуатэрэм чIэгъэчIэлъ мэхьанэу яIэхэм гу лъягъэтэгъэн. ХьакIэм ехьылIэгъэ гущыIэжъхэм нэIуасэ афэшIыгъэн.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** хьакIэ, бысым, нэгъуцу.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм гущыIэгъу адешIы. ХьакIэ къафакIомэ яунэ исхэр зэрапэгъокIыхэрэр, зэрахьакIэхэрэр къарегъэIуатэ. ЕтIанэ ежь нахь игъэкIотыгъэу ижъкIэ адыгэхэр хьакIэм

зэрэпэгъокIыщтыгъэхэр, къызэрадекIокIыщтыгъэхэр къафеIуатэ, упчIэ ареты:

– Адэ сыдэу шъулъытэра, зэкIэ хьакIэмэ зэфэдэу дэгъоу, дахэу апэгъокIыха?

Джэуапмэ ядэIу, зэфэхьысыжь ешIы.

– ЦIыфхэр зэкIэ зэфэдэхэп, зэфэшъхьафэу псэунхэ алъэкIыщт. Непэ къышъуфэсIотэщт пшысэм ар дэгъоу къыхэщы.

КIэлэпIур пшысэм къеджэ, упчIэхэр аретых:

– Шъугу рихьыгъа пшысэр?
– Адэ сыда шъущхырэ?
– Сыд фэда бысымхэр?
– ХьакIэр зэрэпсэугъэр сыда щхэны зыкIэхъугъэр?
– Сыда пшысэм бысымыр «нэгъуцоу» зыкIиIорэр?
– Сыда пшысэм тызфигъасэрэр?

Джэуапмэ ядэIу, «нэгъуцу» гущыIэм имэхьан къафеIуатэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** ХьакIэм фэгъэхьыгъэ гущыIэжъхэр къареIо, мэхьанэу къарыкIрэмэ къатегущыIэ:

1. ХьакIэр пстэумэ ап.
2. Адыгэ хьакIэр пытапIэ ис.
3. Адыгэмэ хьакIэр якIас.
4. «ХьакIэ къэкIощт» Iори гъэтIылъ, «Бэрэ щылъыгъ» пIоу умышхыжь.

**Я III-рэ Iахьыр.** Макъэхэу [-хь-], [-хъ-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн

ХьакIэ, хьалыгъу, къахь, къихьагъ, къыхьыгъ, хъырахъишъ, пхъэ, уахътэ, хъэрен.

# МЭЛЫЛЪФЭГЪУ

**Апэрэ тхьамаф:**

## Темэр. УСЭ ШЪУАШЭМ ИЛЪЭУ ТХАКIОМЭ АТХЫГЪЭ ХЫРЫХЫХЬЭХЭР. МАКЪЭХЭУ [-ШЪУ-], [-ШIУ-] – ЯКЪЭIУАКIЭ IОФ ДЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** фольклорым иIахьхэм ащыщэу хырыхыхьэм гъэшIэгъоныгъэу хэлъыр алъыгъэIэсыгъэн. ТхакIохэм аусыгъэ хырыхыхьэхэм нэIуасэ афэшIыгъэн. Хырыхыхьэм икъэшIэн гулъытэ, шIэныгъэ (гулъытэныгъэ), зэрищыкIагъэм къещэлIэгъэных. Макъэхэу [-шъу-], [-шIу-] якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.



**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** хырыхыхьэхэм яджэуапхэр къэзгъэлъэгъорэ сурэтхэр *(джэгуалъэхэр).*

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** уашъо, жъуагъо, машIо, шIу, къуашъо.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIум хырыхыхьэ зытIущ кIэлэцIыкIухэм къареIо, къарегъашIэ, къызэрашIагъэмкIэ яупчIы:

Алрэгъур инышъ пфэIэтрэп,
МыжъуакIэр бэшъ пфэугъоирэп *(уашъо, жъуагъо).*

Къоджэхь-къоджэшх, амышхын тыгъужъ *(машIо).*

Къэблэгъэжьмэ тэкъэжъ *(къуашъо).*

Мы хырыхыхьэхэр фольклорым къызэрэхэхыгъэхэр ареIо.

ТитхакIохэми хырыхыхьэхэр усэ шъуашэм илъэу зэратхыгъэхэр ареIо. Апэ къафеджэ. ЕтIанэ зырызэу къяджэзэ зэхарегъэфы, къашIэным фегъэблых.

***Бэрэтэрэ Хь.***

*1. Чыжьэу щыI, ау инэфыни*
*Ифэбагъи тыхимынэу*
*КъытлъэIэсы. ЩыIэнығъэр*
*ЫIэ илъ ащ...*
*(тыгъэ)*

*2. Чыгоу хъураем зыдегъазэ,*
*Измэ чэщыр – лъэпэнэф*
*Инэфынэ гугъэчэф.*
*Сыд лIэуж ар. ОшIа?*
*(мазэ)*

***Жэнэ Къ.***

*Тыгъэхьажъур ыгузэгу,*
*ЗэпэшIэтэу къыщэджэгу.*
*УзеплъыкIэ – къыоплъыжьы,*
*УгушIомэ – къэгушIожьы.*
*(гъунджэ)*

*КIалэхэр щэджэгух,*
*Гу зимыIэр техьашъурэп*

*ЦІэшъутабзэшъ утефэ,*
*Чынэ фыжьыр ащ щызэрафэ.*
*(мылы)*

***Жэнэ Къ.***

*Ылъэ цІыкІу ышъхьэ режьы,*
*Чэщым ынитІу къыщэцІыу.*
*Хьэр къыфилъмэ мэлъэежьы*
*Сыд псэушъхь ар?*
*(чэтыу)*

***Нэхэе Р.***

*ПкІашъэр мэсысы,*
*Сэ сэкІэзэзы.*
*Чыпэр зэпэкІы,*
*ПсынкІэу сыкІэпкІы.*
*Джащ пай «къэрабгъ»*
*Сэ къысаІуагъ.*
*(тхьакІумкІыхь)*

**Я II-рэ Іахьыр.** Макъэхэу [-шъу-], [-шІу-] якъэІуакІэ Іоф дэшІэгъэн. Ащ пае гущыІэ къодыехэри, гущыІэухыгъэ псаухэри къябгъэІощт.

а) гушІон – мэгушІо – тэгушІо, угушІомэ – къэгушІожьы;

б) техьашъурэп – сытехьашъурэп;

в) цІэшъутабз;

г) уашъо, джэхашъо.

**Я III-рэ Іахьыр.** КІэлэпІум сабыйхэр зыфае джэгукІэмкІэ егъэджэгух.

**ЯтІонэрэ тхьамаф:**

## Темэр. НАРТ ЭПОСЫМ КЪЫХЭХЫГЪЭ ІОРІУАТЭУ «СЭТЭНЭЕ КЪЭГЪАГЪ» КЪАФЕДЖЭГЪЭН. МАКЪЭХЭУ [-КЪ-], [-ГЪ-] – ЯКЪЭІУАКІЭ ІОФ ДЭШІЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** нарт эпосым къыхэхыгъэ ІорІуатэм кІэлэцІыкІухэр нэІуасэ фэшІыгъэных, мэхьанэ купкІэу хэлыр агурыгъэІогъэн, гущыІэжъэу «псыр псэм ызыныкъу» зыфиІорэм имэхьанэ къызэрагурыІорэр гъэунэфыгъэн; адыгэ гущыІэ зэфэшъхьафхэр нахьыбэу ягущыІалъэ хэгъэхьэгъэных.



**Нэрылъэгъу ІэпыІэгъухэр:** Сэтэнай-къэгъагъ (лабазник) сурэтым итэу. Къэгъагъ бгъэтІысын хъумэ ищыкІэгъэ Іэмэ-псымэхэр.

**ГущыІэр, гущыІэ гъэфедакІэхэр:** Сэтэнай-къэгъагъ, Пшызэ Іушъу, гъэтІысхьан, згъэтІысхьан, ыгъэтІысхьагъ, гъугъэ, ощх къещхыгъ.

**Занятиер зэрэрекІокІыщтыр:**

**Апэрэ Іахьыр.** КІэлэпІум кІэлэцІыкІухэм арегъэлъэгъух пкъыгъоу ыгъэхьазырыгъэхэр, къарегъаІо ахэр зэрэбгъэфедэн плъэкІыщтыр:

– Мыр щалъэ, ащ псы ит.

– Мыри щалъэ, ащ ятІэ илъ.

– Мыр къазгъыр цІыкІу, ятІэр рииптэкъон плъэкІыщт.

– Псым хэтыр сыд?

– Къэгъагъ.

– Сыда тшІэн фаер къэгъагъэр къэкІыным пае?

– Ар ятІэм хэдгъэтІысхьан фай.

– Сыда джыри ищыкІагъэр къэгъагъэр къэкІыным пае?

– Псы кІэпкІэн фай.

Сабыйхэм ащыщ псы кІырегъэгъахъо, ышІэрэр къыІозэ:

– Сэ къэгъагъэм псы кІэсэкІэ.

КІэлэпІум зэфэхьысыжь ешІы:

– Псы кІэмыгъахъомэ къэгъагъэр къэкІыщтэп, гъущт.

– КъэкІрэмэ псы зэрящыкІагъэр цІыфым къызэришІагъэм джы шъукъедэІу.

**Я II-рэ Іахьыр.** КІэлэпІум пшъэшъэжъыемэ ацІэхэр къарегъаІо.

Адыгэцlэ шъыпкъэу Сэтэнай зэрэщыІэрареІо.

Ар нарт эпосым къыхэфэрэ бзылъфыгъэу, Іушэу, дахэу, губзыгъэу зэрэщытым къытегущыІэ.

Псыр къэкІхэрэм зэрящыкІагъэр Сэтэнай гуащэм къызэришІагъэр къафеІуатэ, къэгъагъэм исурэт арегъэлъэгъу, адыгабзэкІи урысыбзэкІи гущыІэр къарегъаІо. Произведением къафеджэ. УпчІэхэм джэуапхэр къыратыжьызэ зэфэхьысыжьхэр ашІых. ЕтІанэ нахь агу раубытэгъэ пычыгъохэр ежь-ежьырэу къыкІарегъэІотыкІыжьы.

**Ящэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. БЗЫУМЭ ЯХЬЫЛІАГЪЭУ УСЭХЭМ КЪАФЕДЖЭГЪЭН. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКІЭУ «БЗЫУМЭ ЯХЬЫЛІАГЪЭУ СЫДА ПШІЭРЭР?»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** бзыумэ яхьылІагъэу ашІэрэм хэгъэхъогъэн, ятеплъэ, янэшанэхэмкІэ къашІэжьынхэу егъэсэгъэных.

Бзыухэм шIуагъэу къахьырэм щыгъэгъозэгъэных. Макъэхэу – [-ч-], [-жъ-] якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**ПэшIорыгъэшъэу Iофыгъоу пшIэщтхэр:** бзыумэ алъыбгъэплъэщтых, хырыхыхьэхэр зэрагъэшIэщтых, бзыумэ яхьылIэгъэ усэхэм уакъыфеджэщт *(пцIашхъу, кIэтIаркъу).*

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** щагубзыу, къуалэ, къуанчIэ, пчэндэхъу, пцIашхъо, хьацIэ-пIацIэ, къандис.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Бзыумэ ясурэтхэр мольбертым тетых. КIэлэпIум упчIэхэр кIэлэцIыкIухэм ареты:

– Сыда сурэтхэм арышъулъагъохэрэр?

– Ахэр бзыумэ таущтэу къэшъушIагъа?

– Цы атет, тамэхэр яIэх, лъэкъо тIурытIу яI.

– Сыда бзыухэр зэрэзэфэдэхэр?

– АшъокIэ, яинагъэкIэ зэфэдэхэп.

– Сыд фэдэ бзыуа шъугу рихьыхэрэр?

*(Джэуапхэм ядэIух).*

– Сыда адрэ псэушъхьэмэ яIэу бзыумэ яIэхэр?

– Нэ, пэ, тхьакIум, лъакъо, лъэхъуамб.

КIэлэпIур бзыумэ шIуагъэу къахьырэм яхьылIагъэу кIэлэцIыкIухэм къафеIуатэ:

– Бзыухэм уяплъынкIэ дахэх, дэгъоу орэд къаIо, шIогъэ ини къахьы – хьацIэ-пIацIэхэу лэжьыгъэхэр зыгъэкIодыхэрэр ашхы.

Бзыумэ амакъэхэр магнитофоным тетхагъэу егъэдэIущтых.

**Я II-рэ Iахьыр.** КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм бзыумэ яхьылIэгъэ усэмэ къафеджэ.

1. Хъурмэ Хъусен «Къолэжъ», «Пчэндэхъу».
2. Мырзэ Дз. «Кукуум иорэд».
3. Хьамыщ С. «Гъогумаф о, пцIэшхъо цIыкIур».
4. IурыIупчъэу «Къуагъ зыIорэр...».

**Я III-рэ Iахьыр.** Бзыоу усэмэ къахафэхэрэр сурэтхэм къахахы, урысыбзэкIи адыгабзэкIи ацIэ къыраIо:

| | | |
|---|---|---|
| *Къолэжъ* | *Къуалэ* | *Хьакуаку* |
| *Пчэндэхъу* | *Цунды* | *Псычэт* |
| *Кукуу* | *Тхьаркъо* | *Къэрэу* |
| *ПцIашхъо* | *ПсыкIакIэ* | |



**ЯплIэнэрэ тхьамаф:**

## Темэр. ДИДАКТИЧЕСКЭ ДЖЭГУКIЭУ «НЫСХЪАПЭМ ТЫКЪЫТЕГУЩЫIЭ»

**Программнэ пшъэрылъхэр:** нысхъапэм итеплъ, ищыгъын къытегущыIэнхэу егъэсэгъэных; абзэ гущыIэ зэфэшъхьафыбэ, гущыIэухыгъэ убгъугъэхэр щагъэфедэнэу ягъэшIэгъэн. Макъэу [-хъ-] – икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** нысхъапитIу зэфэшъхьаф теплъэ яIэу, щыгъын зэфэшъхьафи ащыгъэу; пкъыгъо зэфэшъхьафхэм ясурэт зэрыт нэшанэхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** зэкIужь, шэплъы, тхъоплъы, нэкIушъхь.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** НысхъапитIу къыипхьащт: зыр – нахьыпэкIэ алъэгъугъэу, зыр – кIэу. КIэлэцIыкIухэм къябгъэгъэлъэгъощт ыкIи къябгъэIощт нысхъапитIум язэу янэIуасэр. УадеIэзэ, упчIэхэр бгъэфедэзэ нысхьапэм къытебгъэгущыIэщтых.

– Сыда нысхъапэм ыцIэр?

– Мыщ ыцIэр Фатима.

– Сыд фэда Фатимэ?

– Фатимэ зэкIужь, дахэ.

– Фатимэ ынэхэр сыд фэдэха?

– Фатимэ ынэхэр шIуцIэх.

– Фатимэ ынэкIушъхьэхэр сыд фэдэха?

– Фатимэ ынэкIушъхьэхэр шэплъых.

– Фатимэ ышъхьац сыд фэда?

– Фатимэ ышъхьац шIуцIэ, быраб, мэтIыргъо.

– Адрэ мыдрэ нысхъапэр сыд фэда?

КIэлэцIыкIухэм нысхъапакIэм цIэ фаусы, зэрагъапшэхэзэ нэбгыритIу къатеогъэгущыIэ.

– Синысхъап ыцIэр Зара. О уинысхъап сыда ыцIэр?

– Сэ синысхъап ыцIэр Фатима. Сыд фэда уинысхъап?

– Синысхъап дахэ, зэкIужь. Ынэхэр шхъуантIэх. О уинысхъап ынэхэр сыд фэдэха?

– Сэ синысхъап ынэхэр шIуцIэх, ынэкIушъхьэхэр шэплъых.

– Сэ синысхъапи ынэкIушъхьэхэр шэплъых, шъхьац кIыхьи телъ.

– Сэ синысхъап ышъхьац шIуцIабз, мэтыргъо, быраб.

– ТитIуи тинасхъапэхэр дахэх.

Джыри нэбгырэ зытIу нысхъапэмэ къатеогъэгущыIэ. Макъэу [-хъ-] – икъэIуакIэ Iоф дяогъашIэ.

Пкъыгъо зэфэшъхьафмэ ясурэтхэр зэрыт карточкэхэр кIэлэцIыкIухэм афэбгощыщт. Сурэтым итмэ ацIэхэр къябгъэIощт. Макъэу [-хъ-] къызхэфагъэхэр къыхэбгъэщыщт. ЗэкIэми зэгъусэхэу ыкIи зырызэу къыкIябгъэIотыкIыжьыщт.

# ЖЪОНЫГЪУАКI

## Апэрэ тхьамаф:

### Темэр. «ТЕКIОНЫГЪЭМ ИМАФ» – ЗЭХЭГУЩЫI. УСЭУ АЩ ФЭГЪЭХЬЫГЪЭХЭМ АЩЫЩ ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** текIоныгъэм имафэ зыфэгъэхьыгъэм игъэкIотыгъэу укъафытегущыIэн. Патриотизмэм игъэпытэн унаIэ тегъэтыгъэн: ны-тыхэр, Iахьылхэр, ячIыгу, яхэгъэгу шIу алъэгъунэу гъэсэгъэных. Заом цIыфмэ тхьамыкIагъоу къафихьырэр, зао мыхъуным узэрэфэбэнэн фаер агурыгъэIогъэн. Усэхэр къызтегущыIэхэрэр, усэу анахь агу рихьыгъэр езбырэу ягъэшIэгъэн.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** заом ехьылIэгъэ орэдхэр урысыбзэкIэ тетхагъэу, тигеройхэм ясурэтхэр.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** текIоныгъ, дзэкIолI, тыухъумэн, пыи, мамырныгъ, нэлат ехын.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** КIэлэпIур мэфэкIышхо къызэрэблагъэрэр агу къегъэкIыжьы. «ТекIоныгъэм имафэкIэ» зыкIеджагъэхэм къытегущыIэ. Заом тхьамыкIагъоу къыхьырэм, ащ зи ямылажьэу цIыфыбэ зэрэхэкIуадэрэр, пыир зыфаер, заор къызэрашIылIагъэмэ зыкъызэраухъумэжьырэр нафэу апашъхьэ къырегъэуцо. ЗичIыгу къэзыухъумэрэмэ къинэу алъэгъурэр, лIыгъэу зэрахьэрэм къафытегущыIэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** Адыгэмэ къахэкIыгъэхэу лIыхъужъ хъугъэхэм ясурэтхэр арегъэлъэгъу. Адыгэ усакIомэ ащ ехьылIагъэу усабэ зэряIэр къареIо. КъедэIунхэм фегъэхьазырых. Усэмэ къафеджэ. Къызэджагъэ пэпчъ кIэкIэу тырегъэгущыIэх. Зэфэхьысыжьхэр арегъэшIых. ЯшIошIхэр къарегъаIо. Усэу бгъэфедэн плъэкIыщтхэр:

1. МэщбэшIэ И. «Маим и 9-р»
2. ХьадэгъэлIэ А. «Заор, нэлат осэхы».
3. Кощбэе П. «Заом тыфаеп».
4. КъумпIыл Къ. «ДзэкIолIым иорэд».



5. Нэхэе Р. «ТекIоныгъэм имаф».

**Я III-рэ Iахьыр.** Усэу анахь гурыIогъошIур езбырэу арегъашIэ.

## ЯтIонэрэ тхьамаф:

### Темэр. ТЕУЦОЖЬ Ц. ИУСЭУ «ПЩЫЩ» ЗЫФИIОРЭР ЕЗБЫРЭУ ЯГЪЭШIЭГЪЭН

**Программнэ пшъэрылъхэр:** адыгэ шъолъырым анахь псыхъо инэу итмэ ацIэхэр ягъэшIэгъэн. Псыхъомэ яхьылIэгъэ усэхэм укъафеджэн. Псыхъомэ ядэхагъэ, язэрэщыт зэрэзэфэшъхьафым, ар зэпхыгъэм ягупшысэкIэ къыфэщэгъэных. Усэр езбырэу ягъэшIэгъэн, адыгэ усэ зэхэлъхьакIэм нахь зэрэфэдэм гу лъягъэтэгъэн.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** псыхъо, Пщыщ, Шъхьэгуащ, Лаб, Щэхъурадж, Псэкъупс.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** сурэтхэр.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Мыекъуапэ зыкIэрыс псыхъом адыгабзэкIэ ыцIэ ашIэмэ кIэлэпIур яупчIы. АмышIэрэмэ ареIо.

Нахь псыхъо инэу итмэ ацIэ къареIо. КIэлэцIыкIухэм янэ-ятэхэр, янэжъ-ятэжъхэр зыдэс къуаджэмэ ацIэ къарегъаIо, псыхъо речъэкIмэ яупчIы. Псыхъоу речъэкIрэмэ ацIэхэр къарегъаIо, амышIэрэмэ къареIожьы.

Псыхъо зытIущ къэтегущыIэ.

– Къалэу Мыекъуапэ псыхъоу Шъхьэгуащэ кIэлъырыс. Псыхъор лъэшэу мачIэ.

– Пщыщэ инэпкъмэ чъыгыбэ аIут.

– Лабэ чъэры. Псыр чъыIэ дэд.

– Псэкъупсэ макIэу мэкIуашъэ.

– Щэхъураджэ псыхъо цIыкIоп, ау гъэмафэрэ игъукIыни ылъэкIыщт.

Псыхъомэ яхьылIэгъэ усэмэ къафеджэ.

«Шъхьэгуащ» – фольклорым къыхэхыгъ.

«Шъхьэгуащ» – ХьадэгъэлIэ А.

«Лэбэ чъэр» – Еутых А.

«Пщыщэ» – Теуцожь Ц.

«Псэкъупс» – Бэрэтэрэ Хь.

«Щэхъурадж» – Андрыхъое Хъу.

Агу нахь рихьыгъэ усэмкIэ яупчIы.

**Я II-рэ Iахьыр.** Теуцожь Ц. иусэу «Пщыщэ» езбырэу аригъашIэмэ зэрэшIоигъор ареIо. Зэ къафеджэ. Текстым Iоф дарегъашIэ.

– Сыд фэда Пщыщэ?

– Сыд фэда икIэихэр?
– Сыд фэда ипс?

Джыри тIо-щэ къафеджэ. Къеджэ хъумэ агу раубытэгъэ гущыIэхэр, сатырхэр къыздарегъэIожьы. Нахь къызгурыIуагъэмэ ащыщ деIэзэ къырегъаIо.

**Я III-рэ Iахьыр.** Зыгъэпсэфыгъо такъикъ.

КIэлэцIыкIухэр сатырэу къегъэуцух. Псыхъом ичъакIэ къариIомэ, кIэлэцIыкIумэ ар къагъэлъагъо.

| | |
|---|---|
| – *Псыхъор макIэу шъабэу мачъэ* | *(IэкIэ къагъэлъагъо).* |
| – *Псыхъор лъэшэу мачъэ* | *(IэкIэ къагъэлъагъо).* |
| – *Псыхъор куу* | *(аIэхэр къаIэты).* |
| – *Псым зычIэтэгъао* | *(зычIагъаорэм фэдэ ашIы).* |
| – *Псым тесы* | *(IэкIэ къагъэлъагъо).* |

## Ящэнэрэ тхьамаф:

### Темэр. «ТИПЦЭЖЪЫЕ ЛАБЭ ЩЕСЫ» – ЗЭХЭГУЩЫI

**Программнэ пшъэрылъхэр:** пцэжъыемэ яхьылIагъэу ашIэрэм хэгъэхъогъэн. ГущыIакIэхэм нэIуасэ афэшIыгъэных.

**Нэрылъэгъу IэпыIэгъухэр:** пцэжъыеу аквариумым хэсхэм алъыгъэплъэгъэных, ахэр агъэшхэн, яфэIо-фашIэхэр ашIэнхэу егъэсэгъэных.

**ГущыIэр, гущыIэ гъэфедакIэхэр:** джае, дыжъэ пцэжъый, лэнды.

**Занятиер зэрэрекIокIыщтыр:**

**Апэрэ Iахьыр.** Пцэжъые зэфэшъхьафхэр зэрыт сурэтхэр кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэм арегъэлъэгъу. Пцэжъыемэ яхьылIагъэу ашIэрэр къаIотэнэу ареIо. Пцэжъыем укъызэрэтегущыIэщтыр къафеIуатэ: «Мы пцэжъыер ины, джадэ, ыпшъэ шIуамбгъо, пакIэхэр тет. Ащ ыцIэр Джае. Е: «Мы пцэжъыехэр псыгъом хэсых, … КIыхьэ, ыкIэ тIаркъо, ыцIэр Лэнды.

КIэлэпIур кIэлэцIыкIухэм яупчIы: «Сыд фэдэ пцэжъыя нахь агу рихьыгъэр, сыда мыхэм зэкIэхэм пцэжъый зыкIараIорэр?» КIэлэцIыкIухэм пцэжъыехэм зэфэдэ нэшанэу яIэхэр къыхагъэщы, къаIо *(зэкIэ пцIэжъыехэр псым хэсых, псым хэмысхэу щыIэнхэ алъэкIыщтэп, шъхьэ яI, пкъы яI, кIэ яI, ашъхьэрэ апкъырэ зэпытых. Нэ, жэ яIэх, жабрэхэр яIэх).* ЖабрэмкIэ жьы пцэжъыем къещэ. КIэлэпIур пцэжъыемэ афэгъэхьыгъэу хырыхыхьэ кIалэхэм къареIо: «ЯцIыкIуи яини ящыгъын ахъщэжъгъэим хэшIыкIыгъ» *(пцэжъый).*

«Сыда ахъщэжъгъэим фэдэу пцэжъыемэ яIэр?»

– ПIонэу ателъыр ары.



Аквариумым хэс пцэжъыем кIэлэпIум кIэлэцIыкIухэр регъэплъых. Жабрэхэм зыкъаIэтмэ еохыжьзэ жьы къызэрищэрэм еплъых. КIэр ыгъэсысзэ пцэжъыем зыфэе бгъум зызэригъазэрэм гу лъарегъатэ.

**Я II-рэ Iахьыр.** «Хэта ащымыщыр?» Зэфэшъхьаф сурэтхэр зэрыт карточкэхэр афегощы. Ащымыщэу къямыкIоу ахэтхэр къарегъаIо. ГущыIэм пае: пцэжъые зэфэшъхьафхэм зы бзыу ахэт, е псэушъхьэ зэфэшъхьафмэ зы пцэжъые ахэт.

**Я III-рэ Iахьыр.** IурыIупчIэхэм къафеджэ, къарегъэIожьы, мэкъэ Iужъумэ якъэIуакIэ ынаIэ тырарегъэты.

– Бэджым бэджэхъ ыухъытыгъ, бэджым бадзэ къыубытыгъ.
– Нэнэжъ къысэджэжьы, щыпсыр мэучъыIыжьы.
– Бзыу, бзыу, бзыужъый,
Гого цIыкIоу дэхэжъый.

## ЯплIэнэрэ тхьамаф:

### Тэмэр. КIЭЛЭЦIЫКIУХЭМ ИЛЪЭСЫМ ЗЭРАГЪЭШIАГЪЭМКIЭ ЗЭФЭХЬЫСЫЖЬ ЗАНЯТИЕ ЗЭХЭЩЭГЪЭН

# ТХЫЛЪ ПЫЛЪХЬЭР

## АДЫГЭ РЕСПУБЛИКЭМ И ГИМН

ГущыIэхэр – ***МэщбэшIэ Исхьакъ***
Орэдышъор – ***Тхьабысымэ Умар***

Тихэгъэгу кIасэу тигупсэр
Адыгэ чIыгушъ, терэI.
Зы бын-унагъоу лъэпкъыбэр
ЩызэгурыIоу щэрэI.

*Жъыу:*
ШIум факIу, лъыкIуат,
Республикэу тиунэ дах.
Егъэхъу, зыIэт,
Республикэу тигугъэ лъаг–
Уилъэпкъи хъишъэр фэIуат.

Дунаим ичIыпIэ шIагъор
Нахьыжъмэ тэ къытфыхах,
Ахэмэ ялIыгъэ-шIагъэ
ЛIэшIэгъумэ къызэIэпах.

*Жъыу.*

Хьазабмэ уахэмытыжьэу
Уитыгъэ нэфи пшъхьащыт.
Россием зыкIэ ущыщэу
Ащ гукIи ущышъхьафит.

*Жъыу.*

Тэ тыщэIэфэ – егъашIэм –
ТичIыгоу тыгур щыIэщт,
Тиуашъуи, тыгъи бэгъашIэ
Тфэхъоу тикIасэу тиIэщт.

*Жъыу.*



***КIубэ Щэбан***

## НЫДЭЛЪФЫБЗ

Зилъэпкъыбзэ емыджэрэр
Зыхэс лъэпкъым хэкIодэн.
Лъэпкъ къэнакIэм гъогоу иIэр –
НыдэлъфыбзэкIэ уеджэн.
ЛIышъхьэу тхэти,
Титхьамати къэрэущ,
Дунаишхом цIыфэу тетмэ
Тэ тащыщ.
Ащ къыпытэу ини цIыкIуи тэрэтэдж,
Ныдэлъфыбзэу къыддэхъугъэм тэ тежъугъадж.
Хэти ышIошъ ар орэхъу,
Тхыдэм шIукIэ мыр къинэн:
Тилъэпкъыбзэ мы дунаим
ГъашIэу иIэм дыщыIэн.

***МэщбэшIэ Исхьакъ***

## НЫДЭЛЪФЫБЗ

Мы дунай нэфым апэрэ псалъэр
Щыщ сфэзышIыгъэр синыдэлъфыбз,
Гур зыгъэгушхоу сигугъэ хаплъэ
ИлIыгъэ Iуатэ бгъэгум дизыбз.
Ным ибыдзыщэу сIупэ Iуфагъэр
КъысIумыфагъэу таущтэу пфэсIон,
ЦIыфыгъэ дахэу ащ къысхилъхьагъэр
Жьыщэгъу сеIэфэ гум щыбэгъон.

## СИХЭКУ

*(усэм щыщ)*

О сихэку кIасэу синэнэ дышъ!
Хъишъэу о ппылъым гъунэ имыI.
Уигубгъо шIуамбгъомэ слъэужхэр арылъ.
Уимэз шъолырхэр сигъэпсэфыпI.
ПцIэшхъуабзэу пIулъыр синыдэлъфыбз,
Тыгъэнэбзыйхэр сихэку изыбз.

*Пэрэныкъо Мурат*

## МЫЕКЪУАПЭ

Къушъхьапэу жьы къабзэр
Ипсыхъо тырехы,
Мэ ІэшІур Іубзабзэу
Исади къыдехы.
Иунэ зэтетхэр
Урамым щэтэджы,
Ар Адыгэ хэкум
Икъалэ ялыеу,
Тыгухэр зыпэблагъэу
Ти Мыекъуапэ.

*Кощбэе Пщымаф*

## ТИКЪАЛ

Ти Мыекъуапэ къэлэ дах. Ащ икъыблэ лъэныкъокІэ псыхъоу Шъхьэгуащэ речъэкІы. Псыхъом ыкІыбкІэ мэз Іужъу зытет къушъхьэ лъагэхэр къалэм къышъхьарэплъэх. Зы бгъумкІэ бгы лъагэр къалэм рекІокІы, адрабгъумкІэ чІыгур зэныбжь. А чІыгу зэныбжьым унакІэхэр бэу зэтетхэу щашІых.

Заводхэр, фабрикэхэр, еджэпІэ зэфэшъхьафхэр тикъалэ дэтых.

Мыекъуапэ иурамхэр шъуамбгъох, занкІэх, ащ площадь дахэхэр иІэх. ЦІыфмэ Мыекъуапэ иплощадьхэр, ичІыпІэ дахэхэр лъэшэу агъэлъапІэх.

*Андырхъое Хъусен*

## ЩЭХЪУРАДЖ

Е-о-ой, Щэхъураджэу псы чъагъу, –
Сыдэуи убгъуз ыкІи учэндж,
ЩэІум ухэтэу зыуушъэфыпэзэ,
МыжъокІэ жъгъэихэм о уакъырэпшэ.
Огум удэплъыезэ, гъэрэ уегъукІы,
Зэуи тщымыхъоу тэ тыобакъо,
Ау гъатхэм уипсы сыджхэр гъэкІыгъэу
Озечъэшъ укъекІы, умэкъэшху.
Уни къибгъэкІэу, упшъи зэшІопщызэ,
Уитеплъи гукІодэу, уичъэ щыогъакІэ.



О ошІэ – Лэбэжъ нэе-псые
Рэхьат шъыпкъэу о къыожэ.
Джыри щэІум ухэтэу зыуушъэфызэ,
МыжъокІэ жъгъэихэм о уакъырэпшэ.
Е-о-ой, Щэхъураджэу псы чъагъу, –
Псыхъо Іасэу, псыхъо чэндж цІыкІу.

*ХьадэгъэлІэ Аскэр*

## ШЪХЬЭГУАЩ

ЗэкІокІэу, кІыеу, къушъхьэхэр къыгъаджэу,
ИшІыкІэягъэ шъхьэри къыгъачэу,
Мыжъом зычІигоу, огум епыджэу,
ЛІэшІэгъу чъыгыжъхэр зэлъигъэуджэу,
Джэе бгъэгуфэу, Іуфагъэр ыкъузэу,
ЗышІошІыжьыныр игъэтхэ узэу,
Къушъхьэр ылъапсэу о, си Шъхьэгуащ,
Сихэку ипсыхъохэм о урягуащ.

*ХьадэгъэлІэ Аскэр*

## ШЪХЬЭГУАЩ

Шъхьэгуащэ ипсы фыжь бай
Къыщежьэ къушъхьэхэм гуихэу.
Хьарзэ чэтыцэу итхъурбэ фыжьхэр
Инэпкъмэ хьаІоу аІузых.
Ащыдыигъэу мо къушъхьэ сыджхэм
Дэнэпсэу пщэсхэр арысых.
Мыер зикъуапэу къыгосы къалэм
Нэфынэр къыфырикІутэу,
Мачъэ Шъхьэгуащэ мыжъомэ къялъэу,
Зыгу махэр хэтми риутэу.

*Бэрэтэрэ Хьамид*

## ПСЭКЪУПС

Ары, Псэкъупс, о уишхъонтІагъэр,
О уидэхагъэр сщымыгъупшэжь,

Пцелыбэ напцэу зэ шъхьам уиIагъэр.
Псыщэм ижьаур тыдэ щыIэжь?

Сичылэ гупэ урекIошъэкIэу,
УкъешъэбэкIэу,
ПчыхьэпIэ нэфкIэ усигукъэкIэу,
Сурэты пщагъоу уекIосэхыгъ.

Уинэпкъы зандэ сыкIэлэцIыкIоу
СыкъызепкIэхри сигукъэкIыжь, –
Илъэсы пчъагъэр къызэкIэлъыкIоу,
СиныбжьыкIэгъур, сыдэу учыжь?!

СиныбжьыкIэгъум игъэтхэ лъэгоу,
ШIулъэгъу чыжьэу, о си Псэкъупс,
СыкъыкIэхъопсэу уинэпэлъэгъу,
КъэзгъэшIэщтым ущысигупс.

Сыогупшысэшъ, хыпсым иуалъэ
Зыгъэнэфыгъэр о уикъэбзагъ,
Хыолъэ жъыум шъабэу ипсалъэ
Зыгъэлъэшыгъэр о уидэхагъ!

*Теуцожь Цыгъу*

## ПЩЫЩЭ

Пщыщэ псы нэшхо псы шкуашку,
Псышхо дэдэуи щымыт.
КIалэу икIрэр римыхьыжь,
Ежьагъэм къыримгъэзэжь.
Къыхахъомэ хъуаоу мэзекIо,
КIэй дахэхэр екIухьэ.
Зыдахьэрэм пэргошхохэр къыденэ,
Напцэу Iутыр пцелыб,
МыжъокIэ жъгъэибэ къыIопс,
Псымэ ялыеу къаргъоп,
Псы мычъэп, псы чъэрэп,
ПсынэкIэчъыбэ къеIушъашъэ.

*Еутых Аскэр*

## ЛЭБЭ ЧЪЭР

Ти Лабэ чъэрэу, типсынашхъу.
О уикъэбзагъэ сикъэбзэнэу,
О уикууагъэр сикуунэу,
О уичъэрыгъэр сичъэрынэу
Арары сэри сызыкIэхъопсырэр.
Узэрэкъабзэу сэрэкъабзи
СызыкIэхъопсын дунаим тетэп.
Ныбджэгъухэр ащкIэ къысфэрэрази
Сипый ыIощтым сэ сыпылъэп…
Узэрэкуоу, зебгъэчъэхмэ,
Унэмысынэу зэныбджэгъумэ
Шъыпкъэгъэ пытэ зэфряIэнэу
Арары ренэу сызкIэхъопсырэр…

*Тхьаркъохъо Мэджыд*

## АДЫГЭ ПЩЫН

Орэд чэфыр тимыгъусэу
Тэ сыдэущтэу тыщыIэн.
Ащы фэшIы Iэпэпщынэр
НыбджэгъушIоу тэ тиIэн.
О типщынэу Iэпэпщын,
Хъяр къызыхъукIэ тыгъэчэф!
Орэд къаIо, зэпымыоу,
Орэд къаIо, зэпымыоу.
ТигушIуагъо зэлъыпIэтэу.
О сыдигъуи укъытхэт.
Хъяр къызыхъукIэ, тыгу къэпIэтэу,
Тиунэмэ о уарыт.
Тэ егъашIэм темызэщэу
Уиорэдмэ тядэIун
Тижъи тикIи зыкIедгъэщэу
Пщынэ мафэм тежъыун.

# ИЛЪЭСЫР ГОЩЫГЪЭ ОХЪТИПЛIЭУ

# КIЫМАФ

***Цуекъо Джэхьфар***

## СЫДИГЪУА АР ЗЫХЪУРЭР?

Осыр жьыбгъэм зэрелъасэ,
ЧъыIэм нэгур къеушэплъы.
КIэлэцIыкIухэр Iажэм исхэу
Тхъэжьхэу бгыпэм джы къечъэхых.

***Бэрэтэрэ Хьамид***

***

Чъыгышъхьапэр фыжьы-фыжьэу
Осыф Iатэу хатэм дэт.
Губгъуи, мэзи къэущыгъэу
Уцы шхъуантIэм зыкъеIэт.

***Жэнэ Къырымыз***

***

Чъыгхэр къызэлъэтIэмы,
Апэрэ къэгъагъмэ тяпэмы,
Тыгъэм зыкъытфещэи,
КIалэхэр тхъэжьэу мэджэгух.

***Пэрэныкъо Мурат***

***

Нэм фэмыплъэу огу кIашъом
Ос шъабэр къелъэлъэхы.
ЗэпэшIэтэу чIыгу шъхьашъом
Ос шъуашэр къызыщелъэ.



Ефыжьагъэу хъотыр зэрехьэ,
Шъхьахынэм иунэ ефафэ,
Фыжьыбзэу чIышъхьашъор ефапэ
ФэбапIэм псэушъхьэхэр ефыжьы.

***Мырзэ Дзэпщ***

## ИЛЪЭС УАХЪТЭХЭР

Илъэсыр гощыгъэ охътиплIэу.
ОхътиплIэу, зэшиплIэу, шэниплIэу:
Зэ чъыIэу, хъотыр зэрихьэу,
Зэ ошIоу къэгъагъэхэр къыхэкIэу,
Зэ жъоркъэу гопэгъум уихьэу,
Зэ псынжъэу, оелэ закIэу…
Гощыгъэ илъэсыр охътиплIэу,
ТэркIэ охътэ шIэгъуиплIэу,
КIымафэу, ос IашкIэ тыщешIэу,
Гъатхэу, пцэжъые тыщешэу,
Гъэмафэу, псыхъом тыхапкIэу,
Бжыхьэу, къужъыхьэ тыдэкIэу…

***Бэрэтэрэ Хьамид***

## ИЛЪЭСЫКIЭМ ИОРЭД

ИлъэсыкIэм тыкIэракIэу тыпэгъокI,
КIали пшъашъи тыфэчэфэу тыкъыдэкI.
Къытфэсыгъэу насып лъагъом тытеуцу,
ЗыкъэIэти ори дахэу къытхэуцу.
Осыр къесы! ИлъэсыкIэм ичэфыгъу,
Тичэубжъэ осыцэхэр тырепхъакI.
КIали пшъашъи илъэсыкIэм тызэкIыгъу
ТыкIэгушIо, ар тихьакI.
Осыр къесы! Елкэ чъыгыр зэпэлыд,
Дунаишхом уемыплъэкIэу идэхэгъу.
ГъэбэжъукIэм илъэгъуакIэ ар тфэрэхъу,
ИлъэсыкIэм гушIогъуакIэ къытферэхь.

*Цуекъо Джэхьфар*

## ИЛЪЭСЫКIЭМ ТЫПЭГЪОКIЫ

Джэхэшъогум щыкIэракIэу,
Елкэм дахэу зыщеIэты,
Ащ ышъхьапэ дышъэ папкIэу
Жъогъо плъыжьыр къыщэшIэты.
ОрэдыкIэм зедгъэIэтэу
Елкэ пашъхьэм тыкъыщэшъо.
ЛIыжъ жэкIэфри зэрахэтэу,
Къытфытеох тэ Iэгушъо,
ГушIогъошхом тэ тиштагъэу,
ИлъэсыкIэр бэу тэгъашIо,
Шъхьангъупчъэм къыIууцуагъэу
Мэзэ нэфри къытфэгушIо.

*Мырзэ Дзэпщ*

## КЪЕСЫ

Осыр къесы, зэрелъасэ,
Шъэбэ-шъабэу зэтешасэ,
Чъыг къутами, тиурами
Тиунашъхьи ос къатесэ.

Iошъхьэ лъагэм Iажэм тисэу
«ЦIашхъ!» ригъаIоу тыкъечъэхы.
Сиnыбджэгъуи сакIыб дэсэу
Тырехьыжьэшъ тыдэчъэхы.

Осы IашкIэр зэфэтэдзы,
Тыдзы къэси тызэдэщхы.
Тичэф макъэ зэрэкъуаджэу
Мэфэ реным зэлъегъаджэ.

*Цуекъо Джэхьфар*

## КIЫМАФЭР КЪЭСЫГЪ

Осыр жьыбгъэм зэрелъасэ,
ЧъыIэм нэгур къегъэушэплъы.
КIэлэцIыкIухэр Iажэм исхэу,
Тхъэжьэу бгыпэм джы къечъэхых.



*Жэнэ Къырымыз*

## ЕЛК

Тиелкэ непэ зэлъыдгъэIагъэ,
Тызэлъегугъузэ дгъэкIэрэкIагъэ.
Жъогъо плъыжьыбзэр ышыгу шъхьарыс,
Джэголъэ дахэхэр къызэдыхэпс.
КIалэмэ елкэр чэфэу къакIухьэ,
«Псэушъхьэ» пчъагъэ пчэгум къытехьэ.
Пчэн жэкIэ кIыхьэри дахэу мэуджы.
Мышъэ пырацэри джы къыкъокIошъы,
Бэджэжъые тхьоплъри мары къыкъокI,
ТхьакIумкIыхьэ фыжьыри ащ къыпэгъокI.

*Мырзэ Дзэпщ*

## ИЛЪЭСЫКIЭР КЪЫТФЭСЫГЪ

Елкэ шхъуантIэр пчэгум ит,
Къутэмишъэ елкэм пыт.
Ышыгу жъуагъор къыщэшIэт,
Идэхагъэ гур къеIэт.
Елкэм джэгуалъэхэр пизыбз.
Iанэм шхыныгъор тизыбз
Щагум осыр къыщесыгъ.
ИлъэсыкIэр къытфэсыгъ.
ЛIыжъ ЩтыргъукIыр къытфэкIуагъ,
Осы пшъашъэр къыздищагъ.
ШIухьафтынхэр къытфахьыгъ.
Къытфахьыгъэр тыгу рихьыгъ.

# ГЪАТХЭ

*Iэшъынэ Хьазрэт*

## ГЪАТХЭР КЪЭСЫГЪ

Гъатхэр къэсыгъ. Уцхэр шхъуантIэу къызэлъыхэкIых, чъыгхэр къэтIэмых. Чъыгмэ якъэгъэгъэ фыжь дунаир шIэхэу зэлъиштэщт. Тыгъэр лъэшэу къепсы. Мафэхэр нахь кIыхьэ хъугъэх.

Гъатхэр, гъатхэр! Е-е, сыдым фэда мы гъэтхэ пчыхьэхэр! Ошъогум жъогъо цIыкIухэр дышъэ ахъщэу ратэкъуагъэм фэдэ къабз. Жьы къабзэу къапщэрэр пшIомакI. Чъыгмэ якъэгъэгъэ мэ IэшIуи жьым хэт.Чэщ бзыу зэфэшъхьафхэм амакъэ пфэмыхъужьэу уегъэдаIо. Ахэри гушIуагъо горэм ыгъэрэхьатхэрэп.

Гъатхэ. Тыгъэр чIыгум нахь къеблэгъагъ, осыр тыдэкIи щыжъужьыгъ. Псылъэбанэ цIыкIухэр заIуантIэмэ, зэхэлъэдэжьмэ, зэхэчъыжьхэзэ, къафаIопщыгъэм фэдэу, псыхъом зэлъечъэх. Псыхъоми къыхэхъуагъ, ичъи ригъэхъугъ, псыхьалгъуанэхэр къезэрэфэкIхэзэ блэчъых, чъыгыжъ зырызхэри къыхитхъыгъэхэу, ыгъэчэрэгъухэзэ, Пшызэ ехьых.

Зырызми яхатэхэр аукъэбзы, цIыраухэр агъэсты, машIом къыхихрэ Iугъом зызэхиутIэрахьэзэ, ошъогу къэбзэ-лъабзэм есыхьэ. Бзыу цIыкIухэм ямэфэкIышху. А цIыкIужъыехэр ары ныIэп кIымэфэм унэ зимыIагъэхэр. Сыд фэдизэу ахэр мыкIырэ чъыIэм ыгъэпIыкIагъэх! Джы хэт иунэ тыригъэхьан амыIожьэу, ошъо къэбзэ нэф шIагъор яунаеу итыщтых, тыдэ агъазэми яун. Джары мэкъэ зэфэшъхьафхэмкIэ орэд къызкIаIорэр, уни, щагуи, чъыг шъхьапи къызкIабыбыхьэрэр.

*Бэрэтэрэ Хьамид*

## ГЪАТХЭУ СИГУШIУАГЪУ

Чъыгы шъхьапэр фыжьэу-фыжьэу
Осыф Iатэу хатэм дэт.
Уцы шхъуантIэр къэущыгъэу,
Дэнэ бгъэгоу огу къабзэм
ПцIэшхъожъыер щыбзэрабзэ.
Сыдэу, сыдэу, о сигъатх,
УгушIуагъу о, угугъатхъ.
Гъэтхэ мафэр къытфихьагъэшъ,
Шъофи мэзи къэткIухьан,
КIэлэцIыкIухэм тигушIуагъошъ,
Тиорэди ар хэтлъхьан.

*МэщбэшIэ Исхьакъ*

## ГЪАТХЭР СИПЫНДЖЫР КЪЫТЕУАГЪ

Пчэдыжьыпэр жьым щышхъуантIэу
Сыдэу гукIэ сэ сыпсынкI!
Мэфэ нэфри омкIэ пхъуантэу
Тыгъэ плъыжьри ащ къепсыкI.

Чъыг къутамэр мэкIэ-макIэу
Сипынджыры къытеуагъ:
«Мы тичIылъэ IэпкIэ-лъапкIэу
Сыдэу даха!..» – къысиIуагъ.

ЧIыгури огури орэд шъабэшъ,
Шъэф хэмылъэу хэткIи нафэ.
Гэтхэ мафэр непэ фабэшъ,
Лэжьыгъацэр жъуагъэм хэфэ.

Хьафэп, чъыфэп ощхыбыбыр,
Къещхы-мэщхы, мэщхы-къещхы,
Ощхы ужым чъыг пшъэфыбэр
Орэд фыжькIэ чIым къытепшы…

*Жэнэ Къырымыз*

## МАРТ

Гъэтхэпэ мазэшъ чэфыгъу,
Гъэтхамэ къэушъ гушIуагъу,
Ос фыжьым Iэгур ебгынэ,
Губгъори мары къэпцIанэ,
Псыхъом телъ мылыр къэчагъ.
Ощхыци къыхидзы ежьагъ…
…Огури нахь къызэокIы,
Фабэу хыжьыри къыблехы,
Псы ткIопсхэр мылмэ къапэзы,
Мэзыми осыр зытредзы.
Апэрэ бзыухэр къэсыжьы,
Псы цIыкIухэр инмэ ячъэжьы.

*Кощбэе Пщымаф*

## МАЙ

Маир фабэ,
Маир гуапэ,
Маир гъатхэм идэхэгъу.
Маир нэфы,

Маир чэфы,
Маир кIалэм иджэгугъу.
Маир ощхы,
Маир мэщы,
Маир чIылъэм икъэшхъогъу.
Маир ошIу,
Маир гушIо,
Маир уцым ихэхъогъу.

*Нэхэе Руслъан*

### БЭРЭ МАИР КЪЫТФЭРЭКIУ

Маир – плъыжьы,
Маир – фыжьы.
Къэгъагъэхэр зэмышъогъу.
Маир – дахэ,
Маир – гъатхэ.
Сихэгъэгу игушIуагъу.
ШIу сэлъэгъу май мазэр
ЗыIусэщэ ижьы IэшIу.

## ГЪЭМАФ

*Жэнэ Къырымыз*

### ТЫГЪЭ

Инэбзыйхэр хъырахъишъэу,
Инэбзыйхэр зэIушъашъэу
Пчэдыжь къэси къытфыкъокIы,
ТыгушIозэ тыпэгъокIы…
Мэзи, уци затырекIэ, –
Къэгъагъэхэр къытфегъэкIы.
Инэбзыйхэр хъырахъишъэу
Инэбзыйхэр зэIушъашъэу,
Тыгъэм чъышхор къызэлъекIу,
Мыли, оси зэлъегъэткIу.
Типсыхъохэр къегъэжъыу,
Мы дунаир зэлъежъыу:
– Тыгъэр пстэуми тэ тфэлажьэ,
Пчэдыжь къэси ар къытаджэ.

*Жэнэ Къырымыз*

### КЪЕЩХЫ

…Къещхы, къещхы,
Ощх къытфещхы,
Къепэпэхы,
Къебзэбзэхы.
Губгъуи, хати
Псыр ахахьэ,
Ощхы шъабэр
Сыдэу гуахьы.

*Мырзэ Дзэпщ*

### ОЩХЫБЫБ

Къещх, къещх, ощхыбыб,
Чъыгоу пагъэм къытебыб!
Губгъо инхэр къэгъэшъокI,
Чъыгы тхьапэхэр къэтхьакI,
Къэгъагъ цIыкIухэр къызэIух,
Къужъы IэшIухэм къячъэбзэх.
Къещх, къещх, ощхбыб,
ЧIыгоу пагъэм къытебыб!
Нэшэбэгухэм псы къафащ,
Уцы цIыкIухэр къыхэщ,
ТикIэй псыхъо къыхэгъахъу,
ЧIылъэм сапэ темыгъахъу.
Къещх, къещх, ощхбыб,
ЧIыгоу пагъэм къытебыб!
Гъэбэжъу ощхэуи къытфещх!

*Къуекъо Налбый*

### КЪЕЩХ, КЪЕЩХ…

*(поэмэу «КОНЫР ТЫУШЪАГЪЭ» зыфиIорэм щыщ пычыгъу)*

Мыр къэбаскъ,
Мыр натрыф,
Щыбжьый, къоны,
Анджырэф,
Нэшэбэгу, къэпыраз,
Узтещхэщтыр хатэм хиз.
Къещх, къещх, быбэтэхэу
Тещх хатэм утысэхэу.

*Жэнэ Къырымыз*

### ГЪЭМАФ

Тыгъэр зэрилъэкIэу мэцакъэ,
Лэжьыгъэр губгъом щэбагъо.
КIалэмэ джы загъэпсэфы,
ЯпсыIуи ахэр щэчэфы.

*Хьалыщ Сэфэрбый*

### ТЭТЭЖЪ ИСАД

КъыпцIэ фыжьи, къыпцIэ шIуцIи
Тэ тисады хъоеу дэт.
Къеблэблэхэу, къыпIущхыпцIэу,
МыIэрыси къыбгъодэт.
КъужъIэрыси, абрикоси,
Къыцэ чъыги тэ тихьой.
Дэшхо чъыгым пщэм зыщихъоу,
Анахь лъагэу,
Анахь шъуамбгъоу,
Зиубгъугъ ижьау фэмыхъоу.
Идэхагъэ пхъэгуль чъыгым
БлэкIрэр зэкIэ къыфеплъэкIы.
Ащ къыготэу чъыгы пагэм
Ишъэф напи зэренэкIы.
Мэфэ жъоркъэу тыгъэ плъырым
ЧъыIэтагъэу садыр гоIу.



*Нэхэе Руслъан*

### ТЭТЭЖЪ МЭЗЫМ СЫЗДИЩАГЪ

Зае, тфэи, мые,
Анахь лъагэр кIае.
Псэи, пчэи, хэшъае.
ОщыкIэ хъуцщтыр чъыгае.
Къужъае, мыстхъэ, лачъэ,
Мэз Iапчъэм къычIакIэх.
Хьакъужъ, хьамышхунтI, отабэ,
Пхъэфым ышъо шъабэ..,
Бэба мэзым къыхакIэрэр!
Къужъай сызылъыхъурэр.
Тэтэжъ къысфеIуатэ:
– Мо щытыр пхъэшъабэ,
Модырэр акацэ,
Зэрыджэр цэрыцэ,
Пцелыр уфэгъошIу,
МаркIор Iум еткIухьэ…
Мэзыр къэтэкIухьэ.
Сэри сигушIуагъу,
Пырэжъыем игъу.

## БЖЫХЬЭ

*Нэхэе Руслъан*

### БЖЫХЬЭ

Бжыхьэ пкIашъэр гъожьы дах.
Жьыбгъэ макIэми зэрехь.
Зэ о щагум зыщыплъахь.
ЛъэпэпцIыеу чIыр къытхахь.
Тихьэгъожьи къэчэфынчъэ.
ТипчъэIупэ чэтыужъри
Зищыхьагъэу Iумылъыжь.
Ситэтэжъы пхъэр екъутэ,
Сэ пхъэIаплIыр къэсэIэты,

Хьаку машIор нэнэжъ зишIрэм,
Тэ фыртынэм тытекIощт.

*Пэрэныкъо Мурат*

## БЖЫХЬЭ

Тыгъэжъым чъыгхэр етIэкIы,
ПкIашъэхэр чIыгум тырехъо.
ЧIышъхьашъори чъэпыми зэлъехъэ.
Къэрэухэр къыблэм мэкIожьы.

*Къуекъо Налбый*

## ЖЬЫБГЪЭР

Жьыбгъэр, жьыбгъэр, укIэлъэшъу,
ТыолъэIу, къэгъэошIу.
Хым зегъахьи къыщыджэгу,
Ощхыр Iажэ, тыгъэджэгу.

*Мырзэ Дзэпщ*

## БЖЫХЬЭ МЭЗЫМ

Бжыхьэ мэзым тыкъэкIуагъ,
Сыдэу мыгъэ ар бэгъуагъ!
Къужъэешхом зиубгъугъ,
Къужъ шэгъабэ къыпыугъ.
Мые чъыгым зиIэтыгъ,
МыкIэ хъоеу къытитыгъ.
Зэрджай цIыкIумэ ахэхъуагъ,
Плъыжьышэхэр къапыхъуагъ.
ХьамышхунтIэми зиштагъ,
ГъэбэжъукIэ къытэтагъ.
Дае куаши къыхэкIыгъ,
Ащ дэжъыер пыIэкIагъ.
МэркIо бжали тыIукIагъ,
МэркIо шIуцIэр гум хэпкIагъ.
Пырэжъыи хэтлъэгъуагъ,
Пырэжъыеми ягъуагъ.



*Iэшъынэ Хьазрэт*

## ПЦIАШХЪУ, ПЦIАШХЪУ...

*(Адыгэ къэбарыжъым техыгъ)*

Бжыхьэр къихьагъ, къолэбзыухэр къыблэм зыщыбыбыжьрэ лъэхъаныр къэсыгъ. Ау бжыхьэр зэрэфабэм къыхэкIа, хьаумэ загъэхьазырыжьынэу уахътэ ямыIагъа, пцIэшхъо куп горэм амышIахэзэ, кIымафэм хиубытэхэ пэтыгъ. ЗыкъызашIэжьым, «сыгу-сыбгъэ» язэрэгъаIоу езэрэфыжьэжьыгъэх. Зы пцIэшхъо цIыкIу джыри зыкIи къыблэм мыбыбыжьыгъэу, зыдигъэзэщтыри ымышIэу къыщанагъ. Сыда ышIэщтыр?

ПцIэшхъо цIыкIур гуIэжьыгъэ, нэмыкI къолэбзыоу зыми мыбыбыжьырэмэ яупчIыгъ, ау къыблэр зыдэгъэзагъэр тэрэзэу къэзыIон къахэкIыгъэп. КъыраIуагъэкIи изакъоу мо цIыкIужъыер сыдэущтэу быбыжьыни? ЧъыIэм ыгъалIэу чъыг шъхьапэм къыпынагъ.

Мафэхэр макIох, кIымафэри нахь къэкIуатэ. Зы чэщы къесыгъ. ПцIашхъор набгъом къиплъынэу зыфежьэм къизи, осым къыхэфагъ. Тэмэуагъэ, тэмэуагъэ, ау зыкъыфэIэтыжьыгъэп.

*Хьалыщ Сэфэрбый*

## ГЪОГУМАФ О, ПЦIЭШХЪО ЦIЫКIУР!

Тхьапэр гъожьы. Губгъор нэкIы.
Мэзым теплъэри ехъожьы.
Жьыбгъэм чъыгхэр еутхыпкIы,
ПцIашхъом набгъор къебгынэжьы.

Гъогумаф  о, пцIэшхъо цIыкIур,
Уигъогу уанэ псынкIэ пфэхъу.
Птами мыпшъэу, пшхыни бгъотэу,
Уздежьагъэр къыбдэрэхъу.
Мафэ къэси сыухъумэщт.

КъысфэкIожь о, пцIэшхъо цIыкIур,
Тыгъэбзыир птамэ тесэу.
Къысфэсыжь о, щыргъ цIыкIур,
Уиорэди сыкIэхъопсэу!

# ШКОЛЫМ КIОЩТХЭМ АПАЙ

***Хьалыщ Сэфэрбый***

## СШЫНАХЬЫЖЪ СЭ СЕХЪУАПСЭ

Сшынахьыжъ сэ сехъуапсэ,
Ипортфелышъ, ар кIэкъэпсы,
Итетрадхэр ащ къыделъхьэ,
ТхылъыкIэхэр рызэрехьэ.
Сшынахьыжъ школым макIо,
СыцIыкIушъ, лъэшэу шъхьакIо,
– Сыдигъо школым сэ саштэщта?
Сыдигъо нэскIэ сяхъопсэщта?

***Цуекъо Джэхьфар***

## НЫБДЖЭГЪУ ДЭГЪУ

Ныбджэгъу шъыпкъэ къысфэхъугъэу,
Тхылъы Iушыр гъусэ сэшIы.
Ныбджэгъу дэгъу сызщыхъужьэу
ЗэкIэ сиIэм апэсэшIы.
Ныбджэгъу дэгъум сегъэразэ,
СиIакъылы къыхегъахъо
Сыдрэ мафи сегъэразэ
Сыхъупхъэнэу ар къысаджэ.

# ТЕКIОНЫГЪЭМ ИМАФЭ ЕХЬЫЛIАГЪЭХЭР

***Кощбэе Пщымаф***

## ДЗЭКIОЛI ЛIЫХЪУЖЪ

Отечественнэ зэошхор кIощтыгъ. Фашистхэр хы ШIуцIэ Iушъом екIунхэу фэягъэх, ау ахэмэ советскэ дзэхэр къапэуцужьыгъэх. Пыим топыщэхэр ошъум фэдэу къыпхъыщтыгъэ, самолетмэ бомбэхэр къырадзыхыщтыгъэ. А зэуапIэм Ацумыжъ Айдэмыр щызаощтыгъэ.



Игъусэхэр къаукIхи Айдэмыр изакъоу къэнагъ. Фашист техакIохэм танкхэр бэу къатIупщыгъэх. Айдэмыр зы топыр зигъаокIэ адрэ топым ечъалIэмэ пыим итанкмэ яозэ, зы танк ыгъэстыгъ, танкитIу ыгъэстыгъ.

Пыир нахь лъэшэу къэзаощтыгъэ. Ары къэс Айдэмыри нахь пхъэшэжьэу итопхэмкIэ пыим итанкхэм яощтыгъэ. ЯтIонэрэ танкым ящэнэрэр, яплIэнэрэр, ятфэнэрэр кIэлъыкIоу ыгъэстыгъэх. А мафэм фашист танкибгъу дзэкIолI лIыхъужъым ыкъутагъ, пыир къыгъэкIуагъэп. Ежьыри а зэуапIэм щыфэхыгъ.

Мэфэ заом лIыхъужъныгъэу щызэрихьагъэм пае Советскэ Союзым и ЛIыхъужъ щытхъур Ацумыжъ Айдэмыр фагъэшъошагъ.

***Шъхьэлэхъо Абу***

## СОВЕТСКЭ СОЮЗЫМ И ЛIЫХЪУЖЪ

Нэхэе Даутэ къуаджэу Очэпщые къыщыхъугъ. Ащ кIэлэегъаджэу Iоф щишIэщтыгъ. Дзэм зэкIом, военнэ училищым чIэхьагъ, офицер хъугъэу къычIэкIыгъ. Отечественнэ зэошхор къызежьэм, Даутэ фронтым Iухьагъ, псэемыблэжьэу пыим езэуагъ. Зэп, тIоп уIагъэ хьылъэхэр ащ къызэрэтыращагъэхэр, ау иуIагъэхэр охъужьыфэ емыжэу заом Iухьажьыщтыгъэ.

Ар псэемыблэжьэу зэрэзаорэм, солдатмэ пэщэнығъэ дэгъу зэрадызэрихьэрэм апае орден пчъагъэхэр, медальхэр къыратыгъэх. Познань дэжь зэошхоу щыкIуагъэм Нэхаем лIыхъужъынығъэшхо щызэрихьагъ. Ащ фэшI Даутэ Советскэ Союзым и ЛIыхъужъ щытхъуцIэр фагъэшъошагъ.

***МэщбэшIэ Исхьакъ***

## МАИМ ИБГЪУР

Гъатхэр къэсыгъэу ифабэ
Къэгъагъ бырабэу къысатэ,
Быракъ плъыжькIэ зифапэу
Непэ май мазэр гуIэты.

ТитекIоныгъэ и Мафэ
Неущышъ тежэ, тыпаплъэ.
ДзэолIмэ ялIыгъэ зафэ
Плъыжьышэ-шэплъэу мэуалъэ.

Непэ фэдэу маим и Бгъур
ГъэшIэ зэлъыкIоу къэкIощт,
Сыдрэ зауи джаущтэу лъэбгъур
Етэдзы тIони зэтIощт.

*ХьэдэгъэлIэ Аскэр*

### ЗАОР, НЭЛАТ ОСЭХЫ!

Мы дунаишхом зыщыоIэты,
О мэшIуаер атеоутэ,
Тыхэм, ныхэм агу о иохы, –
Заор, нэлат осэхы!

Чылэмэ, къалэмэ уашъхьарэтаджэ,
Уитопыжъ Iухъохэр къыщыогъаджэ,
Миллионыбэмэ апсэ хэохы, –
Заор, нэлат осэхы!

Исабый цIыкIумэ ныр акIэгушIу,
Икъэгъагъ лъапIэмэ ащэгушIукIы,
О ахэр машэм шIуеотэкъохы, –
Заор, нэлат осэхы!

*Кощбэе Пщымаф*

### ЗАОМ ТЫФАЕП

Тичъыгу шхъуантIэ ирэхьатныгъэ
Тыухъумэныр тэ тиорэд.
Тиогу къаргъо идышъэ тыгъэ
Мамыр нэгоу ташъхьагъ ерэт.

Ныбджэгъур, къаштэ о пIэпэ лъэш,
ЛэжьакIом зэкIэ тэ тызэкъош.
ЦIыфым игъашIэ орэнэфыпс,
Тыгъэр нэфынэу ренэу къерэпс.



*Кощбэе Пщымаф*

### ТИДЗЭ КIОЧIЭШХУ

Тисамолетхэр огум есыхьэ,
Тикъухьэ инхэр хы кIыIум тет.
Тэ тиракетэ мазэр къеплъыхьэ,
Хэгъэгу гъунапкъэм дзэкIолIыр Iут.

Мамыр щыIакIэр зэдэтэгъэпсы,
Зэкъошы закIэу тэ тызэхэт.
ГушIор ынэгоу тыгъэр къытфепсы,
Зычы-зыпчэгъоу тэ тызэгот.

*Нэхэе Руслъан*

### ТЕКIОНЫГЪЭМ ИМАФ

Гъэтхэ мазэм анахь дахэр май маз.
Къэгъагъэхэр зыхизыбзэр тэ тимэз.
ТэкIо, тэкIо, май мэзым тыпхырэкIы.
Къэгъагъэхэр зэрэтфахьэу къыхэтэхы.

Тызэхэтэу къэгъагъэхэр тэ къэтэхь.
Саугъэтмэ тигушIуагъо афэтэхь.
ТекIоныгъ! ТекIоныгъ! ТекIоныгъ!
ТекIоныгъэр май мазэм къытфихьыгъ.

## ЦIЫФЫМ ИДУНАЙ

*Мырзэ Дзэпщ*

### ГЪОГУМ ШЪУФЭСАКЪ

Гъогум, гъогум шъуфэсакъ,
ДжэгупIэ шъумышI.
Гъогум, гъогум шъуфэсакъ,
Ишапхъэ зэжъугъашI.
Машинэр зэрычъэрэм
О утемылъад.

Лъэсыхэр зэрэкIорэм
Дэхырэм фэмыд,
КъызыщыпIэкIахьэрэм
Гъогум утемыхь.
ЗэпрыкIыпIэм нэсырэм
Апэ зерэплъыхь.
Светофорыр зэкIэмэ
Анахь ныбджэгъушIу,
Ренэу ащ уедэIумэ
Пстэуми анахьышIу.

*МэщбэшIэ Исхьакъ*

## ДЭПКЪ СЫХЬАТ

Цыкъы-сыкъы, цыкъы-сыкъы
Зэпымыоу сфыхеIукIы.
Цыкъы-сыкъы, цыкъы-сыкъы
Ар лъэкъончъэу сфыхэкIукIы.
Зэ кукуур къысфелъэтышъ
Сыхьат пчъагъэр къысфелъытэ.
Зэ гъучI набгъом елъэдэжьышъ
Дышъэ унэр сфегъэпытэ.
Зэ пчэдыжьыр, зэ щэджагъор,
Зэ ахъшамыр сфегъэнафэ.
Дунай нэфэу симыджагъор
Дэпкъ сыхьатым сфегъэунэфы.

*ГутIэ Санет*

## ПСЭУШЪХЬЭ IЭЛХЭМРЭ ЩАГУ ПСЭУШЪХЬЭХЭМРЭ

Гъэмафэмрэ бжыхьэмрэ икIи, кIымафэр къэсыгъ. Мафэр кIако хъугъэ. ЧIыгум зэфэдэмкIэ осыр телъ. ЧъыIэ. Мыщ фэдэ уахътэм псэушъхьэ Iэлыхэм сыда ящыIакIэр?

Ос куумрэ чъыIэмрэ псэушъхьэхэм ящыIакIэ нахь хьылъэ къашIыгъ. Пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр ос чIэгъым чIэгъэбылъхьагъэх, къэкIырэ лъапсэхэм уанэсыныр хьылъэ. Псыр зыкIиз уцхэри щыIэжьыхэп. Ау хьэкIэ-къуакIэхэр кIымафэм щыщынэхэрэп. Цы шъэбэ фабэу атетым анахь чъыIэ-щтыргъукIыми ахэр щеухъумэх.

Бжыхьэр къызэсым цызэм кIымафэм пае ыгъэхьазырыгъэх дэжъыехэр, хьаIухэр, къэкIырэмэ акIэ зэфэшъхьафхэр. Ахэр набгъомэ, чъыг гъурбымэ ащыригъэбылъхьагъэх. Джы ахэр къыгъотыжьыщтых, осыр ытхъунышъ, ышхыщтых.

Таным (бобрым) чъыг къутамэхэр ыгъэхьазырыгъэх ыкIи ахэр инабгъо пэмычыжьэу псы чIэгъым щигъэтIылъыгъэх.

Ау мышъэм ышхын мэзым къыхэнагъэп. Ары кIымафэм ар чъыенэу зыкIэгъолъыгъэр. ЧIыкъори инабгъо щэчъые. Ау ар мышъэм фэмыдэу загъорэ къэущы, ыухьазырыгъэм щыщ горэхэр ешхых, хэчъыежьы. Зыпари зымыухьазырыгъэхэр тхьакIумкIыхьэхэр, баджэхэр, шъыхьэхэр арых. ТхьакIумкIыхьэм чъыг къутэмэ цIыкIухэр ешхых, чъыгмэ ашъуампIэхэр тырегъукIых. Чъыг къутэмэ псыгъохэр шъыхьэми ешхых. Егугъупэу баджэм осыр къепэмыхьэ, ащ мэр дэгъоу ешIэ, ынэхэри ытхьакIумэхэри чаных. Баджэр цыгъомэ яшакIо.

Псэушъхьэ Iэлхэм анэмыкIэу щагу псэушъхьэхэри бэу щыIэх. Ахэр чэмхэр, шыхэр, мэлхэр, пчэнхэр, къохэр, махъушэхэр, хьэхэр ыкIи нэмыкIхэри арых. Щагу псэушъхьэхэр цIыфхэм аIыгъых, ахъух. Ары ахэмэ аущтэу зыкIяджэхэрэр. Псэушъхьэ Iэлмэ ежь-ежьырэу Iусыр агъэхьазырымэ, щагу псэушъхьэмэ апае цIыфыр ары Iусхэр зыгъэхьазырырэр.

*Хьакъунэ Зарем*

## ГЪЭМРЭ КIЫМРЭ

*(пшыс)*

Еомэ зэраIомэ зэраIотэжьэу Илъэсым пхъуиплI иIагъ: Гъатхэр, Гъэмафэр, Бжыхьэр, КIымафэр аIоу. Ахэмэ шъхьадж тефэрэ Iофыр егугъоу ашIэзэ къызэдахьы, ау хэти тетыгъор нахь кIыхьэ ышIы шIоигъу. Ащ къыхэкIэуи илъэсым ипчъаблэ готхэу ренэу зэнэкъокъух:

– Сэ, – къыхидзагъ Гъатхэм, – IофшIэнэу сиIэр сшъхьэ къэсы, пхъэнлэжьэныр сымыухэзэ, гъэмафэр синыбжьыкъу къытелъадэ, уахътэр сфикъурэп, ситетыгъо кIэкIы дэд.

– Ар о оIо шъхьаем сэ цIыфыр къызэрэсажэрэр пшIэрэба, – ыIомэ зыпыплъыхьажьзэ къырищэжьагъ Гъэмафэм. – Хэт ситыгъэ иIэшIугъэ зымышIэрэр, хэт сиIанэ щымышхагъэр? ЦIыфыр хэгъэкIи, къуали, бзыуи ар ашIэ! Ситетыгъо нахь кIыхьэIуагъэмэ, боу кIэщыгъо зэпытэу цIыфмэ сапэгъокIыни.

– Зэ, зэ шъусамбыр, – ыIомэ зигъэжьыбгъаозэ, къахэлъэдагъ Бжыхьэри.
– Моу шъукъысэплъ, Iоф мыухыжь ашъо зэщымыщэу пчъагъэрэ зэблэсэхъу. Сыд сызымыгъэгумэкIырэр Iори! Лъэжьыгъэр опхъыкIэ икъуна? Тыдрэ

къуапэ хэлъи хэси сэугъоижьы, кIэугъоен ехъурэ Iоф сиIэп. Зы кIымэфэ фыртынэ горэ сигъунэгъушъ, жьы чъыIэу къыIуихырэм уегъэтIыгурыгу. Моу зысыхьат лые къыожэнэп, къыптесыхьэ.

– ГъэшIэгъоны, сэры о уигугъур, – къэгубжыгъ КIымафэр. – О «зэ» пIо къэс сежэнэу щытыгъэмэ, илъэсыри пфикъуныеп. СыдкIэ сизэрар къыокIыра? ЦIыфыр огъашхэ къодыекIэ икъуна? Гъэпсэфыгъо гори ептын фаеба! Сэры мыхъугъэмэ, а IофшIэным агу щыкIыжьыпэни. ЧъыIэ тIэкIоу къэсшIырэр ары къэзыубытыхэрэр.

– Сэры мыхъугъэмэ, сыщымыIагъэмэ! – аIозэ, бэрэ зэпеуагъэх.

Зи ымыIоу заулъэрэ Уахътэр къядэIугъ, етIанэ къариIуагъ:

– Сэ зэкIэми зэфэдэкъабзэу шIу шъусэлъэгъу, сIэгу къимыхъухьагъэ зэшыпхъухэм шIухэтэп. Сигъунджэшхо шъхьадж ышIэрэр зэкIэ, ыгъахъэрэр къыредзэ. Боу сыщэгушIукIы Гъатхэм ипчъэ къызыIуихырэм. Дунаир къыдэпсэужьы, къыдэкIэжьы, къыдэкIэракIэ. МэIэшIур тыдэкIи щызэрелъасэ.

Гъэмафэр армэ, ари зэмышъогъу закIэу гъэпсыгъэ, гъатхэм хэмылъэгъогъэ Iаджи хэплъэгъощт.

Бжыхьэр гъэмафэм исурэт шIыгъэ хэIэзыхьажьы, лыеу хэт шIошIырэр тырегъэкIыжьы.

КIымафэр пIомэ, зы цIыфыIэ фэмышIын хъырахъишъэхэр, гухьэрэ дахэхэр шъхьангъупчъэ апчмэ къатырешIыхьэ. Ау зыхъукIэ, шъо зэфэшъхьаф шъуиIэу, шъуишэн-зекIуакIэхэмкIэ шъузэтекIыми, шъухэлъыр зы сэнэхьат – сурэтышI, хэти исэнэхьат рылэжьэн ельэкIы, арышъ, тетыгъор зэрэщытыгъэу къэрэнэжь, цIыфхэри къышъосагъэхэшъ, кIэщыгъоу шъуакъыфакIу, шъукъызщысыщтыр ахэмэ IэхъуамбэкIэ къалъытэ. Джар къызгурыжъугъаIуи, шъуIэ зэкIэдзагъэу, зым Iэпызыгъэр адрэм къыштэжьэу илъэсыр зэдишъух. Шъуащыщэу нахь дахэр, нахь шIушIагъэ зиIэр цIыфыр ары зизэхэфыныр, – джа купыр къыпчъи, Уахътэ-шыур жьым елъи, игъогу техьажьыгъ. Зэшыпхъухэри къызэплъ-зэплъыжьхи, зэхахыгъэм ригъэгупшысагъэхэу зэбгырыкIыжьыгъэх…

Ау ахэр джыри зэрэгъэбырысырыхэу илъэсым зы мафэ къыхэкIы. Ар гъэмрэ кIымрэ зыщызэхэкIыжьырэр ары. Ар март мазэм тефэ. Джа мафэм шъхьадж лъэкIэу иIэр рехьылIэшъ, тетыгъор зэпакъудыижьы: Гъатхэм ижьы гохь чIыгур къегъэущыжьы, Гъэмафэм итыгъэ лъагэу зыкъегъэлъагъо, Бжыхьэ нашхъом иощхыцэхэри чъыIэ-чъыIэу ошъогум къырепхъыхых, КIымафэми джэдыгужъыр къахеутхыпкIэжьы…

Джаущтэузэ, зыр акъудыифэ, адрэр къашIутелъадэзэ, илъэсыр екIы. Арэуи къычIэкIын зыкIаIуагъэр: «Илъэсым изы мафэ блэ зэокIы».



*Жэнэ Къырымыз*

## ХЬАЛЫГЪУР ГЪЭЛЪАПIЭ

ФыгукIэр лъэкIапIэшъ,
Лэжьыгъэр гъэлъапIэ,
Зы фышъхьэм фикъужьэу,
Цэ налъэм нэсыжьэу.
ФэмышIэу чIэнагъэ
Угъои лэжьыгъэр.
Лэжьыгъэр – гушIуагъо,
Ылъапс ар титхъагъо.

*Жэнэ Къырымыз*

## НЫР

Ны! А гущыIэр гущыIэ лъапI.
Фэбагъэу хэлъымкIэ тыгъэм ычIапI.
Ным инэплъэгъу тыкъегъэфабэ…
… Игуфэбагъэ кIуачIэ къытеты.
УзыпIугъэ ныр сыдым пэпшIын
Ным нахь пэблагъэ тыдэ къикIын.
Джары ныр зыкIанахь лъапIэр!

*Нэхэе Руслъан*

## НЫР

…Ным игущыIэ
Анахь гуIэт.
Ным игущыIэ
Анахь лъэIэт.
Ным игущыIэ
ТэрыкIэ зафэ,
Тыгу зыфаем
Къытырегъафэ…

## СИНАН

Сэ синанэ лъэпэд ехъы,
Сэ синанэ джанэ еды,
Сэ синанэ пчыхьэ зыхъукIэ,
Пшысэ Iаджи къысфеIуатэ.

*ШакIо Абрек*

## IЭМЭ-ПСЫМЭХЭМ ЯУПЧI

Iэмэ-псымэ гохьхэр
Сэ боу къыздекIокIых.
Сычъыежьми пкIыхьыхэр
КъысфагъэкIэракIэ.
Мастэр къысэдао:
– Пфедэжьа о кIыIухэр?
Уатэр къысфытео:
– ГъучIыIунэ пфыхэIуа?
Ощым зыкъырещы:
– Чъыгыр о пфеупкIа?
Гъупчъэм зыкъегъэщы:
– Натрыф о пфеупкIа?
Шъэжъыер къэупчIэ:
– Хьалыгъур о пфэбза?
Лэныстэм къысфепчъы:
– Адэ сыпфэгъабза?
Бэдэд Iэмэ-псымэхэр,
ЗэмылIэужыгъох.
Iофыр зимыкIасэхэр
Ахэм ауджэгъух!

*Жэнэ Къырымыз*

## ДЭКIО-БЗАКIОУ ЗЫЗГЪЭСЭЩТ

Сянэ лъэшэу IэпэIас,
Дэны-бзэным ар фэIаз.
Сянэ фэдэу зысэгъас,
Дэны-бзэным сыщыгъуаз,
Арышъ, сянэ къысфэраз.
ШэкI бзыхьафхэр ащ къысеты.
Бзыпхъэр шэкIым тесэубытэ.
Силэныстэ къэсэгъабзэ,
Дынри мары хьазырыпс,
Iудэнэ псыгъор мастэм пыс,
Мастэр сэштэ, ар къэсэды,
Здыгъэ джанэр сыдым фэд!
Хэт щыплъагъэми ар къекIущт
Дахэу дыгъэшъ игопэщт.
МашинкэмкIи сыдэшъущт,
Ау ащ сянэ сынимгъэс,
АщкIэ лъэшэу къысфэмыс.
– Джыри, – еIо, – уцIыкIу,
УищыкIагъэр мэстэцIыкIу.
Зэ машинэкIэ серэгъадэлъ.
Шъыпкъэ, сянэ сэщ нахь Iаз,
Пстэуми аIо – IэпэIас.

*Жэнэ Къырымыз*

## ПШЪЭШЪЭЖЪЫЕМ ИХЬАЛЫЖЪЫЙ

Тхьацур сэпшэ,
Тхьацур сэфы,
Бзыуцыфэу ар фыжьыбз,
Зэсэгъафэшъ хъурэябз,
КIэнкIэпс гъожьыр къыщысэфэ,
Iушъхьэ IэшIур тесэтакъо…
Ар тэбачIэм есэгъэкIу.
Хьалыжъыер мажъэшъ мэплъы.
Жъэмэ IэшIур къыпимыха,
Хьалыжъыер гум римыхьа!
Сянэ апэу хэсэгъаIэ
Ащ къыIощтым сыдэгуIэ.

*Цуекъо Джэхьфар*

## ЗАРЕМЭ ЗЫКIЭХЪОПСЫРЭР

Врачы Iазэ зэрэхъуным
Ти Заремэ бэу кIэхъопсы.
Ымгъэузэу яIэзэным
Джырэ рапшIэу ар фэусэ.

Узы бзаджэм кIэлэцIыкIухэр
Щыухъумэгъэн шъыпкъэу фае.
ИщыкIагъэ Iэзэгъу уцхэр
Ащ сымаджэм ритын фае.

КӀэлэцӀыкӀухэр, фае шъухэтмэ,
Шъузфэкӏощтыр шъосэӏуатэ:
Ау, гухэкӀми – ежь Заремэ
Укол шӀыным лъэшэу щэщтэ.

*Жэнэ Къырымыз*

## СЯТЭ ШОФЕР

Сятэ, шъошӀа, шофер Ӏаз,
Имашинэ къэбзэ-лъабз.
Фарэу тетхэр зэпэлыд.
Ибыу макъэ сыдым фэд
Чэщи мафи гъогум тет.
Ауми ренэу зэпэшӀэт…
…Хьылъи, цӀыфи бэу зэрещ,
ӀофышӀэным емызэщ…
…Сятэ фэдэу зызгъэсэщт,
Шофер Ӏазэу сэ сыхъущт.

*Цуекъо Джэхьфар*

## СИТӀЫСЫПӀЭ СЭ СЫЩЫС

Синэнэжъы сыригъусэу
Автобусым сэ сыкъехьэ…
КӀэлэцӀыкӀур зыдэщысэу
ЧӀыпӀэу иӀэм сытетӀысхьэ.

Шъхьаныгъупчъэм сыпэблагъэу
СыкӀэрысышъ – сигушӀуагъо.
Ау нэнэжъыр мытӀысыгъэу
Зэрэщытыр сэгъэшӀагъо.

Пчъэ къихьапӀэм зэрэӀутэу
Щытын ныом ылъэкӀына?
Хэты щыщми гу къылъитэу
ЫгъэтӀысмэ сыд щышӀына?



*Жэнэ Къырымыз*

## ЗЫГЪЭКЪАБЗ

Пчэдыжьым жьэу, нэфшъагъом,
Цыгъо цӀыкӀуми, чэтыу щырми,
Къэбзэ-лъабзэу затхьакӀы.
Ащ ямызакъоу бэджэжъыеми,
Бзыу пстэуми затхьакӀы.
Типкъышъол къэбзэнэу,
ТкӀуачӀи хэхъонэу,
ЗытэжъугъэтхьакӀ,
ЗытэжъугъэгъэпкӀ.
Укъабзэмэ, упсэущт,
Ау зыхъукӀэ тыкъэбзэщт.

*Бэрэтэрэ Хьамид*

## ДУНАИМ ЫЦӀЭР ЧӀЫГУ

*1*

Дунаим ыцӀэр – ЧӀыгу!
ЦӀыфым игъашӀэ чӀыгум епхыгъ…
ЧӀыгур зыфэдэр сыгу,
ШӀулъэгъу кӀуачӀэм ари ыӀыгъ!
ЦӀыфыгум фэдэу фабэ,
ГъэшӀэ тамыгъэу машӀо пкъырылъ.
ЦӀыфышъом фэдэу шъабэ,
Плъыжьэу къысщэхъу сэ чӀыгум ылъ…

*2*

Дунаим цӀыфмэ «ЧӀыгу» раӀуагъ,
Ауми а чӀыгум псы ищыкӀагъ…
Штэри дунаир – хыпсыр нахьыб,
Ауми ЧӀы гъушъэр гъэшӀэ насып!
ЦӀыфым игъашӀэ чӀыгум епхыгъ,
Ауми псэ ӀэшӀоу псыр зыдиӀыгъ!
Псы щэрэмыӀи, нэкӀэу тиуашъо,
Псы щэрэмыӀи, гъожьэу тихашъо,
Огъум зэгуичэу ЧӀыгум ыбгъашъо,
ГъашӀэр ыстыни тыгъэм имашӀо!

ЧIыгум педгъаIэу псыри тэгъашIо,
ХьакIэр псы чъыIэм тэ етэгъашъо,
МашIор псы кIуачIэм рытэгъэкIуасэ,
РытэгъэшъокIы лэжьыгъэ хьасэр!
ЧIыгур псэупIэу цIыфым хихыгъ,
Ауми псэ IэшIоу псыр зыдиIыгъ…
ЦIыфым псы хапIэу хыкIэр ышIыгъ –
Хыпсым ыуасэу чIыгур фитыгъ!

*3*

Дунаим ыцIэр – ЧIыгу,
ЧIыгур зыфэдэр  сыгу,
ЦIыфыгум фэдэу фабэ,
ЦIыфышъом фэдэу шъабэ…
ЧIыгум илъынтфэр – псыхъо,
Ау псыхъо лъэгур псыгъо.
ХыкIэм ытамэ шъуамбгъо,
Ипсыщэ куур къаргъо…
Дунаим ыцIэр – ЧIыгу,
Ау хыр кIымыгъумэ, цIыкIу,
Псы щэрэмиIи, чIыгур
Зэгоутын цIыфыгоу…

## ПСЭУШЪХЬЭМЭ ЯХЬЫЛIАГЪЭХЭР

*Хьалыщ Сэфэрбый*

### БЫЦОЖЪЫЙ

Хьэпаныеу Быцожъые
ИмыкIасэр чэтыжъый.
Зэрилъэгъоу къырефэкIых,
Зэпымыоу егъэкIыих.
Чэтыкъуртэр къытекъуртэу
Быцожъые къегъэпцIэу
Ау зы тIэкIу зэрэIукIотэу,
Ар якIуашъэ лъэпэпцIыеу.
Ылъэгъугъэшъ джы ар нанэ,
Ащ ецIацIи, пыухьагъ.



*Жэнэ Къырымыз*

### ЧЭТЫУ ЦIЫКIУ

Уни щагуи зэпечъыхьэ,
Зыщыфаем зырегъэхьы.
Хьэ зилъэгъукIэ, зэкIэм фелъы.
Зыфегъэбжьышъ, лъэшэу елъы,
Чъыгым гуIэу дэчъэежьы.
ТIэкIу тешIагъэу зыкъешIэжьы.
Ынэ тэпхэр къелыдыкIы,
ЛъэкъожъыекIэ зыкъетхьакIы.
ПэкIитIу тетышъ мэхъублаблэ,
Лымэ зеукIэ, мэгуIапэ.
Щэ зептыкIэ, релъыпыкIы,
КIэр гъэщыгъэу хэгушIукIы.

*Жэнэ Къырымыз*

### ЦЫЗЭ

Дэжъые чъыгым цызэр тес,
ПсынкIэу дахэу зегъэсыс.
Дэжъые IэшIухэр зэгуегъэзы,
Дэжъые купкIыр къырегъэзы.
Ынэ цIыкIухэр – щыгъыжъый,
ЗыгъолъыжькIэ – хьалъыжъый.

*Бэрэтэрэ Хьамид*

### ЦЫЗЭ ЦIЫКIУ

ПкIэтэ-лъатэу цызэ цIыкIур
Чъыгы шъхьапэм шъхьарысыгъ.
КъыIэпызи цызэм мышкIур,
МышкIу закъор къефэхыгъ.
Ащ къылъыпшэу чъыг къутамэм
Цызэр сакъэу къекIошъэх,
Зиушъэфзэ жьым хэпамэ,
ЫкIэ дышъэу утысэх…

*Бэрэтэрэ Хьамид*

## БЗЫУ ЦІЫКІУМ ИГУКІОДЫГЪУ

ЧъыІэ лъэхъанхэр къэсыгъ.
Бзыу цІыкІури къэпІыкІагъ.
Чэфынчъэшъ гукІод
Ыпси пытыжь къодый.
КІэлэцІыкІухэр шъушІэхи,
Бзыухэмэ набгъохэр афэшъушІи,
Бзыухэр къышъуфэрэзэн.
«Шъопсэу» шъо къышъуаІон.
Гъатхэм чэфхэу ахэр кІыихэу
ЦІыр-щырыр, къыхадзэщт,
Тыпсэу! ТыщыІ! – къаІощт!

*Хъурым Хъусен*

## КЪОЛЭЖЪ

ШІуцІэ закІэу, кІыхьэу ыкІэ
Зэ къутамэм къытетІысхьэ
Зэм лІыжъ кІуакІэ зыригъэшІэу
ТипчъэІупэ къыщекІухьэ,
Ар Мышъыди щыщынэжьрэп
Зыщыфаем ытх зыредзэ.
Атэкъэжъри къыфилъыжьрэп
Рэхьат дэдэу тес лъэгуцым.
Чэтмэ ястрэ шкъуны бжыбыр
Ащ сыдигъуи адешыпы,
Ау чэтэщым адихьажьрэп,
Пчыхьэ зыхъурэм мэбыбыжьы.

*Хъурым Хъусен*

## ПЧЭНДЭХЪУ

Хэгъэгу чыжьэр къебгынэжьы,
Талъэныкъуи къегъэзэжьы.
Гъатхэр кІыгъоу къызыдещэ,
Иорэди кІырегъэщы,
Иунагъуи къегъотыжьы,
ХэгушІукІэу епсыхыжьы.
ИпсэупІэ дэмышъхьахэу,
Къэбзэ-лъабзэу къызэІехы.
Бзыумэ запешІыжьы,
Зэхихыгъэр къеІотэжьы.
Чъыги сади афэплъыры,
ПкІэшъэхъухэр зэлъедыры.
ЦІыфым фэдэу хэшъуикІы,
Псыхъом дахэу зыщегъэпскІы.
Ышъхьэ пае зигъэхъупхъэу,
Пчэны цІыкІумэ уц адехъу.
Исабыйхэр къегъэгъунэ,
Къэрэгъулэу Іус иунэ.
Бгъэжъыр къилъмэ зегъэчъэхъу,
Мышъхьахыжьрэр пчэндэхъу.

*Мырзэ Дзэпщ*

## КУКУУМ ИОРЭД

Чъыг къутамэм сыщэкуо:
Ку-ку!
Зэхэзыхрэ къыздэкуо:
Ку-ку!
КІэлэцІыкІухэр, шъукъэдаІу:
Ку-ку!
Орэд дахэ сэ къэсэІу:
Ку-ку!
Жьэу пчэдыжьым сыкъэтэдж:
Ку-ку!
Сэ джэгуныр есэгъажь:
Ку-ку!
Мэз инышхом сыкъыщэдж:
Ку-ку!
Джэрпэджэжьым къыздеІожь:
Ку-ку!
Сиорэды сцІэ хэсэлъхь:
Ку-ку!
ТІахъсэу къэхъурэм сыхэмын:
Ку-ку!

*ШакIо Абрек*

## ХЭТ СЫД ЫШIЭРА?

Атакъэр маIо,
Бзыур орэдыIо.
Чэмыр мэбыу,
Чэтыур мэпцIэу.

Мэлыр мэIои,
Къазыр мэкIыи.
Шыр – ар мэщыщы,
Къунаныр зылъещэ.

Хьэр мэхьакъу,
Чэтыр мэкъакъэ.
Къор – ар мэдыргъы,
Мышъэр мэгъогы…

КъашъуIо джыри шъошIэмэ,
Хэт сыдэущтэу зишIра?
КъашъуIо джыри шъошIэмэ,
Хэт сыд ышIэра?

*Нэхэе Руслъан*

## ХЬАПИЦЫУ

Хьапицыу, цыу, цыу,
Укъысэмыхьакъу.
Хьапицыу, цыу, цыу,
Укъысэмыцакъ.
Хьапицыу, цыу, цыу,
Ма, хьалъыгъу сIых.
Хьапицыу, цыу, цыу,
Къупшъхьэм егъу, шIэх.
Хьапицыу, цыу, цыу,
Къэгъэцац тхьакIум.
Хьапицыу, цыу, цыу,
Лъэшэу умыхьакъу.



*Цуекъо Джэхьфар*

## ПХЪЭУIУ

Комэ гъугъэм къытетIысхьэ,
Чъыгыр лъэшэу зэпеплъыхьэ.
ПхъэшъомпIэшхыр къыхегъуатэ,
Еошъ, пхъашъом къыхеуты.

Осыр къесэу чъыIэ къэхъуми,
Чъыгхэр жьыбгъэм зэриутэкIми,
КIимыIэжьэу иIоф ешIэ,
ЫшIуабэ ренэу машIэ.

ПхъэуIу цIыкIур лъэшэу хъупхъэ,
Мафэ реным ар мэлъыхъо –
Ищыр цIыкIуи шIоу ехьакIэ,
Мэзыр кIырэу къытфегъэкIы.

«Тыкъу-тыкъу, тыкъу-тыкъу» къыригъаIоу,
Мэзыр зэкIэ зэпегъаджэ:
Мэзыр дэгъоу тыухъумэнэу
ПхъэуIу цIыкIур тэ къытаджэ.

*Бырсыр Абдулахь*

## ПХЪЭУIУ

Пэдыд кIэкIыхьэу
Чъыгым егъэпкIыгъ.
Шъостхъэжъым иIахьэу
ЧIэсыр ыгу къэкIыгъ.
Пхъэулыуным фэIаз,
Хьамылыур зиIус,
Усымыгъэлагъэми
Бэу ухъэрэпкIар…

### ТИ ПЦЭЖЪЫЕ ЛАБЭ ЩЕСЫ

Тыгъуасэ Заур сигъусэу пцэжъыяшэ Лабэ сыкIогъагъ. Хьамлыур пыслъхьи, пцэкъэнтфыр псым хэсыдзагъ. Къэбым сылъыплъэзэ, псышъхьашъом хъурджанэхэр щызэбгырычъыгъэх. ЕтIанэ ар чIэби, джабгъумкIэ рищэжьагъ.

– Къэкъудый! – Заур къэкууагъ. Пцэкъэнтфым сыкъыкIырыугъ. Сеплъымэ, тыжьын джанэ щыгъым фэдэу, зэпэжъыужьэу пцэжъые дахэ къыхэсыдзыгъ. Загъорэ «къыгъ-къыгъ», – еIо.

– Зэхэоха, «сытIупщыжь», – еIо.

– Нахь иныхъущта?

– Ары, – ыIуагъ сигъусэ.

– Ащыгъум хэзгъэхьажьын! Джыри хэрэхъу!

Ащ къыщегъэжьагъэу типцэжъые Лабэ щесы. Псыхъо нэпкъым сыIухьэми, къыхэоу сэлъэгъу.

## ПШЫСЭХЭР

### ЧЭТЫР, ЦЫГЪОР ЫКIИ МЭЗАТАКЪЭР

*(пшыс)*

Еомэ-еомэ зэраIомэ, зэраIотэжьэу Чэтыр, Цыгъор, Мэзатакъэр аIоу зэдыщыIагъэх.

Зы мафэ горэм Чэтым коцыцэ горэ ыгъоти, лъэшэу ащ кIэгушIоу къурт-къурт ыIоу адрэ игъусэхэм яджагъ:

– Коцыцэ къэзгъотыгъ, коцыцэ къэзгъотыгъ! Джы ар тхьаджын фае. Хэта коцыцэр шъхьалым шъуитIу язэу зыхьыщтыр?

– Сэрэп, – ыIуагъ Цыгъо цIыкIум.

– Сэрэп, – ыIуагъ Мэзатакъэми.

Сыдэу ышIын, зыми ымыхьынэу зэхъум, ежь ышъхьэкIэ Чэтым коцыцэр шъхьалым ыхьыгъ, къаригъэхьаджыгъ.

– Хэта шъуитIу язэу джы хьаджыгъэр зыхьыжьыщтыр? – ыIуи, Чэт цIыкIур игъусэмэ яупчIыгъ.

– Сэрэп, – ыIуагъ Цыгъо цIыкIум.

– Сэрэп, – ыIуагъ Мэзатакъэми.

Хьаджыгъэр Чэтым къыхьыжьыгъ.

– Хэта адэ джы шъуитIу язэу тхьацур зыпшэщтыр? – ыIуи, Чэтыр яупчIыгъ.

– Сэрэп, – ыIуагъ Цыгъо цIыкIум.

– Сэрэп, – ыIуагъ Мэзатакъэми.

Тхьацури Чэтым ыпшагъ.

– Хэта адэ джы шъуитIу язэу машIо хьакум изышIыхьащтыр? – ыIуи, Чэтыр яупчIыгъ.

– Сэрэп, – ыIуагъ Цыгъо цIыкIум.

– Сэрэп, – ыIуагъ Мэзатакъэми.

Хьакури Чэтым ыгъэплъыгъ.

Хэта адэ джы шъуитIу язэу хьалъыгъур зыгъэжъэщтыр? – ыIуи, Чэтыр яупчIыгъ.

– Сэрэп, – ыIуагъ Цыгъо цIыкIум.

– Сэрэп, – ы1уагъ Мэзатакъэми.

Хьалъыгъури Чэтым ыгъэжьагъ. Хьалъыгъу дэгъу дэдэ, бзыуцыфым фэдэу шъабэу хьакум къырихыжьи столым тырилъхьагъ ыкIи яупчIыгъ:

– Хэта адэ хьалъыгъу зышхыщтыр?

– Сэры, – ыIуагъ Цыгъо цIыкIум ыкIи гузажъозэ Iанэм къыкIэрытIысхьагъ.

– Сэры, – ыIуагъ Мэзатакъэм ыкIи гузажъозэ Iанэм къыкIэрытIысхьагъ.

### ЛIЫЖЪ МЫГЪО ЩЫГЪУМЫТ

Еомэ-еомэ зэраIомэ, зэраIотэжьэу зы лIыжъырэ зы ныорэ щыIагъ. ЛIыжъым щыгъу унэ иIагъ, ныом шэф унэ иIагъ.

Зэгорэм ныор щыгъу чIыфахьэ лIыжъым дэжь къэкIуагъ.

– А лIыжъ, щыгъу бжыб къысэт, – елъэIугъ ар лIыжъым.

– Моу къыхэсхымэ гъуанэ хъун, моу къыхэсхымэ гъуанэ хъун остышъунэп щыгъу, – къыритын ыдагъэп лIыжъым.

Ныом лъэшэу ыгу къеуагъ лIыжъым щыгъу къызэрэримытыгъэр. ТIыси щыгъу хэмылъэу шхагъэ, зи къыфишIагъэп ышхыгъэми.

– Нычэпэ тхьам ощхышхо къыригъэщхэу лIыжъым иунэ ткIугъэмэ дэгъугъэ, – ыIуагъ ыгу еIэжьыгъэу ныом.

Чэщым ыципэ уубытымэ удэкIоен фэдэу ощхышхо къещхыгъ. ЛIыжъым ищыгъу унэ шIэх дэдэу ткIугъэ. Зэрысын имыIэжьэу лIыжъыр къэнагъ. Ежьи игъунэгъу ныом дэжь кIуагъэ.

– А ныу, ныу, сыкъигъахь, уипIэкIор сытегъэлъ, – ыIуагъ лIыжъым.

– IукI, IукI, лIыжъ мыгъо щыгъумыт, – ыIуагъ ныом.

– А ныу, ныу, сыкъигъахь, уалъыпэгъу сыщыгъэлъ, – елъэIугъ ныом.

– IукI, IукI, лIыжъ мыгъо щыгъумыт, – ыдагъэп ныом.

– А ныу, ныу, уадэжьы сыкъигъахь, уиджэхашъо сытегъэлъ, – елъэIугъ лIыжъыр.

– КъакIо, къакIо, лIыжъ, – мыхъуми пхъэ къысфэпщэн, – ыIуагъ ныом.

Пчъэр къыIуихи, лIыжъыр унэм ригъэхьагъ, баеу тхъэжьэу къэнэжьыгъэх.

## АТАКЪЭМРЭ ЧЭТКЪУРТЭМРЭ

«Сищырхэм жьы тIэкIу анэгу къыкIэзгъэун, тIэкIуи къэзгъэлъэупхъоных» – ыIуи, чэтжъые быныр дищи чэткъуртэр щагум дэкIыгъ. Чэткъуртэр упхъоу чэу лъапсэм итызэ, ышъхьэ гъэкIыгъэу атакъэр къэсыгъ.

– Мыщ сыд ышIэрэр, мыщ сыд ышIэрэр! Чэтжъые тхьамыкIэхэр етIэ гъугъэм регъэуIух! Ар хъуна шъыу! Мыдэ къещажьэх, мэз чапэм тыкIощт. Мыгъэ шэнджыхэр хьамэм зыщаIожь нэужым ащ гъэжъуацэу къытенагъэр сыд фэдиз!

– Ар хъунэп, атакъ! – ыIуагъ чэткъуртэм. – Бгъашхъом сищырхэр ебгъахьы пшIоигъоу угу къэкIыгъа?!

– Сыдэущтэу ар къэпIошъура? СыдышъокIэ укъысэплъыра? Сэ сыуигъусэщтба! Сэ сыпкIыгъоу бгъашхъом зыкъыгъэлъэгъона?!

Чэткъуртэр атакъэм ыгъэдэIуагъ, чэтжъые быныр рищажьи мэз Iушъом ыщагъ.

Чэтжъыехэр тIэкIурэ упхъуагъэхэу ошIэ-дэмышIэу бгъашхъор къашъхьарыхьарзагъ.

Бгъашхъом иныбжьыкъу чIым къызытредзэм, атакъэр кIэбгъулъи мэзцуным зыхидзэжьыгъ. Чэткъуртэр гуIэзэ ищырхэр къызэхиугъоежьыхи, псынкIэу ытэмэ чIэгъ чIигъэбылъхьагъэх. Бгъашхъор къаомэ зыжэхидзэнэу чэткъуртэм зигъэхьазырыгъ. Ау бгъашхъор къэуагъэп, быбыжьыгъ.

Щынагъор зытекIым, ытамэхэр ыгъэкIызэ, атакъэр мэзцуным къыхэпшыжьыгъ.

– Адэ, атакъ, сизакъоу гум сыкъиуни зыбгъэбылъыжьыгъа? – ыIуи, чэткъуртэр еупчIыгъ.

– ОшIа, а бгъашхъор анахь ябгэу, анахь щынагъоу сашъхьагъ къибыбэгъэ закъор арыгъэ! – ыIуагъ атэкъэ шъхьащытхъужьым.

## ЛIЫЖЪЫ ЦIЫКIУМРЭ НЫО ЦIЫКIУМРЭ

Зы лIыжъ цIыкIурэ зы ныо цIыкIурэ щыIагъ. Зы мэлырэ зы пчэнырэ яIагъ. Зы мафэ горэм ныом ыгу къэкIыгъ мэлымрэ пчэнымрэ щагум дифынхэу. ЛIыжъыр къыздэхьажьым, ныо цIыкIур пэгъокIи риIуагъ:



– Мэлымрэ пчэнымрэ зыпари яшIуагъэ къэмыкIуахэу, бедэхьаоу тэгъашхэхэшъ щагум дэтых, ау зыхъукIэ дэтэгъэфи якъин тымылъэгъоу тыщыIэщт.

– Хьау, дэрэтых, сыд яягъэ къакIора? – лIыжъым ыIуи шъхьае, ныор шIомыкIыхэ зэхъум «кIо, дэтфыных» – аIуи, мэлымрэ пчэнымрэ апэ рагъэуцохи, щагум дафыгъэх, «Тхьэм шъуззэришIэу шъухъун» – аIуи, атIупщыгъэх.

Мэлымрэ пчэнымрэ кIохэзэ зы Iалъмэкъ горэ къагъотыгъ. Къашти зеплъыхэм, тыгъужъышъхьэ горэ илъэу алъэгъугъ. Iалъмэкъыр мэлым зышIохилъи кIохэзэ чэщ хъугъэ. Пчэным ыгу кIодыгъэ, мэлыри хьазырэу пшъыгъэ. ЗыдэкIонхэ амышIэу заплъыхьэзэ, зы мэз гъунэ горэм мэшIо-Iугъо мэкIэ тIэкIу горэ щалъэгъугъ. Залъэгъум «Нычэпэ тэ тыздэкIожьышъун щыIэп, мы машIоу къэлъагъорэм текIуни тыщысын, нычэпи зыдгъэпсэфын» – аIуи, машIом екIугъэх. ЗекIухэм, тыгъужъ корт машIом пэсэу, зы щыуанжъые горэми пIэстэ тIэкIу илъэу, машIом ышъхьагъ пылъагъэу алъэгъугъ. Пчэнымрэ мэлымрэ джыри нахь агу кIодыгъэ «Мы тыгъужъмэ нычэпэ ташхыжьыпэн» – аIуи. Тыгъужъхэми мэлымрэ пчэнымрэ къызалъэгъум, гушIуагъэх, «тигъомлапхъэхэр къытфэкIуагъ, пIастэм дэтшхын тиIагъэпти» – аIуи.

Мэлымрэ пчэнымрэ сэлам арахи, тыгъужъхэмэ ахэхьагъэх.

– ШъукъакIох, шъукъакIох, – аIуи, лъэшэу къафэчэфыхэу тэджыхи агъэтIысыгъэх.

– Сыд шъушIэрэр? – аIуи яупчIыгъэх.

– ПIастэ тэшIы, – къараIуагъ.

– Ащыгъум дэгъу, тэ дэшхыныр тIыгъ, модэ къаштэ тыгъужъышъхьэу пIыгъымэ анахь иныIор, – ыIуи, пчэным мэлым риIуагъ.

Мэлыр иIалъмэкъы иIаби тыгъужъышъхьэр къызырехым, пчэныр фэгубжъыгъ: «Мыкортым а шъхьэ цIыкIур тфикъущта, анахь иныр къих осIогъагъэба» – ыIуи. Мэлыми а тыгъужъышъхьэу къырихыгъагъэр рилъхьажьи, тэкIурэ иIэбэ-лъэбахьи етIани ар къырихыжьыгъ. ЕтIани «Ари цIыкIуIо, ащ нахь иныIоу къих нахь» пчэным зеIом, тыгъужъхэр ыгъэщтагъэх, «Мыхэмэ тэри ташхыщт» – аIуи, IукIыжьыхэмэ ашIоигъоу агу къэкIыгъ.

Зы тыгъужъ горэ къэгущыIи: «Пхъэр тыухыгъэ, зыгорэ пхъахьэ орэкIо» – къызеIом, ащыщ горэм «Сэ сыкIощт» – ыIуи, IукIыгъ. КъэмыкIожьыхэ зэхъум: «Сыдэу мыр бэрэ къэтыгъ сэIо, сылъыкIони къэсщэжьын, пхъи къезгъахьын» – ыIуи, нэмыкI гори цIыкIу-цIыкIоу IукIошъыгъ. Ари къэмыкIожьыхэ зэхъум, адрэри цIацIэзэ, «Мыхэмэ сэ салъымыкIоу къэкIожьыщтхэп» – ыIозэ IукIыгъ. Джаущтэу тыгъужъхэр зэкIэ мэзым хэхьажьыгъэх.

Мэлымрэ пчэнымрэ бэрэ апэплагъэх къэкIожьынхэмэ аIуи. КъэмыкIожьыхэхэ зэхъум, ащ нэсыкIэ пIэстэ щыуаныри хъугъахэти, къыпахи тыгъужъышъхьэу къагъотыгъэр дашхи, дэгъоу загъэшхэкIи, щыуанжъыеми тепкIэхи акъути, мэзым хэхьажьыхи чъыгы горэм тетIысхьагъэх. Пчэныр лъагэу дэкIоягъ, мэлыр ащ фэдэу дэкIоешъугъэп.

Нэф къэшъы зэхъум, тыгъужъэу IукIыжьыгъэхэм гу къызIэпашIыхьажьи «ЕгъашIэм тигъомлапхъэу тиIагъэхэм тыкъагъэщтагъ, ащ тэ тафэшхышъуна?» аIуи къагъэзэжьи, ячIыпIэжъыщтыгъэм къекIолIэжьыгъэх. КъызекIолIэжьыхэм, пIастэри щымыIэжьэу, щыуанжъые цIыкIури къутагъэу алъэгъугъ. «Тыдэ щыIэхэми къэдгъотыных ыкIи тшхыных» – аIуи къалъежьэхи мэзыр къакIухьэзэ, чъыгым пысыхэу алъэгъугъэх.

Тыгъужъхэр чъыгым екIолIагъэх. ЗекIуалIэхэм, мэлыр нахь благъэу пысыти щынэу кIэзэзэу къыублагъ. Ар къызелъэгъум пчэныр нахь лъагэу тесыти къекууагъ: «Анахь иныр, анахь иныр къэубыти къысэт!»

Тыгъужъмэ ар зызэхахым «Мы къежьагъэм тиубытыни удырэм тыригъэшхыщт» – аIуи, мэзым хэлэдэжьыхи загъэбылъыжьыгъ. Мэлыри пчэныри къехыжьыхи ахэми загъэбылъыжьыгъ.

## ГУБГЪО ЦЫГЪОМРЭ УНЭ ЦЫГЪОМРЭ

*(пшыс)*

Губгъо цыгъом дэжь Унэ цыгъор хьакIэу къэкIуагъ.

– Сыд уищыIакIа? – ыIуи, еупчIыгъ.

– Сэ сищыIакIэ ущымыкI, – ыIуагъ Губгъо цыгъом. – Губгъом сыщэугъуае, ау зэщым сегъалIэ, шъо тхъагъоу шъущыIэщтын.

– Зи гумэкI сэ сиIэп! – ыIуагъ Унэ цыгъом. – Сэ сыбай, сытхъэжьэуи сыщыI! СищыIакIи озгъэлъэгъун, некIо!

Унэм къызещэм зыхэс бынмэ коцэу, тхъоу, къуаеу яIэр ригъэлъэгъугъ.

– Сызыщыфаем сэшхэ сэ! – ыIуагъ Унэ цыгъом. – Зи гумэкI сиIэп.

Чэтыужъыр джэныкъом дэсэу Губгъо цыгъом ылъэгъугъэти кIэупчIагъ:

– Мор хэта? Сыдэуи чэфынчъэ дэдэу щыса?

– Ар нэгыежъ-лъэгубгъу, зэупхъужьышъ яжьэм хэс, – ыIуагъ Унэ цыгъом.

– Адэ сыд есIощт мыщ? – Губгъо цыгъор къыкIэупчIагъ.

– Чылэмэ «ЧыракI» раIоу, ежь «ЧычашъэкIэ» еджэу къо закъо иIагъэти лIагъэ, фэтхьаусых, – ыIуагъ Унэ цыгъом. Губгъо цыгъор фэтхьаусыхэн ихьисапэу шкаф чIэгъым къызычIэкIым къызэбэнэкIи чэтыум ыубытыгъ.

– ШIуй-шIуй – ыIо зэхъум, «ШIуми бзаджэми ары тэ тызхэтыр!» – Унэ цыгъом ыIощтыгъэ.



## ЗЫЗЫГЪЭГУПСЭФЫН ЗИКIЭСЭГЪЭ НЫОР

Зы ныо гунэмыс горэ щыIагъ, дунаим ыгу зэIурэ щымыIэу, лIыжъми ыгу риутыгъэу. «Зы хьэ щагур къыгъэгъунэу, зы чэтыу цыгъохэр ылIынхэу, зы атакъэ тыкъыгъэущынэу, зы къо лы тыщымыкIэнэу, зы шы пхъэ къырытщэнэу – джа пстэур тимыIэу сыщыIэн слъэкIыщтэп!» ныом ыIо зэпыты зэхъум, а пстэури игъорыгъозэ лIыжъым зэригъэуIугъ.

Пчыхьэм ныор гъолъыжьыгъэу чэтыум цыгъор ыубытыгъэу, цыгъо шIуй макъэ ытхьакIумэ иIуагъ. Арыти, губжыгъэу, къызщылъэтыгъ.

– О лIыжъ, – ыIуагъ, – чэтыум сигъэгупсэфырэп! Ащ фэдэ чэтыоп сэ сызыфаер! Чыжьэу Iухыри дзы егъашIи къымыгъэзэжьынэу!

ШIоигъоджэ дэдэу лIыжъыр къэтэджи, чэтыур Iалъмэкъым ригъэтIысхьи, чыжьэу Iуихи, чэтыур ыдзи къэкIожьыгъ.

– Ох, ох, гущ стхьакIумэ зигъэпсэфыжьыгъ! – ныом ыIогъэ къодыеу хьэр зыгорэм ехьакъоу фежьагъ.

– О лIыжъ! – ыIуагъ. – Хьэм гупсэфыгъо къыситырэп, дэщыри зыгорэм ет! Сыфэяхэп Iэгум дэлъынкIэ!

ЛIыжъым хьэр дищи, хьэ зимыIэ горэм рити къэкIожьыгъ.

– Ох, ох гущ, чэтыу макъи, хьэ макъи стхьакIумэ икIыжьи зызгъэпсэфыжьыгъ! – ыIуагъ ныом.

Ахэр ыIогъэ къодыеу, моу ынапIэхэр къыридзыхыгъэ нэмыIэу атакъэ Iо макъэ ныом къызэхихыгъ. Ышъхьэ къыIэти дэIуагъэ: къуаджэм атакъэхэр чэзыу-чэзыоу щызэпэджэжьыщтыгъэ.

– КIо, ахэр Iофэп, тэтые делэр ахэрэмыти! – ыIуагъ ныом. ЫнапIэхэр зэтырипIогъэ къодыеу, моу ытэмэпкъышъхьэ тес фэдэу, ныом ытхьакIумэ нэIусхэр къыIуеутых шIошIэу, ежь иатакъэ зызэпищызэ къэIуагъ.

– Тхьэм удехыжь! – ыIуи ебгыгъ. ЛIыжъым зыфигъази риIуагъ: – О лIыжъ, мы зы атакъэр терэмыIэжь! Сыфэяхэп, гупсэфыгъо къыситырэп. Мэзым хадзэри хэсхэр ерэмыгъэгупсэфых!

ЕтIани шIоигъоджэ дэдэу лIыжъым атакъэр ыдзыгъ. Аузэ, «Гупсэфыгъо къысатырэп» ныом ыIозэ, къо закъоу яIэри, шы закъоу яIэри Iэгум дигъэкIодыкIыгъэх.

Зы псэушъхьэ ежьхэмэ анэфэшъхьаф яуни имысэу, яIэгуи дэмытэу заулэ тешIагъ. Джы пчыхьэрэ ныор зыгъолыжьыкIэ цыгъохэр ышъхьэ дэпшыеу, ытхьакIумэ епIэстхьыхэмэ къагъэущэу, гупсэфыгъо имыIахэу хъугъэ. Ащ фэдэу зы чэщы цыгъо горэ ыIапэ къецакъи къызызыщегъэпкIым «Чэтыужъ, мыщ етхъоба» – ыIуагъ ныом.

– Чэтыужъыр унэм исыжьэп, – ыIуагъ лIыжъым.

– Имысыжьымэ къэгъотыжь нахь, сэ гупсэфыгъо сиIэжьэп! – ыIуагъ ныом гъынагъэзэ.

ЛIыжъым зи ыIуагъэп.

Арэущтэу щыIэхэзэ, мэщ тIэкIури аугъоижьи, лъэгуцым гъажъор агъэгъунэу тыратэкъожьыгъэти, чэщым атыгъугъ. Ныор куо хъугъэ:

– Мы лъэгуцым хьэ телъыгъэмэ, тигъажъо атыгъуныеп, лIыжъ!

ЛIыжъым зи ыIуагъэп.

Джы ныор чэщырэ цыгъомэ агъэчъыежьырэп пчэдыжьыпэрэ зыхэпэзэжьыкIэ, атакъэр къэIофэкIэ ежэзэ мэфэ реным щэлъы: ипчъэIупи иджэхашъуи мыпхъэнкIых, ипщэрыхьагъухэри блэкIых, ипIэстапхъи мыхьаджы!

Бжыхьэ зэхъум гъунэгъумэ лы яIэу, пхъэ яIэу, ежь ныом зи имыIэу, иIэгу зи дэмылъэу къэнагъ.

Джары зызгъэгупсэфын зикIэсэгъэ ныом къехъулIагъэр.

## КЪАМЗЭГУР

*(пшыс)*

Къамзэгур гъогум тетэу кIо пэтзэ, лIы горэм IукIагъ. А лIым хьакIэ-къуакIэмэ абзэ ышIэщтыгъэ.

– Сыдэу пшъхьэ ина? – ыIуи, Къамзэгум еупчIыгъ.

– Акъыл илъ, – къыриIожьыгъ.

– Адэ сыдэу ппчанэ псыгъуа? – риIуагъ.

– СымэкIэшхышъ ары, – Къамзэгум ыIуагъ.

ЕтIани:

– Адэ сыдэу ппхэкI ина? – къеупчIыгъ.

– СыкIочIэшхошъ ары, – риIожьыгъ.

– Сыд фэдиз пIэтыщт адэ?

– Сэщ фэдиз пцашIо сIэтын слъэкIыщт.

– Адэ, мэкIэшхыр, сыд фэдиз пшхыщт?

– Зы коцыцэр илъэсым сфэхъущт, – Къамзэгум ыIуагъ.

– Пфэхъумэ теплъын!

ЛIым Къамзэгур ыубыти хьазырэу ицые илъым ридзи, зы коцыци ащ фырилъхьажьыгъ.

ИлъэситIу тешIагъэу Къамзэгур ихьазыры зэрэригъэтIысхьэгъагъэр ыгу къэкIыжьи:

– Мыр псау шъуIуа? – ыIуи, ихьазыр иплъыхьагъ: Къамзэгур псау, коцыцэм ызыныкъо джыри зэриI.

– Зы коцыцэр илъэсым пфэхъунэу пIогъагъэ, ау илъэситIум зы коцыцэ ныкъо нахь пшхыгъэп, – лIым ыIуагъ. – Сыд ар зытепшIыхьагъэр?

– Сшъхьэ акъыл илъыти: «мы лIым илъэсиплIыкIи ыгу сыкъэмыкIыжьынкIи мэхъу» сIуи, гъомылэу сиIэр илъэсиплIым зэрэсфэхъуным елъытыгъэу сыпсэугъ, – Къамзэгум ыIуагъ.



## АМКIЫШЪЭМРЭ ПЫЛЫМРЭ

АмкIышъэ цIыкIум набгъо ышIи, щырхэр къырищыгъэх. Псашъо кIо зыхъукIэ а чIыпIэм мафэ къэси пылыр блэкIыщтыгъэ. Зэгорэм ылъэкъо шъомбгъошхокIэ амкIышъэ набгъом ылъэгъу пэтзэ теуцуи, бзыущыр цIыкIухэр ыщытIагъэх.

– Арэущтэу зыкIэпшIагъэр кIуачIэ симыIэу, сыгъусэнчъэу, сытхьамыкIэу укъысэплъышъ арын фае, – ыIуи, амкIышъэр гъыгъэ.

– ПшIэн зыфапIорэм уфит, – пылым ыIуагъ. – Сэ сышъэджашъ, сылъэш, хэти сытекIо! О уIэе-Iуежъ цIыкIу, сыд о пфэгъэхъэн!

– Ащыгъум непэ щегъэжьагъэу тызэрэзэпыир зыщымыгъэгъупш! – ыIуагъ амкIышъэ цIыкIум.

НэмыкI бзыу цIыкIумэ адэжь быби ялъэIугъ:

– Пылым сищырхэр ыщытIагъэти пыи тызэфэхъугъ, гъусэ шъукъысфэхъуи сытежъугъакIу.

– СыдэущтэутишIуагъэ одгъэкIын тлъэкIына? Сыд фэтшIэна? Пылым тытекIон тлъэкIына тэ? – къыраIуагъ.

– Убэмэ – улъэш, тытекIощт! ЗэкIэ тызэгъусэу тытебэнэнышъ ынэхэр итыутыных, – ариIуагъ амкIышъэм.

Арэущтэу ашIыгъ. Бзыу цIыкIоу мэзым хэсхэри, губгъом исхэри зэрэугъоихи пылым тебанэхи, еохэзэ ынэхэр раутыгъэх. Пыл шъэджашъэр нитIунэшъоу къагъэнагъ.

ЕтIанэ пылыр псашъо зыдакIощтыгъэ псыхъом амкIышъэр быбыгъэ. Быби, хьантIаркъоу ащ хэсхэр зэкIэ ыугъоигъэх. ЫугъоихIи, ялъэIугъ:

– Пылым сищырхэр зэрищытIагъэм фэшI пыи тызэфэхъугъ. Ащ пае гъусэ шъукъысфэхъури сытежъугъакIу.

– СыдэущтэутишIуагъэ одгъэкIын тлъэкIына? Сыд фэтшIэна? Пылым тэ тытекIон тлъэкIына? Ар иныдэд, тэ тыцIыкIу дэд, тытекIошъунэп, – аIуагъ.

– Узэгъусэмэ – улъэш, тызэгъусэмэ тытекIощт! Тэ, бзыухэр тызэхахьи, пылым ынэхэр итыути нэшъу тшIыгъэ. Псашъо мыщ къызыкIокIэ, шъуикъэкъэ макъэ зэхихынышъ псым къыхэхьащт. Ащ куоу зы сэе чIыпIэ горэ иIэшъ, ащ шъукIуи, шъо шъуикъэкъэ макъэ къеIузэ, а чIыпIэм хашъущэри хэжъугъэкIуад, – ыIуагъ.

АмкIышъэм зэриIуагъэу хьантIаркъохэр сэягъэм зэлъекIухи, зэдрагъаштэу къакъэхэ зэхъум, пылыр ащ къекIугъ. КъызекIум, орыжъ сэягъэм хэнагъ.

– Адэ джы, пылыр, сыдэущтэу узэплъыжьыра, о хэти унахь лъэша? – ыIуи амкIышъэр еупчIыгъ.

Пылым зи къыIожьыгъэп.

## БЫСЫМ НЭГЪУЦУР

Ныомрэ лIыжъымрэ атакъэ горэ аукIи, аукъэбзи, щыуаным ралъхьи агъэжъонэу лъхъончым палъагъ.

Дэгъоу агъэжъонышъ, язакъоу ашхын яхьисап джы.

Щысыхэзэ, хьакIэ горэ унэм къихьагъ. Ар агу рихьыгъэп. Адыгэхэм хьакIэр якIас, ау мыдрэхэр зыщыщыгъэхэр къэшIэгъуае.

Щыуаныр къажъо пэтэу ылъэгъуи, лыжъо гъуамэри къызеум «СыпшъыгъаIоми сежэн, сышхахэмэ сыгъолъыжьын», – ыIуи, хьакIэр тIысыгъэ.

«ХьакIэр огъолъыжьыфэ тежэнышъ етIанэ тизакъоу атакъэр тшхын» – аIошъ, лIыжъымрэ ныомрэ щыуаным кIэлъырысых.

ХьакIэм гъолъыжьын нахэ имыIэ зэхъум, пхъэ къыхьынэу риIуи ныом лIыжъыр унэм къыригъэкIыгъ. ЛIыжъыр Iэгум зикIыгъэр бэмышIэу ежьыри къылъикIыгъ.

ЛIыжъри ныори Iэгум икIыгъэхэу хьакIэм зелъэгъум, атакъэу щыуаным хэлъыр къыхихыгъ. Ащ ычIыпIэ лIыжъым ицокъэжъхэу ныом ыдыжьын ыIуи ыгъэуцIынынэу лэджэныпсым хилъхьагъэхэр къыхихи, щыуаным хигъэцохъуагъэх.

ХьакIэм зи ымыIоу тIысыжьыгъэу, ныомрэ лIыжъымрэ къихьажьыгъэх.

Ахэр Iэгум зыфикIыгъагъэхэр зырагъэтIэкIынышъ хьакIэр агъэгъолъыжьынэу, ежь язакъоу атакъэр ашхынэу арыгъэ шъхьае, адрэм гъолъыжьын Iоф джыри иIагъэп. Ныомрэ лIыжъымрэ кIагъэстышъ-кIагъэсты, ау «сыгъолъыжьын» хьакIэм къыIуахэрэп.

МашIом кIэлъырысыхэу гущыIэхэзэ ныбжьымэ ахахьэхи, лIыжъым ыныбжьи къыIуагъ, ныом ыныбжьи къыIуагъ.

– О сыд уныбжь? – аIуи къеупчIыгъэх.

– Атакъэм «къу-къу-рекъу» зеIор, цокъэжъыбэ «шыкурыку» зешIэр сэ сыныбжь, – ариIуагъ.

– Ар сыд гъэшIэгъон, ащ фэдэ джы нэс тэ зэхэтхыгъэп! – аIуи, ныомрэ лIыжъымрэ бэрэ щхыгъэх.

ЕтIанэ «Сыгъолъыжьыщт, сипIэ сфэшъушIыжь» хьакIэм зеIом, тхьэм сыхьатмафэ тыригъажьи агукIэ аIозэ ныомрэ лIыжъымрэ кIалэм пIэр фашIыжьыгъ.

ХьакIэр зэгъолъыжьым ыкIыб къыгъази, «кIы-кIыкI» ригъаIоу атакъэр чыхIэн чIэгъым чIишхыхьагъ.

КIалэр джырэмэ хэчъыегъэнба зыщыпIоным ныомрэ лIыжъымрэ атакъэр жъуагъэмэ теплъын аIуи щыуаным къызыхалъэшъум, къыхахыгъэр шIуцIабз.

– Сыдэу адэ мы лыр хэушIуцIыхьагъа? НычэпэрэчэщыммашIор кIэтымыхызэ хэдгъэушIуцIыхьагъ!– аIуи тхьаусыхагъэх.



– Жъуагъэмэ джы сеплъын, – ыIуи, лIыжъыр шIуцIэ такъыр горэм ецакъи шъхьае зи фыпычыгъэп.

– Сыдэу мыр цокъэжъы пIонэу хэушIуцIыхьагъ! – ыгъэшIагъоу лIыжъым къыIуагъ. Ныом цокъэжъэу лэджэным хилъхьэгъагъэхэр ыгу къэкIыжьыхи, ечъалIи лэджэным зеплъым, лIыжъым ицокъэжъхэр хэлъыжьыхэп.

ЕтIанэ хъугъэм гу лъати, заушъэфи тIысыжьыгъэх.

## ТЫГЪУЖЪ МЭЛЭКIАГЪЭМ КЪЕХЪУЛIАГЪЭР

Тыгъужъыр лъэшэу мэлакIэ лIагъэу дэкIыгъ. Чылэм екIуалIи шъынэ цIыкIу горэ къыубытыгъ.

– А тыгъужъ, сыд къысэпшIэщтыр? – ыIуи, тыгъужъым шъынэ цIыкIур еупчIыгъ.

– Зи осшIэщтэп, усшхыщт, – къыриIуагъ.

– А тыгъужъ, аущтэу сыпшхына, сышъынэ од, сытIупщыри щэ сыгъалъэри, лъынэ Iэбгъуищ къыстехъощт, етIанэ сыпшхын.

– Хъун, – ыIуи, тыгъужъым шъынэр ытIупщыгъ.

ЗетIупщым, чэтыр благъэти, тIо пкIи ящэнэрэ пкIэгъум чэтым дэпкIэжьыгъ.

## ПШЪЭШЪЭ ШЪХЬАХЫНЭР

*(пшыс)*

Пщыжъы горэм пхъу дэхэ дэдэ иIагъ. «Шы дэхэ мычъ» зыфаIорэм фэдэу, уеплъынкIэ дахэу, ау зыми ыIэ емыкIоу шъхьахынэ дэдэу щытыгъ. ГыкIэшъущтыгъэп, дэшъущтыгъэп, пщэрыхьашъущтыгъэп. Бэ ащ псэлъыхъоу къыфакIощтыгъэр, ау изэрэщыт къызашIэкIэ зыIурагъэхыжьыщтыгъ.

Аузэ шъхьэзакъо-лъэкъуитIоу псэурэ кIэлэжъ тхьамыкIэ горэ пщым ыпхъу псэлъыхъоу къыфэкIуагъ. «Зыми ымыщэу къэнэжьын нахьри нахьышIу» ыгукIэ ыIуи, пщым ипшъашъэ кIалэм ритыгъ.

Пщым ыпхъу кIалэм къыщи къэкIожьыгъ.

– Мыдэ къеплъ узэрэпщэрыхьащтым, – ыIуи, нысакIэр еплъызэ лIыр еуцуалIи пщэрыхьагъэ. ТIысхи зэдэшхагъэх.

– Джы сэ мэзым сыкIощт. О пщэрыхьэ, сшхыщтыр хьазырэу, фабэу щытэу сыкъыIугъэкIэжь, – ыIуи, кIалэр мэзым кIуагъэ.

ПчыхьашъхьэмшъузымзиымышIыгъэу, ышхын имылъэу кIалэр къэкIожьыгъ. ЛIыр ыIэшъхьэ-лъашъхьэхэр дифыехи пщэрыхьагъэ.

ЫшIыгъэр зэкIэ изакъоу ышхыжьыгъ.

КъыкIэлъыкIорэ пчэдыжьым ащ фэдэу лIыр пщэрыхьи шхэжьыгъэ, шъузыр къеплъэу щысызэ.

– Мы ощыр пштэу, пхъэ къэпкъутэу, унэм къипхьажьэу упщэрыхьагъэу сыкъэбгъэкIожьымэ, титIуи тытIысынышъ тышхэн, – ыIуи цуитIур кIишIи мэкъущэ кIуагъэ.

НысакIэр мэлакIэ лIапэ зэхъум ощыр къышти пхъэ ыкъутэнэу къикIыгъ. Пхъэхэр фэмыкъутэу дэтызэ ятэ къыдахьи унэмкIэ зегъазэм еджагъ:

– Унэм уимыхьэу моу къакIори пхъэр къутэ. Мыхэм Iоф зымышIэрэр агъашхэрэхэп, – риIуагъ.

## ТЫГЪУЖЪЫМРЭ КЪЫДЫРЫМРЭ

*(пшыс)*

Къещхы зэхъум, тыгъужъыр чъыг гъурбым итIысхьагъ. Ышъхьэ къищэу исызэ, ытхьакIумэхэр иныинэу Къыдырыр къыблэкIэу ылъэгъугъ.

– Мыделэр сшхын, – ыIуи, чъыгыжъ гъурбым тыгъужъыр къипкIыгъ.

– Усшхын сыгу хэлъ! – риIуагъ Къыдырым.

– Игъо нахь, игъуаджэп. Ау сэ слъэгу зы гъэшIэгъон горэ чIэлъ. Уфаемэ озгъэлъэгъун, – къыриIожьыгъ адрэм.

Тыгъужъым ар ышIошъ хъугъэ. Къыдырым ылъэгу чIэплъэн ыгу хэлъэу тыгъужъыр хьампIэIоу тIысыгъэ.

– КъэIэт плъакъо, – ыIуи, лъакъор къыригъэIэтыгъ. Тыгъужъым зи ымылъэгъу зэхъум, ышъхьэ нахь благъэу етIани рихьылIагъ. Къыдырыр арыти зыфэягъэр, ишIуалъэкIэ къеуи тыгъужъым ыцэхэр къыIуигъэшъхъэшъхъыгъэх.

## ЦIЫФЫР ЗЭРАТЕКIУАГЪЭР

Шъхьадж зэрэпсэущтыр, ищыIэкIэщтыр агъэнэфэнэу зэкIэ псэушъхьэу щыIэхэр зэIукIэхи зэпсэлъагъэх. ЕтIанэ ахэмэ мыщ фэдэу зэдаштагъэ:

– «О, пцэжъыер, псы чIэгъым учIэсыщт, псым ухэсэу ущыIэщт».

– «О, бэджэжъыер, хъор-шэрыгъэр отэты».

– «О, тыгъужъыр, кIочIэшхо пхэлъэу, бгъотырэр пшхэу, щынагъо уиIэу мэзым ухэсыщт».

– Адэ, къарыумрэ лъэшыгъэмрэ хэты еттын, хьакIэ-къуакIэмэ хэт пащэ афэтшIын? – аIуи, зэупчIыжьыгъэх.

– Къарыумрэ лъэшыныгъэмрэ аслъаным етэты, хьакIэ-къуакIэмэ япщы пащэу тэшIы, чIылъэм тет пстэуми анахь лъэшынэу тэгъэнафэ, – аIуи зэдаштагъэ.

– Адэ акъылымрэ амалымрэ хэты еттын? – аIуи, егупшысагъэх.



– Акъылымрэ амалымрэ цIыф цIыкIум етэты, арэущтэу тымышIымэ, цIыфыр къарыу имыIэу щыIэн ылъэкIынэп, ыкIуачIэ макIэ, – ыIуагъ аслъаным.

– Ешъумыт, ыIуагъ пцэжъыем.

– Сыд пае етымытыщт?

– ЦIыф цIыкIум акъылымрэ амалымрэ ешъумыт, ащ ахэр иIэ зыхъурэм, тэри къытлъынэсын, псыми тыригъэсынэп, ори, аслъан, ори, тыгъужъ, ори, бэджэжъый, ащ щыIакIэ къышъуитынэп, мэзи, псыхъуи ыIэ къыригъэхьан, – ыIуагъ пцэжъыем.

– Акъылымрэ амалымрэ цIыф цIыкIум етэты, ащ ышIэщтым сэ сыфэгъэзагъ. Къарыумрэ лъэшыгъэмрэ сэсыемэ, акъылымрэ къулаимрэ сыдэу сщыхъун, сытепкIэу зэIэсыутымэ сыкъэнэжьыгъ, сэры ныIэп ащ фитыр! – ыIуагъ аслъаным.

Арэущтэу агощыгъ хэти ищыIэкIэщтыр. ЦIыф цIыкIум макъэ рагъэIугъ.

ЕтIанэ хьакIэ-къуакIэхэр зэхэтэу щытхэзэ, пхъэшIэ лIыжъыр пхъэ ыуIучIэу мэзым хэтэу алъэгъугъ.

«Ар апэрэ цIыфэу сэ сикъарыурэ силъэшыгъэрэкIэ хэзгъэпкIэщтыр ары, ар сиапэрэ шхыгъу», – ыIуи, аслъаныр ежьагъ.

Аслъаныр къакIо зэхъум, лIыжъыр джау пхъэу ыуIучIырэм тетIысхьагъ.

Аслъаныр зыIохьэм, лIыжъыр щхыгъэ.

– Сыд уздэхьащхырэр, цIыф цIыкIу, сэ усшхынэу сыкъэкIуагъ, – ыIуагъ аслъаным.

– Сэ сыздэхьащхырэр о уиделагъ ары. «Мощ фэдиз къарыурэ лъэшыгъэрэ зиIэ аслъаным пыибэ ыгъотын, ахэр зэхахьэу къырафыжьэмэ зигъэбылыжьынэу гъэбылыпIэ шIагъо фэсшIын, сиакъыли сисэнэхьати зыфэдэр езгъэлъэгъун» сIуи, сыпхъэшIэнэу сыкъежьагъ, о сыпшхынэу оIо, джары сшIощхэныр, – ыIуагъ пхъашIэм.

– Ар сшIэгъахэп! Дэгъу, ащыгъум гъэбылъыпIэ сфэшI, – ыIуи, аслъаныр къелъэIугъ.

ПхъэшIэ цIыкIур еуцуалIи, гъэбылъыпIэр ышIыгъ.

– Джы моу ихьэри еплъ, пщы аслъан, – ыIуагъ лIыжъ цIыкIум.

Аслъаныр ихьагъ гъэбылъыпIэм.

– Салъэгъуа, сыдэу щыт? – ыIуи, аслъаныр къеупчIыгъ.

– ТIэкIу пкIэ дэупкI, къычIэщы – зеIом, ыкIэ диупкIагъ.

ЛIыжъ цIыкIум гъэбылъыпIэм ипчъэ къыригъэохи, пытэу аслъаныр ришIыхьагъ.

– Джары, пщы аслъан хьакIэ-къуакI, къарыу закъокIэ пшIэн щыIэп, акъылрэ къолайрэ пхэмылъэу!

Аслъаныр игъусэмэ яджэу гъоргэу хъугъэ.

– Олахьэ аслъаныр зыубытыгъэу къэзгъэгъоргырэм тыкъемылын, тыкIоу зетымыгъэубытын, – аIуи, хьакIэ-къуакIэхэм загъэбылъыжьыгъ.

Арэущтэу цIыфыр хьэкIэ-къуакIэхэм атекIуагъ.

### ХЬАЛЫЖЪУИЩ

Хьалыжъуищ зекIо зэдежьагъэх. ТIур мыщыоу, зым щыгъуцэ хэмылъэу. Хьалыжъуищыр кIохэзэ псы зэрымыт хъуатэм зынэсыхэм, лъэмыдж тырашIыхьи икIыгъэх.

Псы зэрыт хъуатэм зынэсыхэм, тIур чIэбыгъ, зыр чIэуагъ. Сыдыми икIыгъэх. КIохэзэ шы фыжьитIурэ зы пкIэгъуалэрэ чэу шIыхьагъэ горэм дэтхэу алъэгъугъ. Зы пчэгъур чIачи, пчэгъуитIур чIатхъи, зы пкIэгъуалэрэ шы фыжьитIурэ къащи къэкIожьыгъэх.

### НЫБДЖЭГЪУР ЗЫЩЫПСЭУРЭР

Зы лIырэ зы шъузырэ щыIагъ. КIали пшъашъи яIагъэп. Гъунэгъуи шъэогъуи къахэмыхьэу, язакъоу псэущтыгъэх.

Чэщ горэм пчъэм къытеуагъэх.

– Хэта ар? – джагъэ лIыр.

– IофшIэныр ары. Шъуиунэ сыщыпсэу сшIоигъоу сыкъэкIуагъ, – джэуап къытыжьыгъ пчъэм къытеуагъэм.

– УсищыкIагъэп, – ыIуагъ бысымым, – гъолъыпIи сиIэп.

ЕтIани пчъэм къытеуагъэх.

– Хэта ар? – упчIагъэ лIыр.

– Тэры, – къызэдаIуагъ мэкъэ заулэ, – Щытхъур, Насыпыр, Мылъкур аIоу тыкъыпфэкIуагъ.

– Шъукъыхь, шъукъыхь! Боу сигуапэ. Шъузэрэфаем фэдизэ шъуис, сиунэ иныр, гъолъыпIэр хъои, шъушхыни шъузэшъони шъущызгъэкIэнэп. Шъузымрэ сэррэ щэхъу унэм исэп.

– IофшIэныр о уиунэба зэрысыр? – агъэшIэгъуагъ Щытхъуми, Насыпыми, Мылъкуми.

Сыд ащ есшIэщт? КъыIухьэгъагъэти, къизгъэхьагъэп.

– Ащыгъум тэ тиныбджэгъу зыщыпсэурэм тыкIон, – аIуи, Щытхъур лъагэу, Насыпыр дахэу, Мылъкур фэшIыгъэу, лIыр алъыбанэзэ, IукIыжьыгъэх.



## НАРТ ЭПОСЫМ КЪЫХЭХЫГЪЭ ПРОИЗВЕДЕНИЕХЭР

### НАРТ САУСЭРЫКЪО ИПЩЫНАЛЪ

Саусэрыкъо тикъан,
Саусэрыкъо тинэф,
ПчымэIуфэр зиIашъу
Iашъор зиджэнэкокI,
ПчыкIэр зипэIошыгу,
Ешыгуаор зичат,
Пызыкъутрэр зипчышъхь,
Зышъхьэ абрэмыжъу,
Зынэхэр жъогъошхо лыд.

### НАРТ ПЭТЭРЭЗ ИПЩЫНАЛЪ

Пэтэрэз жъокъо анэм къызыратым
Анаем *(клен)* ипытэхэр кушъэ нэтIитIоу,
Хэшъаем *(самшит)* ипытэхэр кушъэ цэгитIоу,
Бланэмэ атхыцIашъохэр икушъэпсэу
Щэмбарым *(валежник)* идахэхэр икушъэ бэщэу
Жъокъо анэм Пэтэрэзыр къызыхепхэм,
Зеукъудыишъ кушъэ нэтIитIур къыхеут.
ЗыкъыIэти кушъэпситIур зэпиути
Зыкъигъази кушъэ нэтIитIур къызэгуигъэзи,
Пэтэрэз джэхэшъогум къытечэрэзагъ.

### ТХЬАГЪЭЛЫДЖ ИПЩЫНАЛЪ

Тхьагъэлыдж мэщыр Iуихыжьзэ янэ къыIухьи аугъоижьыгъэ лэжьыгъэр зыфэдизымкIэ къызеупчIым, мыр къыриIуагъ:

IэкIоцIишъэр зы бганэу,
Бгэнишъэр зы Iатэу,
Iэтишъэр зы гъэсэкоу,
Гъэсэкуишъэр зы шэнджэу,
Шэндж минибгъу дгъэуцугъэ.

### СЭТЭНАЙ-КЪЭГЪАГЪ

Сэтэнай-гуащэм къэгъэгъэ дахэ горэ Пшызэ Iушъом имэзыблыгу къотэу къыщилъэгъугъ. Арыти: «Мыщ фэдиз зидэхэгъэ къэгъагъэр тиунэ

пчъэIупэ IузгъэтIысхьанышъ, зылъэгъурэм ыгъэшIагъоу Iорэт!» – ыIуи, ядэжь къыхьыгъ. Къыхьи, щыгушIукIызэ чIым хигъэтIысхьагъ.

ЫIужырэ мафэм къэгъагъэм зеплъыым, ытхьапэмэ загъэчэрэзэу ылъэгъугъ. Ар Сэтэнай-гуащэм лъэшэу шIоигъуаджэ хъугъэ, ау джэуап зэрэфэхъун ышIагъэп.

Мэфэ заулэ тешIагъэу а къэгъэгъэ дэхэ дэдэм фэдэ етIани къыхьыгъ.

«ЫIпэрэ мыхъугъэми мыр хъункIи хъун», – ыIуи, ятIонэрэу ыгъэтIысыгъ.

Ари гъугъэ.

Къэгъагъэр зэрэгъурэр лъэшэу ыгу къео, ау ар зэрэмыгъущтым пай епэсыгъэн фаер ышIэрэп.

Ящэнэрэу етIани а къэгъагъэм фэдэ къыхьыгъ.

«ЫIпэрэхэм афэмыдэу мыр хъункIи пшIэхэнэп!» – ыIуи, егугъузэ пчъэIупэм IуигъэтIысхьагъ. Ащи ытхьапэхэм зыкъырагъэIыхыгъ. «Сыд пае мэз блыгум зэрэпсаухэу къосэмыгъэтыхи!» – кIэгъожьыгъэу ышъхьэ фиIожьзэ, ошъуапщэхэр къытезэрэхьэхи ощхышхо къещхыгъ.

ЫIужрэ мафэм зеплъым, Сэтэнай-гуащэм икъэгъэгъэ тамэхэм зыкъаIэтыжьыгъ.

ГушIуагъэ Сэтэнай-гуащэр.

Ощхыпсым къэгъагъэм ыпсэ къыпигъэкIэжьыгъ!

Арэущтэу апэрэу цIыфмэ псым шIуагъэу иIэр къашIагъэу аIо.

«Псыр – псэм фэд!» – нартмэ аIуагъ.

## ЛЪЭПШЪ АПЭДЭДЭ ГЪУПЧЪЭ ЗЭРЭРАГЪЭШIЫГЪЭР

Ижъ-ижъырэ дэд ар зыхъугъэр. Ащыгъум тиадыгэ чIыгу нартхэр исыгъэхэу аIо. Ахэмэ якъэхэр УбынрыкI бэу итых. ХыIушъом пэблэгъэ нартхэр хъыкIэ пцэжъые ешэщтыгъэх, санэм ишIыни фэIэзагъэх, хашъом щылажьэщтыгъэх.

Нартхэр лэжьыгъэкIэ анахьэу зыпылъыгъэхэр мэщыр ары. Мэщыр ашIэти, ащ игъо зыхъукIэ, IэкIэ хьасэм къытырачыжьыщтыгъ. Ау ренэу аущтэу ухэтына?

– Лъэпшъ! – аIуагъ нартмэ.

– Сыд?

– Мэщыр ритхыкIыжьзэ тшIынэу моу зыгорэ тфэшI, Iэ пцIанэкIэ къиттхъыжьызэ тезэщыгъ, бащэри тыпэлъы, – аIуагъ.

– Ар сыд фэдэу сшIымэ хъущта? – къяупчIыгъ Лъэпшъ.

– ТшIэрэп, – аIуагъ, – ау пIыгъынк1э гупсэфэу, зэ Iэбэгъум бэу рипхыкIын плъэкIэу тфэпшIын фае.

– Арымэ, – ыIуагъ Лъэпшъы, – Тхьагъэлыдж яныо зэ шъукъеупчIыжь.

– Хъунба адэ, – аIуи, Тхьагъэлыдж яныо дэжь кIохи зеупчIыжьхэм къариIуагъ:

– Мыр зиуашъу, Исп-Гуащэм дэгъоу ар къытиIонкIэ! – ыIуи, Исп-Гуащэм лъигъэкIуагъэх.

Исп-Гуащэр Хъымыщыкъо Пэтэрэз ян арыгъэ. Шъуз дэгъугъ, Iушыгъ, ау зыгъэгусалэщтыгъ.

ЗэрэгъэгущыIэхэу щысхэзэ, Исп-Гуащэр къэсыгъ. ПчъэшъхьаIум къызэпырыкIын зеIом, ар ежьыркIэ лъэгаIоу къычIэкIи лъэпэуагъэ.

Тхьагъэлыдж яныо сэмэркъэу шIылэу, жэкIэ маисэкIаеу щытыти, кIэнэкIэлъэ тIэкIуи фыхилъхьэу, къызыIуипхъоти риIожьыгъ:

О фэсапщи, фэсапщи,
Исп-Гуащэу тикIас,
Укъэмысзэ оукIорэи.

Исп-Гуащэм ар шIоигъуаджэ хъугъэ, ау ньоми, адрэ щытхэми ащыукIыти зиIэжагъ.

– Сызыфыоджагъэр мырары, – ыIуи, Тхьагъэлыдж яныо зыфэягъэр риIуагъ.

Исп-Гуащэм зи къаримыIоу ыгъэзэжьи, зыфэсакъыжьыпэзэ пчъэшъхьаIум ебакъуи, ежьэжьыгъ.

ЫIхьы джы, шIу пшIагъэмэ уIукIэжьын!

Тхьагъэлыдж яныо нэжгъурэу, Исп-Гуащэм ишэнхэр ышIэу щытти, нартмэ къариIуагъ:

– Моу шъуащыщ горэ ыуж лъерэхьи ерэдэIу, губжыгъаешъ зыгорэхэр къыIонхэкIи пшIэхэнэп.

Арыти, едэIошэнэу анахьыкIэр лъырагъэжьагъ. Исп-Гуащэр макIо. Мыдрэ нарт кIалэри лъэкIо. ЕдэIумэ, ыгъэжьызэ, зыгорэхэр къеIо-еIотэжьых:

Сэ шъосIонэп,
Шъо шъушIэхэнэп,
АтэкъакIэм фэдэу къэбгъэщыщт,
Блэщырыцэм фэдэу бгъэпсыжьыщт!
Сэ шъосIонэп,
Шъо шъушIэхэнэп!

Нарт кIалэр Исп-Гуащэм къыIорэм етIани кIэдэIукIыжьыгъ:

АтэкъакIэм фэдэу къэбгъэщыщт,
Блэщырыцэм фэдэу бгъэпсыжьыщт!
Сэ шъосIонэп,
Шъо шъушIэхэнэп! – ыIозэ, «гырц-гырц» ригъаIоу, ыгъэзазэзэ мэкIожьы.

«ЫIхьы джы! – кIалэр гушIуагъэ. – Iэмэ-псымэм гъэпсыкIэу иIэщтыр тшIагъэ…»

Нартхэр Лъэпшъ дэжь кIохи раIуагъ:

АтэкъакIэм фэдэу къэбгъэщыщт,

Блэщырыцэм фэдэу бгъэпсыжьыщт!

Фэдэ чIым къытемыхъуагъэу, гъукIэ Iэзэ блэкIыгъэу щытыгъ Лъэпшъ. Узыфаер епIуахэмэ, анэмыIэу къышIымэ къыуитыжьэу. Арыти, сыдрэ пигъэтыни! АтэкъакIэм фэдэу ытамэ къэгъэщыгъэу, блэщырыцэм фэдэу ыцэ гъэпсыжьыгъэу, зынэсырэр пибзыкIэу гъупчъэ гоузыжь къафишIи къаритыжьыгъ.

– Ма, нартхэр, мыщ ришъуупкIын икъун тхьэм къышъует! – къариIуагъ. – Шъулажь, шъушхэжь.

Лъэпшъ зэриIуагъэм фэдэу, ежь нартхэр щэIэфэхэкIэ, ягъупчъэ риупкIын икъун щыкIагъэхэп. Сыд фэдизэу зырэлажьэхэми, Лъэпшъы афишIыгъэ гъупчъэр уцэкугъэп.

Джары зыфэдагъэр ыужыкIэ къикIыгъэ гъупчъэхэр зытырашIыкIыгъэу, Лъэпшъы апэдэдэ нартмэ афишIыгъэгъэ гъупчъэр.

## НАРТ ЛЪЭПШЪЫ IАДЭ ЗЭРИШIЫГЪЭР

Лъэпшъ гъукIэ дэгъу дэдагъ, Iашэ шIыныр ары анахьэу зыпылъыгъэр. Ау гъукIэ зыхъукIэ, гъучI плъыгъэр IэкIэ ыIыгъэу ар ыфыщтыгъэ.

Лъэпшъы нысэ къыфащагъ. Зэлъэхахьэщтыгъэхэп. Нысэр Лъэпшъы игъукIакIэ зыкъыримыгъэлъэгъоу еплъыгъ. ГъучI плъырыр Iэ сэмэгумкIэ ыIыгъэу, уатэр Iэ жьабгъумкIэ ыIыгъэу чэтэ щахь ыфэу ылъэгъугъ. ГъучI плъыгъэм убытыкIэ фэхъущтым нысэр егупшысагъэти, къыгъотыгъ. Ау зэрэриIощтыр ары зыгъэгумэкIыщтыгъэр.

Нысэм блитIу ыукIыгъ. Ашъхьэ зэтырилъхьи гъучIыIунэкIэ зэтыриIулIагъэ. ЕтIанэ кIыщ пчъэIум Iуилъхьагъ. Лъэпшъ кIыщым къычIэкIыгъэу ылъэгъугъ.

«ГъучI плъыгъэм сызэреIэщт амалын фае мыр» – ыIуи, адэдэм гъучI Iадэ ышIыгъ.

## НАРТ IАЩЭМЭЗЫ КЪАМЫЛЫМРЭ ПХЪЭКIЫЧЫМРЭ КЪЫЗЭРЭХИХЫГЪЭР

Нарт Iащэмэз лъэшэу цIэрыIоу щытыгъ. ИшъоIукIи, ишъуашэкIи тегъэпсыхьагъэу, зекIо лIыгъэ зэрихьэу хэтыгъ.

Зэгорэм пшъыгъэу уцуагъэу мэзцунэ горэм хахьи, шыр ылъахьи шъхьаукъэнэу зыригъэкIыгъ. Дэгъоу хэчъыягъэу щылъызэ оешхо къежьагъ. Зэ зычъыекIэ шIурышIукIэ къэбгъэущынэу щытыгъэп аIо. Ощхыри къещхэу, Iащэмэзи чъыеу щылъызэ, чъыгэу зычIэлъым икъутамэ мэтIыр горэ жьыбгъэм къыгуиутыгъ. Къутамэр къефэхи, пэмычыжьэу чIым къытефагъ, тхьапэхэмкIэ нарт Iащэмэз ыгъэбылъыгъ.

Мэкъэ гъэшIэгъонэу зэхихырэмэ Iащэмэз къагъэущыгъ. Макъэхэр къыздиIукIырэр ымышIэу бэрэ кIэдэIукIыгъ. Чъыг къутаму къефэхыгъэм къыпэIукIыхэу къычIэкIыгъ. Хьамлыухэм къутамэм ыкупкI рашхыкIыгъэу, ыкIышъокIи гъонэ цIыкIухэр фашIыгъэхэу щытыгъ.

Ащ жьыбгъэр зилъадэкIэ мэкъэ дахэхэр пегъэIукIы. Iащэмэз ылъэгъурэмрэ зэхихырэмрэ лъэшэу ыгъэшIэгъуагъ. ЕIи къутамэм щыщ къыпиупкIыгъ. Епщагъ. Орэдышъо мэкъэ дахэ къутамэм къиIукIыгъ.

Iащэмэз джащ къыщегъэжьагъэу зекIо кIоныри былым къахьыныри чIидзыжьыгъ. Мылъкоу иIэжьи щымыIэу тхьамыкIэ хъугъэу хэтыгъ. Ренэу къыкIухьэ зэпытэу дунаим макъэу къыхэIукIырэмэ акIэдэIукIэу ахэр ежь икъамыл къыригъаIощтыгъэх.

Къамылым афепщэу цIыфхэр ыгъэчэфхэу нарт Iащэмэз бэрэ хэтыгъ. Нэужым иIэпэIэсагъэ кIэлэ Iуш горэм ригъэшIагъ. Орэдыр нахь дахэ хъуным пае чинарэм хишIыкIи пхъэмбгъу пIокIэ цIыкIухэр зэтырищхагъэх, апэкIэ лъэныкъохэр зэрипхыгъэх. КIалэу ыгъэсагъэм ар ритыгъ. Ежь къамылым епщэмэ кIалэр пхъэкIычым теозэ, орэдхэр къырагъаIощтыгъэх.

Джащ тетэу нарт Iащэмэз пхъэкIычымрэ къамылымрэ къыхихыгъэх. Джащ къыщегъэжьагъэу адыгэмэ орэдхэр зэхалъхьэхэу къырагъаIохэу хъугъэ.

## IУРЫIУПЧЪЭХЭР

Мые-мые мыяшъхь, пэнэ мин пэнашъхь.

ПкIэгъолэжъ кIэгупэфы, кIэпэфыжьы, кIэмэжьакIо, нэчIэ курбы, псы курбэнэ ишъу.

Мы пцэшIо щэлъэшIур сэ зэрэсшIопцэшIо щэлъэшIум фэдэу ори пшIопцэшIо щэлъэшIуа?

Мы тIы къэрэ тIы цышъор сэ зэрэсшIотIы къэрэ тIы цышIом фэдэу ори пшIотIы къэрэ тIы цышIуа?

Пэнэ мыгъо, пэнэ пэпцIэ, пэнэ цIынэ слъакъо къыхауи, пэнэ мыгъо, пэнэ пэпцIэ, пэнэ цIынэр хахыжьыгъ.

Мы жъогъэ бзыгъэ шIуцIэ цIэшъутэохыр сэ зэрэсшIожъогъэ бзыгъэ шIуцIэ цIэшъутэохым фэдэу ори пшIожъогъэ бзыгъэ шIуцIэ цIэшъутэоха?

Мы сэшхо Iэпшъэ шIуцIэ дахэр сэ зэрэсшIосэшхо Iэпшъэ шIуцIэ дахэм фэдэу ори пшIосэшхо Iэпшъэ шIуцIэ даха?

Шы лъэкъоф,
Шы нэтIэф,

Шы Іумаф,
Тэ тфэмаф.

Унэ цыгъу–
Къоетыгъу.

Губгъо цыгъор
Гъэжъо тыгъу.

Пхъэтэкъэжъ –
Пхъэжъы такъ,

МэшІо пкъыжъ,
ЛІыжъ гъатхъ.

***Къуекъо Налбый***

*******

Ытамэхэр ыгъэушъуашъоу
ХьампІырашъор ом къыщэшъо.

Апс плъыжьыбзэм псы изыбзэу ит.

Къамылыбжъэ плъыжьыбзэмэ
Щыбжьыишъхьэ плъыжьыбзищ арылъ.

ДжэмышхыкІэ кІыхьэ-псыхьэр
Щэ къесхьакІи, зэ зыІуслъхьи,
СтхьакІи, слъэкІи, згъэтІылъыжьыгъ.

Шыу-шыу джэрышІ,
Зилъэужыр умышІ,
Шыу-шыу джэрышІ,
Уишы бгъакъэ къыпышІ.



# ХЫРЫХЫХЬЭХЭР

ПкІэтэ-лъатэу дышъэ бзыир, чъыІэм Іэш1у, фабэм лые,
Лыр къегъэжъэ, псыр къегъажъо, сыд ащ ыцІэр, къашІэ? *(машІо)*

Бгъашхэмэ пкІэтэ-лъат, псы ешъоныр иджагъу,
Гъумы-тІымэу, Іугъор пихэу *(машІо)*.

Ом щыкъэрэкъу, чІым щыкъэцыпан, къэцыпэнэ гъэгъу,
Псынжъыпсыр изышъу, хашъом джэгоу ехьажь *(жьыбгъэ)*.

Плъэгъурэп, ау кІочІэшху *(жьыбгъэ)*.

Уеплъымэ – гъундж, уеджэмэ дэгу *(мылы)*.

Псым сэри сыкъыхэкІы, ежь псыри сэ къысхэкІы *(мылы)*.

МашІом ыстырэп, псым чІэбырэп *(мылы)*.

Псым алрэгъу фыжь теубгъуагъ *(мылы)*.

КІалэхэр щэджэгух,
Гу зимыІэр техьашъурэп,
Щэшъутабзэшъ утефэ,
Чынэ фыжьыр ащ щызэрафэ *(мылы)*.

Унэм къызехьэм слъэгъугъэп, зекІыжьым къэсшІагъэп,
Ау хъырахъишъэхэр шъхьангъупчъэ апчым къытыринагъэх *(чъыІэ)*.

Ошъогум къефэхы, чІышъхьашъор щыгъын фыжь чъыІэкІэ ефапэ *(осы)*.

Пщэгъуацэм фэдэу сыцІыкІу, ау чІыгум техъон сыфэхъу *(осы)*.

Типчэгъушъхьапэ чэт фыжь цІыкІу пыс *(осы)*.

ЧІышъхьашъор бзыуцыфкІэ фэпагъэ *(осы)*.

Дунаир зыгъэнэф, псыр зыгъэфаб *(тыгъэ)*.

Ошъогур къекІухьэ, чІышъхьашъор къеплъыхьэ *(тыгъэ)*.

Чыжьэу щыІ, ау инэфыни
Ифэбагъи тыхимынэу

КъытлъэIэсы. ЩыIэныгъэр
ЫIIэ илъ ащ. Сыд ар? *(тыгъэ)*

***Бэрэтэрэ Хьамид***

ТикIашъо дышъэ бэщ телъ (тыгъэнэбзый).

ПхъэткIуткIу, пхъэткIопс, пхъэ псыдачъэ, пхъэ псыдэчъэх (ощхы).

Дунаим лъэмыдж плъыжь тыралъхьагъ (лэгъупкъопс).

## ПСЭУШЪХЬЭМЭ ЯХЬЫЛIАГЪЭХЭР

Тичэу лъапсэ лы IашкIэ илъ *(хьантIаркъу)*.

Къау-къау лъэрычъ, чылэр къэзычъыхь *(тхьачэт)*.

Зышъхьэ пхъэIэшэкI, зыкIэ кутан щэрыхъ *(тхьачэт)*.

Ей зымыIорэ жъонакIу *(чъыхъумбыйнэшъу)*.

Емынэ нэшъу, чIы гъэушъорэкI *(чIыхъумбыйнэшъу)*.

Нэ цIыкIу, пэ цIыкIу, джэдыгу цIыкIу зыщыгъ *(цыгъо)*.

Мэл кIэпэшх, мэз къэушъыхь *(тыгъужъ)*.

ЦIыфым егъусэ, щагур къеухъумэ,
ПчъэIупэм Iосы, хымэхэм яхьакъу *(хьэ)*.

Сыхьат мыгъэпс, унэм исыр къэзгъэущ *(атакъэ)*.

Ышъхьэ гъуаплъэ, лъэбжъэ чан,
Бжъэ зытетыр ылъэдакъ.
Нэф къэшъыгъом мэкъэ чан,
Ари къашIэ! *(тиатакъ)*

Ышъхьэ ины, ынэ цIыкIу, хьылъабэ зэрехьэ *(къамзэгу)*.

ЩыIэмэ анахь цIыкIу, ежь фэдиз пцашIо ехьы *(къамзэгу)*.

Гъогунапцэм пIэстэ щыуан щэпIонкIы *(къамзэгутакъ)*.

ЗыкIэ тIаркъо, бгыкъур зиунапIэ *(пцIашхъо)*.

Ыбзэ дахэ, тIаркъо ыкIэ,
Набгъо щешIы тиблыныкIэ.
Ащ икIасэр огу нашхъу,
Сыд а бзыум ыцIэр? *(пцIашхъо)*



Iаеу бзыгъэ, пытэу дыгъэ *(пыжъы)*.

Щагу гузэгум Iатэ дэт, ыпэкIэ уеплъымэ куахьо,
ЫкIыбкIэ уеплъымэ пхъэнкIыпхъ *(чэмы)*.

Уды шIуцIэ пэдыд, одыжъые тхьамыкI, тхьамыкIэм зыхесэ,
Осэпс къехмэ мэмэхы, хьэхыныгъом мэятэ,
Мэкъуогъум мэтэджы *(аргъой)*.

Шъхьантэм тесмэ тхьаркъо, зикъудыймэ къэплъан *(чэтыу)*.

## Бзэр «КЪУТЭГЪЭНЫМ» ПАЕ БГЪЭФЕДЭН ПЛЪЭКIЫЩТ ЩЫСЭХЭР

**Б** – зэкIэрыблэблэу блыным иубгъуагъ.
**Гъ** – гъэр, гъуй-сыйми гъоир хъои.
**Гъ-гъу** – тыгъурыгъу, псырыгъукI.
**Гъу** – такъэр псым ехы, хьалыгъуанэмэ агъэчэрэгъу, псыгъунэмэ аутIэрэбгъу.
**Дж** – бэджым бэджыхъ ыухъытыгъ, бэджым бадзэ къыубытыгъ.
**Еджэ-емыджэу, еджэгъэ** нэпцIэу, пцIыус шъхьэкIошх.
**Жъ** – бзыу, бзыу, бзыужъый, гого цIык1оу дэхэжъый. Нэ цIыкIуитIур пырэжъый, IубыцIыкIоу цIыкIужъый. ШъхьэтIэбгъожъ, пхъэжъые шып, чэтыужъым итIысыпI.
**Хъ** – пхъэтэкъэжъ, пхъэжъ такъ, мэшIо пкъыжъ лIыжъы гъашх.
**Хь** – псым сэ сыхэхьан, ау о укъыхахьэмэ псынкIэу учIихьан.
**Хьапицыу, цыу,** цыу, укъысэмыхьакъу,
**Хьапицыу, цыу,** цыу, укъысэмыцакъ.
**Хьапицыу, цыу,** цыу, ма, хьалыгъу, шхы!
**Жь** – нэнэжъ къысэджэжьы, щыпсыр мэучъыIыжьы, къэкIожьи шхэба, сызэмыгъэджэжьба.
**З** – къэпыраз, къэпыраз, о плыжьыбзэу къызэгоз, бзыгъэ-бзыгъэу гощын, ныбэ цIыкIур зэIэпщын.
**Зэе мэзым** зедгъахьын, зыдгъэшхэкIмэ – къыздэтхьын.
**Къ** – Пакъэм ыкъор ныгъы-сыгъ,
**Нэкъарэкъор ныкъы-сыкъ.**
**КIо** – сэкIо, сэкIо, сиуж мэкIоды.
**КIу** – хьанэкIу, цунэкIу, пшIыкIуй, пшIыкIубгъу, тIокIы.
**КI** – дул-дулэу шъхьац кIэкIыхь, ныбжьи шы зыкIэмыхьажь.
**Лъ** – ышъхьэ гъуаплъэ лъэбжъэ чан, бжъэ зытелъыр ылъэдакъ.
**П** – пэ пакIэр плъыжьыбзэу мэпIыкIэ.
**С** – сыбзэ тыгъэу сэ къысфепсы, сыбзэ сэркIэ Iэзэгъупсы.
**ТI** – титIо тиI тIы тIурытIу, шIуитIо шъуиIа тIы тIурытIу?
**Ф** – фая-фэмыя фыртынэр къепщэ, фэмыегъагъот, мэзыр зэрещэ! Фынтфырэ фыртынэрэ зэфэогъада?

**ЦI –** цыгъор цIыкIуми Iатэм ыцIыцIрэп.

**Ц –** мышъыд лъэбыцэ, пырац, къэгубжымэ тхьакIумэ цац.

**ШЪУ– ом** щыкъэрэкъац, чIым щыкъэцыпан, къэцыпэнэ гъэгъу, псынжъы мыгъур изышъу, хашъом дэгоу ехьажь.

**Шъ –** бжыхьэ пкIашъэр мэIушъашъэ, дышъэр чъыгым къешъэшъэхы.

**ШI –** IэхъомбипшI, нэ пшIыкIутIу.

**ШIу –** шы шIуцIэшIум тIы шIуцIэшIу тес.

**ПсынэкIэчъыр нэшIо-гушIу,** ыгу шIу илъэу ар мэгушIу.

**Шъо –** ытамэхэр ыгъэушъуашъоу хьампIырашъор ом къыщэшъо.

**Щ –** ощ нахь цIыкIум пIапэ фэщэй, бгъэщтэнэу сыдкIи зытемыщай.
Псычэт щырыри джаущтэу чIым щэкIо, псым щесы.
Ощхыр шъабэу къещхы, мэщыр тфэбэгъощт.

**Щэ –** щэ сщи, щэмкIи дэгъоу сщагъэ.

**Iу –** бзэ Iумылъэу орэдыIу, хэгъэгумкIэ мэкъэгъэIу.



ЛИТЕРАТУРЭУ ДГЪЭФЕДАГЪЭР:


1. Адыгабзэм изэхэф гущыIалъ. Зэхэзгъэуцуагъэхэр: А. А. ХьатIанэ, З. И. КIэращэ. – Мыекъуапэ, 2006.
2. Аджи А.В. Конспекты интегрированных занятий в детском саду. ТЦ-Учитель. – Воронеж, 2005.
3. Бондаренко А.К. Словесные игры в детском саду. – М., Просвещение, 1974.
4. Бэгъушъэ М.Б. Сиапэрэ гущыIалъ. – Мыекъуапэ, Адыгэ Республикэм итхылъ тедзапI, 2010.
5. Гербова В.В. Занятия по развитию речи в средней группе детского сада. – М. , Просвещение, 1983.
6. Гербова В.В. Занятия по развитию речи в старшей группе детского сада. – М., Просвещение, 1984.
7. Гербова В.В. Занятия по развитию речи во второй младшей группе детского сада. – М. , Просвещение, 1989.
8. Гербова В.В. Занятия по развитию речи в средней группе. ИЗО. Мозайка-синтез. 2009.
9. Гербова В.В. Развитие речи в детском саду. Подготовительная к школе группа. – М., Просвещение, 2014.
10. Гербова В.В. Развитие речи в детском саду. Средняя группа. Изд-ство: Мозайка-синтез. – М. 2014.
11. Гербова В.В. Развитие речи в детском саду. Подготовительная к школе группа. – М., Просвещение, 2014.
12. Гербова В.В. Развитие речи в младшей группа детского сада. Изд-ство: Мозайка-синтез. – М. 2016.
13. Голицына Н.С. Конспекты комплексно-тематических занятий в детском саду. –М., Изд-ство скриторий, 2003, 2006.
14. Губанова Н.Ф. Развитие игровой деятельности. Изд-ство: Мозайка-синтез. – М., 2009.
15. Дечева Н.Р., Дзыбова Т.Я., Цику Б.П., Хавдок С.А. Луч «Нэбзый».– Мыекъуапэ, 1997.
16. Дыбина О.В. Ознакомление с предметным и социальным окружением. Изд-ство: Мозайка-синтез. – М., 2015.
17. Затулина П.Я. Конспекты комплексных занятий по развитию речи. Центр педагогического образования. – М., 2009.
18. Карпеева М.В. Формирование целостной картины мира. Центр педагогического образования. – М., 2016.
19. Ковалько В.И. Азбука физкультминуток для дошкольников. – М., Вако, 2005.
20. Максаков А.И., Тумакова Г.А. Учите, играя. Просвещение. – М.,1983.
21. Нефедова К.П. Посуда и столовые принадлежности. Какие они? Изд-ство ГНОМ. – М., 2012.

22. Основная образовательная программа дошкольного образования «От рождения до школы». Под ред. Н.Е.Вераксы. Изд-ство: Мозайка-синтез. – М., 2016.
23. Павлова Л.Ю. Сборник дидактических игр (ФГТ). – М., 2013.
24. Соломенникова О.А. Ознакомление с природой в детском саду. Изд-ство: Мозайка-синтез. – М., 2016.
25. Тамбый Б.М., ЦуукI Т.Д., Цуякъо А.Б. Тызэгъусэу тежъугъадж. Мыекъуапэ, 1994.
26. Ушакова О.С., Гавриш Н.В. Знакомим дошкольников с литературой. – М., Сфера,1998.
27. Ушакова О.С. и др. Занятия по развитию речи в детском саду. – М., Совершенство,1999.
28. Ушакова О.С. Занятия по развитию речи для детей 3-5 лет. – М., Творческий центр, 2009.
29. Ушакова О.С. Занятия по развитию речи для детей 5-7 лет. – М., Творческий центр, 2009.
30. Хьаудэкъо С.А. Дышъэ кон. Хрестоматия для детских садов. – Майкоп, 2011.
31. ЦуукI Т.Д., Митишина Л.Д. Детский сад-школа. Адыгэ Республикэм итхылъ тедзапI. – Мыекъуапэ, 1992.
32. Швайко Г.С. Игры и игровые упражнения для развития речи. Просвещение. – М., 1988.



## Содержание

От авторов ....................................................3
ГущыIап ....................................................4
Зэрэзэхэт шIыкIэр ....................................................5

**НАХЬЫКIЭ КУП** ....................................................8

IОНЫГЪУ ....................................................8

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. АдыгабзэкIэ тэгущыIэ ....................................................8

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Тэрэзэу тыгущыIэнэу, къэтIонэу зытэгъасэ ....................................................9

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Адыгабзэ зэтэгъашIэ....................................................10

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. ДжэгукIэу «Бзыу, бзыу гуаго» езбырэу ягъэшIэгъэн ....................................................11

ЧЪЭПЫОГЪУ ....................................................12

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Къуекъо Н. ипоэмэу «Коныр тыушъагъэ» зыфиIорэм щыщ пычыгъом нэIуасэ фэшIыгъэных. «Жьыбгъэр, жьыбгъэр...» Езбырэу ягъэшIэгъэн....................................................12

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Дидактическэ джэгукIэу «ЗэшIокIодыгъэх»....................................................13

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Мэзым хэс псэушъхьэхэр хьэкIакIо къытфэкIуагъэх (тхьакIумкIыхьэм, баджэм, мышъэм нэIуасэ афэшIыгъэных) ....................................................14

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «Чэтыр, цыгъор ыкIи мэз атакъэр» къафэIотэгъэн....................................................15

ШЭКIОГЪУ....................................................16

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Тэрэзэу къэтIонэу зэтэгъашIэ ....................................................16

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Нэхэе Р. иусэу «Хьапицыу» щыщ пычыгъо езбырэу ягъэшIэгъэн. Макъэу [-хь-] – икъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн....................................................17

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Адыгэ пшысэу «Хэт нахь лъэша?» ЗыфиIорэр кIэлэцIыкIухэм къафэIотэгъэн ....................................................18

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Дидактическэ джэгукIэу «Пшхыгъэр зилIэужыгъор къашIэ» ....................................................19

ТЫГЪЭГЪАЗ....................................................20

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Сурэт зэфэшъхьафхэм яплъыных, ахэм арытхэм ашIэхэрэр къаIон. ДжэгукIэу «ТхьакIумкIыхь» нэIуасэ фэшIыгъэных ....................................................20

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Урыс пшысэу «Чэт огу цIыкIу»....................................................21

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Мырзэ Дз. иусэу «ИлъэсыкIэр къытфэсыгъ» зыфиIорэм щыщ пычыгъо езбырэу ягъэшIэгъэн.................................................... 22

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «Нысхъапэм тыкъытегущыIэ» ......................22
ЩЫЛЭ МАЗ ........................................................................................................24
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Мырзэ Дз. иусэу «Къесы» езбырэу ягъэшIэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «Сыдигъуа ар зыхъугъэр?» ..........24
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. Иусэу «Зыгъэкъабз» къафеджэгъэн. Зы пкъыгъо нахь зэрымыт сурэтым ехьылIагъэу рассказ цIыкIу зэхэгъэуцогъэн.................................................25
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Щагу псэушъхьэмэ афэгъэхьыгъэу зэхэгущыI. Пшысэу «Щагу псэушъхьэхэр» къафэIотэгъэн .......................26
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «Зыгъэкъабз» къафеджэгъэн. Н. Каневскэм исурэтэу «Мойдодыр» ехьылIагъэхэм кIэлэцIыкIухэр ягъэплъыгъэн....................................................................27
МЭЗАЙ ..................................................................................................28
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Пэнэшъу Хь. иусэу «Атакъэ» езбырэу ягъэшIэгъэн .................................................................................28
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «Хьалыжъый» зыфиIорэр къафэIотэгъэн. IорIуатэм къыхэхыгъэ пшысэхэр шIу алъэгъунхэу кIэлэцIыкIухэр пIугъэных.....................................................................29
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «Хьакъу-шыкъухэр». Дидактическэ джэгукIэу «ХьакIэхэр дгъэшхэщтых».................................30
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Макъэхэу [-шъ-], [-шI-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «Мыщ фэдэ къэгъот, зыфэдэр къаIо».........................................................31
ГЪЭТХАПЭ ..................................................................................................32
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. «Тимамэхэр» – зэхэгущыI. Хьаудэкъо Сарэ иусэу «Сэ симам» езбырэу ягъэшIэгъэн ..........................32
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Сурэтэу «Чэткъуртэмрэ чэтжъыехэмрэ кIэлэцIыкIухэм агъашхэ» зыфиIорэм тегущыIэгъэн..................................33
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Урыс пшысэу «Бэлыдж» адыгабзэкIэ къафэIотэгъэн. Къуекъо Н. ипоэмэу «Коныр тыушъагъэ» зыфиIорэм щыщ пычыгъо къафеджэгъэн...............................34
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Дидактическэ джэгукIэу «Нысхъапэр хьакIэу къытфэкIуагъ». Макъэхэу [-т-], [-тI-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн ...........................................................................35
МЭЛЫЛЪФЭГЪУ ..................................................................................................36
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Усэ цIыкIоу «Бзыу, бзыу, бзыужъый», езбырэу ягъэшIэгъэн. Макъэхэу зикъэIуакIэкIэ зэтефэхэрэм Iоф дэшIэгъэн..........36
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Тэрэзэу тыгущыIэнэу зэтэгъашIэ. Дидактическэ джэгукIэу «Чэщы – мафэ»..........................................37
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Макъэхэу -[къ], -[хъ] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «Дзыо гъэшIэгъон».........................................................................38
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «шъхьадж къыIорэм тедэIун» зыфиIорэм къафеджэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «шъуиунэ сыкъишъугъахь» ..............................39
ЖЪОНЫГЪУАКI ..................................................................................................40
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. КъумпIыл Къ. иусэу «Родинэр» зыфиIорэм щыщ пычыгъо езбырэу ягъэшIэгъэн.........................................40
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Дидактическэ джэгукIэу «Тучан» .................41
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Нысхъапэм иун. Дидактическэ джэгукIэу «Сыда адимыштэрэр?» ..................................................42
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Произведениеу ашIэхэрэмкIэ викторинэ зэхэщэгъэн ...........................................................43
**ГУРЫТ КУП** ..................................................................................................45
IОНЫГЪУ ..................................................................................................45
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Тэрэзэу тыгущыIэнэу зытэгъасэ.........................45
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. «Пшахъом щэджэгух» – сюжет зиIэ сурэтым уеплъын. Дидактическэ джэгукIэу «хэт ит?» ...........46
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «Цызэ» зыфиIорэм уакъыфеджэн. Макъэхэу [-с-], [-ц-], [-цI-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн ..........................................................................47
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «ХэтэрыкIхэр» – зэхэгущыI ........................48
ЧЪЭПЫОГЪУ..................................................................................................49
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. «Нысхъапэм ежь-ежьырэу зитIэкIыжьынэу етэгъашIэ» –дидактическэ джэгукI ..........................49
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Хьаудэкъо сарэ иусэу «бжыхьэр хьакIэу къытфэкIуагъ» езбырэу ягъэшIэгъэн ..........................50
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «ХэтэрыкIхэр» – дидактическэ джэгукI..........................................................................51
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Псэушъхьэмэ яхьылIагъэу ашIэрэ усэхэр езбырэу къыкIягъэIотыкIыжьын е къафеджэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «сыда лыер?»...........................................53
ШЭКIОГЪУ ..................................................................................................53
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «ХэтэрыкIмэ яорэд» езбырэу ягъэшIэгъэн. ХэтэрыкIхэр зыфэдэхэр, зэрагъэфедэхэрэр къягъэIотэгъэн...............................................53
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. ХэтэрыкIхэмрэ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэмрэ....................................................54
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Нэхэе Р. иусэу «МыIэрыс» езбырэу ягъэшIэгъэн ..................................................................55
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Урыс пшысэу «атакъэмрэ гъэжъуацэмрэ» къафэIотэгъэн...............................................................56
ТЫГЪЭГЪАЗ ..................................................................................................58

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Дидактическэ джэгукIэу «Тыдэ сыд бгъэтIылъыщт?» ....58
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ къ. Иусэу «чэщ зэрэхъоу» къафеджэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «сыд фэдэ уахътэм сыд тшIэрэ?» ....59
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Мырзэ Дз. иусэу «Къесы» апэрэ пычыгъор езбырэу ягъэшIэгъэн....60
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «ЛIыжъ цIыкIумрэ ныо цIыкIумрэ» къафэIотэгъэн ....60

ЩЫЛЭ МАЗ ....61
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Псэушъхьэмэ яхьылIагъэу зэхэгущыI. «Тыдэ мы псэушъхьэхэр щыпсэухэра?» – Дидактическэ джэгукI ....61
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «Зыгъэкъабз» зыфиIорэр езбырэу ягъэшIэгъэн ....62
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «Зызыгъэгупсэфынэу зикIэсэгъэ ныор» къафэIотэгъэн. Щагу псэушъхьэмэ шIуагъэу къытфахьрэм атегущыIэгъэн ....63
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Нарт эпосым изыIахьэу «Саусэрыкъо ипщыналъэ» щыщ пычыгъо езбырэу ягъэшIэгъэн .... 64

МЭЗАЙ ....65
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. МэщбэшIэ И. иусэу «Осыр къесы» щыщ пычыгъо езбырэу ягъэшIэгъэн. «КIымэфэ джэгукIэхэр» зыфиIорэ сурэтым егъэплъыгъэных....65
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Макъэхэу [-жь-], [-жъ-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «Тара шъхьадж къыщэфыгъэр?» ....66
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «Бысым нэгъуцу» къафэIотэгъэн....67
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. КIымафэм ехьылIагъэу кIэлэцIыкIухэм псалъэ адэшIыгъэн ....68

ГЪЭТХАПЭ ....69
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Нэхэе Р. иусэу «Синан» езбырэу ягъэшIэгъэн. Макъэу [-хъ-] – икъэIон Iоф дэшIэгъэн ....69
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Ным ехьылIагъэу кIэлэцIыкIухэм гущыIэгъу адэшIыгъэн. Усэхэу, орэдхэу ным фэгъэхьыгъэхэм ягъэдэIугъэных ....70
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Илъэсым иуахътэхэм афэгъэхьыгъэу ашIэрэ усэхэр къыкIябгъэIотыкIыжьын ....71
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Адыгэ пшысэу «Унэ цыгъомрэ губгъо цыгъомрэ» къафэIотэгъэн....72

МЭЛЫЛЪФЭГЪУ ....73
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. «ХэтэрыкIхэр тэгъэтIысых»....73
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. «ХьацIэ-пIацIэхэр» – зэхэгущыIэ адэшIыгъэн....74
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пцэжъыеу аквариумым хэсмэ алъыплъэгъэн ....75
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. ПщэрыхьакIом иIоф ехьылIагъэу къафэIотэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «Хэты сыд ищыкIагъ» ....76

ЖЪОНЫГЪУАКI ....76
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Нэхэе Р. иусэу «Бэрэ маир къытфэрэкIу» щыщ пычыгъо езбырэу ягъэшIэгъэн ....76
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «Атакъэмрэ чэткъуртэмрэ» къафэIотэгъэн....77
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Нанэ дэжь автобусымкIэ тэкIо. Мэкъэ зэфэшъхьафхэм якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн ....78
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «Чылэ-къалэ» – зэхэгущыI. Дидактическэ джэгукIэу «Хэт тэдэ щыпсэура?»....79

**НАХЬЫЖЪ КУП** ....80
IОНЫГЪУ ....80
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. «Сыбзэ тыгъэу сэ къысфепсы» ....80
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. «Гъэмафэр зэрэзгъэкIуагъэр». ШIэныгъэу аIэкIэлъым елъытыгъэу рассказ цIыкIу зэхагъэуцон ....81
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «Хьалыгъур тыдэ къэкIыгъа?» – ЗэхэгущыI. Жэнэ Къ. иусэу «Хьалыгъур гъэлъапIэ» ....82
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Нехэе Р. иусэу «ПцIашхъор» езбырэу ягъэшIэгъэн ....83

ЧЪЭПЫОГЪУ ....84
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Адыгэ республикэр тэ тиун. ЕхъулIэ С. иусэу «Сихэку» щыщ пычыгъо езбырэу ягъэшIэгъэн ....84
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Сурэтэу «дышъэшъо бжыхь» ирепродукцие кIэлэцIыкIухэр егъэплъыгъэных, тегъэгущыIэгъэных. Бжыхьэм фэгъэхьыгъэ усэхэм къафеджэгъэн ....85
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «ХэтэрыкIхэр» – зэхэгущыI ....86
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Нэхэе Р. иусэу «Бжыхьэ» езбырэу ягъэшIэгъэн ....87

ШЭКIОГЪУ ....89
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Теуцожь Ц. иусэу «Пщыщ» зыфиIорэр езбырэу ягъэшIэгъэн ....89
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Адыгэ тхакIохэмрэ усакIохэмрэ....90

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «ХьакIэ-къуакIэмэ таущтэу кIымафэм зыфагъэхьазырыра?» ....................91

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «Пшъэшъэжьыем ихьалыжъый» зыфиIорэр езбырэу ягъэшIэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «Хьалыгъур зыщащэрэ тучан» ....................92

ТЫГЪЭГЪАЗ ....................94

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Нарт эпосым изыIахьэу «Саусэрыкъо ипщыналъэ» щыщ пычыгъо езбырэу ягъэшIэгъэн ....................94

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. «КIымафэм бзыумэ тызырадэIэпыIагъэр» – зы сюжет зиIэ сурэтыр агъэфедэзэ кIэлэцIыкIухэм рассказ цIыкIу зэхагъэуцон. Бзыумэ афэгъэхьыгъэ усэу «бзыуцIыкIум игукIодыгъу» къафеджэгъэн ....................95

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. ИлъэсыкIэм ехьылIагъэу зэхэгущыI ....................96

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «Тиныбджэгъумэ письмэ афэтэтхы» – зэхэгущыI ....................97

ЩЫЛЭ МАЗ ....................99

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. КIымэфэ темэр яIэу сурэтхэм Iоф дягъэшIэгъэн. Пэрэныкъо М. иусэу «КIымаф» зыфиIорэм къафеджэгъэн ....................99

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Мырзэ Дз. иусэу «Илъэс уахътэхэр» езбырэу ягъэшIэгъэн ....................100

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «Уахътэм ишапхъэхэр» – зэхэгущыI. Хьаудэкъо С. иусэу «Ситхьамаф» къафеджэгъэн ....................101

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «Сэры, сиунагъу» – зэхэгущыI ....................102

МЭЗАЙ ....................103

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. «Сыда шIуагъэу къытфахьрэр?» – ЗэхэгущыI ....................103

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Фольклорым ижанрэ цIыкIумэ ащыщэу «IурыIупчъэхэр» ....................104

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «Къамзэгур» къаIотэжьынэу ягъэшIэгъэн ....................105

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. КъэIотакIэ ягъэшIэгъэн. Сюжетнэ-ролевой джэгукIэу «Джугалъэхэр зыщащэрэ тучан» ....................106

ГЪЭТХАПЭ ....................107

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. «Мамэ сыдэущтэу тыдэIэпыIэра?» ШIэныгъэу темэмкIэ яIэм елъытыгъэу рассказ зэхэгъэуцогъэн ....................107

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Темэ гъэнэфагъэкIэ пшысэ цIыкIу зэхэгъэуцогъэн. «Уц лъапсэхэм къащыщыIыгъэр» ....................108

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «О уиунэ сыд фэда?» – Рассказ зэхэгъэуцогъэн. Зы лъапсэ зиIэ гущыIэхэм якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн ....................110

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «Пшысэхэр зэхэкIокIагъэх» ....................111

МЭЛЫЛЪФЭГЪУ ....................112

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «Тыгъэ» езбырэу ягъэшIэгъэн ....................112

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Бэрэтэрэ Хь. иусэу «Дунаим ыцIэр чIыгу» къафеджэгъэн ....................113

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «Баджэмрэ къэрэумрэ» къафеджэгъэн, кIэкIэу ягущыIэхэмкIэ къягъэIотэжьыгъэн ....................114

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Транспорт зэфэшъхьафхэм атегъэгущыIэных. Дидактическэ джэгукIэу «МакIо, мачъэ, мэбыбы» ....................116

ЖЪОНЫГЪУАКI ....................117

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Нэхэе р. Иусэу «текIоныгъэм имаф» езбырэу ягъэшIэгъэн. ТекIоныгъэм фэгъэхьыгъэу ашIэрэр адыгабзэкIэ къягъэIогъэн ....................117

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. ГутIэ С. ирассказэу «Псэушъхьэ Iэлхэмрэ щагу псэушъхьэхэмрэ» къягъэIотэгъэн ....................118

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. ХьадэгъэлIэ Аскэр ирассказэу «Типцэжъые Лабэ щесы» къафеджэгъэн. Макъэхэу [-лъ-], [-лI-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн ....................119

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «Хэт къыIон…». Хырыхыхьэхэр ....................120

**ЕДЖАПIЭМ ФАГЪЭХЬАЗЫРЫРЭ КУП** ....................122

IОНЫГЪУ ....................122

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «Сшынахьыжъ сэ сехъуапсэ» къафеджэгъэн. «ЕджапIэм макIох» зыфиIорэ сурэтым тегъэгущыIэгъэных ....................122

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. «Гъэмафэр зэрэзгъэкIуагъэр». Ясэнаущыгъэ елъытыгъэу рассказ цIыкIу зэхягъэуцогъэн. Дидактичесэ джэгукIэу «Сыда садым къыщыкIыхэрэр?» ....................123

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «Хьалъыгъур гъэлъапIэ» езбырэу къыкIягъэIотыкIыжьыгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «Сыдым хашIыкIрэ?» ....................124

*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пэрэныкъо М. иусэу «Мыекъуапэ» езбырэу ягъэшIэгъэн е къафеджэгъэн. «Тэ къалэу мыекъуапэ тыщэпсэу» – рассказ зэхэгъэуцогъэн ....................126

ЧЪЭПЫОГЪУ ....................127

*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. «Тиреспубликэу Адыгеир» – тегущыIэгъэн ....................127

*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр: Жэнэ Къ. иусэу «ХэтэрыкIмэ яорэд» езбырэу ягъэшIэгъэн. ХэтэрыкIхэр зыфэдэхэр, зэрагъэфедэхэрэр къягъэIотэгъэн ....................128

*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Псэушъхьэмэ яхьылIагъэу зэхэгущыI. Дидактическэ джэгукIэу «Тыдэ мы псэушъхьэхэр щыпсэухэра?»..........129
*ЯплIэнэр тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «Тыгъужъ мэлэкIалIэм къехьулIагъэр» ....130
ШЭКIОГЪУ ....131
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Хьаудэкъо С. иусэу «Бжыхьэр» езбырэу ягъэшIэгъэн ....131
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. ГутIэ С. ирассказэу «Псэушъхьэ Iэлхэмрэ щагу псэушъхьэхэмрэ» къягъэIотэгъэн....132
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Жэнэ Къ. иусэу «ДэкIо-бзакIоу зыогъасэ». ШэкIымрэ тхылъыпIэ тхьапэмрэ узэпяплъын....133
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «Ныбджэгъур зыщыпсэурэр» къафеджэгъэн (къягъэIотэжьыгъэн)....135
ТЫГЪЭГЪАЗ ....136
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Макъэхэу [-шъ-], [-шI-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «Мыщ фэдэ къэгъот, зыфэдэр къаIо»....136
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Уахътэр, шапхъэхэр. Дидактическэ джэгукIэу «Неп – неущ»....137
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Нарт эпосым щыщ пщыналъэхэу «нарт ащэмэз къамылымрэ пхъэкIычэмрэ къызэрэхихыгъэхэр» къягъэIотэгъэн....138
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Мырзэ Дз. иусэу «Илъэсыкlэр къытфэсыгъ» зыфиIорэм щыщ пычыгъо езбырэу ягъэшIэгъэн ....139
ЩЫЛЭ МАЗ ....141
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. КъэIотакIэ ягъэшIэн: «Сыда лIыжъ щтыргъукIым шIухьафтынэу къыпфихьыгъэр?» Дидактическэ джэгукIэу «Тэрэзэу къаIо»....141
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Пхъэмрэ гъучIымрэ а фэгъэхьыгъэ гущыIэхэм нэIуасэ афэшIыгъэных, ахэр яжабзэ щагъэфедэнхэу нэшанэ ягъэшIыгъэн ....141
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Зы сюжет зиIэ сурэтхэмкIэ рассказ зэхэгъэуцогъэн «Сыдигъо сыд ышIэрэ?»....143
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «АмыкIышъэмрэ пылымрэ» къэIотэгъэн ....144
МЭЗАЙ ....145
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Iэшъынэ Хь. ирассказэу «Бзыу цIыкIумрэ кIэлэцIыкIумрэ» къягъэIотэгъэн ....145
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Цуякъо Дж. иусэу «СитIысыпIэ сэ сыщыс» къафеджэгъэн. Темэм ехьылIагъэу зэхэгущыI ....146
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Кощбэе П. иусэу «Тидзэ кIочIэшху» езбырэу ягъэшIэгъэн. Хэгъэгум иухъумакIомэ афэгъэхьыгъэу зэхэгущыIэ зэхэщэгъэн ....147
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Адыгэ пшысэу «Пшъэшъэ шъхьахынэр» къягъэIотэгъэн ....148
ГЪЭТХАПЭ ....150
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Ным ехьылIагъэу кIэлэцIыкIухэм псалъэ адэшIыгъэн. Усэхэу, орэдхэу ным фэгъэхьыгъэхэм ягъэдэIугъэных ....150
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Апчыр зыфэдэм нэIуасэ фэшIыгъэных. Дидактическэ джэгукIэу «Хьакъу-шыкъухэр зыщащэрэ тучан»....151
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «Бзылъфыгъэ шъуашэр» – тегущыIэгъэн ....152
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Пшысэу «Бысым нэгъуцу» къафэIотэгъэн....153
МЭЛЫЛЪФЭГЪУ ....154
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. Усэ шъуашэм илъэу тхакIомэ атхыгъэ хырыхыхьэхэр. Макъэхэу [-шъу-], [-шIу-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн ....154
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Нарт эпосым къыхэхыгъэ IорIуатэу «Сэтэнэе къэгъагъ» къафеджэгъэн. Макъэхэу [-къ-], [-гъ-] – якъэIуакIэ Iоф дэшIэгъэн ....156
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Бзыумэ яхьылIагъэу усэхэм къафеджэгъэн. Дидактическэ джэгукIэу «Бзыумэ яхьылIагъэу сыда пшIэрэр?» ....157
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Темэр. Дидактическэ джэгукIэу «Нысхъапэм тыкъытегущыIэ»....159
ЖЪОНЫГЪУАКI ....160
*Апэрэ тхьамаф:* Темэр. «ТекIоныгъэм имаф» – зэхэгущыI. Усэу ащ фэгъэхьыгъэхэм ащыщ езбырэу ягъэшIэгъэн ....160
*ЯтIонэрэ тхьамаф:* Темэр. Теуцожь Ц. иусэу «Пщыщ» зыфиIорэр езбырэу ягъэшIэгъэн ....161
*Ящэнэрэ тхьамаф:* Темэр. «Типцэжъые Лабэ щесы» – зэхэгущыI ....162
*ЯплIэнэрэ тхьамаф:* Зэфэхьысыжь....163
**ТХЫЛЪ ПЫЛЪХЬЭР** ....164
Адыгэ республикэм и гимн....164
*КIубэ Щэбан.* Ныдэлъфыбз....165
*МэщбэшIэ Исхьакъ.* Ныдэлъфыбз....165
Сихэку ....165
*Пэрэныкъо Мурат.* Мыекъуапэ....166
*Кощбэе Пщымаф.* Тикъал....166
*Андырхъое Хъусен.* Щэхъурадж....166
*ХьадэгъэлIэ Аскэр.* Шъхьэгуащ ....167
*ХьадэгъэлIэ Аскэр.* Шъхьэгуащ ....167

*Бэрэтэрэ Хьамид.* Псэкъупс.......167
*Теуцожь Цыгъу.* Пщыщэ.......168
*Еутых Аскэр.* Лэбэ чъэр.......169
*Тхьаркъохъо Мэджыд.* Адыгэ пщын.......169
ИЛЪЭСЫР ГОЩЫГЪЭ ОХЪТИПЛІЭУ.......170
КІымаф.......170
*Цуекъо Джэхьфар.* Сыдигъуа ар зыхъурэр?.......170
*Бэрэтэрэ Хьамид.* Чъыгышъхьапэр фыжьы-фыжьэу.......170
*Жэнэ Къырымыз.* Чъыгхэр къызэлъэтІэмы.......170
*Пэрэныкъо Мурат.* Нэм фэмыплъэу огу кІашъом.......170
*Мырзэ Дзэпщ.* Илъэс уахътэхэр.......171
*Бэрэтэрэ Хьамид.* ИлъэсыкІэм иорэд.......171
*Цуекъо Джэхьфар.* ИлъэсыкІэм тыпэгъокІы.......172
*Мырзэ Дзэпщ.* Къесы.......172
*Цуекъо Джэхьфар.* КІымафэр къэсыгъ.......172
*Жэнэ Къырымыз.* Елк.......173
*Мырзэ Дзэпщ.* ИлъэсыкІэр къытфэсыгъ.......173
Гъатхэ.......173
*Іэшъынэ Хьазрэт.* Гъатхэр къэсыгъ.......173
*Бэрэтэрэ Хьамид.* Гъатхэу сигушІуагъу.......174
*МэщбэшІэ Исхьакъ.* Гъатхэр сипынджыр къытеуагъ.......174
*Жэнэ Къырымыз.* Март.......175
*Кощбэе Пщымаф.* Май.......175
*Нэхэе Руслъан.* Бэрэ маир къытфэрэкІу.......176
Гъэмаф.......176
*Жэнэ Къырымыз.* Тыгъэ.......176
*Жэнэ Къырымыз.* Къещхы.......177
*Мырзэ Дзэпщ.* Ощхыбыб.......177
*Къуекъо Налбый.* Къещх, къещх….......178
*Жэнэ Къырымыз.* Гъэмаф.......178
*Хьалыщ Сэфэрбый.* Тэтэжъ исад.......178
*Нэхэе Руслъан.* Тэтэжъ мэзым сыздищагъ.......179
Бжыхьэ.......179
*Нэхэе Руслъан.* Бжыхьэ.......179
*Пэрэныкъо Мурат.* Бжыхьэ.......180
*Къуекъо Налбый.* Жьыбгъэр.......180
*Мырзэ Дзэпщ.* Бжыхьэ мэзым.......180
*Іэшъынэ Хьазрэт.* ПцІашхъу, пцІашхъу….......181
*Хьалыщ Сэфэрбый.* Гъогумаф о, пцІэшхъо цІыкІур!.......181
ШКОЛЫМ КІОЩТХЭМ АПАЙ.......182
*Хьалыщ Сэфэрбый.* Сшынахьыжъ сэ сехъуапсэ.......182
*Цуекъо Джэхьфар.* Ныбджэгъу дэгъу.......182
ТЕКІОНЫГЪЭМ ИМАФЭ ЕХЬЫЛІАГЪЭХЭР.......182
*Кощбэе Пщымаф.* ДзэкІолІ лІыхъужъ.......182
*Шъхьэлэхъо Абу.* Советскэ союзым и лІыхъужъ.......183
*МэщбэшІэ Исхьакъ.* Маим ибгъур.......183
*ХьэдэгъэлІэ Аскэр.* Заор, нэлат осэхы!.......184
*Кощбэе Пщымаф.* Заом тыфаеп.......184
*Кощбэе Пщымаф.* Тидзэ кІочІэшху.......185
*Нэхэе Руслъан.* ТекІоныгъэм имаф.......185
ЦІЫФЫМ ИДУНАЙ.......185
*Мырзэ Дзэпщ.* Гъогум шъуфэсакъ.......185
*МэщбэшІэ Исхьакъ.* Дэпкъ сыхьат.......186
*ГутІэ Санет.* Псэушъхьэ Іэлхэмрэ щагу псэушъхьэхэмрэ.......186
*Хьакъунэ Зарем.* Гъэмрэ кІымрэ.......187
*Жэнэ Къырымыз.* Хьалыгъур гъэлъапІэ.......189
*Жэнэ Къырымыз.* Ныр.......189
*Нэхэе Руслъан.* Ныр.......189
*Нэхэе Руслъан.* Синан.......189
*ШакІо Абрек.* Іэмэ-псымэхэм яупчІ.......190
*Жэнэ Къырымыз.* ДэкІо-бзакІоу зызгъэсэщт.......190
*Жэнэ Къырымыз.* Пшъэшъэжъыем ихьалыжъый.......191
*Цуекъо Джэхьфар.* Заремэ зыкІэхъопсырэр.......191
*Жэнэ Къырымыз.* Сятэ шофер.......192
*Цуекъо Джэхьфар.* СитІысыпІэ сэ сыщыс.......192
*Жэнэ Къырымыз.* Зыгъэкъабз.......193
*Бэрэтэрэ Хьамид.* Дунаим ыщІэр чІыгу.......193
ПСЭУШЪХЬЭМЭ ЯХЬЫЛІАГЪЭХЭР.......194
*Хьалыщ Сэфэрбый.* Быцожъый.......194
*Жэнэ Къырымыз.* Чэтыу цІыкІу.......195
*Жэнэ Къырымыз.* Цызэ.......195
*Бэрэтэрэ Хьамид.* Цызэ цІыкІу.......195
*Бэрэтэрэ Хьамид.* Бзыу цІыкІум игукІодыгъу.......196
*Хъурым Хъусен.* Къолэжъ.......196
*Хъурым Хъусен.* Пчэндэхъу.......196
*Мырзэ Дзэпщ.* Кукуум иорэд.......197
*ШакІо Абрек.* Хэт сыд ышІэра?.......198
*Нэхэе Руслъан.* Хьапицыу.......198
*Цуекъо Джэхьфар.* ПхъэуІу.......199
*Бырсыр Абдулахь.* ПхъэуІу.......199
*ХьэдэгъэлІэ Аскэр.* Ти пцэжъые лабэ щесы.......200
ПШЫСЭХЭР.......200
Чэтыр, цыгъор ыкІи мэзатакъэр.......200
ЛІыжъ мыгъо щыгъумыт.......201
Атакъэмрэ чэткъуртэмрэ.......202
ЛІыжъы цІыкІумрэ ныо цІыкІумрэ.......202
Губгъо цыгъомрэ унэ цыгъомрэ.......204
Зызыгъэгупсэфын зикІэсэгъэ ныор.......205
Къамзэгур.......206
АмкІышъэмрэ пылымрэ.......207
Бысым нэгъуцур.......208

Тыгъужъ мэлэкIагъэм къехъулIагъэр .......... 209
Пшъэшъэ шъхьахынэр .......... 209
Тыгъужъымрэ къыдырымрэ .......... 210
ЦIыфыр зэратекIуагъэр .......... 210
Хьалыжъуищ .......... 212
Ныбджэгъур зыщыпсэурэр .......... 212
НАРТ ЭПОСЫМ КЪЫХЭХЫГЪЭ ПРОИЗВЕДЕНИЕХЭР .......... 213
Нарт Саусэрыкъо ипщыналъ .......... 213
Нарт Пэтэрэз ипщыналъ .......... 213
Тхьагъэлыдж ипщыналъ .......... 213
Сэтэнай-къэгъагъ .......... 213
Лъэпшъ апэдэдэ гъупчъэ зэрэрагъэшIыгъэр .......... 214
Нарт Лъэпшъы Iадэ зэришIыгъэр .......... 216
Нарт Iащэмэзы къамылымрэ пхъэкIычымрэ къызэрэхихыгъэр .......... 216
IурыIупчъэхэр .......... 217
*Къуекъо Налбый.* ЫIтамэхэр ыгъэушъуашъоу .......... 218
Хырыхыхьэхэр .......... 219
*Бэрэтэрэ Хьамид* .......... 220
Псэушъхьэмэ яхьылIагъэхэр .......... 220
Бзэр «къутэгъэным» пае бгъэфедэн плъэкIыщт щысэхэр .......... 221
Литературэу дгъэфедагъэр .......... 223

---

*Учебное издание*

**Сара Ахмедовна Хавдок**
**Мариет Рамазановна Чесебиева**
**Сайхат Туркубиевна Атажахова**

**ЩЫГЪЫЖЪЫЙ**

Учебно-методический комплекс по адыгейскому языку
для дошкольных образовательных организаций

На адыгейском языке

Ответственный за выпуск: М.А. Каратабан

Редактор: Т.В. Кондрашова
Корректор: Д.Е. Нахушева

Подписано в печать 25.07.2017 г. Печать офсетная. Формат 60x84/16.
Усл.п.л. 13,72. Тираж 500 экз. Заказ № 170. ООО «Качество», ИНН 0105004524,
385000, г. Майкоп, ул. Крестьянская, 221/2, тел.: 8 (8772) 52-36-87, 57-09-92.